O’ZBEKSTAN RESPUBLIKASI XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

A’JINIYAZ ATINDAG’I NO’KIS MA’MLEKETLIK PEDAGOGIKALIQ INSTITUTI

TARIYX FAKULTETI

MILLIY IDEYA, RUWXIYLIQ TIYKARLARI HA’M HUQIQ TA`LIMI KAFEDRASI u’lken oqitiwshisi E.Tlewov

# MIYNET HUQIQI

OQIW PREDMETINEN

# LEKTSIYA TEKSTLERI

NO’KIS 2016

## So`z bası.

Bazar ekonomikası sharayatında miynet qatnasıqların huqıqıy ta`repten ta`rtipke salıw mashqalasın sheshiw puqaralardın` nızamlı huqıqların ta`miynlewde ulken a`hmiyetke iye.

Ha`zirgi kunde g`a`rezsiz ma`mleketimizde juda` ko`p o`zgerisler juz bermekte. Jan`a nızamlar qabıl qılınbaqta ha`m de olardı turmısqa usınıw ustinde jumıslar alıp barılmaqta. O`zbekstan Respublikası jan`a miynet kodeksinin` qayta isleniwi onın` qabıl qılıng`anlıg`ı ma`mleketimizde o`tkizilip atırg`an huqıqıy reformalar tiykarında muna`sip orındı iyeleydi.

O`zbekstan Respublikası ekonomikalıq reformalar o`tkerilip atırg`an bir sharayatta miynetke bolg`an qatnasıqtı jan`a usılda sho`lkemlestiriw, olardı turaqlastırıwg`a bo`lek itibardı qaratıw, ha`m de miynet o`nimdarlıg`ın toqtawsız o`stiriwge ha`m usı tiykarda xızmetkerlerdin` kundelik turmıs da`rejesin ja`ne de jaqsılıw ma`selesi ha`zirgi kunde ulken a`hmiyetke iye.

Respublikamız turmısının` barlıq tarawlarında tup reformalar a`melge asırılmas eken, ha`kimshilik-buyrıqpazlıq dizimlerinen a`meldegi bazar qatnasıqlarına o`tilmes eken, ma`mleket ha`m ja`miyetti basqarıw islerinde ken` demokratiyalıq qag`ıydalar ja`riya etilmes eken, ma`mleket rawajlanıwı ta`miynleniwi qıyın ha`m o`zinin` bekkem jag`dayına iye bolmaydı.

Tup o`zgerisler a`melge asırılıwı za`rur bolg`an tarawlardan biri G’a`rezsiz Respublikamızdın` joqarı ha`m orta arnawlı mag`lıwmatlı qa`niygeli kadrlardı tayarlaw mashqalası. Olardı o`z qa`niygeli boyınsha teren` bilimge iye bolıwların ta`miynlew. Ko`p mın` jıllıq tariyxımız dawamında islengen ma`deniy-ruwhıy qa`diriyatlardı olardın` sanasına sin`diriw ha`m usı jol menen ja`ha`n normalarına mas keliwshi qa`niygeler tayarlawg`a erisiw qa`rezsiz respublikamız aldındag`ı a`hmiyetli mashqalalardan biri.

O`zbekstan Respublikasının` «Kadrlardı tayarlaw Milliy da`sturinde onın` bas maqseti ta`lim tarawın tupten o`zgertiw, onı o`tmishten qalg`an ideyalıq qaraslar ha`m sartqılardan tolıq ajıratıw, rawajlang`an demokratiyalıq ma`mleketler da`rejesinen joqarı ruwhıy ha`m a`deplilik talaplarg`a juwap beriwshi joqarı qa`niygeli kadrlar tayarlaw milliy dizimin jaratıw» ekenligi ko`rsetilgen.

Da`wirdin` usı a`hmiyetli wazıypalarınan kelip shıg`ılg`an halda usı lektsiya teksti tayarlandı. Onda aqırg`ı jıllarda qabıl qılıng`an nızam ha`m basqa normativ hujjetler, en` a`hmiyetlisi, bo`lek tayarlang`an jan`a miynet kodeksi, ha`m de miynet haqqındag`ı nızam hujjetleri normaların oqıw da`sturi shegerasında izshil ha`m tolıq tiykarda bayan etilgen.

**Tema: Miynet huqıqı tusinigi.**

**1. Miynet huqıqı tusinigi ha`m predmeti.**

**2. Miynet huqıqı derekleri.**

**3. Miynet huqıqı printsipleri.**

## 1. Miynet huqıqı tusinigi ha`m predmeti.

G'a`rezsizlik jıllarında O`zbekstan erkin, demokratiyalıq puqaralıq huqıqıy ma`mleket qurıwg`a umtılıp, xalıq aralıq huqıqıy qa`diriyatlardı o`zine qabıl ete basladı, en` a`hmiyetlisi xalıq aralıq gumanitar hujjetlerge qosıldı, o`z milliy nızamshılıqın usı xalıq aralıq huqıqıy aktlerge muwapıqlastırıp berdi. Usının` na`tiyjesinde ha`m o`nimi sıpatında puqaralardın` sotsiallıq-ekonomikalıq huqıqlarına tiyisli bir qatar nızamlar qabıl etildi. Olar arasında miynetke ha`m xalıqtı sotsiallıq qorg`awg`a qaratılg`an nızamlar jetekshi orındı iyeleydi.

Puqaralardın` sotsiallıq-ekonomikalıq huqıqlarına tiyisli bolg`an huqıq tarawlarınan biri - miynet huqıqı. Miynet huqıqı tarawı menen miynet bazarı iskerlik ko`rsetiwi, jallanba miynetti sho`lkemlestiriw ha`m qollaw menen baylanıslı bolg`an sotsiallıq qatnasıqlar ta`rtipke salınadı. O`z ara birikken halda bul qatnasıqlar miynet huqıqı predmetinin` o`zegin sho`lkemlestiredi.

Belgili, materiallıq ha`m ruwhıy baylıqlar jaratıw protsessinde juzege keliwshi sotsiallıq qatnastsqlar ob`ektiv qa`siyetke iye bolıp, ha`r qanday birgeliktegi miynetke ta`n. Bunda birgeliktegi miynetke sotsiallıq islep shıg`arıwdın` ajıralmas bo`legi, miynet huqıqı miynet a`sbepları ha`m qurallarınan ja`ma`a` bolıp paydalanıw payıtında o`z-ara baylanıslılıq sıpatında qarıw lazım boladı.

**Miynet qatnasıqları miynet huqıqının` predmeti sıpatında to`mendegi qa`siyetleri menen ajıralıp turadı:**

**1.** Miynet qatnasıqları birgeliktegi iskerlikti ta`rtipke salıwshı ishki miynet ta`rtibi qag`ıydalarına xızmetkerlerdin` a`mel qılıwına tiykarlanadı.

**2.** Xızmetker anıq bir ka`rxana, sho`lkemnin` miynet ja`ma`a`sine qosıp alınadı.

**3.** Xızmetkerdi miynet ja`ma`a`si quramına qosılıwı onın` menen duzilgen miynet sha`rtnamasına, onı lawazımına tayınlaw haqqında wa`killikli organ qararına, onı lawazımına saylang`anlıg`ı haqqındag`ı aktge tiykarlanadı.

**4.** Miynet qatnasıqlarının` mazmunı xızmetker ka`sibi, qa`niygeligi ha`m lawazımına muwapıq anıq belgilengen wazıypalardı orınlawg`a qaratıladı.

Miynet huqıqının` predmeti bolg`an sotsiallıq qatnasıqlar so`z juritkende, en` birinshi jallanba miynetke tiykarlanıwshı qatnasıqlar na`zerde tutılıwı kerek. G'a`rezsiz miynetke (mulkdar miynet, kooperatsiya ag`zaları miynet) tiykarlang`an sotsiallıq qatnasıqlar miynet huqıqı predmeti qatarına kiritilmeydi. Mısalı, jeke isbilermen miynet, isbilermen mulkdar (ka`rxana iyesi) miyneti miynet huqıqı menen ta`rtipke salınbaydı. Jazıwshı, shayır, alım, oylap tabıwshının` miyneti sotsiallıq miynet kooperatsiyasınan tısqarıda juz berse miynet huqıqı predmetleri qatarına kiritilmeydi.

Sonday qılıp, miynet huqıqının` predmeti sanalıwshı miynet qatnasıqları miynetten sotsiallıq kooperatsiya protsessinde paydalanıw payıtında payda bolıwshı islep shıg`arıw qatnasıqlarının` bir buwınan ibarat. Bunda puqara belgili wazıypanı ishki miynet ta`rtibine a`mel qılg`an halda orınlawı ushın miynet ja`ma`a`sine qosıp alınadı.

Miynet huqıqının` predmeti sanalıwshı sotsiallıq qatnasıqlar dizimine tuwrıdan-tuwrı miynet qatnasıqları (xızmetker ha`m jumıs beriwshi ortasındag`ı miynet sha`rtnamalıq qatnasıqlar) menen bir qatarda bul qatnasıqlardan aldın`g`ı, olar menen birge payda bolıwshı ha`m de onnan kelip shıg`ıwshı qatnasıqlar da tiyisli. Bular miynet tarawındag`ı sho`lkemlesken-basqarıw qatnasıqları, jumısqa jaylastırıwg`a baylanıslı bolg`an qatnasıqlar, qa`siplik tayarlıq ha`m qa`niygeligin asırıw qatnasıqları, miynet nızamlarına a`mel qılıw ustinen qadag`alaw ha`m guzetiw alıp barıw menen baylanıslı bolg`an qatnasıqlar, miynet dawları ha`m olardı sheshiw waqtındag`ı qatnasıqlar ha`m basqalardan ibarat.

Miynet huqıqının` usılları miynet qatnasıqların ta`rtipke salıwda o`zine ta`n a`hmiyetke iye bolıp, miynet huqıqının` predmeti degende bul huqıqı tarawı neni ta`rtipke salıwlıg`ı tusinilse, usılları degende qanday qılıp ta`rtipke salınıwı tusiniliwi lazım.

**Miynet huqıqının` usılları to`mendegi qa`siyetlerge iye:**

- Miynet huqıqı predmeti bolg`an sotsiallıq qatnasıqlardı ta`rtipke salıwda oraylastırılg`an ha`m de lokal (jergilikli) aktlerden paydalanıwlıq, olardın` qosıp alıp barılıwı;
- Huqıqıy ta`rtipke salıw paytında sha`rtnamalıq, usınıwshılıq ha`m imperativ usıllardın` keo` qollanılıwı;
- Miynet qatnasıqlarının` ta`rtipke salınıwında miynet ja`ma`a`leri, ka`siplik awqamlarının` qatnasıwı;
- Miynet huqıqlarının` qorg`alıwı, ma`jburiyatlar orınlanıwı ta`miynleniwinin` o`zine ta`n usıllarının` qollanılıwı.

**Miynet huqıqı o`zine ta`n usılları menen basqa huqıqı tarawlarınan parıq qıladı.**

Miynet huqıqı dizimleri degende birden-bir huqıq tarawın, onın` bo`lek bo`limlerin sho`lkemlestiriwshi yuridikalıq normalar jıyındısın tusiniw lazım.

Miynet huqıqı ulıwma ha`m arnawlı bo`limlerdi o`z ishine aladı. Onın` ulıwma bo`limi miynet huqıqının` ulıwma teoriyalıq ma`seleleri-tusinigi, predmeti, derekleri, qatnasıqları sıyaqlıların uyrenedi. Arnawlı bo`lim bolsa bo`lek huqıqı institutların (miynet sha`rtnaması, jumıs waqtı, is haqı ha`m basqalar) uyrenedi. Ulıwma ha`m arnawlı bo`limler o`z ara qosılıp, birden-bir huqıq tarawın sho`lkemlestiredi.

## 2. Miynet huqıqı derekleri.

Barlıq huqıq tarawları sıyaqlı miynet huqıqı da o`zine ta`n dereklerge iyeligi menen ajıralıp turadı.

Huqıqı deregi degende ken` ma`niste xalıq qa`lewi ha`m sanasın sa`wlelendiriwshi nızamshılıq aktleri tusiniledi, tar ma`niste ma`mlekettin` ha`kimiyat ha`m basqarıw organları ta`repinen qabıl etiletug`ın turli formadag`ı normativ aktler jıyındısı na`zerde tutıladı.

Miynet huqıqı derekleri turli wa`killikke iye bolg`an ma`mleket ha`kimiyatı ha`m basqarıw organları ta`repinen qabıl etiletug`ın ha`r turli formadag`ı normativ aktlerde sa`wlelenedi. Bunday normativ aktlerdi nızamshılıq aktleri ha`m nızam astındag`ı aktlerge bo`liw mumkin.

Miynet huqıqının` derekleri bolg`an nızamshılıq aktlerin o`z na`wbetinde Konstitutsiyalıq nızamshılıq aktlerine ha`m kundelik nızamshılıq aetlerine bo`liw mumkin. Nızamshılıq aktleri kodifikatsion ha`m ag`ımdag`ı aktlerge de bo`linedi.

Birinshiden, O`zbekstan Respublikası Konstitutsiyası en` joqarı yuridikalıq kushke iye bolg`an nızamshılıq akti bolıp, miynet huqıqı normaları sisteması ushın haqıyqıy tiykar bolıp xızmet qıladı.

Konstitutsiya bul belgili ma`mlekettin` tiykarg`ı nızamı, onın` menen ma`mleket suvereniteti, xalıq ha`kimiyatshılıg`ı, nızamnın` ustinligi, sırtqı siyasat, puqaralıq, puqaralardın` jeke huqıq ha`m erkinligi, siyasiy huqıqı, ekonomikalıq ha`m sotsiallıq huqıqları ha`m olardın` minnetleri, ha`m de ja`miyettin` ekonomikalıq negizleri, ja`ma`a`t birlespeleri, sem`ya, ha`m de g`alaba xabar quralları haqqında so`z baradı.. Konstitutsiyada ma`mlekettin` ha`kimshilik aymaqlıq duzilisi, ma`mleket ha`kimiyatının` sho`lkemlesiwi, nızam shıg`arıwshı, atqarıwshı ha`m sud ha`kimiyatları, jergilikli ma`mleket ha`kimiyatı, saylaw dizimi, prokuratura, finans ha`m byudjet, qorg`anıw ha`m qa`wipsizlik, Konstitutsiyag`a o`zgerisler kiritiw ha`m kushke kiritiw haqqında jazılg`an.

Ha`zirgi kundegi O`zbekstan Respublikası Konstitutsiyası 1992-jıl 8-dekabr`de qabıl etilgen. Birinshi O`zbekstan Respublikası Konstitutsiyası 1927-jılı, ekinshisi 1937 ha`m ushinshisi 1978-jıl qabıl etilgen edi.

G’a`rezsiz O`zbekstan Respublikası Konstitutsiyası 1992-jıl 8-dekabr`de qabıl etilgen bolıp, respublika territoriyasında miynet nızamlarının` birligin ta`miynleydi. Onda miynet huqıqına tiyisli bolg`an en` a`hmiyetli qag`ıydalar belgilep qoyılg`an, sonın` ishinde: Konstitutsiyanın` 37-stat`yasında ha`r bir shaxs miynet islew, erkin ka`sip tan`law, a`dalatlı miynet sharayatlarında islew ha`m nızamda ko`rsetilgen ta`rtipte ishsizlikten qorg`alıw huqıqına iye ekenligi, 38-stat`yada jallanıp islep atırg`an barlıq puqaralar dem alıw huqıqına iye ekenligi, 39-stat`yada ha`r bir insan sotsiallıq ta`miynat alıw huqıqına iye ekenligi belgilep qoyılg`an.

Miynet huqıqı dereklerinin` formalanıwı ha`m rawajlanıwında usı Konstitutsiyalıq qag`ıydalar tiykar bolıp xızmet qıladı.

Ekinshiden, O`zbekstan Respublikasının` miynet kodeksi miynet huqıqının` kodifikatsiyalang`an derek bolıp, ol O`zbekstan Respublikası territoriyasındag`ı sotsiallıq miynet qatnasıqların ta`rtipke salıwshı miynet nızamlarının` tiykarg`ı bo`limin o`zinde ja`mlewshi huqıqıy hujjet bolıp tabıladı.

O`zbekstan Ma`mleketi g`a`rezsizlikke eriskenge shekem barlıq miynet qatnasıqları 1971-jıl 17-dekbar`de qabıl etilgen, 1972-jıl 1-maydan a`melge kiritilgen Miynet haqqındag`ı nızamlar kodeksi menen ta`rtipke salıng`an.

O`zbekstan Respublikasının` 1995-jıl 21-dekabr` nızamına ko`re miynet kodeksine bit qatar o`zgerisler kiritildi. Jan`a miynet kodeksi quramlı duzilisine ko`re ulıwma ha`m arnawlı bo`lim, 16 bap, 294 stat`yadan ibarat.

Ushinshiden, O`zbekstan Respublikası Oliy Majlisi ta`repinen qabıl qılantug`ın nızamlar ha`m miynet huqıqı derekleri ortasında a`hmiyetli orın tutadı. Kundelik nızamlar quralında miynet nızamlarında na`zerde tutılg`an yaki jeterli itibar berilmegen sotsiallıq qatnasıqlar, basqa huqıq tarawları menen baylanıslı ra`wishte juzege keliwshi sotsiallıq qatnasıqlar ta`rtipke salınadı. Sonın` ishinde: O`zbekstan Respublikası Oliy Kegashi ta`repinen 1998-jıl 1-mayda qabıl etilgen «Xalıqtı jumıs penen ta`miynlew haqqındag`ı nızam» usılar qatarında;

1992-jıl 3-iyul`dag`ı «Ma`mleket sanitariya qadag`alawı haqqındag`ı nızam»;

1993-jıl 6-maydag`ı «Miynetti qorg`aw haqqındag`ı nızam»;

1993-jıl 20-sentyabr`degi «Jergilikli ma`mleket ha`kimiyatı organları haqqındag`ı nızam»;

1991-jıl 18-noyabr`degi O`zbekstan Respublikası «Mayıplardı sotsiallıq qorg`aw haqqındag`ı nızam»;

1992-jıl 2-iyul`degi «Ka`siplik awqamları, olardın` huqıqları ha`m iskerliginin` kepillikleri haqqında»g`ı nızam ha`m basqalar.

1991-jıl 20-noyabr`degi «O`zbekstan Respublikasında jaslarg`a tiyisli ma`mleket siyasatının` tiykarları haqqında»g`ı nızam ha`m basqalar.

O`zbekstan Respublikası Prezidenti Konstitutsiya ha`m Nızamlarg`a tiykarlanıp, ha`m de olardı orınlaw juzesinen Respublikanın` putkil aymag`ında ma`jburiy kushke iye bolg`an Pa`rmayıshlar, Pa`rmanlar shıg`aradı.

1990-jıl 2-iyun`dag`ı «Baslang`ısh klass oqıtıwshılarının` is haqın asırıw haqqındag`ı», 1991-jıl 13-noyabr`degi «Barlıq turdegi mekteplerdin` oqıtıwshılarına, balalar uyinin` ta`rbiyashılarına qosımsha jen`illikler beriw, joqarı klass oqıtıwshılarının` is haqın asırıw haqqındag`ı», 2001-jıl 27-iyun`degi «Napaqalar, stipendiyalar, ha`m de byudjet esabındag`ı xızmetkerlerdin` is haqı mug`darın asırıw haqqındag`ı» Pa`rmanları.

To`rtinshiden, O`zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin` qararları ha`m pa`rmayıshları bolsa nızam astı aktleri bolıp, olar nızamlar ha`m pa`rmanlar tiykarında ha`m de olardı orınlaw ushın qabıl etiledi ha`m olarg`a tolıq muwapıq keledi. Olar miynet huqıqının` ko`p g`ana ma`selelerin ta`rtipke salıp turadı ha`m olar miynet qatnasıqların ta`rtipke salıwda ulken a`hmiyetge iye bolg`an dereklerden.

O`zbekstan Respublikası «Jergilikli ma`mleket ha`kimiyatı organları haqqında» g`ı nızamg`a muwapıq rayon, qala, oblast` ha`kimlikleri ta`repinen o`z wa`killikleri shegarasında qabıl etilgen qararlar usı aymaqlardag`ı barlıq shaxslar ushın ma`jburiy kushke iye ha`m bul jergilikli ha`kimiyat organları miynetin sho`lkemlestiriw, belgili sharayatlar belgilew ha`m basqa ma`selelerge tiyisli miynet huqıqının` deregi sanalıwshı normativ hujjetler shıg`arıw mumkin.

Ka`rxana ha`m sho`lkemlerdin` tuwrıdan-tuwrı o`zinde, tarmaq, aymaq ko`lemindegi xızmetkerler wa`killik organları ta`repinen islep shıg`ılatug`ın ha`m de qabıl qılınatug`ın lokal normativ hujjetler (ja`ma`a`t sha`rtnamaları, ja`ma`a`t kelisimleri, turli nızamlar ha`m basqalar) da miynet huqıqının` a`hmiyetli dereklerinen biri bolıp esaplanadı.

### 3. Miynet huqıqı printsipleri.

Miynetti huqıqıy basqarıwdın` tiykarg`ı printsipleri nızamshılıqta belgilep qoyılg`an bolıp, usı printsipler tiykarında miynet qatnasıqları juz beredi.

Miynet huqıqı pa`n tarawı sıpatında ulıwma huqıqıy insanıylıq printsipleri: sotsiallıq a`dillik, kemsitiwge jol qoymaslıq, puqaralardın` nızam aldında ten` ekenlikleri, nızamshılıqqa qatan` a`mel qılıw ta`miynleniwi lazım.

**Miynet huqıqıy basqarıwının` tiykarg`ı printsipleri to`mendegilerden ibarat:**

- Miynet etiwde ten` huqıqlı bolıw;
- Jumıstı erkin tan`law ha`m ma`jburiy miynetti qadag`an etiw;
- Jumıssızlıqtan qorg`alıw huqıqı ha`m jumıssızlıq juz bergen jag`dayda ma`mlekettin` ja`rdem ko`rsetiwi;
- A`dalatlı miynet sharayatı huqıqına iye bolıw;
- Bir turli jumısqa ten` haqı to`lew huqıqı ha`m en` kem is haqını kepilliklep qoyıw;
- Qartayg`anda, miynet qa`biletin jog`altqanda materiallıq ta`miynat alıw;
- Xızmetker turmısı ha`m salamatlıg`ın qorg`aw huqıqı;
- Miynetkeshlerdin` ka`rxana, mekeme, sho`lkemlerdi basqarıwda ken` ko`lemde qatnasıwı;
- Miynet ma`jburiyatların ıqtıyarıy ra`wishte orınlaw, belgili miynet intizamına a`mel qılıw.

Insan huqıqları Ulıwma dun`ya juzilik Dekleratsiyasında, insan huqıqları haqqındag`ı xalıq aralıq pitimlerde ko`zde tutılg`an miynet islew huqıqı O`zbekstan Respublikasının` 1992-jılg`ı Konstitutsiyasında o`z sa`wleleniwin tapqan.

Bunnan tısqarı miynet huqıqında tarawlar aralıq printsiplerge de a`mel qılıw za`rur.

## Tema: Miynetke baylanıslı huqıqıy qatnasıqlar.

**1. Miynetke baylanıslı huqıqıy qatnasıqlar tusinigi.**
**2. Xızmetkerler miynetke baylanıslı huqıqıy qatnasıqlardın` sub`ekti sıpatında.**
**3. Ka`rxana ha`m sho`lkemler (jumıs beriwshiler) - miynet huqıqı sub`ekti sıpatında.**

**1. Miynetke baylanıslı huqıqıy qatnasıqlar tusinigi.**

Miynet huqıqı menen ta`rtipke saoınatug`ın qatnasıqlar miynet huqıqı qatnasıqları dep ataladı. Yag`nıy, bazar ekonomikası sharayatında xızmetkerler miynetti sho`lkemlestiriw ha`m de usınıw protsessinde kelip shıg`atug`ın sotsiallıq qatnasıqlardı sho`lkemlestiredi.

Miynet huqıq qatnasıqları ol yaki bul shaxs qandayda bir ka`rxana, mekeme ha`m sho`lkemde sotsiallıq miynetke qatnasıw arqalı o`zinin` miynet islew huqıqın a`melge asıradı. Ekinshiden, miynet qatnasıqlarının` juzege keliwinin` yuridikalıq tiykarı bir ta`repten xızmetker, ekinshi ta`repten mekeme ha`m sho`lkem ortasında duzilgen miynet sha`rtnaması esaplanadı. Birinshisi belgili bir isti orınlaw ma`jburiyatın aladı, ekinshisi bolsa og`an miynet sharayatın jaratıp beriw ha`m islegen isi ushın haqını to`lew ma`jburiyatın aladı. Ushinshiden, miynet qatnasıqları ha`r eki ta`reptin` ıqtıyarıy razılıg`ı na`tiyjesinde juzege keledi.

Sonın` ushın miynet qatnasıqları degenimizde miynet haqqındag`ı nızam hujjetleri, ja`ma`a`t kelisimleri, sonday-aq ja`ma`a`t sha`rtnamaları ha`m basqa lokal hujjetler menen ta`rtipke salınadı.

Miynet haqqındag`ı nızam hujjetleri O`zbekstan Respublikası miynet kodeksi, O`zbekstan Respublikası nızamları ha`m Oliy Majlis Qararları, O`zbekstan Respublikası Prezidentinin` Pa`rmanları, Qaraqalpaqstan Respublikası nızamları ha`m Joqarg`ı Ken`es qararları, ma`mleket ha`kimiyatının` basqa wa`killik ha`m atqarıw organları o`z wa`killikleri shegarasında qabıl etetug`ın qararlarınan ibarat.

Mulkshiliktin` barlıq formasındag`ı ka`rxanalar, mekemeler, sho`lkemler ha`m sonday-aq ayırım puqaralar ıqtıyarında miynet sha`rtnaması boyınsha islep atırg`an fizikalıq shaxslardın` miynetke baylanıslı qatnasıqları da nızamlar ha`m basqa normativ hujjetler menen ta`rtipke salınadı.

Puqaralardın` miynet islew huqıqları on altı jasqa tolg`annan baslap, ayırım jag`daylarda bolsa ata-anası yaki qa`wenderlerinin` razılıg`ı menen on bes jastan baslap kelip shıg`adı.

Miynet huqıqı qatnasıqlarının` ob`ekti dep belgili ka`sip qa`niygelik arqasında ishki ta`rtip-qag`ıydalarg`a a`mel qılıng`an halda kelip shıg`atug`ın sotsiallıq qatnasıqlarg`a aytıladı.

Miynetke baylanıslı qatnasıqlarda xızmetkerlerdin` ma`plerin sa`wlelendiriwge wa`kil bolıw ha`m bul ma`plerin qorg`awdı ka`rxanadag`ı ka`siplik awqamları ha`m olardın` saylap qoyılatug`ın organları yaki xızmetkerler ta`repinen saylanatug`ın basqa wa`killik organlar ta`repinen a`melge asırılıwı mumkin. Bul organlardı saylaw ta`rtibin, olardın` wa`killikleri muddeti ha`m mug`dar quramın miynet ja`ma`a`tinin` jıynalısında xızmetkerler o`zleri belgileydi.

Barlıq wa`killik organları o`z wa`killikleri shegarasında is alıp baradı ha`m xızmetkerler ma`plerin qorg`awda ken` huqıqlardan paydanaladı.

Miynet penen baylanıslı basqa tarawlardag`ı qatnasıqlardan parıqlı ra`wishte miynet qatnasıqlarının` tiykarg`ı puqaralıq qa`siyetlerine to`mendegiler kiredi:

1. Xızmetkerdin` miynet ja`ma`a`tine tiyisli bolıwı ha`m onın` quramında ja`ma`a`t aldında turg`an wazıypanı orınlawda qatnasıwı;

2. Belgili miynet turin orınlaw, yag`nıy jekke ta`rtipte belgilengen anıq wazıypanı emes, ba`lki belgili qa`niyge, lawazım boyınsha belgili turdegi islerdi orınlaw;

3. Belgilengen miynet intizamına a`mel qılıw (bunda xızmetker ishki miynet intizamına, yag`nıy xızmetkerlerdin` birgelikte iskerlik ko`rsetiw sha`rtlerine boysınadı);

4. Miynet ma`jburiyatlarının` shaxsıy xarakterde ekenligi, yag`nıy xızmetkerdin` shaxsı menen baylanıslı ekenligi qa`siyeti.

Miynet huqıqı qatnasıqlarının` mazmunı ta`replerdin` sub`ektiv huqıq ha`m ma`jburiyatları bolıp, xızmetkerlerdin` tiykarg`ı huqıqı ha`m ma`jburiyatların a`melge asırıw ha`m anıqlaw imkanın beredi. Bul miynet kodeksinin` 16-stat`yasında bekkemlengen: miynet qa`wipsizlik ha`m gigiena talaplarına juwap beretug`ın jumıs sharayatında islew huqıqı, jumıs sebepli den sawlıqqa jaraqat jetse, keltirilgen zıyandı qaplaw huqıqı, bir qıylı miynetke ten` haqı to`lew ha`m bunda hesh qanday kemsitiwge jol qoymaslıq ha`m de haqı to`lewde nızamda belgilengen en` kem mug`dardag`ı is haqıdan kem bolmag`an mug`darda haqı alıw huqıqı, belgilengen is waqtı dawamınan keyin dem alıw, biraz bir ka`siptegiler ushın qısqartılg`an is kuni belgilew, ha`r bir ha`ptede bir kun dem alıw, bayramlarda dem alıw, sonday-aq is haqı to`lenetug`ın dem alısqa shıg`ıw huqıqı, qartayg`anda, miynet qa`biletinen ayırılg`anında, bag`ıwshısın jog`altqanda ha`m nızamda belgilengen basqa jag`daylarda sotsiallıq ta`miynat alıw huqıqı, sonın` ishinde, sudlardan o`z miynet huqıqın qorg`awdı talap qılıw, miynet intizamına a`mel qılıw, ka`rxana, mekeme, sho`lkem mulkine ıqtıyarlılıq penen qatnasta bolıw, belgilengen miynet normasın orınlaw sıyaqlılardı o`z ishine aladı.

Xızmetkerdin` sub`ektiv huqıqı qatarına to`mendegiler kiredi: jumısqa qabıl etilgenligi haqqındag`ı buyrıq penen tanıstırıw, nızamda belgilengen hujjetlerdi g`ana ko`rsetiw, miynet sha`rtnamasında ko`rsetilgen sha`rtlerdegi jumıstı talap qılıw, jumıs waqtın normalaw onın` dawamıylıg`ın ta`miynlew, ha`ptede jumıs waqtı normasın qırıq saattan asırmawlıq, bayram ha`m dem alıs kunleri qarsan`ında qısqartılg`an jumıs kunin ta`miynlew, dem alıw ha`m awqatlanıw ushın

ta`nepis alıw, dem alıs ha`m bayram kunleri islegenleri ushın kompensatsiya alıw, ha`kimshilik ta`repinen xızmetkerlerge itibar menen qarıwın ta`miynlew h.t.b.

Ka`rxana, mekeme, sho`lkemlerdin` sub`ektiv huqıqı ha`m ma`jburiyatı Nızam ha`m Ustavlarda ko`rsetilip qoyıladı. Bul huqıq ha`m ma`jburiyatlardı to`rt toparg`a bo`liw mumkin:

1. Miynet ja`ma`a`tinin` kelip shıg`ıwı ha`m keleshekte onın` jumısların sho`lkemlestiriw (kadrlardın` ka`sip tayarlıg`ı ha`m qayta tayarlaw boyınsha xızmetkerlerdi qabıl etiw ha`m o`tkiziw huqıqı ha`m ma`jburiyatı h.t.b.);

2. Miynet sharayatların jaqsılaw menen baylanıslı (xızmetkerge belgili jumıs ornın bekitiw, olardı attestatsiyadan o`tkiziw, jumıstı aqılg`a ug`ras sho`lkemlestiriw);

3. Miynetke haqı to`lewdi sho`lkemlestiriw ha`m onı turaqlastırıw menen baylanıslı (miynetke haqı to`lewdi jaqsılaw, usteme ha`m qosımsha haqı to`lewdi ja`riya etiw huqıqı ha`m ma`jburiyatları);

4. Bo`lek o`rnek ko`rsetken xızmetkerlerdi xoshametlew ha`m intizam wa`killigin a`melge asırıw, keltirilgen zıyandı o`ndiriw menen baylanıslı.

Miynet qatnasıqlarının` kelip shıg`ıwı, o`zgeriwi ha`m de biykar bolıwı menen baylanıslı bolg`an hadatlar yuridikalıq faktler dep ataladı.

Miynet qatnasıqlarının` a`mel qılıwına tiykar miynet sha`rtnaması bolıp onda, ha`r eki ta`reptin` qa`lewi sa`wlelenedi, miynetkeshtin` bul ka`rxana, mekeme, sho`lkemge jumısqa kiriwi, onı jumısqa qabıl qılınıwı ko`riledi.

Biraz jag`daylarda miynet qatnasıqların keltirip shıg`arıw ushın miynet sha`rtnamasınan tısqarı wa`killikli organlardın` jollanbasına ko`re jumısqa jiberilgenligi tayınlanatug`ın lawazımg`a jumısqa qabıl etilgende onın` bul lawazımg`a tayınlang`anlıg`ı haqqındag`ı buyrıq miynet qatnasıqların keltirip shıg`arıw ushın tiykar boladı.

Miynet huqıqı qatnasıqlarına kiritiletug`ın o`zgerisler ha`r eki ta`rep razılıg`ı tiykarında a`melge asırıladı (basqa jumısqa o`tkiziw ushın xızmetker menen jumıs beriwshinin` o`z-ara kelisimi bolıwı kerek). Miynet huqıqı qatnasıqların toqtatıwg`a ta`repler kelisimi menen bir qatarda ha`r bir ta`reptin` ta`r ta`repleme qa`lewi na`zerde tutıladı. Biraz jag`daylarda ushinshi shaxslar usınısı menen biykar qılınıwı mumkin, yag`nıy sudtın` hukimi tiykarında miynet sha`rtnamasın biykar qılıw, sonday-aq jumıstı dawam ettiriw mumkin bolmag`an belgili bir jag`day (a`skeriy xızmetke shag`ırılıw, xızmetkerdin` qaytıs bolıwı) juzege keliwi qatnası menen miynet sha`rtnamasın biykar qılıw mumkin.

Sho`lkemlesken-basqarıw qatnasıqlar miynet huqıqı qatnasıqlarınıo` bir turi sıpatında bo`lek a`hmiyetke iye.

Bunday qatnasıqlardın` tiykarg`ı qatnasıwshıları miynet ja`ma`a`ti, xızmetkerler ha`m jumıs beriwshilerdin` wa`killik organları. Sho`lkemlesken-basqarıw qatnasıqlarının` tiykarg`ı maqseti - miynet sha`rtlerin lokal ta`rizde belgilew. Bunda miynet ja`ma`a`ti ha`m de xızmetkerlerdin` wa`killik organlarının` huqıqıy statusının` a`melge asırılıwın guzetse boladı.

Miynetke baylanıslı qatnasıqlarda barlıq puqaralar miynet huqıqlarına iye bolıwı ha`m de olardan paydalanıwda ten` imkaniyatlarg`a iye.

### 2. Xızmetkerler miynetke baylanıslı huqıqıy qatnasıqlardın` sub`ekti sıpatında.

O`zbekstan Respublikası miynet kodeksinin` 72-stat`yasının` ekinshi bo`liminde miynet huqıqı sub`ekti kimler bolıwlıg`ı anıq ko`rsetip o`tilgen, onda ko`rsetilgeninshe miynet huqıqının` sub`ektleri, sotsiallıq miynet qatnasıqlarının` qatnasıwshılarınan ibarat bolıp, olar sub`ektiv huqıqı ha`m ma`jburiyatlardın` iyeleri bolıwı mumkin. Xızmetkerler ha`m jumıs beriwshiler miynet huqıqının` sub`ektleri esaplanadı.

Miynet huqıqında ko`rsetilgeninshe, o`z miynet menen ka`rxana iskerliginde miynet sha`rtnaması tiykarında qatnasıp atırg`an onın` barlıq xızmetkerleri ka`rxana miynet ja`ma`a`tin sho`lkemlestiredi.

O`zbekstan Respublikası miynet kodeksinin` 20-stat`yasına ko`re ka`siplik awqamları, olardın` ka`rxanadag`ı saylap qoyılatug`ın organlar, xızmetkerler ta`repinen saylap qoyılatug`ın basqa organar jumıs beriwshilerdin` wa`killik organları miynetke baylanıslı qatnasıqlardın` sub`ektleri sıpatında qatnasa aladı. Sub`ektiv huqıq ha`m ma`jburiyatlar belgili huqıq normalarında bekkemlep qoyıladı. Miynet-huqıqıy status ulıwma ha`m arnawlı bolıwı mumkin. Ulıwma status barlıq sub`ektler ushın birdey ta`n bolıp, arnawlı stutas bolsa ayırım toparlarg`a tiyisli boladı.

O`zbekstan Respublikası miynet kodeksinin` 14-stat`yasında «Belgilengen jasqa jetken (77-stat`ya) ha`m de jumıs beriwshi menen miynet sha`rtnaması duzgen O`zbekstan Respublikası puqaraları sonday-aq, shet el puqaraları ha`m puqaralıg`ı bolmag`an shaxslar miynetke baylanıslı qatnasıqlardın` sub`ektivleri bolıwı mumkin» dep ko`rsetilgen.

Puqaralar qatnasıp atırg`an sotsiallıq qatnasıqlardın` en` ken` tarqalg`anı - miynet qatnasıqları bolıp tabıladı.

Fizikalıq shaxslar O`zbekstan puqarası, shet el puqarası yaki puqaralıg`ı bolmag`an shaxs miynet qatnasıqlarının` sub`ekti bolıwı olardın` huqıqıy jag`dayına baylanıslı. En` birinshi puqaralar miynet islew jasına jetken bolıwı lazım.

O`zbekstan Respublikası miynet kodeksinin` 77-stat`yasına ko`re on altı jasqa jetken fizikalıq ha`m aqlıy miynet qılıwg`a uqıplı bolg`an puqaralar menen miynet sha`rtnaması duziliwi mumkin. Biraz jag`daylarda ata-analarınan birinin` yaki olar ornın basıwshı shaxslardın` jazba razılıg`ı menen on bes jasqa tolg`an shaxslarda miynet huqıqının` sub`ekti bola aladı.

Jaslardı miynetke tayarlaw maqsetinde ulıwma bilim mektepleri, ka`sip-o`ner bilim orınları ha`m orta arnawlı oqıw orınlarının` oqıwshıları on to`rt jasqa tolg`anlarınan keyin ata-analarnın` birinin` yaki olar ornın basıwshı shaxslardın` razılıg`ı menen balalarının` den sawlıg`ına ha`m kamal tabıwına zıyan jetkizbeytug`ın ha`m bilim alıw protsessin buzbaytug`ın jen`il islerdi oqıwdan bos waqıtlarında orınlaw ushın jumısqa qabıl qılıwg`a jol qoyıladı.

18 jasqa tolmag`an shaxslardı jumısqa qabıl qılıw usı kodekstin` 241-stat`yasında na`zerde tutılg`an talaplarg`a a`mel etilgen halda a`melge asırıladı.

Ayırım jag`daylarda miynet qatnasıqları tek on segiz jasqa tolg`an shaxslar menen (ma`salı, transport quralın basqarıw, tovar-materiallıq ha`m pul bahalıqları menen islew h.t.b.). Ha`m onnan ulken jastag`ı shaxslar menen (mısalı, sud`yalıq lawazımına tek keminde jigirma bes jasqa tolg`an shaxslar tayınlanıwı yaki saylanıwı) ornatılıwı mumkin.

Puqaralar belgili jag`daylarda miynet qatnasıqlarının` sub`ekti bola alıwlıg`ı ushın bir qatar qosımsha talaplarg`a juwap beriw lazım. Sonın` ishinde, ayırım islerge ha`m wazıypalarg`a arnawlı bo`lim yaki qa`niygege iye bolg`an, o`zinin` fizikalıq-fiziologik qa`siyetlerin ko`rsete alatug`ın shaxslar g`ana qabıl etiliwleri mumkin.

Ruwhıy keselligi yaki aqılı zayıplıg`ı sebepli sud ta`repinen qatnasıqqa uqıpsız dep tabılg`an ha`m qa`wenderlik astında bolg`an shaxslar miynet qatnasıg`ı sub`ekti bola almaydı.

Xızmetkerlerdin` miynet huqıqı statusı barlıq shaxslar ushın, olardın` milleti, rasası ha`m basqa jag`daylarına qaramastan bir qıylı.

Shet el puqaraları ha`m puqaralıg`ı bolmag`an shaxslardın` O`zbekstan aymag`ında miynet huqıqı qatnası sub`ekti bola alıwları ushın en` a`hmiyetli sha`rtlerinen biri olardın` O`zbekstanda miynet iskerligi menen shug`ıllana alıwları ushın belgilengen ta`rtipte ruqsat (litsenziya) alg`an bolıwları lazımlıg`ı bolıp tabıladı.

Tiyisli litsenziyag`a iye bolmag`an shaxslardı O`zbekstanda miynet iskerligi menen shug`ıllanıwları qadag`an etiledi, bunday jag`daylar anıqlang`an jag`dayda shet el puqarası O`zbekstannan shıg`arıp jiberiledi. Bunday shaxslardı litsenziyasız jumısqa qabıl qılg`an lawazımlı shaxslar tiyisli huqıqıy juwapkershilikke tartılıwları mumkin. Puqaralar (fizikalıq shaxslar) miynet huqıqı sub`ekti sıpatında belgili ma`jburiyatlardı orınlawları lazımlıg`ı olardın` miynet huqıqıy statusının` en` a`hmiyetli quramlı bo`limi esaplanadı.

Bul ma`jburiyatlar miynet sha`rtnamasında ha`m basqa hujjetlerde na`zerde tutıladı.

### 3. Ka`rxana ha`m sho`lkemler (jumıs beriwshiler) - miynet huqıqı sub`ekti sıpatında.

Miynet qatnasıqlarının` ekinshi a`hmiyetli sub`ekti - qatnasıwshısı jumıs beriwshiler bolıp tabıladı.

**O`zbekstan Respublikası miynet kodeksinin` 15-stat`yasında ko`rsetilgeninshe to`mendegiler jumıs beriwshiler bolıwı mumkin:**

1. Ka`rxanalar, sonın` ishinde olardın` ayırım quramlı bo`limleri o`z basshıları tımsalında;
2. Mulkdardın` o`zi usı bir waqıtta basshı bolg`an jeke ka`rxanaları;
3. On segiz jasqa tolg`an ayırım shaxslar nızam hujjetlerinde na`zerde tutılg`an jag`daylarda.

O`zbekstan Respublikasının` nızamshılıg`ına muwapıq O`zbekstan Respublikası puqaraları, puqaralıg`ı bolmag`an shaxslar ta`repinen turli formalarda isbilermenlik iskerligi menen shug`ıllanıwları mumkinligi, xızmetkerlerdi jumısqa jallaw ha`m jumıstan bosatıw huqıqına iye ekenlikleri belgilep qoyılg`an.

A`dette yuridikalıq shaxs statusına iye bolg`an ka`rxana ha`m sho`lkemler miynet qatnasıqlarının` sub`ekti esaplanatug`ın jumıs beriwshiler sıpatında qatnasadı. Lekin, tiyisli jag`daylarda kommunallıq uy-ruzg`ar ıqtıyajların qandırıw ushın jeke shaxslar, ayırım puqara ta`repinen basqa puqaranı jumısqa jallaw jag`dayları da tez-tez ushırap turadı.

Yuridikalıq shaxs bolmag`an halda isbilermenlik penen shug`allanıwshı shaxslar jallanba miynetta paydalanıwları mumkin emes ha`m usı sebepli olar jumıs beriwshi sıpatında miynet qatnasıqlarında qatnasıwları mumkin emes.

Ka`rxanalar ha`m sho`lkemlerdin` miynet huqıqı sub`ekti sıpatında miynet qatnasıg`ında qatnasa alıwları, olardın` jumıs beriwshi sıpatındag`ı yuiridikalıq statusı en` birinshi ka`rxanalar, awıl

xojalıg`ı ka`rxanaları, xojalıq ishkretleri ha`m ja`miyetleri haqqındag`ı, ijara aktsionerlik ja`miyetleri ha`m aktsionerler huqıqların qorg`aw, ja`ma`a`t birlespeleri, kishi ha`m jeke isbilermenlikti rawajlandırıwdı xoshametlew, kooperatsiya, shet el investitsiyaları haqqındag`ı ha`m basqa nızamlarda belgilep qoyılg`an.

A`meldegi nızamshılıqqa ko`re xojalıq iskerliginin` ayırım turleri menen shug`ıllanıw ushın yuridikalıq shaxslar ta`repinen wa`killikli ma`mleket organlarına mura`ja`a`t qılıw arqalı arnawlı litsenziyalar alınıwı ko`zde tutılg`an. Mien usınday litsenziyag`a iye bolg`an yuridikalıq shaxslar g`ana usı iskerliklerdi a`melge asırıw juzesinen jumıs beriwshi sanalawları, yag`nıy miynet qatnasıg`ının` sub`ekti bola alıwları mumkin.

Ma`mleket ha`kimiyatı ha`m basqarıw organları, ma`mleket ha`kimiyatının` jergilikli organlarının` jumıs beriwshi sıpatında miynet qatnasıqlarında qatnasıwları mumkin. Usı ma`mleket organlarına xızmetkerlerdi jumısqa tayınlaw yaki lawazımg`a saylaw qag`ıydaları arnawlı nızam menen belgilep qoyıladı. Olardın` jumıs beriwshi sıpatında miynet qatnasıqları sub`ekti statusları da usı organlar iskerligine baylanıslı nızamlar menen belgilep qoyılg`an.

Ka`rxana mulkdarı wa`killik bergen ha`m onın` atınan miynet qatnasıqlarında sub`ekt bolıp qatnasatug`ın arnawlı basqarıw organı - ha`kimshiliktin` ka`rxana nızamında yaki usı basqarıw organı wa`killikler shegarasında belgilewshi arnawlı hujjette belgilep qoyıladı.

Ma`mleket ha`kimiyatının` jumıs beriwshi sıpatında wa`killik shegarası ha`m huqıqıy statusı tiyisli ma`mleket organı ta`repinen tastıyıqlang`an normativ hujjette na`zerde tutıladı.

Xızmetkerlerdin` ha`m jumıs beriwshilerdin` wa`killik organları miynet qatnasıqlarının` sub`ekti sıpatında iskerlik ko`rsetedi. Olardın` miynet huqıqı sub`ekti sıpatındag`ı wa`killikleri haqqında ayırım temada tolıq bayan etiledi.

## Tema: Ja`ma`a`t sha`rtnamaları ha`m kelisimleri.

**1. Ja`ma`a`t sha`rtnamaları ha`m kelisimleri tusinigi ha`m maqseti.**
**2. Ja`ma`a`t sha`rtnamasının` ta`repleri ha`m olardın` ma`jburiyatları.**
**3. Ja`ma`a`t sha`rtnamasının` xızmetkerler ha`m ka`rxana bo`limlerine baylanıslı a`mel qılıw shegarası ha`m muddeti.**
**4. Ja`ma`a`t kelisimleri ha`m olardın` mazmunı.**

### 1. Ja`ma`a`t sha`rtnamaları ha`m kelisimleri tusinigi ha`m maqseti.

Jan`a bazar qatnasıqları qarar tawıp atırg`an ha`m tezlik penen rawajlanıp baratırg`an ha`zirgi kunlerde ka`rxanalardag`ı xızmetkerler ha`m jumıs beriwshiler ma`plerinin`, za`rur islep shıg`arıw sharayatları jaratılıwın ta`miynleniwinin` sho`lkemlesken-huqıqıy qurallarınan biri ja`ma`a`t sha`rtnaması ha`m ja`ma`a`t kelisimleri. Ja`ma`a`t sha`rtnaması ha`m ja`ma`a`t kelisimi xızmetkerlerdin` da, jumıs beriwshilerdin` de aktivlesiwin asırıwg`a ja`rdem beredi.

Miynet nızamshılıg`ına ko`re ja`ma`a`t sha`rtnaması ha`m ja`ma`a`t kelisimi ka`rxanalarda, belgili ka`sip xızmetkereri, tarmaq-aymaq xızmetkerleri, miynetke baylanıslı sotsiallıq-ekonomikalıq ka`sipke baylanıslı qatnasıqlardı ta`rtipke salıwshı, miynet sha`rtleri ha`m sotsiallıq kepillikler belgilewge qaratılg`an normativ hujjet esaplanadı.

Ja`ma`a`t sha`rtnamaları ha`m kelisimleri xızmetkerler ha`m jumıs beriwshilerdin` miynetke baylanıslı qatnasıqların sha`rtnama tiykarında ta`rtipke salıwg`a, olardın` sotsiallıq-ekonomikalıq ma`plerin muwapıqlastırıwg`a ja`rdem beriw maqsetinde duziledi.

Ja`ma`a`t sha`rtnamaları ha`m ja`ma`a`t kelisimin duziw payıtında xızmetkerler wa`killik organları da, jumıs beriwshiler de usınıs penen shıg`ıw, so`ylesiwlerde qatnasıwı, bul sha`rtnama ha`m kelisimlerdi duziwi, olardı o`zgertiw ha`m biykar etiw juzesinen joybarlar islep shıg`ıwı, qosımshalar kiritiwi, sha`rtnamanı imzalawı mumkin. Jumıs beriwshiler birlespesi, atqarıwshı ha`kimiyat organları, xızmetkerler wa`killik organı usıng`an sha`rtnamanın` joybarların, olarg`a kiritiletug`ın qosımsha ha`m duzetiwler joybarların ko`rip shıg`ıwg`a ma`jbur, olar jeti kun ishinde so`ylesiwler baslawg`a kirisiwleri sha`rt. Usınıslar juzesinen a`meldegi ja`ma`a`t sha`rtnaması yaki ja`ma`a`t kelisimi muddeti tamam bolıwına ush ay qalg`anda ha`r qaysı ta`rep jan`a ja`ma`a`t sha`rtnaması, kelisimi duziw juzesinen ekinshi ta`repke jazba xabar beriwge haqılı. Bunday jazba xabar alg`an ta`rep jeti kun ishinde so`ylesiwlerge kirisiwleri sha`rt. Ja`ma`a`t sha`rtnamasının` joybarı ka`rxananın` quramlı dizimlerinde (brigada, tsex, bu`limlerde) ken` talqılanadı, bildirilgen usınıs ha`m so`ylesiwler ulıwmalastırıladı. Ja`ma`a`t sha`rtnaması ka`rxana miynet ja`ma`a`ti ulıwma jıynalısında duziledi. Ka`rxana miynet ja`ma`a`ti ag`zalarının` yarımınan ko`biregi ulıwma jıynalısta qatnasıp atırg`an bolsa yaki ka`rxana ja`ma`a`t ag`zaları konferentsiyası delegatlarının` ushten eki bo`liminen ko`biregi konferentsiyada qatnasıp atırg`an bolsa, sha`rtnama duzilgen esaplanadı. Eger ulıwma jıynalıs qatnasıwshılarının` yarımınan ko`biregi ja`ma`a`t sha`rtnamasın maqullap dawıs berse sha`rtnama

duzilgen esaplanadı. Sha`rtnama duzilgennen keyin ush kun ishinde ta`replerdin` wa`killeri (ka`siplik awqamı komiteti baslıg`ı ha`m ka`rxana basshısı ta`repinen) imzalanıwı lazım boladı.

Ja`ma`a`t sha`rtnaması duziliwi aldınan jumıs beriwshi menen ka`siplik awqamı ortasında so`ylesiwler alıp barıladı. Ka`siplik awqamı jallanba xızmetkerler atınan qatnasadı, olardın` ma`plerin ko`rsetedi ha`m qorg`aydı. Usınılg`an ja`ma`a`t sha`rtnaması joybarı miynet ja`ma`a`ti ulıwma jıynalısı ta`repinen maqullanbasa ol jag`dayda bildirilgen usınıs ha`m so`ylesiwler esapqa alıng`anı halda qayta ko`rip shıg`ıladı, ha`m de on bes kuin ishinde qaytadan ko`rip shıg`ıw ha`m qabıl etiw ushın ulıwma jıynalısqa usınıladı. So`ylesiwler alıp barıw ushın ta`replerdin` ten`be-ten` sanlı wa`killerinen ibarat komissiyası sho`lkemlestiriledi. Wa`killik sanı keminde ush adam bolıwı kerek. Komissiya quramı, ta`repler wa`killerine beriletug`ın wa`killikler, so`ylesiwler dawamında olardın` jumıs ornı, aylıg`ı, miynet ha`m sotsiallıq jen`illikleri saqlanıp qalıwları ma`seleleri ta`replerdin` qospa qararları menen tastıyıqlanadı. Ta`replerden birinin` talabı, usınısı ja`ma`a`t sha`rtnaması duziw juzesinen so`ylesiwlerdi baslaw ushın tiykar bola aladı. Bul talap birinshi sha`rtnama muddeti tamam bolg`anınan ush ay aldın jazba ra`wishte jiberiledi.

So`ylesiwlerge tayarlıq ko`riw da`wirinde ka`rxana ka`siplik awqamı komiteti xızmetkerleri usınıslarıń oplawı, anketa tarqatıwı ha`m ma`jilisler protokolların analizlep shıg`ıwları kerek. Bul bolsa so`ylesiw protsessinde ja`ma`a`t pikirine tayanısh imkanın beredi. So`ylesiwler alıp barıwdan maqset bir ta`repten, ka`rxananın` na`tiyjeli islewin ta`miynlewge qaratılg`an qararlar, hujjetleri jo`nelislerin islep shıg`ıw bolsa, ekinshi ta`repten, xızmetkerlerdin` turmıs da`rejesin asırıw, meditsinalıq ha`m ma`deniy xızmet ko`rsetiwdi jaqsılaw, miynet islew ushın den sawlıqlı ha`m qa`wipsiz sharayattı jaratıw menen nızamlı huqıq ha`m ma`plerin qorg`aw bolıp tabıladı. So`ylesiwler ta`replerdin` o`z-ara hurmeti, ten` huqıqlılıq haqıqıy finanslıq ha`m islep shıg`arıw imkaniyatların orınlaw ushın juwapkerlik tiykarında alıp barıladı.

So`ylesiwler dawamında o`z-ara ha`m ayırım ma`jburiyatlar ja`ma`a`t sha`rtnamaların duziw ha`m olardı orınlaw jolları, kelip shıg`ıwı mumkin bolg`an kelispewshiliklerdi sheshiw ta`rtibi talqılanadı.

Ja`ma`a`t sha`rtnamasın duziw juzesinen so`ylesiwler eki ta`reptin` kelisimi tiykarında alıp barıladı, jumıs beriwshi ta`repinen so`ylesiwde basshı yaki onın` wa`killikli wa`kili, ka`siplik awqamı ta`repinen ka`siplik awqamı baslıg`ı qatnasadı.

**Ja`ma`a`t sha`rtnaması ha`m ja`ma`a`t kelisimleri to`mendegi printsiplerge tiykarlang`an halda duziledi:**

- Nızam hujjetlerine a`mel qılıw,
- Sha`rtnama duziliwinde qatnasıp atırg`an ta`repler wa`killerinin` wa`killikleri,
- Ta`replerdin` ten` huqıqlılıg`ı,
- Ja`ma`a`t sha`rtnaması ha`m kelisimlerine kiritiletug`ın ma`selelerdin` erkinligi,
- Ma`jburiyatlar alıwdın` ıqtıyarıylıg`ı,
- Alınıp atırg`an ma`jburiyatlar orınlanıwının` ta`miynleniwi,
- Tolıq qadag`alaw qılıp barılıwı,
- Ja`ma`a`t sha`rtnaması ha`m kelisimlerindegi ma`jburiyatlar buzılg`anlıg`ı ushın juwapkershiliktin` tayınlıg`ı.

Talqılanıp atırg`an ma`seleler juzesinen eki ta`rep bir pikirge kelgennen keyin ja`ma`a`t sha`rtnaması joybarın islep shıg`ıwg`a kirisedi.

Ja`ma`a`t sha`rtnaması joybarı ka`rxananın` quramlı bo`limlerinde talqılanadı ha`m tusken kritikalıq pikir-so`ylesiwler ha`m usınıslar esapqa alınıp miynet ja`ma`tinin` ulıwma ma`jilisin talqılawına qoyıladı. Ja`ma`a`t sha`rtnamasının` joybarı ulıwma ma`jiliste maqullang`annan keyin ush kun ishinde ta`repler qol qoyadı ha`m hujjet kushke kiredi.

**Ja`ma`a`t sha`rtnamasında to`mendegi bo`limlerdin` sa`wleleniwi maqsetke muwapıq:**

- Ja`ma`a`t sha`rtnamasının` kushke kiriw waqtı ha`m a`mel qılıw muddeti;
- Ja`ma`a`t sha`rtnamasının` qayta duziw sha`rtleri, og`an o`zgertiw ha`m qosımshalar kiritiw ta`rtibi;
- Ja`ma`a`t sha`rtnamasının` xızmetkerler, ka`rxana bo`limlerine baylanıslı a`mel qılıw shegarası, normativ hujjet sıpatındag`ı statusı;
- Ja`ma`a`t sha`rtnaması orınlanıwın massalıq ta`rizde tekseriw muddetleri;
- Ka`siplik awqamı komiteti usınısnamaların jumıs beriwshi ta`repinen ko`rip shıg`ıw muddetleri ha`m ma`jburiyatlardı orınlamag`anlarg`a baylanıslı ko`riletug`ın sharalar;
- Kelispewshiliklerdi o`z-ara ha`m isenim hurmet tiykarında sheshiw jolları.

## 2. Ja`ma`a`t sha`rtnamasının` ta`repleri ha`m olardın` ma`jburiyatları.

Ja`ma`a`t sha`rtnamasının` ta`repleri degenimizde bir ta`repten xızmetkerler ta`repinen ka`siplik awqamları yaki o`zleri wa`killik bergen basqa wa`killik organları arqalı, ekinshi ta`repten jumıs beriwshi yaki wa`killik bergen wa`killer na`zerde tutıladı.

1. Ka`siplik awqamı ta`repinen islep shıg`arıwdı turaqlastırıw xızmetkerler abadanlıg`ının` negizi ekenligin ko`rsetiwi,

2. Jumıs beriwshi ta`repinen ka`siplik awqamı komietin ka`rxana xızmetkerlerinin` birden-bir wa`killiligi sıpatında ta`n alınıwı,

3. Jumıs beriwshinin` ma`jburiyatları.

Ka`siplik awqamı komitetinin` tiykarg`ı maqseti - xızmetkerlerdin` sotsialıq-ekonomikalıq ha`m huqıqıy qorg`alıwın ta`miynleytug`ın usınıslar ha`m de ma`jburiyatlardı ilajı barınsha tolıq ja`ma`a`t sha`rtnamasına kiritiliwine erisiw.

Ha`r jılı jumıs beriwshi menen ha`r bir miynet ja`ma`a`tinin` ka`siplik awqamı komiteti ortasında ja`ma`a`t sha`rtnaması ha`m pitim duzilip, olarda ta`replerdin` ma`jburiyatları anıq ko`rsetilip o`tiledi.

Bul hujjet tiykarında jumıs beriwshi ha`m ka`siplik awqamı komiteti usı sha`rtnamanın` orınlanıwı boyınsha ulken ma`jburiyatlardı o`z ja`wapkerligine aladı.

Ja`ma`a`t sha`rtnamasına kirmegen sotsiallıq-ekonomikalıq ma`seleler boyınsha qararlar qabıl qılıwdan aldın jumıs beriwshi ka`siplik awqamı komiteti menen aldınnan kelisip aladı;

Ka`siplik awqamı komiteti talap qılg`anda jumıs beriwshi og`an miynet ha`m de sotsiallıq-ekonomikalıq rawajlanıw menen baylanıslı ma`seleler juzesinen mag`lıwmatlar usınadı;

Ka`siplik awqamı komiteti nızamda belgilengen iskerligin a`melge asırıw ushın onı xanalar, transport, sho`lkemlesken texnika, baylanıs quralları, kantselyariya zatları menen biypul ta`miynleydi;

Ka`siplik awqamı komiteti esap betine ma`deniy-massalıq ha`m sport sawlamlastırıw isleri ushın ha`r ayda miynetke haqı to`lew fondı - protsent mug`darında pul o`tkizip beredi.

O`zbekstan Respublikasının` ka`siplik awqamları olardın` huqıqları ha`m iskerliginin` kepillikleri haqqındag`ı nızamnın` 1-stat`yasında ko`rsetilgenindey: «ka`siplik awqamı ıqtıyarıy ra`wishte sho`lkemlesken ja`ma`a`t sho`lkemi bolıp, islep shıg`arıw tarawlarındag`ı imkerlik turine qarap, o`z ag`zalarının` miynet ha`m sotsiallıq-ekonomikalıq huqıqların ha`m de ma`plerin qorg`aw ushın birlesken ma`pler menen baylanısqan miynetkeshlerdi birlestiredi».

Ka`siplik awqamlarının` ka`rxanalarda xızmetkerler atınan wa`killik qılıw, olardın` huqıqları ha`m ma`plerin qorg`aw usılları ha`m de formaları joqarıda tilge alıng`an nızam miynet kodeksi ha`m basqa nızam hujjetlerinde belgilep qoyıladı.

**Ka`siplik awqamı komitetinin` ma`jburiyatlarına to`mendegiler kiredi:**

- Ka`rxananın` sotsiallıq ha`m ekonomikalıq rawajlanıw da`sturlerinin` orınlanıwına ko`meklesiwi, bul barada xızmetkerler usınısı ha`m do`retiwshiligin qollap-quwatlaw ha`m rawajlandırıw;
- Qollanıp atırg`an miynetke haqı to`lew dizimleri, is haqı to`leniwi, ja`ma`a`t sha`rtnaması boyınsha qosımsha to`lemler beriliwi tuwrılıg`ın, sonday-aq miynetti qorg`aw ha`m qa`wipsizlik texnikası sharayatların jaqsılaw boyınsha ilajlar orınlanıwın qadag`alaw;
- Miynet nızamshılıg`ı orınlanıwın qadag`alaw;
- Jumıs orınlarında bar kemshiliklerdi o`z waqtında sheshiliwine ha`m jumıs orınlarında miynetti qorg`awdı, qa`wipsizlik texinkası ha`msanaat sanitariyası qag`ıydaları talaplarına muwapıq halatqa alıp keliw barısında jumıs beriwshi ta`repinen tiyisli sharalar ko`riliwin talap qılıw;
- Xızmetkerler ha`m olardın` sem`ya ag`zalarının` dem alıwı ha`m sawlamlastırıw ushın xızmetkerlerdi tiyisli sawlamlastırıw orınlarına jollamalar menen ko`birek ta`miynlew;
- Ka`rxanada miynet ha`m turmıs sharayatların jaqsılaw juzesinen ja`ma`a`t qadag`alawların sho`lkemlestiriw ha`m a`melge asırıw;
- Ka`siplik awqam ag`zaları arasında miynet ha`m islep shıg`arıw intizamın bekkemlewge qaratılg`an tusindiriw ha`m sho`lkemlesken islerdi alıp barıw, dawlarg`a alıp keliwshi jag`daylardın` aldın alıwg`a qaratılg`an ilajlar ko`riw;
- Ka`siplik awqam ag`zalarının` miynet islew huqıqın qorg`aw;
- Ja`ma`a`t sha`rtnaması mazmunı ha`m sha`rtleri onı duzip atırg`an xızmetkerler wa`killeri, jumıs beriwshi yaki onın` wa`kili ta`repinen anıqlanadı ha`m de og`an a`meldegi nızamlarg`a qarsı bolmag`an, ta`replerdi kemsitiwge qaratılmag`an ha`r qanday sha`rtler kiritiliwi mumkin;
- Miynet kodeksinin` 37-stat`yasında ja`ma`a`t sha`rtnamasına kiritiliwi ha`m sha`rtnama ta`repleri kelisimi tiykarında juwapkerligine alınıwı lazım bolg`an sha`rtler ko`zde tutılg`an. Olar qatarına:
- Miynetke haqı to`lew forması, dizimi ha`m mug`darı, pul xoshametlewleri, napaqalar, kompensatsiyalar, qosımsha to`lemler;

- Bahalardın` o`zgerip barıwı, inflyatsiya da`rejesi, ja`ma`a`t sha`rtnaması menen belgilengen ko`rsetkishlerdin` orınlanıwına qarap miynetke haqı to`lewdi ta`rtipke salıw mexanizmi;
- Xızmetkerlerdi jumıs penen ta`miynlew, qayta oqıtıw, jumıstan bosatıp alıw sha`rtleri;
- Jumıs waqtı ha`m dem alıs waqtı, miynet otpuskalarının` muddetleri;
- Xızmetkerlerdin`, sonın` ishinde hayallar ha`m onsegiz jasqa tolmag`an shaxslardın` miynet sharayatları ha`m miynetin qorg`awdı jaqsılaw, ekologiya ta`repten qa`wipsizlikti ta`miynlew;
- Ka`rxananı ha`m basqarmag`a qaraslı turar jaydı menshiklestiriw waqtında xızmetker-lerdin` ma`plerine a`mel qılıw;
- Jumıstı ta`lim menen qosıp alıp barıwshı xızmetkerler ushın jen`illikler;
- Iqtıyarıy ha`m ma`jburiy ta`rizdegi meditsinalıq ha`m de sotsialıq qamsızlandırıw;
- Ja`ma`a`t sha`rtnamasının` orınlanıwın tekserip barıw, ta`replerdin` juwapkerligi, sotsiallıq sheriklik, ka`siplik awqamları, xızmetkerlerdin` basqa wa`killik organlarına, iskerlik ko`rsetiw ushın tiyisli sharayat jaratıp beriw.

Ja`ma`a`t sha`rtnaması ka`rxananın` ekonomikalıq imkaniyatların esapqa alg`an halda basqa sha`rtler, sonın` ishinde nızamlar ha`m basqa normativ hujjetler menen belgilengen normalar ha`m qag`ıydalarda ko`rsetilgenine qarag`anda jen`illirek miynet sha`rtleri (qosımsha otpuska, pensiyalarg`a tayınlanatug`ın ustemeler, muddetinen burın pensiyag`a shıg`ıw, transport ha`m xızmet saparı ha`rejetleri ushın kompensatsiyalar, xızmetkerlerdi islep shıg`arıwda ha`m de olardın` balaların mektepke ha`m mektepke shekemgi ta`rbiya mekemelerinde tegin bo`lek haqı to`lenetug`ın ta`rizde awqatlanıw, basqa qosımsha jen`illik ha`m kompensatsiyalar) da kiritiliwi mumkin.

Ja`ma`a`t kelisimi - belgili ka`siptegi xızmetkerler awqamı, tarmaq territoriya ko`leminde xızmetkerler wa`killik organı menen jumıs beriwshiler wa`killik organı, ma`mleket ha`kimiyatı ha`m basqarıw organları ortasında duziletug`ın sha`rtnama.

## 3. Ja`ma`a`t sha`rtnamasının` xızmetkerler ha`m ka`rxana bo`limlerine baylanıslı a`mel qılıw shegarası ha`m muddeti.

O`zbekstan Respublikası miynet kodeksnnin` 41-stat`yasına tiykar ja`ma`a`t sha`rtnaması qol qoyg`an waqıttan baslap yaki ja`ma`a`t sha`rtnamasında ko`rsetilgen kunnen baslap kushke kiredi ha`m de ta`repler belgilengen muddet dawamında a`mel qıladı.

Belgilengen muddet tamam bolg`annan son`, ja`ma`a`t sha`rtnaması ta`repler jan`a sha`rtnama duzgenge shekem yaki a`meldegi sha`rtnamanı o`zgertkenge shekem, toltırg`anınsha a`melde boladı. Ja`ma`a`t sha`rtnaması jumıs beriwshi ha`m bul ka`rxananın` barlıq xızmetkerlerine, sonın` ishinde ja`ma`a`t sha`rtnaması kushke kirgeninen keyin jumıs qabıl etilgen shaxslarg`a da usınıladı.

O`zbekstan Respublikasının` miynet kodeksinin` 55-stat`yasına muwapıq ja`ma`a`t kelisimi wa`killikli organları usı kelisimdi duzgen xızmetkerlerge ha`m jumıs beriwshilerge baylanıslı usınıladı. Ush ta`repleme kelisim duzilgen jag`dayda onın` a`mel qılıwı atqarıwshı ha`kimiyattın` tiyisli organına da usınıladı. Ja`ma`a`t sha`rtnaması ta`repler belgilengen muddet dawamında a`mel qıladı. Ja`ma`a`t sha`rtnaması ka`rxana qayta sho`lkemlestirilgen jag`dayda, basqarıw organlarının` atı o`zgergen jag`daylarda da a`mel qılaberedi. Ka`rxana mulkdarı o`zgergende ja`ma`a`t sha`rtnaması altı ay dawamında jan`a mulkdar basqa sha`rtnama duziw, onı o`zgertiw ma`selelerin ko`rip shıg`adı ha`m sheshedi. Ka`rxana tamam bolıp atırg`an da`wirde ja`ma`a`t sha`rtnaması o`z kushin 6 ay dawamında saqlap qaladı.

Ja`ma`a`t sha`rtnamasının` orınlanıwı sha`rtnama ta`repleri wa`killeri, miynet ja`ma`a`ti miynet wazıypalarının` tiyisli organları ta`repinen tekserip barıladı. Sha`rtnamanı imzalag`an ta`repler onın` orınlanıw jag`dayı haqqında waqtı-waqtı menen miynet ja`ma`a`ti ulıwma jıynalısında esap berip turadı.

Ja`ma`a`t kelisiminin` a`mel qılıw muddeti ta`repler kelisimi menen belgilenedi, lekin bul muddet ush jıldan ko`p bolmaslıg`ı lazım. Onın` orınlanıwı ja`ma`a`t sha`rtnamalarının` orınlanıwın tekseriw ushın belgilengen usıllarda ha`m ta`rtiplerde alıp barıladı. Ja`ma`a`t sha`rtnaması ha`m ja`ma`a`t kelisimi sha`rtlerin orınlamag`anlıq ushın jumıs beriwshinin` ma`plerin ko`rsetiwshi shaxyalar nızamda na`zerde tutılg`an huqıqıy (intizamı, ha`kimshilik, jınayıy) juwapkershiliklerge tartılıwları mumkinligi ko`rsetip o`tilgen, ja`ma`a`t sha`rtnamaların orınlamaslıq miynet nızamları talapların orınlamaslıq dep esaplanadı.

## 4. Ja`ma`a`t kelisimleri ha`m olardın` mazmunı.

Ja`ma`a`t kelisimi - belgili ka`siptegi xızmetkerler awqamı, tarmaq, territoriya ko`leminde xızmetkerler wa`killik organı menen jumıs beriwshiler wa`killik organı, ma`mleket ha`kimiyatı ha`m basqarıw organları ortasında duziletug`ın sha`rtnama.

Ja`ma`a`t kelisimi ja`ma`a`t sha`rtnamasınan parıqlı bir ka`rxana, sho`lkem shegarası menen sheklenbey, belgili ka`sipke, tarmaqqa yaki territoriyag`a tiyisli bolg`an bir neshe juzlep

ka`rxanalardag`ı xızmetkerler ha`m juıs beriwshilerdi biriktirip aladı. Ja`ma`a`t kelisimi belgili tarmaqqa yaki territoriyadag`ı ka`rxanalarda miynet sharayatların jaqsılaw, miynet na`tiyjeliligin asırıw, xızmetkerlerdi sotsiallıq qorg`awdı kusheyttiriw ma`selelerin biriktirip aladı. Ta`rtipke salınatug`ın qatnasıqları ko`lemi, sheshiletug`ın ma`seleler ko`lemine bas tarmaq ha`m aymaqlıq ja`ma`a`t kelisimleri duziliwi mumkin.

Bas ja`ma`a`t kelisimi O`zbekstan ka`siplik awqamları federatsiyası ken`esi menen jumıs beriwshilerdin` respublika ko`lemindegi birlespeleri ortasında, ta`replerdin` usınısına ko`re bolsa O`zbekstan Respublikası hukimeti menen de duziledi. Onda sotsiallıq-ekonomikalıq, siyasat tiykarları ha`m printsipleri o`z-ara kelisip belgilep alınadı. Tarmaq kelisimleri bolsa tiyisli ka`siplik awqamları menen jumıs beriwshiler ortasında, ta`replerdin` usınısı menen bolsa O`zbekstan miynet ha`m sotsiallıq qorg`aw ministrligi menen de duziledi.

Aymaqlıq kelisimler oblast` ko`leminde duziledi ha`m og`an jergilikli atqarıwshı ha`kimiyat organları tartılıwı mumkin. Ja`ma`a`t kelisimleri ha`m ja`ma`a`t sha`rtnamaları ushın belgilengen ta`rtipte islep shıg`ıladı ha`m qabıl etiledi. Onın` mazmunı miynet kodeksinin` 52-stat`yasında belgilengen.

Onda, sonın` ishinde tarmaq ha`m aymaq xızmetkerleri miynetine haqı to`lew, za`rur miynet sharayatların jaratıw, ekologiya qa`wipsizligin ta`miynlew, xızmetkerlerdin` ayırım qatlamların sotsiallıq qorg`aw ha`m qollap-quwatlaw sıyaqlı ma`seleler na`zerde tutıladı.

## Tema: Jumısqa jaylastırıw.

**1. Xalıqtı jumıs penen ta`miynlewdin` ulıwma tiykarları.**

**2. Jumıssız statusına iye bolg`an shaxslarg`a beriletug`ın materiallıq ha`m basqa kepillikler.**

**3. Ayırım topardag`ı puqaralardı jumısqa jaylastırıw tarawındag`ı qosımsha kepillikler.**

**4. Xalıqtı jumıs penen ta`miynlewge baylanıslı nızamlar orınlanıwın qadag`alaw ha`m olardı buzg`anlıq ushın juwapkershilik.**

### 1. Xalıqtı jumıs penen ta`miynlewdin` ulıwma tiykarları.

O`zbekstan Respublikası Konstitutsiyasının` 37-stat`yasında aytılg`anınday: «Ha`r bir shaxs miynet qılıw, erkin ka`sip tan`law, a`dalatlı miynet sharayatında islew ha`m nızamda ko`rsetilgen ta`rtipte jumıssızlıqtan qorg`alıw huqıqına iye».

Xalıqtı jumıs penen ta`miynlew haqqındag`ı nızam hujjetleri usı «Xalıqtı jumıs penen ta`miynlew haqqında» nızam ha`m onın` tiykarında shıg`arılg`an basqa nızam hujjetlerinen ibarat.

O`zbekstan Respublikasının` Miynet kodeksi jumıs kushinin` mulk ekenligin ko`rsetedi, ha`m kodekstin` 57-stat`yasında ko`rsetilgenindey, «O`nimli ha`m do`retiwshilik miynet islewge bolg`an o`z qa`biletlerin biylik etiw ha`m nızam hujjetleri menen qadag`an etilmegen ha`r qanday iskerlik penen shug`ıllanıw ha`r kimnin` tolıq huqıqı. Iqtıyarıy ra`wishte jumıs penen ba`nt bolmaslıq juwapkerlikke tartıw ushın tiykar bolmaydı».

Ha`r kim jumıs beriwshige tuwrıdan-tuwrı mura`ja`a`t qılıw yaki miynet organlarının` biypul da`ldalshılıg`ı arqalı jumıs ornın erkin tan`law huqıqına iye. Miynet islew huqıqları puqaralar ta`repinen a`melge asırılıwı payıtında ha`r qanday formadag`ı kemsitiw, nızamsız jen`illikler beriw, puqara ushın qolaysız bolg`an sha`rtlerde miynet islewge ma`jbur etiw qatan` qadag`an etiledi.

Miynet kodeksinin` 58-stat`yasında miynet islew huqıqın a`melge asırıw kepillikleri anıq berilgen bolıp, yag`nıy ma`mleket:

Jumıs penen ta`miynlew turin, sonın` ishinde turli miynet rejimindegi isti tan`law erkinligin;

Jumısqa qabıl qılıwdı nızamg`a qarsı ra`wishte qarsılıq etiwden ha`m miynet sha`rtnamasın nızamsız ra`wishte biykar etiwden qorg`alıwdı;

Maqul keletug`ın is tan`law ha`m jumısqa jaylasıwg`a biypul ja`rdem beriwdi;

Ha`r kimge ka`sipke ha`m jumısqa iye bolıwdı, miynet islew ha`m jumıs penen ta`miynleniw sha`rt-sharayatları, miynetke haqı alıwda, xızmet tekshesinen joqarılap barıwda ten` imkaniyatlar jaratıwdı;

Jan`a ka`sipke biypul oqıtıwdı, jergilikli miynet organlarının` jollanbası menen basqa oqıw orınlarında stipendiya to`lep qa`niygeligin asırıwdı;

Basqa orındag`ı jumısqa qabıl qılıng`anda materiallıq qa`rejetler ushın nızam hujjetlerine muwapıq kompensatsiya to`lewdi;

Haqı to`lenetug`ın ja`ma`a`t islerinde qatnasıw ushın muddetli miynet sha`rtnamaları duziw imkaniyatın kepillikleydi.

Miynet islew huqıqın a`melge asırıwqa qaratılg`an ha`m O`zbekstan Respublikası miynet kodeksinin` 58-stat`yasında na`zerde tutılg`an kepillikler turli forma ha`m usıllarda a`melge asırıladı.

Bunda, xalıqtı jumısqa jaylastırıwg`a ko`meklesiw O`zbekstan Respublikası miynet ministrligi ha`m onın` orınlardag`ı organları ta`repinen a`melge asırıladı.

O`zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin` 2001-jıl 10-fevral`dag`ı qararı menen tastıyıqlang`an «O`zbekstan Respublikası miynet ha`m xalıqtı sotsiallıq qorg`aw haqqında»g`ı Nızamında aytılg`anınday:

- «miynet bazarının` ahwalın uyreniw ha`m aldınnan ko`re biliw, o`z waqtında isshi kadrlardı tayarlaw, qayta tayarlaw ha`m qa`niygeligin asırıw, bosap qalg`an xızmetkerlerdi ka`sipke jo`nelttiriw ha`m olarg`a qayta ka`sipke uyretiw»,
- Respublika aymag`ında jumısqa jaylastırıwdın` (miynet birjaları) jumıs penen ba`nt bolmag`an miynetke jaramlı xalıqtı esapqa alıwdın`, olardı o`z waqtındajumısqa jaylastırıw ha`m sotsiallıq ja`rdem ko`rsetiwdin` birden-bir dizimin sho`lkemlestiriw miynet ministrliginin` tiykarg`ı wazıypalarınan sanaladı.

«Xalıqtı jumıs penen ta`miynlew haqqında»g`ı O`zbekstan Respublikası nızamının` 5-stat`yasına muwapıq jumıs penen ta`miynlew tarawındag`ı ma`mleket siyasatı to`mendegi printsiplerge tiykarlanadı:

- Miynet islew ha`m jumıstı erkin tan`law huqıqın a`melge asırıwda barlıq xızmetkerlerdin` jınısı, rasası, dinge qatnası, jası, siyasiy isenimi, milleti, tili, bilimi, sotsiallıq ha`m sem`yalıq ahwalına qaramastan ten` imkaniyatlardı ta`miynlew;
- Puqaralardın` miynet ha`m isbilermenlik usınısların qollap-quwatlaw, ha`m de olardı xoshametlew, miynetkeshler jumıs penen ba`nt bolıw, miynet qılıw ha`m turmıs keshiriwde muna`sip sharayatlardı ta`miynleytug`ın o`nimli ha`m do`retiwshilik miynet islew qa`biletin rawajlandırıwg`a ko`meklesiw ha`m de onı xoshametlew;
- Miynettin` ıqtıyarıylıg`ı;
- Jumıs penen ta`miynlewde sotsiallıq kepillikler beriw ha`m xalıqtı jumıssızlıqtan qorg`awdı ta`miynlew;
- Turaqlı jumus qıdırıp qıyınshılıqqa ushırap atırg`an adamlardı jumıs penen ta`miynlewde ja`rdem beriwshi arnawlı shara-ilajlardı a`melge asırıw;
- Jumıs penen ta`miynlew tarawındag`ı ilajlardı ekonomikalıq ha`m sotsiallıq siyasattın` basqa jo`nelisleri menen, sonın` ishinde, sotsiallıq ta`miynat daramadların asırıw ha`m bo`listiriw, pul qa`dirsizleniwinin` aldın alıw menen muwapıqlastırıw;
- Xalıqtı jumıs penen ta`miynlew shara-ilajların islep shıg`ıw, a`melge asırıw ha`m olardın` orınlanıwın qadag`alawda ka`siplik awqamları, isbilermenlikti qollap-quwatlaw strukturaları, ma`mleket basqarıw organları menen birge islesiw;
- Jumıs penen ta`miynlew mashqalaların sheshiw payıtında ma`mleket ishinde ha`m ma`mleketler aralıq birge islesiw sıyaqlılar kiredi.

O`zbekstan Respublikası miynet kodeksinin` 60-stat`yasına muwapıq «On altı jastan baslap tap qariyalıq jasqa baylanıslı penisyag`a shıg`ıw huqıqın alg`ang`a shekem bolg`an jastag`ı, jumısqa ha`m is haqıg`a iye bolmag`an, jumıs qıdırıwshı shaxs sıpatında jergilikli miynet organında dizimge alıng`an, miynet qılıwg`a, ka`sip tayarlıg`ı yaki qayta tayarlıqtan o`tiwge tayar, miynetke qa`biletli shaxs jumıssız dep ko`rsetiledi».

Jumısqa ha`m is haqıg`a iye bolmag`an ha`r qanday shaxs o`zi jasap turg`an jerdegi rayon (qala) miynet birjasına jumıs sorap mura`ja`a`t qılıwı mumkin. Bunda birinshi ma`rte jumıs sorap mura`ja`a`t qılıp atırg`an (burın hesh jerde jumıs islemegen) ha`m de qandayda bir sebeplerge ko`re burın jumısınan, is haqıdan ayırılıp qalg`an shaxslar toparları o`z-ara parıq qıladı.

Birinshi ma`rte jumıs qıdırıp atırg`an ha`m ka`sibi bolmag`an shaxslar miynet birjalarına jumıs sorap, mura`ja`a`t qılg`anlarında olar da`slepki ka`sip tayarlıg`ın talap qılmaytug`ın jumıs penen ta`miynleniwleri, bunday jumıs tabıw imkaniyatı bolmag`an jag`dayda bolsa, olardın` jası ha`m basqa qa`siyetlerin esapqa alg`an halda haqı to`lenetug`ın ha`m de bul topardag`ı shaxslar ushın mine usınday isler maqıl keletug`ın is sanaladı.

Burın miynet qılg`an, yag`nıy jumıstan ha`m is haqıdan ayırılg`an shaxslar olardın` ka`sip tayarlıg`ı, jası, salamatlıg`ı, miynet stajı, burıng`ı qa`niygeligi boyınsha ta`jiriybesi, jan`a jumıs ornına transport qatnaw qolaylıg`ı esapqa alıng`an halda jumıs penen ta`miynlenedi ha`m de mine usı talaplardı tolıq esapqa alıwshı jumıs olar ushın maqul keletug`ın jumıs sanalawı mumkin.

Jumıssız dep tabılg`an shaxs miynet organı ta`repinen o`zine usınılg`an ha`m maqul keletug`ın jumısqa qarsılıq etiwi qag`ıyda boyınsha haqılı emes. Jumıs penen ta`miynlew ma`mleket xızmetinde dizimge alıng`anınan baslap 10 kun ishinde usınılg`an o`zine maqul iske eki ma`rte qarsılıq bildirgen shaxslar jumıs qıdırıp atırg`an dep esaplanbaydı ha`m jumıssızlıq statusınan ayırıladı. Bunday shaxslar usınılg`an jumısqa qarsılıq bildirgen waqıtlarınan baslap 30 kalendar` kuni o`tkeninshe jumıssız sıpatında qayta dizimge alınıwları mumkin. Miynet kodeksinin` 25-stat`yasına ko`re:

Miynet organında jumıs qıdırıp atırg`an shaxs sıpatında dizimnen o`tse, jergilikli miynet organı ta`repinen berilgen mag`lıwmatnamag`a muwapıq ushinshi ay ushın da aldın`g`ı jumıs orınlarınan ortasha is haqı alıw huqıqına iye boladı.

Jumıstan ha`m is haqıdan ayırılg`an, sonday-aq, birinshi ma`rte jumıs qıdırıp atırg`an shaxslar za`rur jag`daylarda jan`a ka`sipke oqıtılıwları, qa`niygelikleri o`zgertiliwi mumkin. Mine usı da`wirde islep shıg`arıwdan ajıralg`an halda ka`sip uyrenip atırg`an, qa`niygeligin o`zgertip atırg`an shaxslarg`a nızamda belgilengen ta`rtipte stipendiya to`lenedi.

Jumıssızlıq napaqası jumıssız dep ko`rsetilgen shaxsqa ol jergilikli miynet organında jumıssız sıpatında dizimnen o`tken kunnen baslap tayınlanadı ha`m napaqa alıw huqıqı dizimnen o`tken kunnen baslap payda boladı. Jumıssızlıq napaqası jumıstan ha`m is haqıdan ayırılg`an yaki uzaq waqıt ta`nepisten keyin (bir jıldan artıq) miynet iskerligin qayta baslawg`a ha`reket qılıp atırg`an shaxslar ushın ko`bi menen 12 aylıq da`wir dawamında to`lep barıladı.

Jumıstan ha`m is haqıdan ayırılg`an shaxslar ushın jumıssızlıq napaqası olardın` burıng`ı jumıs ornındag`ı aqırg`ı bir jılg`ı is haqıg`a protsent esabında belgilenedi. Bunda olarg`a burıng`ı jumıs ornındag`ı orta aylıq is haqının` 50 protsenti mug`darında, lekin O`zbekstan Respublikası nızamlarında belgilengen en` kem is haqıdan kem bolmag`an ha`m ko`rsetilgen ortasha is haqıdan ko`p bolmag`an mug`darda belgilenedi.

On altı jasqa tolmag`an ha`m qaramg`ında basqa adamlar bolg`an jumıssızlarg`a napaqa mug`darı 10 protsent asırıladı. Is haqıg`a koeffitsientler belgilengen jaylarda jasawshı shaxslarg`a jumıssızlıq napaqası koeffitsientler qollang`an halda tayınlanadı.

A`skeriy xızmetten, ishki isler ha`m milliy qa`wipsizlik basqarmalarınan bosatılıwı na`tiyjesinde is haqını jog`altqan shaxslar da jumıstan ha`m is haqıdan ayırılg`an xızmetkerler ushın belgilengen mug`darda (ortasha aylıq is haqının` 50 protsenti mug`darında) jumıssızlıq napaqasın alıwg`a haqılı boladı.

Birinshi ma`rte jumıs qıdırıp atırg`an ha`m jumıssızlıq napaqasın alıw huqıqına iye bolg`an shaxs belgilengen, en` kem is haqının` keminde 75 protsenti mug`darında napaqa alıw huqıqına iye boladı. To`mendegi jag`daylarda belgilengen jumıssızlıq napaqasın to`lew biykar qılınadı:

- Jumıssız shaxs jumısqa jaylasqanda,
- Jumıssız shaxs jumısqa shaqırılg`anda maqul keletug`ın jumısqa eki ma`rte qarsılıq bildirgen jag`dayda,
- Jumıssızlıq napaqasın alıwshı shaxs pensiya jasına jetkende.

## 2. Jumıssızlıq statusına iye bolg`an shaxslarg`a beriletug`ın materiallıq ha`m basqa keiillikler.

O`zbekstan Respublikasının` jan`a redaktsiyadag`ı «Xalıqtı jumıs penen ta`miynlew haqqında»g`ı nızamnının` 24-stat`yasında ko`rsetilgeninshe:

Ma`mleket jumıssız shaxslarg`a to`mendegilerdi kepillestiredi:

- Jumıssızlıq napaqasın to`lew,
- Miynet bo`limlerinin` jollanbası boyınsha ka`sipke tayarlaw, qayta tayarlaw yaki qa`niygelin asırıw da`wirinde stipendiya to`leniwi ha`m de usı da`wirdi ulıwma miynet stajına qosıw,
- Jumıssız shaxsqa qaramag`ındag`ılardı esapqa alg`an halda materiallıq ja`rdem beriw,
- Haqı to`lenetug`ın ja`ma`a`t jumıslarında qatnasıw imkaniyatı,
- Miynet organlarının` usınısına muwapıq islew ushın ıqtıyarıy ra`wishte jerge ko`shiw menen baylanıslı qa`rejetlerdi qaplaw.

Usı nızamnın` 3-stat`yasına muwapıq 16 jastan baslap tap pensiya menen ta`miynlew huqıqın alıwg`a bolg`an jastag`ı, jumısqa ha`m is haqıg`a iye bolmag`an, jumıs qıdırıwshı shaxs sıpatında jergilikli miynet organında dizimge alıng`an, miynet islewge ka`sipke tayarlaw ha`m qayta tayarlawdan o`tiwge, qa`niygeligin asırıwg`a tayar miynetke qa`biletli shaxslar jumıssız dep tabıladı.

Usı nızamnın` 25-stat`yasına muwapıq miynet sha`rtnaması ayırım tiykarlarg`a ko`re biykar etilgende xızmetkerlerge materiallıq ma`ded beriw ushın belgilengen qosımsha kepillikler beriw ta`rtibi bayan etilgen, yag`nıy:

Xızmetker jan`a miynet sha`rtleri tiykarında islewdi dawam ettiririwge qarsılıg`ı sebepli,

Texnologiyadag`ı, islep shıg`arıw ha`m miynetti sho`lkemlestiriwdegi o`zgerisler, xızmetkerler sanı yaki jumıs qa`siyetinin` o`zgeriwine alıp kelgen isler ko`leminin` qısqarg`anlıg`ı yamasa ka`rxananın` toqtatılıwı sebepli,

Xızmetkerdin` qa`niygesi jeterli bolmag`anlıg`ı yaki sawlıg`ı halatına ko`re orınlap atırg`an isine ılayıq emesligi sebepli,

Usı jumıstı burın orınlap kelgen xızmetker jumısqa qayta tikleniwi sebepli biykar etilgen jag`daylarda jumıs qıdırıw da`wirinde eki aydan artıq bolmag`an da`wir dawamında xızmetkerdin` ortasha aylıq is haqı saqlanıp qaladı, bunda xızmetkerge to`lengen bir aylıq jumıstan bosatıw napaqası da qosıp esapqa alınadı.

Eger usı stat`yanın` birinshi ha`m ekinshi bo`liminde ko`rsetilgen xızmetkerler miynet sha`rtnaması biykar etilgen kunnen baslap 10 kalendar` kun dawamında jergilikli miynet organında jumıs qıdırıp atırg`an shaxs sıpatında dizimnen o`tse, jergilikli miynet organı bergen mag`lıwmatnamag`a muwapıq ushinshi ay ushın aldın`g`ı jumıs orınlarınan ortasha is haqı alıw huqıqına iye boladı.

Eger jumıs beriwshi bankrot dep tabılsa, onın` menen miynetke baylanıslı qatnasıqlarda bolg`an xızmetkerler is haqı ha`m o`zlerine tiyisli basqa to`lemler haqqında basqa barlıq kreditorlardın` talaplarına baylanıslı jen`illikli huqıqtan paydalanadı.

Ka`rxanalar, mekemeler ha`m sho`lkemler toqtatılıwı, xızmetkerler sanı qısqartılıwı qatnası menen jumıstan azat etilgen, miynet sha`rtnaması biykar etilgennen keyin 10 kun ishinde miynet organlarında dizimge alıng`an ha`m de ka`sibi boyınsha qayta oqıtılıp atırg`an yaki islep shıg`arıwdan ajıralg`an halda qa`niygeligin asırıp atırg`an xızmetker-lerge miynetke baylanıslı qatnasıqlar toqtatılg`an kunnen baslap da`slepki ush ay dawamında aldın`g`ı jumısındag`ı ortasha is haqıdan kem bolmag`an mug`darda stipendiya to`lenedi.

Islep shıg`arıwdag`ı baxıtsız ha`diyse sebepli yaki o`zlerine baylanıslı bolmag`an sebeplerge ko`re ka`sip keselligine jolıg`ıw na`tiyjesinde jumıstan ayırılg`an ha`m de jumısqa jaylasıwına ha`m ka`sipke tayarlawg`a, qa`niygeligin asırıwg`a muta`j shaxslar jumıstan azat etilgen xızmetkerlerge ten`lestiriledi.

### 3. Ayırım topardag`ı puqaralardı jumısqa jaylastırıw tarawındag`ı qosımsha kepillikler.

O`zbekstan Respublikası miynet kodeksinin` 68-stat`yasına muwapıq: «ma`mleket, sotsiallıq qorg`awg`a muta`j, jumıs tabıwda qıynalıp atırg`an ha`m miynet bazarında ten` sharayatlarda ba`sekelesiwge beyim bolmag`an shaxslarg`a, sonın` ishinde on to`rt jasqa tolmag`an balaları ha`m mayıp balaları bar jalg`ız ata, jalg`ız analarg`a ha`m de ko`p balalı ata-analarg`a; ulıwma bilim mekteplerin, basqa oqıw orınların pitirgen jaslarg`a ha`m jas o`spirimlerge; Qurallı kushlerden, IIM otryadlarınan ha`m milliy qa`wipsizlik xızmeti ha`m ayırıqsha jag`daylar ministrligi otryadlarınan bosatılg`anlarg`a, mayıplarg`a ha`m pensiya jasına jaqınlasıp qalg`an shaxslarg`a, qamaq orınlarınan azat etilgen yaki sud qararı menen ma`jburiy dawalawg`a jiberilgen shaxslarg`a qosımsha jumıs orınları ha`m qa`niygelestirilgen ka`rxanalar, sonın` ishinde mayıplar miynet isleytug`ın ka`rxanalar qurıw, jumıs uyretiwdin` arnawlı da`sturlerin sho`lkemlestiriw, ka`rxanalar, mekemeler ha`m sho`lkemler ushın ko`rsetilgen topardag`ı puqaralardı jumısqa jaylastırıw minimal jumıs orınların belgilep qoyıw sonday-aq, nızam hujjetlerinde na`zerde tutılg`an basqa sharalar menen qosımsha kepilliklerdi ta`miynleydi».

A`skeriy xızmetke shaqırılg`an, lekin keyin zapasqa bosatılg`an yaki otstavkag`a shıqqan xızmetker, eger onın` a`skeriy xızmetke shaqırılg`an kuninen baslap ush ay artıq waqıt o`tpegen bolsa, burıng`ı jumıs ornına qaytıp keliw huqıqına iye.

Ka`rxana toqtatılg`anda a`skeriy xızmetten bosatılg`an shaxslardı jumısqa jaylastır-ıwdı onın` huqıqıy miyrasxorı, bunday miyrasxor bolmasa, jergilikli miynet organı a`melge asıradı.

O`zbekstan Respublikasının` xalıqtı jumıs penen ta`miynlew haqqındag`ı nızamının` 20-stat`yasına ko`re xalıqtı jumıs penen ta`miynlew siyasatın belgilew ha`m a`melge asırıw boyınsha kelisilgen qararlardı islep shıg`ıw maqsetinde respublika ko`leminde ha`m jergilikli ko`lemde ka`siplik awqamların yaki xızmetkerler basqa wa`killik organlarının`, jumıs beriwshiler awqamlarının`, ma`mleket basqarıw organlarının` ha`m sotsiallıq qorg`awg`a muta`j puqaralar ma`plerin sa`wlelendiriwshi basqa ma`pdar sho`lkemlerdin` wa`killerinen ibarat xalıqtı jumıs penen ta`miynlewge ko`meklesiwshi muwapıqlastırıw komitetler duziledi.

Sotsiallıq qorg`awg`a muta`j qatlamlardı jumısqa jaylastırıw tarawında nızamda na`zerde tutılg`an kepilliklerdin` a`melge asırılıwın ta`miynlew jolı menen ta`miynlew ma`mleket xızmeti basqarmaları juwapkerligine jukletilgen. Mine usı maqsette bul organlar mulkshilik forması, xojalıq juritiw usılına qatamastan barlıq turdegi ka`rxana ha`m sho`lkemlerden bag`darlanıp atırg`an strukturalıq o`zgerisler ha`m a`melge asırılıwı na`tiyjesinde miynetkeshler jumıstan bosatılıwı mumkin bolg`an basqa ilajlar haqqında, sonday-aq bos jumıs orınları bar-joqlıg`ı haqqında xabarlar talap qıladı:

- Jumıs sorap mura`ja`a`t qılg`an puqaralardı bos jumıs orınları bar bolg`an ka`rxana, sho`lkemlerge jiberiwleri,
- Barlıq turdegi ka`rxanalarg`a sotsiallıq qorg`awg`a muta`j adamlar ushın bag`darlang`an jumıs orınlarının` en` kem mug`darın belgilep qoyıw haqqında usınıslar beredi, mine usınday qatlamdag`ı shaxslardı jumısqa jaylastırıw ushın ka`rxanalarg`a jiberedi,
- Jumıs penen ta`miynlewge ko`meklesiw fondının` qarjıların biylik etedi.

Jumısqa jaylastırıw juzesinen qosımsha kepillikler, sonday-aq, a`skeriy xızmetkerler, ma`mleket ha`m ja`ma`a`t organlarındag`ı saylap qoyılg`an lawazımlardan bosatılg`an shaxslar ha`m de basqa ayırım puqaralar ushın belgilep qoyılg`an.

Ma`mleket organlarındag`ı saylap qoyılg`an lawazımlarg`a saylang`anlıg`ı sebepli jumıstan azat etilgen xızmetkerlerge saylap qoyılg`an lawazımdag`ı wa`killikleri tamam bolg`annan son` burıng`ı jumısı beriledi.

### 4. Xalıqtı jumıs penen ta`miynlewge baylanıslı nızamlar orınlanıwın qadag`alaw ha`m olardı buzg`anlıq ushın juwapkershilik.

O`zbekstan Respublikasının` «O`zbekstan Respublikası Ministrler Kabineti haqqında»g`ı nızamnın` 10-stat`yasında aytılg`anınday: «Ministrler Kabineti puqaralardı sotsiallıq ha`m huqıqıy qorg`aw, olardın` miynet islew huqıqların ta`miynlew shara-ilajların ko`redi». Mine usı maqsette ma`mleket organları iskerligine ulıwma basshılıq qıladı, olar iskerligin muwapıqlastırıw ha`m qadag`alaw Ministrler Kabinetinin` wa`killiklerinen sanaladı.

Oblast`, rayon ha`m qalalarda ba`ntlik ha`m xalıqtı jumısqa jaylastırıw ma`mleket siyasatının` a`melge asırılıwı, bul tarawdag`ı nızamshılıq talapların, belgilengen ma`mleket ilajlarının` jarıqqa shıg`arılıwı ustinen qadag`alaw islerin alıp barıw ma`mleket ha`kimiyatının` jergilikli organları juwapkerligine jukletilgen. Sonın` ishinde, O`zbekstan Respublikasının` Jergilikli ma`mleket ha`kimiyatı organları haqqındag`ı nızam 24-25-stta`yalarında aytılg`anınday, xalıq deputatları oblast`, rayon, qala ken`esleri, oblast`, rayon, qala ha`kimleri o`z aymaqlarında nızamlardın` orınlanıwın qadag`alawları, sotsiallıq-ekonomikalıq ilajlardın` a`melge asırılıwların ta`miynlewleri aytılg`an. Usı jergilikli ha`kimiyat organları aymaqlıq qa`siyetlerin esapqa alg`an halda, za`rur da`sturlerdi, sonın` ishinde xalıq ba`ntligin, olardı jumısqa jaylastırıw, sotsiallıq qorg`aw da`sturlerin islep shıg`adı, a`melge asırılıwın ta`miynleydi ha`m de qadag`alaydı.

Xalıq ba`ntligi, puqaralardı jumısqa jaylastırıw ma`seleleri menen tuwrıdan-tuwrı shug`ıllanıwshı ha`m bul tarawdag`ı ma`mleket siyasatın a`melge asırılıwın ta`miynlewshi ma`mleket organı O`zbekstan Respublikası miynet ha`m xalıqtı sotsiallıq qorg`aw ministrligi ha`m de onın` orınlardag`ı organları. Usı ma`seleler juzesinen ken` qamırawlı ma`mleketlik qadag`alaw alıp barıw wa`killigi de usı organg`a berilgen. O`zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin` 2001-jıl 28-fevral`dag`ı «O`zbekstan Respublikası Miynet ha`m xalıqtı sotsiallıq qorg`aw Ministrligi haqqında» qabıl etilgen qarardın` tiyisli ba`ntine ko`re, miynet ha`m xalıqtı sotsiallıq qorg`aw ministrligi juwapkerligine basqa a`hmiyetli ma`seleler menen bir qatarda miynet sha`rtleri ha`m miynet nızamlarına a`mel etiliwi ustinen qadag`alaw alıp barıw wazıypası da jukletilgen. Bul qararg`a qosımsha qılıng`an «O`zbekstan Respublikası Miynet ha`m xalıqtı sotsiallıq qorg`aw Ministrligi haqqında»g`ı nızamda a`melge asırılatug`ın qadag`alaw iskerligi mexanizmleri belgilep berilgen, sonday-aq «Nızam»da Ministrlik Oraylıq apparatı quramında miynet huqıqı inspektsiyası ha`m onın` jaylardag`ı jergilikli organları sho`lkemlesiwi, olar haqqındag`ı Nızamlar tastıyıqlanıwı ko`rsetilgen.

Prokuratura haqqındag`ı O`zbekstan Respublikası nızamına muwapıq O`zbekstan aymag`ında barlıq ministrlikler, ma`mleket komitetleri, basqarmaları, barlıq ka`rxanalar, lawazımlı shaxslar ta`repinen nızamlardı anıq ha`m bir qıylı orınlanıwı ustinen O`zbekstan Respublikası Bas Prokurorı ha`m og`an boysınıwshı prokurorlar ta`repinen qadag`alaw a`melge asırıladı. Bunday qadag`alaw usılları, formaları ha`m mexanizmleri usı nızamda belgilep qoyılg`an.

O`zbekstan Respublikasının` «Ka`siplik awqamları, olardın` huqıqları ha`m iskerliginin` kepillikleri haqqında»g`ı nızamg`a muwapıq ka`siplik awqamı xızmetkerler wa`killik organı sıpatında o`z ag`zalarının` miynet ha`m sotsiallıq-ekonomikalıq huqıqların qorg`aydı. Bul nızamnın` 11-stat`yasında aytılg`anınsha, ka`siplik awqamları jumıs beriwshiler, olardın` wa`killeri ta`repinen miynet nızamlarına a`mel etiliwin qadag`alap baradı, anıqlang`an kemshiliklerdin` sheshiliwin talap qılıwg`a bunday nızam buzılıwlar haqqında usınısnamalar kiritiwge, bunday usınısnamalarg`a juwap beriliwin talap qılıwg`a haqılı. Ka`siplik awqamları quramında mine usı maqsetlerge xızmet qılatug`ın inspektsiyalar, huqıqıy ja`mder xızmetleri ha`m basqa za`rur basqarmalar sho`lkemlesiwi mumkin.

O`zbekstan Respublikası miynet kodeksinin` 71-stat`yasında «Miynet islewge ma`jburlewde, sonday-aq xalıqtı jumısqa jaylastırıw haqqındag`ı nızam hujjetlerin buzıwda ayıpker shaxslar nızam hujjetlerine muwapıq juwapker boladı», dep ko`rsetilgen.

Bunday juwapkerlik intizamıy, mulkiy, ha`kimshilik ha`m jınayıy huqıqıy juwapkerlikler formasında bolıwı mumkin. Intizamıy ha`m materiallıq juwapkerlik sha`rtleri ha`m quramları O`zbekstan Respublikası miynet kodeksinde, intizam ustavlarında ha`m de basqa miynetke baylanıslı nızam hujjetlerinde belgilep qoyılg`an.

O`zbekstan Respublikasının` ha`kimshilik juwapkershilik haqqındag`ı miynet nızamlarının` buzg`anlıq (49-stat`ya); ma`mleketlıq ba`ntlik xızmeti ta`repinen jiberilgen puqaralardı jumısqa qabıl

etiwden bas tartqanlıq (50-stat`ya); ha`kimshilik ta`rizde miynet islewge ma`jbur etkenlik (51-stat`ya); bos jumıs orınların jasırg`anlıq (229-stat`ya) ushın ha`kimshilik juwapkershiliklerdi na`zerde tutadı.

Bul ha`kimshilik juwapkerlik sharaları usı kodekstin` 255-stat`yasında ko`rsetilgen organlar: ma`mleketlik huqıqıy miynet inspektorları, ka`siplik awqamları, miynet texnikalıq inspektorları, miynet sharayatları ma`mleket ekspertizasının` lawazımlı shaxsları ta`repinen qollanılıwı mumkin.

O`zbekstan Respublikası jınayat kodeksinin` 148-stat`yasında miynet islew huqıqların buzg`anlıq ushın lawazımlı shaxslarg`a jınayıy juwapkerlik belgilep qoyılg`an.

**Tema. Miynet sha`rtnaması ha`m onın` huqıqıy tiykarları.**

**1. Miynet sha`rtnaması tusinigi ha`m onın` puqaralar-dın` miynet etiw huqıqların a`melge asırıwdag`ı ornı.**
**2. Miynet sha`rtnamasın duziw ha`m o`zgertiw ta`rtibi.**
**3. Miynet sha`rtnamasın biykar qılıw ha`m nızamsız ra`wishte jumıstan bosatılg`an yaki basqa jumısqa o`tkizilgen xızmetkerlerdin` huqıqların qorg`awdın` huqıqıy tiykarları.**

## 1. Miynet sha`rtnaması tusinigi ha`m onın` puqaralar-dın` miynet etiw huqıqların a`melge asırıwdag`ı ornı.

Ma`mleketimizde bazar ekonomikası rawajlanıp baratırg`an ha`zirgi waqıtta isbilermenlik iskerligi ken` tarqalıp, xalıq da`ramadı dereklerinin` da`sturiy emes forma-ları juzege kelip atırg`an bolsa da, puqaralardın` ka`rxana ha`m sho`lkemlerde jallanıp islewleri arqalı milliy da`ramad jaratılıwında qatnasıp atırg`anları, is haqı sıpatında da`ramad alıw jolı menen bolsa usı milliy da`ramadtan o`z ules-lerin alıp atırg`anları ja`miyet ekonomikalıq turmısında salmaqlı orıng`a iye bolıp barmaqta.

Respublikamızda g`arezsizlik jıllarında a`melge asırıl-g`an ha`m a`melge asırılıp atırg`an teren` sotsiallıq, siyasiy, ekonomikalıq o`zgerisler, en` birinshi, miynet ha`m sotsiallıq qorg`aw ma`seleleri barasında xalıq aralıq standartlardın` ken` ja`riya etilgenligi, milliy nızamshılıg`ımızdı usı xalıq aralıq huqıqıy da`sturlerge ja`ne de ken`irek muwapıqlastırıp baralıp atırg`anlıg`ı sebepli miynetge baylanıslı huqıqıy qatnasıqlarda bazar qatnasıg`ı qag`ıydalarına ta`n bolg`an ulıwma insanıylıq, ulıwma demokratiyalıq ta`repler tolıq ra`wishte kusheyip barmaqta.

O`zbekstan Respublikası Konstitutsiyasının` 37-stat`yası menen puqaralarg`a berilgen miynet qılıw huqıqların a`melge asırıw, jallanba miynet qılıw huqıqının` tiykarg`ı sho`lkemlesken huqıqıy forması - puqara menen is beriwshi ortasında duziletug`ın miynet sha`rtnaması bolıp, O`zbekstan Respublikası Miynet Kodeksinin` 72-stat`yasında keltirilgen ra`smiy ta`riypge ko`re: «Miynet sha`rtnaması xızmetker menen is beriwshi ortasında belgili qa`niygelik, kvalifikatsiya, lawazım boyınsha jumıstı ishki miynet ta`rtibine boysıng`an halda ta`repler kelisiwi, sonday-aq miynet haqqındag`ı nızamlar ha`m basqa normativ hujjetler menen belgilengen sha`rtler tiykarında haqı esabına orınlaw haqqındag`ı kelisim bolıp tabıladı».

Miynet nızamları jumısqa qabıl qılıwdı huqıqıy ta`repten ta`rtiptke salar eken, jumıs turi, ornı ha`m ka`sip-o`nerin tan`law erkinligi, miynet huqıqlarının` a`melge asırı-lıwında barlıq puqaralardın` o`z-ara ten` ekenlikleri, sotsiallıq qorg`aw talap xalıq qatlamların ma`mleket qollap-quwatlawının` a`melge asırılıwı sıyaqlı qag`ıydalarg`a tiykarlanadı.

Miynet huqıqların a`melge asırıw, isshi kushti miynet bazarında satıw - satıp alıw, miynet resursların ekonomika tarmaqları boylap bo`listiriw mexanizmi wazıypasın miynet sha`rtnaması orınlaydı. Xızmetkerler ha`m jumıs beriwshiler huqıq ha`m de ma`plerin tolıq qorg`aw ushın miynet nızamshılıg`ı miynet sha`rtnamasına qoyılatug`ın tiykarg`ı talaplardı, onın` duzilisi, o`zgertiliwi ha`m biykar qılınıwı ta`rtiplerin belgilep beredi, miynet sha`rtnamasın duziw menen baylanıslı kepilliklerdi na`zerde tutadı. Miynet sha`rtnamasın duziw quralında xızmetker ha`m jumıs beriwshi ortasındag`ı qatnasıq predmeti, shegarası, sha`rtnama ta`replerinin` bir-birlerine qarata haq-huqıqları anıqlap alınadı. Miynet sha`rtnaması keleside xızmetker ha`m jumıs beriwshi ortasındag`ı o`z-ara qatnasıqlardı dawam ettiriw ha`m ja`ne de bekkem jag`day bolıp xızmet etedi.

Miynet sha`rtnaması ha`m onın` ta`repleride bir-birlerine baylanıslı o`z-ara huqıqlar ha`m ma`jburiyatlardı juzege keltiriwge qaratılg`an kelisim ekenligi menen ha`r qanday sha`rtnamalar menen ulıwma qa`siyetge iye. A`sirese, ta`rtipke salıw predmeti miynet ekenligi menen jumıs orınlawg`a baylanıslı puqaralıq huqıqıy sha`rtnamalar (pudrat, tapsırma, avtorlıq ha`m basqalar) menen uqsas ta`replerge iye.

Biraq, miynet sha`rtnamalarının`o`zine ta`n bolg`an qa`siyetleri ha`m bir qatar ta`repleri bar, olar miynet sha`rtnamasın puqaralıq huqıqıy sha`rtnamalardan anıq ayırıw imkaniyatın beredi.

Miynet huqıq pa`ninde ko`pshilik ta`repten inabatqa alıng`an mine usınday ayırıwshı qatarına to`mendegiler kiritiliwi mumkin:

- Miynet sha`rtnamasın ko`re xızmet ka`rxanada belgili ka`sip, qa`niyge ha`m kvalifikatsiyag`a baylanıslı jumıstı orınlaw, jumıs beriwshi bolsa mine usınday jumıs penen ta`miynlewi lazım. Miynet sha`rtnaması ma`jburiyatı predmeti jumıstın` na`tiyjesi yaki ko`rsetiletug`ın belgili xızmet turi emes, ba`lki tiri miynettin` o`zi sanaladı. Ha`r bir xızmetker miynet ja`ma`a`ti quramında bolg`anı jag`dayda orınlanatug`ın jumıstın` qa`siyeti islep shıg`arıw wazıypalarınan kelip shıqqan halda tiyisli ka`sip, qa`niyge shegarasında o`zgerip turıwı mumkin.
- Xızmetker o`z ka`sibi, qa`niygeligi, lawazamına baylanıslı jumıstı ka`rxananin` ishki miynet ta`rtibine a`mel qılg`an halda orınlawı lazım boladı. Ishki miynet ta`rtibi degende xızmetkerlerdin` bir qa`lipte islewlerin, qa`wipsiz ha`m o`nimli miynet jag`dayında tiyisli miynet normaları orınlanıwın ta`miynlewshi miynet rejimi na`zerde tutıladı.
- Miynet protsessinde xızmetker jumıs beriwshi pa`rmayıshların orınlawı, miynet operatsiyaların onın` ko`rsetpelerine a`mel qılg`an halda orınlawı lazım. Miynet sha`rtnaması boyınsha miynet qılg`anda miynet protsessinin` o`zi, onın` sha`rt-sharayatları ta`rtipke salınadı.
- Miynet kodeksine ko`re (154-stat`ya) jumıs beriwshi xızmetkerge o`zinin` finanslıq jag`dayına qaramastan ja`ma`a`t kelisimi yaki sha`rtnamada ko`rsetip qoyılg`anınan kem bolmag`an mug`darda is haqı to`lewi kerek. Is haqı to`lewge baylanıslı sha`rtler ha`tte xızmetker razı bolg`an jag`dayda da nızamlarda belgilep qoyılg`an en` kem mug`dardan kem bolıwg`a, onın` ahwalın jamanlastırıwg`a alıp keliwi mumkin emes.

Miynet sha`rtnamasına ko`re to`lenetug`ın haqı orınlang`an miynettin` mug`darı ha`m sıpatına mas bolıwı talap etiledi ha`m de bul ko`rsetkish is haqı dizimleri quralında ko`rinedi. Xızmetker tiykarg`ı is haqıdan tısqarı ka`rxana is juwmaq-larına ko`re belgilengen qosımsha is haqılardı da aladı. (xoshametlew pulları, usteme haqılar h.t.b.).

Shaxsqa xızmetker sıpatında qolaylıq ha`m jen`illikler beriliwi nızamshılıqqa ko`re shaxstı iske qabıl qılıw haqqıdag`ı buyrıq shıg`arılıwı, miynet da`ptershesi juritil-genligi, islep atırg`anlıg`ı haqqında mag`lıwmatnama berilgenligi sıyaqlılar menen baylanıslı boladı.

Xojalıq iskerligi a`meliyatında «miynet kelisimleri» ushırap turadı ha`m olardın` huqıqıy ta`biyatı ha`r turli. Bunda eger miynet pitimlerine ko`re xızmetker buyrıq tiykarında jumısqa qabıl qılıng`an, ka`rxana miynet ja`ma`a`ti quramına kiritilgen bolsa, bunday pitim miynet sha`rtnaması dep esaplanıwı, bir ma`rtelik isti orınlaw ushın duzilgen bolsa pudrat sha`rtnaması qatnası dep bahalanıwı za`rur boladı.

Miynet sha`rtnaması da ha`r qanday basqa sha`rtnamalar sıyaqlı belgili ta`repler ortasında duziletug`ın kelisimnen ibarat. Onın` ta`repleri bolıp xızmet ha`m jumıs beriwshi qatnasadı. O`zbekstan Respubliası Miynet ministrliginin` 1997-jıl 6-sentyabr`degi 6/1-sanlı «Aktsionerlik ja`miyet-lerinde miynet qatnasıqların ta`rtipke salıwdı turaqlas-tırıw haqqındag`ı ko`rsetpeleri»nde aytılg`anınsha, xızmetker degende miynet iskerligi miynet sha`rtnaması tiykarında a`melge asırıatug`ın, belgili jasqa jetken fizikalıq shaxs tusiliwi lazım.

Lekin miynet sha`rtnaması ta`repi sıpatında qatnasıwı mumkin bolg`an fizikalıq shaxs belgili jasqa jetken bolıwınan tısqarı (16 jasqa, ayırım jag`daylarda 14 jasqa ha`m ha`tte 14 jasqa, nızamda arnawlı ko`rsetip qoyılg`an jag`daylarda 18 jasqa jetken bolıwı) ja`ne bir qatar talaplarg`a da juwap beriwi lazım boladı. Bul talaplar puqara salamatlı-g`ının` ahwalı, onın` ka`sip, kvalifikatsiya, mag`lıwmatı, puqaralıg`ı ha`m basqa bir qatar ilajlarg`a baylanıslı boladı.

Mısalı, puqara 1 yaki 2 gruppa mayıp ekenligi yaki salamatlıg`ı ahwalı boyınsha talapqa juwap bermesligi onı bir qatar ka`sip ha`m wazıypalarda islegenligi, yag`nıy miynet sha`rtnaması ta`repi bolıwlıg`ın ko`rsetpeydi.

Belgili ka`sip ha`m lawazımda islewi ushın puqaradan arnawlı bilimge iye bolıwlıq talap etiliwi mumkin ha`m mine usınday bilimge iyelikti tastıyıqlawshı hujjettin` joqlıg`ı da bunday jag`daylarda puqara miynet sha`rtnamasının` ta`repi bola almaslıg`ın an`latadı.

Puqaranın` sud ayıplaw hukimine muwapıq islengen g`a`rezli jınayatı ushın belgili ka`sip ha`m lawazımlarda islew huqıqınan ayırılg`anlıg`ı hukimde ko`rsetilgen muddet tamam bolmag`ansha shekem shaxstı bul ka`sip ha`m lawazımlar boyınsha miynet sha`rtnaması ta`repi bolıp qatnasıwın ko`rsetpeydi.

Shet el puqaralarının` O`zbekstan Respublikası aymag`ındag`ı miynet iskerligi ta`rtipleri arnawlı nızam hujjetleri menen belgilep qoyılg`an bolıp, usı ta`rtip-qag`ıydalarg`a a`mel qılınbag`anında olar miynet sha`rtnaması ta`repi bolıp qatnasıwları mumkin emes.

Jumıs beriwshi sıpatında mulkshilik forması, xojalıq juritiw usılına qaramastan barlıq yuridikalıq shaxslar, tiyisli jag`daylarda olardın` bo`linbeleri qatnasadı.

Ayırım puqara jumıs beriwshi sıpatında qatnasqan jag`dayda basqa puqaranı jumısqa jallaw juzesinen duzilgen miynet sha`rtnaması belgilengen ta`rtipte ma`mlekettin` wa`killikli organlarında dizimge alınıwı, jumıs beriwshi puqara o`z xızmetkeri ushın byudjetten tısqarı pensiya fondına tiyisli qamsızlandırıw to`lemlerin to`lep turıwı za`rur boladı.

Ma`mleket ka`rxana, mekeme ha`m sho`lkemlerdin` jumıs beriwshi sıpatında miynet bazarında ha`m de miynet qatnasıg`ında qatnasıwshılarının` o`zine ta`n ta`repleri ministrlikler, basqarmalarınıo` aktlerinde, ma`mleket xızmetshilerin jumısqa qabıl qılıw, olar menen miynet qatnasıqların dawam ettiriwdin` qa`siyetleri bolsa usı ma`selege baylanıslı arnawlı nızam hujjetlerinde (mısalı, O`zbekstan Respublikasının` «Ma`mleketlik salıq xızmeti haqqında»g`ı, «Ma`mleketlik bajıxana xızmeti haqqında»g`ı ha`m basqa Nızamlar) belgilep qoyılıwı mumkin.

Kommertsiyalıq bolmag`an yuridikalıq shaxslardın` jumıs beriwshi sıpatında miynet qatnasıqlarında qatnasıwının` o`zine ta`n qa`siyetleri O`zbekstan Respublikasının` «Ja`ma`a`t birlespeleri haqqında»g`ı, «Ma`mleketlik emes - kommertsiyalıq emes sho`lkemler haqqında»g`ı ha`m basqa Nızamlarda, usı nızamlar tiykarında islep shıg`ılg`an nızam hujjetlerinde, olardın` o`z ustavlarında belgilep qoyılıwı mumkin.

Mulkshilik formasına qaramastan barlıq jumıs beriwshi yuridikalıq ha`m fizikalıq shaxslar Miynet kodeksi ha`m basqa miynet nızam hujjetleri talaplarına qatan` a`mel qılıwları sha`rt esaplanadı.

Miynet sha`rtnaması onda qatnasıp atırg`an ta`replerdin`, birinshi na`wbette xızmetkerdin` ma`plerin real ha`m na`tiyjeli ta`rizde ta`miynlew maqsetinde tek jazba ra`wishte duziliwi lazım. O`zbekstan Respublikası Miynet Kodeksinin` 74-stat`yasında ko`rsetilgenindey: «Miynet sha`rtnaması jazba formada duziledi».

Miynet sha`rtnamasının` forması O`zbekstan Respublikası hukimeti ta`repinen belgilengen ta`rtipte tastıyıqlang`an ulgili sha`rtnamanı esapqa alg`an halda islep shıg`ıladı. Sonın` ishinde O`zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin` 1997-jıl 11-marttag`ı «O`zbekstan Respublikasının` Miynet Kodeksin a`melge asırıw ushın za`rur bolg`an normativ hujjetlerdi tastıyıqlaw haqqında»g`ı Qararının` 1-qosımsha-sında «Jazba haldag`ı miynet sha`rtnaması (kontrakt) duziw juzesinen usınıslar» bayan etilgen bolıp, onda jazba formadag`ı miynet sha`rtnamasın duziw payıtında a`mel qılınıwı talap etiletug`ın za`rurli ko`rsetkigler belgilep qoyılg`an.

Miynet sha`rtnaması bir qıylı kushge iye bolg`an eki nusqada, a`dette ma`mleket tilinde, za`rur jag`daylarda bolsa xızmetker tusinetug`ın tilde de duziledi ha`m ta`repler qol qoyg`anlarınan son` kushke kiredi, olardın` ha`r birine saqlaw ushın beriledi. Miynet sha`rtnaması jumısqa qabıl qılıw wa`killigine iye bolg`an baslıq ta`repinen qol qoyılıp, onın` qolı ka`rxana pechatı menen tastıyıqlanadı. Sha`rtnamada ta`replerdin` ma`nzilleri, basqa mag`lıwmatlar ko`rsetiledi.

Nızam miynet sha`rtnaması, a`lbette, jazba ra`wishte duziliwi sha`rt ekenligin belgiler eken, Miynet Kodeksi a`melge kiritilgennen son` (1996-jıl 1-aprelden baslap) juzege kelgen miynet qatnasıqlarına bul qag`ıydalar usınılıwın, onnan burın juzege kelgen miynet sha`rtnama qatnasıqları ta`replerinen biri talap qılg`anı jag`dayda g`ana jazba ra`wishte duzilgen miynet sha`rtnaması formasında qayta ra`smiylestir-iliwi lazımlıg`ın na`zerde tutadı.

Kelesi da`wirlerde miynet sha`rtnamasına o`zgeris ha`m qosımshalar onın` ta`repleri o`z-ara kelisimine muwapıq ta`rizde jazba sha`rtnamag`a kiritiledi ha`m ta`repler qolı menen tastıyıqlanadı.

Miynet sha`rtnaması mazmunı degende og`an muwapıq ta`repler qolg`a qiritip atırg`an huqıqlar, o`z juwapkerligine alıp atırg`an ma`jburiyatlar jıynag`ı tusiniledi.

O`zbekstan Respublikası Miynet kodeksinde (73-stat`ya) ha`m de O`zbekstan Respublikası hukimeti qararı menen tastıyıqlang`an «Jazba haldag`ı miynet sha`rtnaması (kontrakt) duziw juzesinen usınıslar»da ko`rsetilgenindey miynet sha`rtnaması (kontrakt) za`rur sha`rtler ha`m qosımsha sha`rtlerdi o`z ishine aladı.

To`mendegiler miynet sha`rtnaması (kontrakt)nın` za`rur sha`rtleri esaplanadı:

1) ish ornı - xızmetker jumısqa qabıl qılınıp atırg`an ka`rxana, mekeme, sho`lkemnin` atı,

2) miynet funktsiyası - mazmunı lawazım korsetpeleri, qa`niyge ma`jburiyatları ha`m basqa normativ hujjetler menen belgilengen belgili qa`niygelik, kvalifikatsiya yamasa lawazım boyınsha jumıs,

3) jumıs baslanatug`ın kun - nızam hujjetlerine muwapıq duzilgen miynet sha`rtnaması qol qoyg`an payıttan baslap kushke kiredi, eger jumıstın` baslanıwı sa`nesi ko`rsetilmegen bolsa, xızmetker sha`rtnama qol qoyg`an kunnen keyingi jumıs kuninen keshikpey jumısqa tusiwi mumkin,

4) miynetke haqı to`lew mug`darı ha`m basqa sha`rtler. Miynetke haqı to`lew mug`darı ta`replerdin` kelisimine ko`re belgilenedi ha`m nızam hujjetleri menen belgilengen en` kem is haqı mug`darınan kem bolıwı ha`m en` ko`p mug`dar menen shegaralanıwı mumkin emes.

Nızam hujjetlerinde na`zerde tutılg`an jag`daylar ayırım miynet sha`rtnamaların duzıwde za`rur sha`rtler dizimi ken`eyt-tiriliwi mumkin. Mısalı, muddetli miynet sha`rtnamasın duziwde jumıstın` baslanıwı sa`nesi g`ana emes, ba`lki onın` tamam bolıw sa`nesi de ko`rsetiledi. Xızmetkerdi belgili jumıstı orınlaw da`wirine jumısqa qabıl qılıwda xızmetker a`melge asırıwı ushın qabıl qılınıp atırg`an anıq jumıs ko`rsetiledi. Ta`replerdin` kelisimine ko`re miynet sha`rtnama-sında qosımsha sha`rtler

na`zerde tutılıwı mumkin. Olar ta`replerdin` ma`jburiyatların anıqlaw, olardı toltırıw, xızmetkerge qosımsha jen`illik ha`m abzallıqlar beriliwin na`zerde tutıwı mumkin.

Qosımsha sha`rtlerge to`mendegiler kiritiliwi mumkin:

- xızmetkerge miynet sharayatları belgilengen halda birden-bir tarif-qa`niyge mag`lıwmatnaması ha`m lawazım mag`lıwmatnamasında na`zerde tutılg`an qosımsha miynet ma`jburiyatların juklew,

- bir neshe ka`sipte islew ta`rtibi ha`m sha`rtleri ko`rsetilgen halda miynet sha`rtnamasının` g`arezsiz sha`rti sıpatında bir neshe ka`sipte islew,

- eger xızmetker sınaw muddeti menen jumısqa qabıl qılınıp atırg`an bolsa, sınawdın` anıq muddeti, xızmetkerdin` joqarı qa`niygesi, eger bul a`meldegi nızam hujjetlerinde, ja`ma`a`t sha`rtnamasında eki ka`rxana, sho`lkem, mekemede a`mel qılıwshı basqa normativ hujjetlerde na`zerde tutılg`an jag`daylarda quramalı jumıslardı orınlaw menen baylanıslı bolg`an miynetke haqı to`lew (tarif stavkaları, lawazım aylıqları, qosımsha haqılar, ustemeler, sıylıqlawlar h.t.b.) din` joqarıraq mug`darların jeke ta`rtipte belgilew,

- sotsiallıq-kommunal turdegi sharayatlar,

- muddetli miynet sha`rtnaması nızam hujjetlerinde na`zerde tutılg`an jag`dayları muddetinen aldın biykar qılıng`anda neustoyka to`lew.

Xızmetkerlerdin` ayırım turleri ushın sha`rtnamanın` qosımsha sha`rtleri: pul yaki materiallıq baylıqlarg`a xızmet ko`rsetiwshi shaxslar ushın tolıq materiallıq juwapkerlik sha`rti; ka`rxana baslıqları ushın miynet sha`rtnamasın toqtatıwdın` nızamshılıqda na`zerde tutılg`an qosımsha tiykarları h.t.b. sha`rtler. Xızmetker ahwalın nızamlardag`ıdan jamanlastıratug`ın jag`daylar miynet sha`rtnamasına kiritiliwi mumkin emes.

Miynet sha`rtnaması (kontrakt)nın` muddeti qag`ıydag`a muwapıq sheklenbeydi ha`m ta`repler onı biykar qılıw usınısın bildirmegenlerine shekem a`mel qılaberedi.

O`zbekstan Respublikası Miynet Kodeksinin` 75-stat`yasına muwapıq miynet sha`rtnamaları:

- belgisiz muddetke;

- Bes jıldan artıq bolmag`an belgili muddetke;

- belgili jumıstı orınlaw waqtına bag`darlap duziliwi mumkin.

Eger miynet sha`rtnamasında onın` a`mel qılıw muddeti ko`rsetilmegen bolsa, miynet sha`rtnaması belgisiz muddetke duzilgen dep esaplanadı. Belgisiz muddetke duzilgen miynet sha`rtnaması xızmetkerdin` razılıg`ısız belgili muddetke, sonday-aq belgili jumıstı orınlaw waqtına bag`darlap qayta duziliwi mumkin emes.

A`meldegi nızam hujjetlerine muwapıq jumıs beriwshiler usınısına ko`re muddetli miynet sha`rtnaması duziw sheklengen bolıp, ob`ektik jag`daylar ko`rsetkende ha`m jumıstın` qa`siyetine ko`re belgisiz muddetke miynet sha`rtnamasın duziw mumkin bolmag`an jag`daylarda g`ana muddetli miynet sha`rtnaması duziwine jol qoyıladı.

Usı qatnasıq penen O`zbekstan Respublikası Oliy sudının` plenumı o`zinin` 1998-jıl 17-aprel`degi 12-sanlı «Sudlar ta`repinen miynet sha`rtnamasın (kontraktın) biykar qılıwdı ta`rtipke salıwshı nızamlardın` qollanıwı haqqında» g`ı qararının` 5-ba`ndinde aytılıwınsha:

- sudlar sonı na`zerde tutıwları lazım, muddetli miynet sha`rtnaması tek Miynet kodeksinin` 76-stat`yasında belgilen-gen jag`daylar bolg`anlıg`ı sebepli belgisiz muddetke bag`darlan-g`an miynet sha`rtnamaların duziw mumkin bolmag`an jag`daylarda duziliwi mumkin.

Xızmetker menen muddetli miynet sha`rtnamasın duziwge to`mendegi jag`daylar bar bolg`anında jol qoyılıwı mumkin:

- orınlanatug`ın jumıstın` ko`rinisine ko`re orınlaw ushın xızmetker alıng`an jumıstı belgili bir muddet o`tkennen keyin ob`ektiv sebeplerge ko`re dawam etiwinin` imkanı bolmaslıg`ı aldınnan belgili bolg`anda, yag`nıy ol muddetli xarakterge iye bolsa,

- orınlaw ushın xızmetker alıng`an jumıstı orınlaw sha`rtleri. Bunda jumıs ulıwma xarakterge iye bolsa da, onı orınlawdın` sha`rtleri xızmetker menen belgisiz muddetke miynet sha`rtnaması duziwge tosqınlıq qıladı (nızamlarg`a muwapıq jumıs jayı ha`m basqalar saqlanatug`ın, miynet ha`m sotsiallıq dem alıslarda bolg`an waqtında basqa xızmetkerdi jumısqa qabıl qılıw),

xızmetkerdin` ma`pleri, yag`nıy ol yaki bul jag`daylarg`a ko`re muddetli miynet sha`rtnaması duziliwi xızmetkerdin` ma`plerine tiykarlang`an bolg`anda.

Na`zerde tutıw kerek, Miynet kodeksinin` 76-stat`yasında keltirilgen xızmetker menen muddetli miynet sha`rtnamasın duziw haqqındag`ı dizim qatan` shegaralang`an. Eger xızmetker menen duzilgen muddetli miynet sha`rtnaması Miynet kodeksinin` 76-stat`yası talapların esapqa almag`an halda duzilgen bolsa, bunday jag`dayda sha`rtnamanın` muddeti haqqındag`ı sha`rtleri haqıyqıy emes dep tabıladı, xızmetker bolsa jumıstı belgisiz muddetke birinshi jumıs kunnen baslap qabıl qılıng`an esaplanadı.

Muddetli miynet sha`rtnaması muddetinin` tamam bolıwı sha`rtnama ta`repilerine belgilengen ta`rtipte miynet qatnasıqların biykar qılıw huqıqın beredi. Muddetli miynet sha`rtnaması muddetinin` tamam bolıwı menen bir ha`pte dawamında ta`replerden hesh biri onı biykar qılıw usınısın ilgeri surmese, bunday sha`rtnama o`z-o`zinen belgisiz muddetke duzilgen miynet sha`rtnamasına aynaladı. Muddetli miynet sha`rtnaması muddetinen burın ta`replerden birinin` ayıbı menen biykar qılınatug`ın bolsa, miynet sha`rtnamasında (kontrakt) na`zerde tutılg`an halda ayıpdar ta`repten ekinshi ta`rep paydasına neustoyka o`ndiriliwi mumkin.

## 2. Miynet sha`rtnamasın duziw ha`m o`zgertiw ta`rtibi.

Jumısqa qabıl qılıwdın` ulıwma ta`rtibi O`zbekstan Respublikası Miynet kodeksinde ha`m onın` tiykarında qabıl qılıng`an nızam hujjetlerinde belgilep qıyılg`an bolıp, mulkshiliktin` barlıq formasındag`ı, turli usılda xojalıq iskerligin jurgiziwshi barlıq ka`rxana ha`m sho`lkemler ushın bir qıylı talaplardı aldıg`a suredi. Bul ta`rtipler Miynet kodeksinin` 77-78-stat`yalarında, ishki miynet ta`rtibinin` Ulgili qag`ıydalarında ha`m basqa normativ hujjetlerde na`zerde tutılg`an.

Jumısqa qabıl qılıw juzesinen qatan` ta`rtiplerdin` belgileniwinen maqset - puqaralardın` miynet qılıw huqıqlarının` a`melge asırılıwı ushın qolay huqıqıy sharayat jaratıw, miynet huqıqların a`melge asırıw barısında tiykarsız sheklewler ha`m kemsitiwlerge jol qoymaslıqtan ibarat.

O`zbekstan Respublikası Miynet kodeksinin` 6-stat`ya-sında aytılg`anınsha:

Barlıq puqaralar miynet huqıqlarına iye bolıw ha`m olardan paydalanıwda ten` imkaniyatlarg`a iye. Jınısı, jası, shıg`ısı, milleti, tili, sotsiallıq kelip shıg`ıwı, mulkiy halatı ha`m lawazımınan, dinge bolg`an qatnası, isenimi, ja`ma`a`t birlespelerine tiyisliligi, sonday-aq xızmetkerler-din` isshen`lik qa`biletlerine ha`m olar miynetinin` na`tiyje-lerine baylanıslı bolmag`an basqa ta`replerine qarap miynetke tiyisli qatnasıqlar tarawında ha`r qanday sheklewlerge yaki qolaylıqlar belgilewge jol qoyılmaydı ha`m olar kemsitiw dep esaplanadı.

Miynet tarawında miynettin` belgili turine ta`n bolg`an talaplar yaki ma`mlekettin` ko`birek sotsiallıq qorg`awına muta`j bolg`an shaxslar (hayallar, er jetpegenler, mayıplar ha`m basqalar) haqqındag`ı bo`lek qayırqomlıq penen baylanıslı parıqlawlar kemsetiw dep esaplanbaydı. Miynet tarawında o`zin kemsitilgen dep esaplag`an shaxs kemsitiwdi joq etiw ushın ha`m de o`zine jetkizilgen zıyandı materiallıq ha`m ruhıy zıyandı to`lew haqqındag`ı arzası menen sudqa mura`ja`a`t etiwi mumkin.

Jumısqa qabıl qılıwdı tiykarsız bas tartıwg`a jol qoyılmaydı. Miynet bazarında ten` ba`sekilese almaytug`ın ayrım toparlarg`a tiyisli bolg`an puqaralardı jumısqa qabıl qılıwdan bas tartqan jag`dayda onın` sebebi ko`rsetilgen halda jazba turde juwap beriwi lazım. Miynet sha`rtnaması onın` ta`repleri barlıq tiykarg`ı sha`rtler haqqında kelisip alg`an ha`m onı belgilengen ta`rtipte ra`smiylestirgenlerinen baslap duzilgen esaplanadı.

Miynet sha`rtnaması jazba formada duziledi. Onın` forması O`zbekstan Respublikası xukimeti ta`repinen tastıyıqlang`an ulgili sha`rtnamag`a muwapıq islep shıg`ıladı. Bunday ulgili sha`rtnama O`zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin` 1997-jıl 11-marttag`ı 133-sanlı qararı menen tastıyıqlang`an. Sonday-aq, usı qarar menen «Jazba haldag`ı miynet sha`rtnamasın (kontrakt) duziw juzesinen ko`rsetpeler» de tastıyıqlang`an bolıp , onda ko`rsetilgeninshe, bul ko`rsetpelerge, jazba miynet sha`rtnaması ulgisine a`mel qılıw mulkshiliktin` barlıq formadag`ı ka`rxanalar ushın ma`jburiy sanaladı.

Jumısqa qabıl qılıw paytında jumıs beriwshi jumısqa kirip atırg`an shaxstan nızam hujjetlerinde na`zerde tutılg`an hujjetlerdi talap qılıwı lazım. Miynet kodeksinin` 80-stat`yasında ko`rsetilgeninshe: Jumısqa qabıl qılıw waqtında jumısqa kirip atırg`an shaxs to`mendegi hujjetlerdi:

- pasport yaki onın` ornın basatug`ın basqa hujjetti, on altı jasqa tolmag`an shaxslar bolsa, tuwılg`anlıq haqqındag`ı guwahnama ha`m turar jayınan mag`lıwmatnamanı,
- miynet da`ptershesin, birinshi ma`rtebe jumısqa kirip atırg`an shaxslar bunnan tısqarı. Orınlıq tiykarında jumısqa kirip atırg`an shaxslar miynet da`ptershesi ornına tiykarg`ı jumıs jayınan alg`an mag`lıwmatnamanı,
- a`skeriy xızmetke minnetli yaki shaqırılıwshılar tiyisli a`skeriy guwahnamanı yaki a`skeriy esapta turg`anlıg`ı haqqında guwahnamanı,
- nızam hujjetlerine muwapıq arnawlı mag`lıwmatqa yaki arnawlı tayarlıqqa iye shaxslar g`ana orınlawı mumkin bolg`an jumıslarg`a kirip atırg`an joqarı yaki orta arnawlı oqıw ornın tamamlag`anlıg`ı haqqındag`ı diplomdı yamasa bul jumıstı orınlaw huqıqın beretug`ın guwahnamanı yaki basqa tiyisli hujjetti usınadı.

Jumısqa qabıl waqtında jumısqa kirip atırg`an shaxsdan nızam hujjetlerinde ko`rsetilmegen hujjetlerdi talap qılıw qadag`an etiledi.

Miynet kodeksinde ha`m basqa nızam hujjetlerinde na`zerde tutılg`an jag`daylarda jumısqa qabıl qılıwdı a`melge asırıwdan burın jumısqa qiriwshinin` den-sawlıg`ına ko`re tapsırılıp atırg`an

jumısqa muwapıqlıg`ın anıqlaw maqsetinde aldınnan meditsinalıq ko`rikten o`tkiziliwi talap etiliwi mumkin, bunda, Miynet kodeksinin` 214-stat`yasında ko`rsetilgeninshe: «Jumıs beriwshi miynet sha`rtnamasın duziw waqtında da`slepki ta`rizde ha`m keyinshilik waqtı-waqtı menen to`mendegi xızmetkerlerdi meditsinalıq ko`rikten o`tkiziwdi sho`lkemlestiriwi sha`rt:

- on segiz jasqa tolmag`anlar,
- alpıs jasqa tolg`an erkekler, eliw jasqa tolg`an hayallar
- mayıplar,
- miynet sharayatı qolaysız jumıslarda, tungi jumıslarda, sonday-aq transport ha`reketi menen baylanıslı jumıslarda ba`nt bolg`anlar,
- azıq-awqat sanaatında, sawda ha`m tuwrıdan-tuwrı xalıqqa xızmet ko`rsetiw menen baylanıslı bolg`an basqa tarmaqlardag`ı jumıslarda ba`nt bolg`anlar,
- ulıwma bilim beriw mektepleri, mektepke shekemgi ta`rbiya ha`m basqa mekemelerdin` tuwrıdan-tuwrı balalarg`a ta`lim yaki ta`rbiya beriw menen shug`ıllanıwshı pedagog ha`m basqa xızmetkerleri.

Miynet sharayatı qolaysız jumıslar ha`m orınlanıp atırg`anında da`slepki ta`rizde ha`m waqtı-waqtı menen meditsinalıq ko`rikten o`tiliwi lazım bolg`an basqa jumıslar-dın` dizimi ha`m olardı o`tkiziw ta`rtibi O`zbekstan Respublikası Den sawlıqtı saqlaw ministrligi ta`repinen belgilenedi».

Jumısqa kiriwshi shaxstı meditsinalıq ko`rikten o`tkiziwden bas tartıwı yaki meditsinalıq ko`rik na`tiyjelerine ko`re onın` tapsırılp atırg`an wazıypag`a muwapıq emes ekenligi onın` menen miynet sha`rtnaması duziliwine qarsılıq etiliwi ushın nızamlı tiykar bolıp esaplanadı.

O`zbekstan Respublikası A`dillik ministrliginde 1998-jıl 17-dekabrde 565-san menen dizimge alıng`an «Yuridikalıq shaxslar ta`repinen kassa operatsiyaların juritiw qag`ıydalar» ına ko`re qastan g`a`rezli jınayatlar islegen shaxslar pul yaki basqa materiallıq baylıqlar menen baylanıslı wazıypalarg`a qabıl qılınıwları mumkin emes.

Miynet kodeksinin` 79-stat`yasına ko`re: «O`z-ara jaqın qarındas yaki kuda bolg`an shaxslardın` (ata-analar, ag`a-iniler, apa-sin`liler, bala ha`m qızlar, er ha`m hayallar, sonday-aq er ha`m hayallardın` ata-anaları, ag`a-inileri, apa-sin`lileri ha`m balaları), bunda olardan biri ekinshisine tuwrıdan-tuwrı boysınıp yaki onın` baqlawı astında xızmet qılatug`ın bolsa, bir ma`mleket ka`rxanasında birge xızmet qılıwları qadag`an etiledi».

Bunda, O`zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin` 1997-jıl 11-marttag`ı 133-sanlı qararının` 3-qosımshasında «Ma`mleket aktsionerlik ka`rxanalarının` O`zbekstan Respublikası Miynet kodeksinin` 79-stat`yasında na`zerde tutılg`an qarındas-urıwlarının`, eger olardın` xızmetleri olardan birinin` basqasına tuwrıdan-tuwrı boysınıwı yaki baqlawı astında bolıwı menen baylanıslı bolsa, birge xızmet qılıwların sheklew qag`ıydalarınan tısqarı bolıwı mumkin bolg`an xızmetkerler dizimi» tastıyıqlang`an bolıp, og`an ko`re:

1. Shet eldegi diplomatik xızmet xızmetkerleri,
2. Ma`mleket awıl xojalıg`ı ka`rxanaları ha`m sho`lkemleri, sonday-aq, awıl jaylarındag`ı awıl xojalıg`ı boyınsha ilimiy-izertlew mekemelerinde islewshi awıl xojalıg`ı qa`niygeleri.
3. Temir jol transportının` liniya ka`rxanaları xızmet-kerleri, sonday-aq «O`zbekstan temir jolları» ma`mleketlik aktsionerlik kompaniyasının` jol, qurılıs-montaj ha`m ko`pir qurıw poezdleri, mexanizatsiyalang`an kolonnaları ha`m basqa ha`reketleniwshi duzilmelerdin` xızmetkerleri, bul ka`rxana ha`m sho`lkemlerinin` bas buxgalterleri ha`m kassirlerinen tısqarı.
4. Baylanıstan paydalanıw ka`rxanaları ha`m sho`lkemleri xızmetkerleri.
5. Den sawlıqtı saqlaw dawalaw-profilaktika ha`m sanitariya-profilaktika mekemelerinin` vrachları.
6. Barlıq oqıw ha`m ta`rbiya mekemelerindegi pedagog xızmetkerler, oqıtıwshılar, bibliograflar ha`m kitapxanalar.
7. Teatrlar, ko`rkem ja`ma`a`tlar ha`m studiyalarının` artist-leri, suwretshiler ha`m muzıkantlar.
8. Ilimiy mekeme xızmetkerleri, sonday-aq, seysmik stantsiyalar xızmetkerleri.
9. Gidrometeorologiya bas basqarması tarmaq sho`lkemleri-nin` xızmetkerleri.
10. Dala geologiya ekspeditsiyaları, partiyaları, otryadları va uchastkaları xızmetkerleri.
11. Awıl jaylarında isleytug`ın tog`ay ha`m suw xojalıg`ı qa`niygeleri, xalıq ta`limi xızmetkerleri, meditsina xızmet-kerleri, ma`deniy-ruwhıy mekemeler xızmetkerleri.
12. Ulıwma paydalanıwdag`ı avtomobil` jollarınan paydalanıwdı a`melge asırıwshı jol sho`lkemlerinin` xızmet-kerleri, bu sho`lkemlerdin` bas buxgalterleri ha`m kassirlerinen tısqarı,
13. Qurılıs-montaj ha`m ko`pir qurıw poezdleri, mexani-zatsiyalang`an kolonnalar ha`m basqa ko`shiwshi arnawlı qurılıs duzilmelerinin` xızmetkerleri, bul sho`lkemlerdin` bas buxgalterleri ha`m kassirlerinen tısqarı.

14. Dar`ya flotı kemelerinin` suzıwshi quramı xızmetker-leri ha`m dar`ya transportınan paydalanıw ka`rxanaları ha`m sho`lkemleri xızmetkerleri, bul sho`lkemlerdin` bas buxgalter-leri ha`m kassirlerinen tısqarı.

15. Magistral truboprovodlar qurılısı ha`m de neft` ha`m gaz ka`nler ta`rtipke keltiriwdi a`melge asırıwshı qurılıs, qurılıs-montaj ha`m basqa qa`niygelestirilgen basqarma ha`m uchastkalarının` xızmetkerleri, bul sho`lkemlerdin` bas buxgalterlerinen ha`m kassirlerinen tısqarı.

16. Ha`wiz ha`m ko`llerdegi balıqshılıq xojalıqları, balıqshılıq zavodları, balıqlarg`a uwıldırıq shashıw ha`m olardı o`stiriw xojalıqları ha`m balıqlardı azıqlandıratu-g`ın jaylardag`ı xızmetkerler usılar qatarına kiritilgen.

Miynet sha`rtnaması qatnasıqları onın` qatnasıwshılarının` erkin ha`m ten` ekenliklerine tiykarlanadı. Usıg`an ko`re olar o`z-ara qatnasıqların bir-birlerinen jaqınnan uyreniw, sınap ko`riw, maqul kelgende dawam ettiriw tiykarına qurılıwları mumkin. Miynet kodeksinin` 84-stat`yasına ko`re: «Miynet sha`rtnaması to`mendegi maqsette da`slepki sınaw sha`rti menen duziliwi mumkin:

- xızmetkerdin` tapsırılıp atırg`an jumısqa uqıplılıg`ın tekserip ko`riw,
- xızmetker miynet sha`rtnamasında sha`rtlesilgen jumıstı dawam ettiriwdin` maqsetke muwapıqlıg`ı haqqında bir qararg`a keliwi.

Da`slepki sınawdı o`tiw haqqında miynet sha`rtnamasında sha`rtlesilgen bolıwı kerek. Bunday sha`rtlesiw bolmag`an jag`dayda xızmetker da`slepki sınawsız jumısqa qabıl qılıng`an dep esaplanadı. Ha`miledar hayallar, ush jasqa tolmag`an balası bar hayallar ka`rxana ushın belgilengen kvota esabınan jumısqa jiberilgen shaxslar jumısqa qabıl qılıng`anda, sonday-aq, altı ayg`a shekem muddetke jumısqa qabıl qılıw haqqında xızmetkerler menen miynet sha`rtnaması duzilgende da`slepki sınaw belgilenbeydi». Da`slepki sınaw muddeti ush aydan artıq bolıwı mumkin emes.

Waqtınsha miynetke qa`biletsizlik da`wiri ha`m xızmetker sebepli jag`daylarg`a ko`re jumısta bolmag`an basqa da`wirler da`slepki sınaw muddetine kiritilmeydi, yag`nıy ma`selen, da`slepki sınaw sha`rti menen jumısqa qabıl qılıng`an xızmetker sınaw da`wirinde aytayıq 10 kun dawamında waqtınsha miynetke jaramsız bolg`anı sebepli jumısqa shıg`a almasa, sınaw da`wiri onın` ushın 10 kuge uzaytırıladı. Aytayıq, sınaw muddeti 15 martta tamam bolıwı lazım bolsa, joqarıda-g`ı jag`day sebepli ol 25-martqa shekem sozıladı.

Da`slepki sınaw da`wirinde xızmetkerlerge miynet haqqındag`ı nızam hujjetleri ha`m ka`rxanada ornatılg`an miynt sha`rtleri tolıq usınıladı. Da`slepki sınaw da`wiri miynet stajına kiritiledi. Da`slepki sınaw muddeti tamam bolg`ang`a shekem ha`r bir ta`rep ekinshi ta`repti ush kun aldın jazba ra`wishte eskertip, miynet sha`rtnamasın biykar qılıwg`a haqılı. Bunday jag`dayda jumıs beriwshi miynet sha`rtnaması-nın` sınaw na`tiyjesi qanaatlandırarsız bolg`anda g`ana biykar qılıwı mumkin.

Da`slepki sınawdın` nızamda belgilenetug`ın en` ko`p muddetinen uzag`ıraq sınaw muddeti belgileniwi mumkin emes ha`m uysh aydan artıq belgilengen sınaw muddeti her qanday yuridikalıq kushke iye emes. Sınaw muddeti tamam bolmastan aldın da miynet sha`rtnamasının` ta`repleri kelisimi menen ulıwma tiykarlarda biykar qılınıwı mumkin.

Sınaw na`tiyjeleri tuwrı emes, qalıssız bahalang`an halda jumıstan bosatıw a`melge asırılatug`ın xızmetker sud ta`repinen qayta tiklenedi. Da`slepki sınaw miynet sha`rtnamasının` qosımsha, ta`repler kelisimine ko`re belgilene-tug`ın sha`rti sıpatında jumısqa qabıl qılıw waqtında g`ana belgileniwi mumkin bolıp, islep turg`an xızmetkerge onı basqa jumısqa o`tkiziw paytında da`slepki sınaw qollawlıqqa, usı tiykarda onı jumıstan bosatıwlıqqa jol qoyılmaydı.

Jumısqa qabıl qılıwdın` tuwrı ra`smiylestiriliwi xızmetker ha`m jumıs beriwshi ma`plerin na`tiyjeli qorg`alıwına, keleside turli dawlar juzege keliwinin` aldın alıwlıqqa xızmet qıladı. Jumısqa qabıl qılıw xızmetker menen duzilgen miynet sha`rtnaması tiykarında jumısqa qabıl qılıw wa`killigi berilgen jumıs beriwshi lawazımlı shaxs (ka`rxana baslıg`ı, onın` orınbasarı) buyrıg`ı menen ra`smiy-lestiriledi.

Jumısqa qabıl qılıw haqqındag`ı buyrıqta onın` shıg`arılg`an jayı, waqtı, jumısqa qabıl qılınıp atırg`an xızmetkerdin` tolıq ismi, atı, familiyası, ol qashannan baslap, qaysı wazıypag`a ha`m qansha is haqı to`lew sha`rti menen qabıl qılınıp atırg`anlıg`ı sıyaqlı a`hmiyetli halatlar na`zerde tutılıwı lazım. Buyrıq penen tanısıp shıg`ıw ushın xızmetkerge usınıladı ha`m onnan tanısıp shıqqanlıg`ı haqqında tilxat alınadı.

Ka`rxana baslıg`ın jumısqa qabıl qılıw ka`rxana mulk-darının` huqıqı bolıp, bul huqıq onın` tuwrıdan-tuwrı o`zi yaki ol wa`killik bergen organ ta`repinen a`melge asırılıwı mumkin. Bunda, O`zbekstan Respublikası Miynet ministrligi kollegiyası ta`repinen 1997-jıl 6-sentyabr`degi 611-qarar menen tastıyıqlang`an «Aktsionerlik ja`miyetlerinde miynet qatna-sıqların ta`rtipke salıwdı turaqlastırıw juzesinen Ko`rsetpeler»din` 3.2-ba`ntine muwapıq ja`miyet atqarıw organının` sho`lkemlestiriw ma`jilisi ta`repinen o`z wazıypasına saylanadı.

Atqarıw organı baslıg`ı menen aktsionerlik ja`miyeti mulkdarı ortasında miynet sha`rtnaması duziledi. Baslıq penen da`zilgen miynet sha`rtnamasına qol qoyıw huqıqı a`dette ulıwma ma`jilis atınan ha`reket qılıw wa`killigine iye bolg`an guzetiw ken`esi baslıg`ına berilgen.

Baspa so`zde ma`mleketlik emes mulkshilik formasına tiykarlanıwshı ka`rxanalardın` baslıq orınbasarları ha`m bas buxgalterlerin de arnawlı sha`rtnama tiykarında mulkdar ta`repinen tuwrıdan-tuwrı jumısqa qabıl qılıw lazımlıg`ı ideyası talqılanmaqta.

Jumısqa qabıl qılıw huqıqına iye bolg`an lawazımlı shaxs ta`repinen yaki onın` ruqsatı menen xızmetkerge haqıyqattanda islewge ruqsat etilgen bolsa, jumısqa qabıl qılıw tiyisli ra`wishte ra`smiylestirilgen yaki ra`smiylestirilmegen-ligine qaramastan, jumıs baslang`an kunnen baslap miynet sha`rtnaması duzilgen dep esaplanadı.

Nızamsız ra`wishte miynet sha`rtnamkasın duziwden bas tartıwg`a ha`m jumısqa qabıl qılıwda nızamsız bas tartıwg`a jol qoyılmaydı.

O`zbekstan Respublikası Miynet kodeksinin` 78-stat`yasına muwapıq: jumısqa qabıl qılıwdan nızamsız bas tartıw dep to`mendegiler esaplanadı:

usı Kodekstin` 6-stat`yası birinshi bo`limnin` talapların buzsa,

jumıs beriwshi ta`repinen usınılg`an shaxslardı jumısqa qabıl qılmaslıq,

jumıs beriwshi nızamg`a muwapıq miynet sha`rtnaması uziwi sha`rt bolg`an shaxslardı (belgilengen kvota esabınan jumısqa jiberilgen mayıplar ha`m on segiz jasqa tolmagan shaxslardı, ha`miledar hayallar ha`m ush jasqa tolmag`an balaları bolg`an hayallar - tiyislisinshe olardın` ha`miledarlıg`ı yaki balası barlıg`ın ko`rsetip) jumısqa qabıl qılmaslıq,

nızam hujjetlerinde na`zerde tutılg`an basqa da jag`daylarda.

Jumısqa qabıl qılıwdan bas tartılg`an jag`dayda xızmetkerdin` talabı menen jumıs beriwshi ush kun muddet ishinde jumısqa qabıl qılıwda qarsılıq etiwdin` sebebin tiykarlap, jazba juwap beriwi sha`rt; bul juwap jumısqa qabıl qılıw huqıqına iye bolg`an lawazımlı shaxs ta`repinen qol qoyılg`an bolıwı lazım. Jumısqa kiriwshinin` bunday tiykarlandırılg`an juwabın beriw haqqındag`ı talabın qandırıwdı bas tartıw xızmetkerdin` jumısqa qabıl qılıw-ında nızamsız ra`wishte bas tartılg`anlıg`ı ustinen arız qılıwg`a tosqınlıq bolmaydı.

Jumısqa qabıl qılıwda nızamsız bas tırtıw ayıpdar baslıq shaxstı nızam hujjetlerine muwapıq ha`kimshilik yaki jınayıy juwapkershilikke tartılıwına sebep bolıwı mumkin.

Xızmetkerdin` miynet iskerligi onın` miynet da`ptershesinde ko`rsetilip barıladı. O`zbekstan Respublikası Miynet kodeksinin` 81-stat`yasında ko`rsetilgeninshe, «Miynet da`ptershesi xızmetkerdin` miynet stajın tastıyıqlawshı tiykarg`ı hujjet bolıp tabıladı».

Jumıs beriwshi ka`rxanada bes kunnen artıq islegen barlıq xızmetkerlerge miynet da`ptershesin tutıwı sha`rt. Jumıs beriwshi miynet da`ptershesine jumısqa qabıl qılıw, basqa ulıwma jumısqa o`tkiziw ha`m miynet sha`rtnamasın jazıwı sha`rt. Xızmetkerdin` iltimasına ko`re miynet da`ptershesin orınlaslıq tiykarında islegen ha`m waqtınsha basqa jumısqa o`tkizilgen da`wirler haqqındag`ı jazıwlar kiritiledi. Miynet sha`rtnamasın biykar qılıw tiykarları miynet da`ptershesine jazılmaydı.

Mulkshilik formasına, iskerlik formasına qaramastan barlıq ka`rxana, mekeme ha`m sho`lkemlerde miynet da`ptershesin juritiw O`zbekstan Respublikası Miynet ministrligi ha`m Soitsallıq ta`miynat ministrligi ta`repinen 1999-jıl 7-yanvar`da O`zbekstan Ka`siplik Awqamı Federatsiyası Ken`esi menen kelisilgen halda tastıyıqlang`an ha`m de O`zbekstan Respublikası A`dillik ministrligi ta`repinen 1999-jıl 29-yanvar`da 402-ta`rtip sanı menen dizimge alıng`an «Miynet da`ptershelerin juritiw ta`rtibi haqqında»g`ı ko`rsetpede belgilep qoyılg`an.

Islep turg`an xızmetkerlerdin` miynet da`ptersheleri jumıs beriwshide saqlanadı ha`m jumısqa baylanıslı mag`lıwmatlar jazılıp barıladı. Jeke isbilermenlik ha`m jeke ta`rtipte miynet iskerligi menen shug`ıllanıwshı yuridikalıq shaxs bolmag`an puqaralarg`a ha`m de shaxsıy ja`rdemshi xojalıqta islewshilerge miynet da`rtepshelerin beriw, miynet stajın belgilew pensiya jamg`arması ta`repinen a`melge asırıladı ha`m juritiledi. Olardın` miynet da`ptersheleri pensiya jamg`armasında saqlanadı ha`m ra`smiylestirilip barıladı.

Miynet da`ptershesin toltırıw xızmetker haqqındag`ı mag`lıwmatlardı jazıw, jumıs haqqındag`ı mag`lıwmatlardı jazıw, miynet sha`rtnaması biykar qılınıwına tiyisli mag`lıwmatlardı dizimge alıw ha`m onı beriw ta`rtipleri, miynet da`ptershesine qosımsha qag`azlar juritiw qag`ıydaları miynet da`ptershelerin juritiwge baylanıslı ko`rsetpege muwapıq alıp barıladı.

Miynet da`ptershesi jog`altıp qoyılg`anda, jaraqsız halg`a kelgende (jırtılg`anda, janıp ketiwi h.t.b.) onın` dublikatı belgilengen ta`rtipte ha`m de muddette xızmetkerdin` aqırg`ı jumıs jayında beriliwi lazım. Jan`a miynet da`ptershesi (yaki dublikatı) berilgende jumıs beriwshi xızmetkerden en` kem aylıq is haqının` on protsenti mug`darında haqı aladı. Miynet da`ptershelerinin` blankaları belgilengen ta`rtipte esapqa alıp barılıwı, ıqtıyat qılıp saqlanıwı ha`m tuwrı ra`smiylestiriliwi lazım.

Ayırım wazıypalarda islew ushın belgili toparlarga tiyisli bolg`an xızmetkerler menen duziletug`ın miynet sha`rtnamaları, sonday-aq miynet sha`rtnamalarının` basqa biraz turleri o`zine ta`n

qa`siyetlerge iye bolıp, bul qa`siyetlerdi biliw ha`m tuwrı esapqa alıw, olarg`a tiyisli bolg`an nızamshılıq talaplarının` itibarg`a alınıwı miynet qatnasıqları barasında nızamshılıqtı ta`miynlewge, xızmetkerler huqıq ha`m ma`plerin na`tiyjeli ta`rizde qorg`awg`a xızmet qıladı.

Mine usınday o`zine ta`n qa`siyetlerge iye bolg`an miynet sha`rtnamaları qatarına orınlaslıq, uyde islewshiler, tan`law ha`m saylaw tiykarında o`z wazıypasına tayınlanatug`ın shaxslar, al`ternativ xızmetti o`tep atırg`an a`skeriy xızmetshiler, uy xızmetshileri menen duziletug`ın sha`rtnamalardı kiritiw mumkin.

Orınlaslıq xızmetkerdin` tiykarg`ı jumıs waqtınan bos bolg`an waqtında bo`lek miynet sha`rtnamasına ko`re miynet iskerligi bolıp, ol Miynet kodeksi menen ha`m de 1989-jıl 9-martta tastıyıqlang`an (1990-jıl 15-avgusttag`ı o`zgerisler menen) «Orınlaslıq boyınsha islew sha`rtleri haqqında»g`ı Nızam menen ta`rtipke salınadı . Xızmetkerlerge olardın` tiykarg`ı jumıs protsesinen tısqarı bir ka`rxana, mekeme, sho`lkemlerde orınlaslıq boyınsha islewge ruqsat etiledi. Orınlaslıq boyınsha islew ushın tiykarg`ı jumıs jayındag`ı ha`kimshilik ha`m ka`siplik awqam komitetinin` razılıg`ı talap etilmeydi, lekin salıqlardı tuwrı uslaw maqsetinde tiykarg`ı jumıs jayınan mag`lıwmatnama talap etiledi.

Jumıs beriwshi o`z qa`lewi menen uyde islewdi qa`lewshi xızmetkerler menen de miynet sha`rtnamasın duziwi mumkin. Bunday halda xızmetker o`z a`sbap-uskeneleri ha`m islep shıg`arıw qurallarınan paydalang`anı halda o`z uyinde jumıs orınlaydı. Jumıs beriwshi xızmetkerdi o`z waqtında shiyki zat ha`m basqa za`rur qurallar menen ta`miynleydi, tayarlang`an o`nimlerdi qabıl qıladı, esabın juritedi ha`m belgilengen is haqı to`leydi.

Jumıs beriwshi nızam hujjetlerinde tuwrıdan-tuwrı na`zerde tutılg`an jag`daylarda onda belgilengen ka`sip ha`m lawazımlarg`a tan`law tiykarında jumısqa qabıl qılıwı lazım. Ha`zirgi payıtta ilimiy-izertlew mekemelerinin` ilimiy xızmetkerleri ha`m de joqarı oqıw orınlarının` professor-oqıtıwshıları quramınan bolg`anlar menen tan`law tiykarında miynet sha`rtnaması duziw na`zerde tutılg`an.

Sonın` ishinde, O`zbekstan Respublikası Joqarı ha`m orta arnawlı bilimlendiriw ministrliginin` 1998-jıl 30-oktyabrdegi 305-sanlı buyrıg`ı menen tastıyıqlang`an «Joqarı bilimlendiriw mekemelerine pedagog xızmetkerlerdi jumısqa qabıl qılıw ta`rtibi haqqındag`ı Nızam», «Bilimlendiriw haqqında»g`ı Nızamnın` 5-stat`yası tiykarında pedagog xızmetkerler (professor-oqıtıwshılar)di konkurs tiykarında jumısqa qabıl qılıwdı belgileydi.

Usı Nızamda ko`rsetilgeninshe, konkurstın` maqseti Kadrlar tayarlaw milliy da`sturine muwapıq jan`a talaplarg`a juwap beriwshi, kadrlar tayarlaw protsessi ushın uqıplı, joqarı mag`lıwmatlı, teren` ka`siplik bilimge iye, ilmiy jetiskenliklerge erisken, ilmiy-do`retiwshilik da`rejeli, joqarı oylı ha`m a`dep-ikramlı shaxslardı tan`lap alıw. Joqarı bilimlendiriw mekemelerinde kafedra baslıg`ı, professor, dotsent, ulken oqıtıwshı, oqıtıwshı ha`m assistent lawazımları konkurs tiykarında 5 jıl muddetge iyelenedi ha`m muddet tamam bolg`an soq qayta konkurstan o`tkiziledi.

Joqarı bilimlendiriw mekemesi o`tip atırg`an semestrde 5 jıllıq saylaw muddetleri tamam bolıp atırg`an lawazımlarg`a ha`m bos lawazımlarg`a konkurs ja`riyalaydı ha`m de bul haqqında g`alaba xabar quralların da ja`riyalaydı. Konkursda qatnasıw qa`lewin bildirgen shaxslar jazba arza ha`m za`rur hujjetlerdi institut rektorı atına usınadı. Professor ha`m kafedra baslıg`ı lawazımlarına joqarı oqıw ornının`, basqa pedagog lawazımlarg`a bolsa fakul`tettin` ilimiy ken`esi ta`repinen saylanadı.

Konkurstı o`tkiziw ta`rtibi onın` na`tiyjelerin bahalaw ma`seleleri joqarıda ko`rsetilgen Nızamda tolıq belgilep qoyılg`an. Konkurstan jaqsı o`tken ha`m lawazımg`a saylang`an shaxslar menen usı tiykarg`ı ko`re miynet sha`rtnaması duziledi ha`m de 5 jıl muddetke wazıypasına tayınlang`anlıg`ı haqqında joqarı oqıw ornı rektorının` buyrıg`ı shıg`arıladı.

Jumıs beriwshi da`rejeli ha`m joqarı mag`lıwmatlı xızmetkerlerdi taqlap alıw maqsetinde ka`rxana lokal hujjetlerinde aldınnan belgilep qoyılg`an ta`rtipte ha`m sha`rtlerde lawazımlardı iyelew ushın konkurs ja`riyalawg`a, bul haqqında da`wirlik baspa so`zde ja`riyalawg`a haqılı. Bunday halda lawazımın iyelewge dawager puqaranı jumısqa qabıl qılıwdan bas tartıw miynet sha`rtnaması duziwin nızamsız bas tartıw dep esaplanbaslıg`ı lazım.

Joqarıda bayan qılg`anlardan tısqarı ja`ne ha`miledar ha`m jas balası bolg`an hayallar, 18 jasqa tolmag`an shaxslar, mayıplar menen ba`nt qılıng`an bos is jaylarına jumısqa qabıl qılıw juzesinen duziletug`ın miynet sha`rtnamaları da bir qatar o`zine ta`n qa`siyetlerge iye. Ka`rxanalardag`ı tovar-materiallıq baylıqları, pul ha`m basqa qımbatlıqlar menen baylanıslı bolg`an materiallıq juwapkershilik jumıslarına qabıl qılınıp atırg`an shaxslar menen miynet sha`rtnaması duziwdin` bir qatar o`zine ta`n ta`repleri bar.

Sonday-aq jeke puqaralar menen olardın` sem`yalıq jumısların orınlaw ushın duziletug`ın miynet sha`rtnamaları, olardın` mazmunı, dizimge alınıwı ha`m xızmetker huqıqların qosımsha ra`wishte kepillestiriw quralları menen ta`miynlen-genligine ko`re ajıralıp turadı. O`zbekstan Respublikası hukimetinin` 1995-jıl 19-oktyabrdegi 408-sanlı qararına ko`re shet el puqaralar menen

miynet sha`rtnaması duziw ha`m olardı jumısqa qabıl qılıwdın` o`zine ta`n sha`rtleri ha`m de ta`rtipleri belgilep qoyılg`an.

Miynet qatnasıqlarında xızmetkerge juklenetug`ın miynet wazıypalarının` ulıwmalıg`ı printsipi a`mel qıladı. Og`an ko`re miynet sha`rtnamasın duziw payıtında kelisip alıng`an miynet wazıypaları turaqlı bolıp, olardın` bir ta`repleme o`zgertiliwine jol qoyılmaydı. Biraq, juz berip turatug`ın ob`ektiv ha`m sub`ektiv ha`diyseler, o`zgerisler sebepli miynet sha`rtnaması sha`rtlerin o`zgertiw za`rurligi kelip shıg`adı. Usı qatnasıq penen miynet nızamları miynet sha`rtnamasın o`zgertiw tiykarları ha`m sha`rtlerin na`zerde tutadı. Miynet sha`rtnaması mazmunının` o`zgertiliwine miynet sha`rtnamasının` o`zgeriwi sebep boladı.

Miynet kodeksinin` 88-stat`yasına ko`re miynet sha`rtleri degende miynet protsessindegi islep shıg`arıw ha`m sotsiallıq ilajlardın` barlıg`ı tusiniledi. Sotsiallıq sebeplerge baylanıslı ilajlar degende sotsiallıq turmıstan, insan iskerligine ta`n sotsiallıq qatnasıqlardan kelip shıg`ıwshı sha`rt-sharayatlar tusiniledi. Miynetke haqı to`lew mug`darı, jumıs waqtı, dem alıs waqtı, jen`illikler beriliwi ha`m basqalar mine usınday sotsiallıq ilajlar qatarına kiredi.

Islep shıg`arıw ilajları degende bolsa islep shıg`arıw protsessindegi texnik, texnologiyalıq, sanitariya ha`m gigiena, islep shıg`arıw jergilikli sha`rt-sharayatlar na`zerde tutıladı. Sotsiallıq ilajlar menen belgileniwshi miynet sha`rtleri nızamlar, basqa normativ hujjetler, ja`ma`a`t sha`rtnaması ha`m kelisimleri, miynet sha`rtnaması ta`replerinin` o`z-ara kelisim-leri menen belgilenedi.

Islep shıg`arıwdın` texnik, islep shıg`arıw ilajlarına tiyis sha`rtler nızamlar menen, texnik halatlar, qa`wipsizlikke tiyis nızamlar, ja`ma`a`t sha`rtnaması ha`m kelisimleri menen belgilenedi. Miynet sha`rtleri qanday ta`rtipte belgilengen bolsa, usı ta`rtipte o`zgertiliwi yaki biykar qılınıwı mumkin. Yag`nıy nızamlar quralında belgilengen miynet sha`rtleri tek nızam shıg`arıw jolı menen ja`ma`a`t sha`rtnamaları menen belgilengen miynet sha`rtleri bolsa ja`ma`a`t sha`rtnamasın qabıl qılg`an miynet ja`ma`a`ti qararına ko`re o`zgertiliwi mumkin. Miynet sha`rtlerinin` sha`rtnama ta`replerinen birinin`usınısı menen o`zgertiliwine tek nızamda na`zerde tutılg`an jag`daylarda g`ana jol qoyıladı.

Sonın` ishinde, O`zbekstan Respublikası Miynet kodeksi-nin` 89-stat`yasına ko`re to`mendegi jag`daylar juz bergende miynet sha`rtlerin jumıs beriwshi ta`repinen bir ta`repleme ta`rizde o`zgertiliwine jol qoyılıwı mumkin:

a) ka`rxanadag`ı texnologiyalıq protsesslerde o`zgertiliwi juz bergen, yag`nıy texnologiyalar ja`riya etilgen jag`daylarda,

b) islep shıg`arıwdı ha`m miynetti sho`lkemlestiriwdegi o`zgerisler, ka`rxana quramlı duzilisinde, basqarıw sxemalar-ında juz bergen o`zgerisler sebepli,

v) jumıslar ko`lemi qısqarıwı juz bergende.

Joqarıdag`ı sebepler juzege kelgen jag`dayda jumıs beriwshi xızmetkerdi keminde eki ay aldın jazba ra`wishte xabarlandırıp, tilxat alıhı sha`rt. Xızmetker yag`nıy, o`zgergen miynet sha`rtlerinde islewdi dawam ettiriwdi qa`lemese, ol jag`dayda jumıs beriwshi bunday xızmetkerdi keminde bir aylıq ortasha is haqı mug`darında jumıstan bosaw napaqası bergen halda jumıstan bosatıwg`a haqılı. Jumıs beriwshinin` bunday ha`reketinen narazı bolg`an xızmetker belgilengen ta`rtipte miynet dawası sheshiliwin sorap sudqa mura`ja`a`t qılıwg`a haqılı.

Ko`pshilik xızmetkerler toparı ushın miynet sharayatları qolaysız ta`rizde o`zgergen jag`dayda, jumıs beriwshi bul haqqında nızam hujjetlerinde belgiengen ta`rtip ha`m muddetlerde jergilikli miynet organına jazba mag`lıwmat beriwi lazım.

Miynet nızamları ha`m basqa normativ hujjetlerde na`zerde tutılg`an hallarda xızmetkerler de jumıs beriwshiden miynet sha`rtlerin o`zgertiwdi talap qılıwg`a haqılı. Xızetkerdin` usı ma`sele haqqındag`ı jumıs beriwshige usıng`an arzası ol berilgen kunnen baslap ush kun ishinde ko`rip shıg`ılıwı, iltimastan bas tartılg`an jag`dayda bolsa, bas tartıw sebepleri ko`rsetilgen halda jazba juwap beriliwi lazım. Xızmetker miynet sha`rtlerinin` o`zgertiliwi haqqındag`ı talap bas tartılg`anlıg`ı haqqındag`ı jumıs beriwshi qararı ustinen sudqa shag`ım mumkin.

Miynet sha`rtnaması sha`rtlerin o`zgertiw tiykarlarınan en` a`hmiyetlisi onı basqa ka`sip, mag`lıwmat, qa`niygeliklerin-degi jumısqa, miynet sha`rtnaması basqa sha`rtlerin qatan` ta`rizde o`zgeriw menen baylanıslı ta`rizde miynet wazıypa-larının` jukletiliwi an`latıladı.

Eger ka`rxanada jumıs ko`lemi, xızmetker shtatı qısqarıwı, xızmetker mag`lıwmatı jeterli bolmag`anlıg`ı yaki den sawlıg`ı jamanlasqanlıg`ı sebepli iyelep turg`an wazıypasına ılayıq esem bolıp qalıwı, usı jumıstı burın orınlap kelgen xızmetkerdin` jumısqa tikleniwi sıyaqlı ob`ektiv halatlar sebepli xızmetker jumıs beriwshi ta`repinen usınılg`an basqa ulıwma jumısqa o`tip islewden bas tartsa, ol jag`dayda jumıs beriwshi bunday xızmetkerdi ulıwma tiykarlarda jumıstan bosatıwg`a haqılı.

Miynet sha`rtnaması sha`rtnama ta`repleri kelisimine ko`re qa`legen payıtta o`zgertiliwi mumkin, biraq bunda xızmetker ma`plerine qarsı ha`reket isleniwi mumkin emes ha`m onın` razılıg`ısız miynet sha`rtleri jamanlastırılg`an ta`repke o`zgertiliwine jol qoyılmaydı. Xızmetkerdin`

jag`daylı sebepler menen waqtınsha jumısqa o`tkiziw haqqındag`ı iltiması jumıs beriwshi ta`repinen ko`rip shıg`ılıwı ha`m imkan barınsha qandırılıwı lazım.

Miynet kodeksinin` 85-stat`yasına ko`re islep shıg`arıw za`rurligi yaki biykar turıp qalanıwı qatnası menen xızmetkerdin` onın` razılıg`ısız waqtınsha basqa jumısqa o`tkiziwge jol qoyıladı. Lekin bunda xızmetker den sawlıg`ına zıyan jetkiziwshi jumısqa o`tkiziliwi mumkin emes. Jumıs beriwshi usınısına ko`re basqa jumısqa o`tkiziwge tiykar bolatug`ın islep shıg`arıw za`rurligi tuwılg`anda, xızmetkerdi basqa jumısqa o`tkiziw muddeti, ta`rtibi, bul payıtta xızmetkerdi ortasha is haqıdan kem bolmag`an ta`rizde haqı to`lew sha`rtleri ja`ma`a`t sha`rtnamasında, eger ol duzilmegen bolsa, jumıs beriwshi menen xızmetkerler wa`killik organı kelisimi menen belgilenedi.

Basqa ulıwma jumısqa o`tkiziw jumıs beriwshinin` buyrıg`ı menen ra`smiylestiriledi ha`m bunday buyrıq shıg`arılıwına xızmetker menen duzilgen miynet sha`rtnamasına kiritilgen o`zgerisler tiykar boladı. Xızmetkerdin` basqa ulıwma jumısqa o`tkiziw haqqında shıg`arılg`an buyrıq penen xızmetker tanıstırıladı ha`m bul haqqında onnan jazba tilxat alınadı. Xızmetkerdi ulıwma basqa jumısqa o`tkizilgenligi haqqında onın` miynet da`ptershesine de jazıp qoyıladı.

Ayırım topardag`ı xızmetkerlerdi jumıs beriwshi usınısı menen waqtınsha basqa jumısqa o`tkiziw payıtında qosımsha kepillikler na`zerde tutıladı. Sonın` ishinde, ha`miledar, ush jasqa tolmag`an balalsı bar hayallar, mayıplar, 18 jasqa tolmag`an shaxslar olardın` den sawlıg`ına tuwrı kelmeytug`ın jumıslarg`a, awır ha`m zıyanlı jumıslarg`a ko`shiriwge jol qoyılmaydı.

Miynet sha`rtlerin o`zgertiw payıtında xızmetkerler wa`killik organı menen jumıs beriwshi yaki onın` wa`killik organları ortasında juzege keliwshi qarsılıqlar ja`ma`a`t miynet dawların sheshiw ushın belgilengen ta`rtipte ko`rip sheshiledi. Xızmetker menen jumıs beriwshi ortasında miynet sha`rtlerin o`zgertiw, basqa jumısqa ko`shiriw ma`selelerinde kelip shıg`atug`ın dawlar jeke miynt dawların ko`rip shıg`ıw ta`rtibinde miynet dawları komissiyası, sud ta`repinen tiyisli jag`daylarda bolsa basqa organlar ta`repinen ko`rip sheshiledi.

## 3. Miynet sha`rtnamasın biykar qılıw ha`m nızamsız ra`wishte jumıstan bosatılg`an yaki basqa jumısqa o`tkizilgen xızmetkerlerdin` huqıqların qorg`awdın` huqıqıy tiykarları.

Miynet nızamları miynet qılıwdın` ıqtıyarıylıg`ı, ka`sip turi ha`m jumıs jayın tan`lawdın` erkinligi printsipine tiykarlang`anı halda miynet qatnasıqların biykar qılıw mumkinligin de na`zerde tutadı.

Miynet qatnasıqlarında xızmetkerler ma`plerin ustin ra`wishte qorg`aw O`zbekstan Respublikası miynet nızamshılıg`ının` bazar qatnasıqları sharayatındag`ı tiykarg`ı qa`siyetlerinen sanaladı.

Xalıq aralıq Miynet Sho`lkeminin` miynet sha`rtnamasın biykar qılıw haqqındag`ı 1963-jılg`ı ko`rsetpeleri ha`m «Isbilermen usınısı menen miynet sha`rtnamasın biykar qılıw haqqında»g`ı 1982-jıl 22-iyundag`ı Konventsiyada miynet sha`rtnamasın biykar qılıwg`a baylanıslı xalıq aralıq huqıqıy ilajlar belgilep qoyılg`an.

Miynet nızamshılıg`ındag`ı miynet sha`rtnaması ta`repleri bolg`an xızmetker ha`m jumıs beriwshinin` qa`lewine baylanıslı bolmag`an ta`rizde, sha`rtnama ta`repi sanalmaytug`ın shaxslar talabı yaki aralasıwı menen miynet sha`rtnaması qatnasıqlarının` toqtatılıwına tiykarlar na`zerde tutılg`an.

O`zbekstan Respublikası Miynet kodeksinin` 97-stat`ya-sında miynet sha`rtnamasın biykar qılıwdın` to`mendegi tiykarları na`zerde tutılg`an:

1. Ta`replerdin` kelisimine ko`re. Usı tiykarg`ı muwapıq miynet sha`rtnamasının` barlıq turleri qa`legen waqıtta biykar qılınıwı mumkin,
2. Ta`replerdin` birinin` usınısı menen,
3. Muddetinin` tamam bolıwı mumkin,
4. Ta`replerdin` ıqtıyarına baylanıslı bolmag`an jag`daylarg`a ko`re,
5. Miynet sha`rtnamasında na`zerde tutılg`an tiykarlarg`a ko`re,
6. Saylaw yaki tan`lawdan o`tpegenligi yamasa saylaw yaki tan`lawda qatnasıwdı qa`lemegenligi sebepli.

Belgisiz muddetge duzilgen miynet sha`rtnamasıda da, belgili muddetke duzilgen miynet sha`rtnamasıda da qa`legen payıtta ta`repler kelisimine ko`re biykar qılıwı mumkin. Tek sud hukimi menen belgilengen miynet duzetiw ishi ta`rizindegi jınayıy jazanı o`tep atırg`an, al`ternativ a`skeriy xızmetti o`tep atırg`an shaxslar jumıs beriwshi ha`m xızmetker kelisimi tiykarında jumıstan bosatılıwına jol qoyılmaydı. Sebebi olar menen miynet qatnasıg`ının` ornatılıwına da, biykar qılınıwına da wa`killikli ma`mleket organlarının` tiyisli hujjetleri g`ana tiykar bolıwı mumkin.

Ka`rxana mulkdarının` almasıwı (ka`rxananın` ma`mleket biyliginen shıg`arılıwı, satıp jiberiliwi), qayta sho`lkemlestiriliwi, qosıp jiberiliwi, ajıralıp shıg`ıwı, bir basqarma boysınıwınan

basqa basqarma boysınıwına o`tkiziliwi sıyaqlı halatlar miynet sha`rtnamasının` biykar bolıwına alıp kelmeydi ha`m ol xızmetker qa`lewi menen dawam ettiriliwi mumkin. Mulkdardın` almasıwı belgilengen ta`rtipte ka`rxana baslıg`ın, onın` orınbasarların, bas buxgalterin jumıstan bosatılıwına alıp keliwi mumkin.

Xızmetker miynet sha`rtnamasın biykar qılıw ushın jumıs beriwshini eki ha`pte aldın jazba arza usınıw arqalı xabardar qılıwı, eki ha`pte o`tkennen son`, jumıstı toqtatıwg`a haqılı, jumıs beriwshi bolsa usı muddet o`tkennen son` xızmetkerdi jumıstan bosatıw, ol menen esap-kitap qılıwı ha`m miynet da`ptershesin ra`smiylestirip beriwi sha`rt. Xızmetkerdin` miynet sha`rtnamasın biykar qılıw haqqındag`ı arzası onın` huqıqıy erkin, qa`lewin sa`wlelendiriwi ha`m jumıs beriwshinin` qıstawında berilgen arza keyinshelik sud jolı menen haqıyqıy emes dep tabılıwı mumkin.

O`zbekstan Respublikası Oliy sudi plenumının` 1998-jıl 17-aprel`degi 12-sanlı «Sudlar ta`repinen miynet sha`rtnama-sın (kontraktın) biykar etiwdi ta`rtipke salıwshı nızamlardın` qollanılıwı haqqında»g`ı qararının` 15-ba`ntinde ko`rsetilgenindey:

Miynet sha`rtnaması xızmetkerdin` usınına ko`re eki ha`ptelik xabarlandırıw muddeti tamam bolg`ang`a shekem de jumıs beriwshi menen xızmetkerdin` kelisimine ko`re biykar qılınıwı mumkin. Nızamda belgilengen yaki ta`repler kelisimine ko`re qısqartılg`an xabarlandırıw muddeti o`tpesten xızmetkerdin` razalıg`ısız miynet qatnasıqların biykar qılıw usı miynet sha`rtnamasın toqtatıwda nızamsız dep tabıwg`a ha`m xızmetkerdi burıng`ı jumısına tiklew haqqındag`ı talabın qanaatlandırıwg`a tiykar boladı. Xızmetkerdi xabarlandırıw muddeti o`tpesten o`zbasımshalıq menen jumıs is taslaw ol ta`repinen miynet ma`jburiyatların buzıw dep bahalanadı.

Arzanı beriw sa`nesi onı jumıs beriwshige tapsırg`an kun esaplanadı, xabarlandırıw bolsa keyingi kunnen baslanadı. Xabarlandırıw muddetine kalendar boyına barlıq kunler kiredi. Xabarlandırıw muddetinin` tamam bolıwı dem alıs kuni yaki bayram kunine tuwra kelse, aqırg`ı is kuni ha`m sha`rtnamanın` biykar bolıw kuni bolıp dem alıstan yaki bayramnan son`g`ı birinshi kun esaplanadı.

Nızamda belgilengen yaki ta`repler kelisimine ko`re qısqartılg`an xabarlandırıw muddeti tamam bolg`an soq, xızmet jumıstı toqtatıwg`a haqılı, jumıs beriwshi bolsa xızmetkerdi miynet da`ptershesi ha`m miynet sha`rtnaması biykar qılıng`anlıg`ı haqqında buyrıqtan ko`shirme berip, ol menen esap-kitap qılıwg`a ma`jbur, jumıs beriwshi ta`repinen keshiktiriwge, sonday-aq, baslang`an jumıstı tamam qılmag`anı, qarızı joqlıg`ı qag`azın imzalag`anı, xızmetkerdi materiallıq bahalıqlardı tapsırmag`anı qatnası menen de keshiktiriwge jol qoyılmaydı.

Xabarlandırıw muddeti o`tgen bolsa da, miynet sha`rtnaması biykar qılınbag`an ha`m miynet qatnasıqları dawam etip atırg`an bolsa, xızmetkerdin` miynet sha`rtnamasın biykar qılıw haqqındag`ı arzası o`z kushin jog`altadı ha`m bul arzag`a ko`re miynet sha`rtnamasın biykar qılıwg`a jol qoyılmaydı.

Eger xızmetkerdin` usınısı menen miynet sha`rtnamasın biykar qılıw haqqındag`ı arzada ol ta`repinen jumıstı dawam ettiriwdin` imkaniyatı joqlıg`ı tiykarlandırılg`an bolsa, jumıs beriwshi miynet sha`rtnamasın xızmetker iltimas qılg`an muddetde biykar qılıwı kerek. Miynet kodeksinin` 90-stat`ya-sının` 5-bo`liminde jumıstı dawam ettire almaslıq halatlarının` anıq emes dizimi ko`rsetilgenligi qatnası menen, sud dawdı ko`riwde basqa halatlardı itibarg`a alıwı mumkin.

Xızmetker jumıstan bosaw haqqındag`ı o`z arzasın jumıs beriwshiden ol jumıstan bosatıw haqqında buyrıq shıqqang`a shekem qa`legen payıtta qaytarıp alıwg`a yaki onı biykar qılıwshı basqa arza beriwge haqılı. Bunday halda xızmetker usınısı menen miynet sha`rtnamasının` biykar qılınıwına jol qoyılmaydı.

O`zbekstan Respublikası Miynet Kodeksinin` 104-stat`ya-sında aytılg`anınsha:

Muddetli miynet sha`rtnamasında onı muddetinen aldın biykar qılg`anlıq ushın ta`replerdin` neustoyka to`lewi haqqındag`ı o`z-ara ma`jburiyatları na`zerde tutılıwı mumkin, bug`an ko`re eger miynetge baylanıslı qatnasıqlar xızmetkerdin` ayıplı ha`reketleri menen baylanıslı bolmag`an tiykarlar boyınsha jumıs beriwshinin` usınısı menen biykar qılıng`an bolsa, jumıs beriwshi xızmetkerge neustoyka to`leydi, eger miynetge baylanıslı qatnasıqlar xızmetkerdin` usınısı menen, sonday-aq xızmetkerdin` ayıplı ha`reketleri menen baylanıslı tiykarlar boyınsha biykar qılıng`an bolsa, xızmetker jumıs beriwshige neustoyka to`leydi. Eger miynet sha`rtnamasında neustoykanın` mug`darı belgilep qoyılmag`an bolsa, ta`repler onı to`lewden azat etiledi.

Neustoykanın` mug`darı jumıs beriwshi ta`repinen xızmetkerdin` ma`plerin go`zlep qılıng`an ha`jjetlerge, xızmetker islegen da`wir ha`m basqa halatlarg`a baylanıslı ta`rizde isleniwi mumkin. Xızmetker to`leytug`ın neustoyka mug`darı jumıs beriwshi to`leytug`ın neustoyka mug`darınan asıp ketiwi mumkin emes.

Eger miynet sha`rtnaması Kodekstin` 99-stat`yası besinshi bo`liminde na`zerde tutılg`an hallarda xızmetker usınısı menen biykar qılıng`an bolsa, ol neustoyka to`lewden azat etiledi. Ta`replerden biri neustoyka to`lewden bas tartsa, onı o`ndiriw sud ta`rtibinde a`melge asırıladı.

Da`slepki sınaw sha`rti menen duzilgen miynet sha`rtnaması xızmetkerdin` qa`lewi menen sınaw muddeti tamam bolg`ang`a shekem jumıs beriwshi ush kun burın jazba ra`wishte xabarlandırg`anı halda biykar qılınıwı mumkin. Miynet sha`rtnamasın xızmetker usınısına ko`re biykar qılıwg`a tiyisli joqarıda bayan etilgen qag`ıydalar saylap qoyılatug`ın lawazımlarda ha`m de konkurs tiykarında iyelep turılg`an lawazımlarda islep atırg`an xızmetkerler menen duzilgen miynet sha`rtnamalarına da tolıq ko`lemde usınıladı.

Miynet nızamshılıg`ı Xalıq aralıq Miynet Sho`lkeminin` «Isbilermen usınısı menen miynet sha`rtnamasın biykar qılıw haqqında»g`ı Konventsiyası qag`ıydalarına tiykarlang`an halda miynet qatnasıqlarında, usının` ishinde bul qatnasıqlardı biykar qılıw paytında xızmetker huqıqların jumıs beriwshinin` huqıqlarınan ustin ekenligi printsipine tayanıp, jumıs beriwshi usınısı menen miynet sha`rtnamasın biykar qılıw, jumıs beriwshi ta`repinen xızmetkerlerdi jumıstan bosatıw ma`selelerinde qatan` sheklewlerdi ja`riya etedi.

O`zbekstan Respublikası Miynet kodeksinin` 100-stat`yası 2-bo`liminde belgisiz yaki muddetli miynet sha`rtnamasın jumıs beriwshi usınısına ko`re biykar qılıw tiykarları sanap ko`rsetilgen bolıp, bul tiykarlar qatarına to`mendegiler kiredi:

1) texnologiyadag`ı, miynet ha`m islep shıg`arıwdı sho`lkem-lestiriwdegi o`zgerisler, xızmetkerler sanı yaki jumıs qa`siyetinin` o`zgeriwine alıp kelgen jumıslar ko`leminin` qısqarg`anlıg`ı yamasa ka`rxananın` toqtatılg`anlıg`ı,

2) xızmetkerdin` mag`lıwmatı jeterli bolmag`anlıg`ı yaki den sawlıg`ı halatına ko`re orınlap atırg`an jumısına ılayıq emes bolıp qalıwı,

3) Xızmetker ta`repinen o`z miynet wazıypaların tolıq ra`wishte buzg`anlıq. Burın miynet wazıypaların buzg`anlıg`ı ushın xızmetkerdin` intizamıy yaki materiallıq juwapkerlikke tarılg`an yamasa og`an qarata miynet haqqındag`ı nızamlar ha`m basqa normativ hujjetlerde na`zerde tutılg`an ta`sir sharaları qollanılg`an kunnen baslap bir jıl dawamında xızmetker ta`repinen ta`kirar intizamg`a qarsı jo`nsiz ha`reket isleniwi miynet wazıypaların ba`rhulla ra`wishte buzıw esaplanadı,

4) xızmetkerdin` o`z miynet wazıypaların bir ma`rte qopal ra`wishte buzg`anlıg`ı.

5) orındaslıq ta`rizinde islemeytg`ın basqa xızmetkerdin` jumısqa qabıl qılıwı, sonday-aq miynet sha`rtlerine ko`re orındaslıq isi shekleniwi sebepli orındaslar menen miynet sha`rtnamasının` biykar qılıng`anlıg`ı,

6) mulkdardın` almasıwı sebepli ka`rxana baslıg`ı, onın` orınbasarları, bas buxgalteri menen miynet sha`rtnamasının` biykar qılıng`anlıg`ı.

O`zbekstan Respublikası Oliy sudi plenumının` joqarıda esletilgen 1998-jıl 17-aprel`degi 12-sanlı qararında: sudlardın` itibarı jumıs beriwshi miynet sha`rtnamasın biykar qılıw niyeti haqqında xızmetkerdin` xabarlandırıl-g`anlıg`ı, Miynet kodeksinin` 102-stat`yasında belgilengen xabarlandırıwdın` muddetleri ha`m ta`rtibine a`mel etilgen-etilmegenligi ma`selesin anıqlawg`a qaratılg`an.

Bunda jumıs beriwshi miynet sha`rtnamasın biykar qılıw niyeti haqqında xızmetkerdi jazba ra`wishte xabarlandırıwı sha`rt:

- xızmetkerler sanı, jumıs qa`siyetlerinin` o`zgeriwi yamasa ka`rxananın` toqtatılg`anlıg`ı, sonday-aq, ka`rxana iyesinin` o`zgeriwi qatnası menen ka`rxana baslıg`ı, onın` orınbasarları, bas buxgalteri menen miynet sha`tnaması biykar qılıng`anınan keminde eki ay aldın,

- xızmetkerdin` orınlap atırg`an jumısına ılayıq emesligi aqıbetinde miynet sha`rtnamasın biykar qılıwda keminde eki ha`pte aldın.

Jumıs beriwshi xabarlandırıw muddeti dawamında xızmetkerge ha`ptete ortasha is haqını saqlag`an halda bir kunnen kem bolmag`an qosımsha bes kun berip, og`an basqa jumıs tabıwg`a imkan tuwdırıwg`a ma`jbur.

Miynet kodeksi 100-stat`yası 2-bo`liminin` 1,2-ba`ntlerine muwapıq, xızmetker menen jumıs beriwshinin` kelisimine ko`re miynet sha`rtnaması biykar qılıng`anda xızmetkerdi xabarlandırıw onın` muddetine muwapıq keletug`ın pullı kompensatsiya menen almastırılıwı mumkin. Miynet sha`rtnamasın biykar qılıw haqqında xabarlandırıw ornına xızmetkerge beriletug`ın basqa tur to`lewlerin beriwden jumıs beriwshinin` azat qılmaslıg`ına sudlardın` itibarı qaratıladı.

Miynet sha`rtnamasın jumıs beriwshi usınısı menen Miynet kodeksinin` 100-stat`yası 2-bo`lim, 3-4-ba`ntleri menen biykar qılıw xızmetkerge qollanılatug`ın intizamıy jaza sharası bolg`anlıg`ı sebepli bunday tiykarlarg`a ko`re miynet sha`rtnaması jumıs beriwshi usınısı menen Miynet kodeksinin` 182-stat`yasında ko`zde tutılg`an muddetler o`tpesten biykar qılınıwı mumkin (jo`nsiz ha`reketler islegenliginen baslap 6 ay, belgili bolg`an payıttan baslap 1 ay ishinde).

Miynet sha`rtnaması jumıs beriwshinin` usınısına ko`re O`zbekstan Respublikası Miynet kodeksinin` 100-stat`yası, 2-bo`lim, 2-ba`ntine muwapıq biykar qılınıwı payıtında:

- xızmetker orınlap atırg`an isine ılayıq emes bolıwı, mag`lıwmatı jeterli bolmag`anlıg`ı ha`m xızmetkerdin` den sawlıg`ı halatına ko`re bolıwı mumkin,

- eger xızmetker ol menen duzilgen miynet sha`rtnamasına ko`re, anıq orınlawı sha`rt bolg`an jumıstı orınlay almay atırg`an bolsa g`ana, ılayıq emesligi boyınsha onın` menen bolg`an miynet qatnasıqlarının` biykar qılınıwına jol qoyıladı.

- xızmetkerdin` ılayıq emesligi xızmetkerdin` orınlawı sha`rt bolg`an, tapsırılg`an jumıstı orınlay almay atırg`an-lıg`ı, guwalandırıwshı anıq faktler menen, den sawlıg`ı halatına ko`re, ılayıq emesligi bulardan tısqarı meditsinalıq juwmaq penen tastıyıqlanıwı lazım,

- eger xızmetker og`an tapsırılg`an jumıs orınlasa, meditsinalıq juwmaqqa ko`re den sawlıg`ının` jamanlasıwı, sonday-aq, mayıplıq belgileniwi, miynet sha`rtnamasın Miynet kodeksinin` 100-stat`yası, 2-bo`liminin` 2-ba`nti boyınsha biykar qılıw ushın jeterli sebep bolıp esaplan-baydı.

Basqa jumısqa nızamsız ta`rizde o`tkizilgen xızmetkerdin` jumıstı orınlawdan, jan`a miynet sha`rtlerinde jumıstı dawam ettiriwden bas tartıwı, miynet haqqındag`ı nızam ha`m basqa normativ hujjetlerge ko`re, tek xızmetkerdin` razılıg`ı menen sheshiletug`ın (jumıs beriwshinin` xızmetkerdi miynet dem alısınan shaqırıp alıwı yaki dem alıstı basqa muddetke o`tkiziwi, jumıs waqtınan tısqarı islerdi orınlawı, ha`miledar hayallar yaki on to`rt jasqa tolmag`an perzentleri (on altı jasqa shekem bolg`an mayıp perzentleri) bolg`an hayallar tunde, dem alıs kunleri islewi, xızmet saparına jiberiliwi, mayıptı tunde, dem alıs kunleri ha`m basqa waqıtlarda islew haqqındag`ı jumıs beriwshinin` talabın orınlawdan bas tartıw ha`m basqa halatlar miynet ma`jburiyatların buzıw esaplanbaydı ha`m intizamıy jaza qollaw ushın tiykar bolmaydı.

O`z miynet wazıypaların buzg`anlıg`ı ushın miynet sha`rtnaması biykar qılıng`an xızmetkerlerdi jumısqa tiklew haqqındag`ı isler boyınsha nızamlı ha`m tiykarlı sheshiwshi qararların shıg`arıw maqsetinde to`mendegiler:

- miynet sha`rtnamasın biykar qılıwg`a tiykar bolg`an miynet wazıypaların buzg`anlıg`ı anıq neden ibaratlıg`ı ha`m ol MK nin` 100-stat`yası, 2-bo`limi, 3 ha`m 4-ba`ntleri boyınsha miynet sha`rtnamaların biykar qılıw ushın tiykar bola alıwı mumkin yaki mumkin emesligi,

- miynet sha`rtnamasın biykar qılıwda islengen nızamsız ha`rekettin` awırlıg`ı, onı islew halatları, xızmetkerdin` burıng`ı jumısı ha`m minez-qulqı jumıs beriwshi ta`repinen esapqa alıng`an alınbag`anlıg`ı,

- jumıs beriwshi ta`repinen intizamıy jazalar beriw belgilengen muddetler ha`m ta`rtiplerge a`mel qılıng`an qılınbag`anlıg`ın anıqlawı za`rur.

Sudlar ha`r bir nızamsız ha`reketler ushın tek bir intizamıy jaza qollanıwı mumkinligin esapqa alıwları za`rur. Xızmetkerge baylanıslı intizamıy jaza sharası qollanıwı onın` usı ha`reketi ushın jumıs beriwshige jetkizilgen zıyan ushın materiallıq juwapkerlikke tartılı-wına ha`m de ayıpdarg`a baylanıslı miynet nızamları ha`m basqa normativ hujjetlerde na`zerde tutılg`an intizamıy jaza esaplanbaytug`ın ta`sir sharaların (sıylıqtan ayırıw, jıl is juwmag`ına ko`re beriletug`ın qosımsha xoshametlew to`lewleri-nen ayırıw yaki mug`darın kemeyttiriw h.t.b.) qollaw imkani-yatın biykarlamaydı.

Intizamıy jaza tuwrıdan-tuwrı nızamsız ha`reket anıqlang`anınan keyin, xızmetkerdin` kesel yaki dem alısta bolg`an waqtın esapqa almastan, uzag`ı menen bir ay ishinde qollanıladı. Nızamsız ha`reket islengen kunnen baslap altı ay n`tkennen, finans xojalıq iskerligin analiz etiw yaki tekseriw na`tiyjesi boyınsha bolsa, islengen kunnen baslap eki jıl o`tkennen keyin jazanı qollap bolmaydı. Jınayıy is juritilgen da`wir bul muddetke kirmeydi.

Nızamsız ha`reket islengen kunnen baslap jaza qollaw belgilengen bir aylıq muddetti esaplawda to`mendegilerdi na`zerde tutıw lazım:

- nızamsız ha`reket haqqında ka`rxana baslıg`ı, onın` orınbasarına yaki quramlı bo`lim baslıg`ına yamasa xızmetker boysınatug`ın basqa baslıqqa ol intizamıy jaza beriw huqıqına iye bolıw-bolmaslıg`ına qaramastan belgili bolg`an kun - bir ay muddet esaplanıwının` baslanıw kuni bolıp esaplanadı.

Sudlardın` itibarı ka`rxananın` ishki miynet ta`rtibi qag`ıydalarında o`z miynet wazıypaların bir ma`rte qopal ra`wishte buzg`anı ushın barlıq xızmetkerler menen miynet sha`rtnamasın biykar qılıwg`a tiykar bolıwshı ha`reketler (sebepsiz jag`daylarg`a ko`re jumısqa shıqpaslıq - progul, jumıs kuni dawamında biykarshılıq qılıw, alkogol, narkotik yaki toksinli zattan paydalang`anı ushın ma`s halda jumıs ornında bolıw ha`m jumısqa keliw, jumıs beriwshinin` mulkin urlaw h.t.b.) menen bir qatarda tek g`ana biraz topardag`ı xızmetkerler menen miynet sha`rtnamasın biykar qılıwg`a tiykar bolıwshı bir ma`rte islengen nızamsız ha`reketler de (kommertsiya sırın a`shkar qılıw, tuwrıdan-tuwrı pul ha`m tovar bahalıqları menen aynalıs qılıwshı xızmetker ta`repinen bul bahalıqlardın` saqlanıwı ta`miynlenbegenligi, olardın` saqlanıwına qa`wip tuwdırılg`anlıg`ı yaki bul bahalıqlar boyınsha aynalıs qılıw qag`ıydalarının` buzılıwı, ta`rbiyalıq jumıslardı orınlaw lazım bolg`an shaxs ta`repinen a`deplilik penen nızamsız ha`reket islengenligi h.t.b.) ko`rsetilgen bolıwı mumkinligine qaratılg`an.

Xızmetkerdin` jumıs waqtında ka`rxana aymag`ında yaki og`an berilgen wazıypanı orınlaw lazım bolg`an ob`ekt aymag`ınan tısqarıda bolıwı jumıs ornında bolmaslıq dep tusiniledi. Usıg`an ko`re, jumısta ha`r qanday bolmaslıq emes, ba`lki tek g`ana sebepsiz jag`daylar menen jumıs ornında

bolmaslıq progul dep esaplanıwı mumkinligin inabatqa alıp, sudlar xızmetkerdin` jumıs ornında bolmag`anlıg`ının` haqıyqıy sebeplerin anıqlawları lazım.

Miynet kodeksinin` 100-stat`yası, 2-bo`limi, 4-ba`nti boyınsha xızmetker jumıs ornında miynet ta`rtibi qag`ıyda-larında belgilengen muddette jumıs waqtında sebepsiz jag`day-larg`a ko`ro` bolmag`an hallarda da progulg`a jol qoyg`anlıg`ı sebepli miynet sha`rtnamasının` biykar etiliwine alıp keledi.

Bunday jag`daylarg`a:

- jumıs beriwshinin` ruqsatısız o`zbasımshalıq penen dem alısqa ketiwi yamasa o`zbasımshalıq penen dem alıs kunlerinen paydalanıw,

- jumıs beriwshini xabarlasdırmastan jumıstı taslap ketiw, yaki xabarlandırıw muddeti tamam bolmastan jumıs taslap ketiw sıyaqlılar kiredi.

Miynet sha`rtnaması ta`replerdin` ıqtıyarına baylanıslı bolmag`an tiykarlar menen de, yag`nıy sha`rtnama ta`replerinde onı biykar qılıw istegi bolmag`anı halda wa`killikli ma`mleket organı aralasıwı yaki basqa ob`ektiv qa`siyetke iye bolg`an halatlar sebepli biykar qılınıwı mumkin. A`meldegi miynet nızamshılıg`ı bunday hallarda da xızmetkerlerdi sotsiallıq qorg`aw, olardın` ayırım toparlarına qosımsha kepillikler beriwge qaratılg`an huqıqıy shara-ilajların na`zerde tutadı.

O`zbekstan Respublikası Miynet kodeksinin` 106-stat`yasında miynet sha`rtnaması to`mendegi hallarda ta`repler ıqtıyarına baylanıslı bolmag`an halatlar sebepli biykar qılınıw mumkinligin na`zerde tutadı:

1) xızmetker a`skeriy xızmetke yaki al`ternativ xızmetke shaqırılg`an jag`dayda,

2) usı jumıstı burın orınlap kelgen xızmetker jumısqa tiklengen jag`dayda,

3) xızmetkerdi jazag`a tartqan sudtın` xukimi nızamlı kushke kirgen jag`dayda,

4) jumısqa qabılıw qılıw juzesinen belgilengen qag`ıydalar buzılg`anlıg`ı qatnası menen, eger ol jol qoyılg`an buzılıwdı sheshiw imkanı bolmasa ha`m ol jumıstı dawam ettiriwge tosqınlıq qılsa,

5) xızmetkerdin` qaytıs bolıw qatnası menen,

6) nızamda belgilengen basqa da jag`daylarda.

O`zbekstan Respublikasının` «Ulıwma a`skeriy minnet ha`m a`skeriy xızmet haqqında»g`ı ha`m de «Al`ternativ xızmet haqqında»g`ı 1992-jıl 3-iyul`dag`ı Nızamlarg`a muwapıq muddetli a`skeriy yaki al`ternativ xızmetti o`tew jasına jetken puqaralar belgilengen ta`rtipte haqıyqıy a`skeriy xızmetke shaqırıladı.

«Ulıwma a`skeriy minnet ha`m a`skeriy xızmet haqqında»g`ı nızamnın` 15-stat`yası 2-ba`ntine muwapıq: «Ka`rxanalar, mekemeler, sho`lkemler shaqırılıwshılardı shaqırıq uchastka-larına o`z waqtında keliwlerin ta`miynlewleri sha`rt». Muddetli a`skeriy xızmetke shaqırılg`an xızmetker shaqırıq qag`azında ko`rsetilgen kunge shekem jumıstan bosatılıwı, ol menen esap-kitap qılınıwı ha`m de og`an ortasha aylıq is haqıdan kem bolmag`an mug`darda jumıstan bosatıw napaqası to`leniwi lazım boladı.

Nızamsız ra`wishte jumıstan bosatılg`an xızmetkerdi sud sheshiwshi qararına ko`re o`z wazıypasına tikleniwi, tiykarsız jınayıy juwapkerlikke tartılg`an puqaranı aqlanıwı sıyaqlı jag`daylardın` juz beriwi olardın` ornına jumısqa alıng`an shaxslar menen usı tiykarg`a ko`re miynet sha`rtnamasının` biykar qılınıwına sebep bolıwı mumkin. Lekin bunday hallarda jumıs beriwshi xızmetkerdi jumıstan bosatıwdan burın onın` jası, den sawlıg`ı ahwalın itibarg`a alıp ha`m mag`lıwmatına tuwrı keliwshi basqa jumıs usınıwı, bunday jumıs tabılmag`an jag`dayda yamasa xızmetker basqa jumısqa o`tip islewdi qa`lemegen jag`dayda onı usı tiykar menen jumıstan bosatıwı mumkin ha`m og`an belgilengen mug`darda jumıstan bosatıw napaqası to`lenedi.

O`zbekstan Respublikası Oliy sudı plenumının` 1998-jıl 17-aprel`degi 12-sanlı qararının` 43-ba`ntinde jumısqa qabıl qılıw juzesinen belgilengen qag`ıydalar buzılıwı sanalıwshı halatlardın` to`mendegi dizimi ko`zde tutılg`an:

- sud hukimine ko`re belgili lawazımdı iyelew yaki belgili iskerlik penen shug`ıllanıw huqıqınan ayırılg`an-lardı sud ta`repinen tayınlang`an waqıt dawamında jumısqa qabıl qılıw,

- bir ma`mleket ka`rxanasında o`z-ara jaqın qarındas yaki qudashılıq bolg`an shaxslardı, bunda, olardan biri ekinshisine tuwrıdan-tuwrı boysınıp yaki onın` baqlawı astında xızmet qılatug`ın bolsa, bunday xızmetkerlerdi jumısqa qabıl qılıw. Tuwısqanlardın` birgelikte xızmet qılıwların qadag`an etiw haqqındag`ı qag`ıydalar O`zbekstan Respublikası Ministr-ler Kabinetinin` 1997-jıl 11-marttag`ı 133-sanlı qosımshada belgilengen ,

- nızamlar ta`repinen er jetpegenler ha`m hayallardı tartıw qadag`an etiletug`ın jumıslarg`a qabıl qılıw.

Miynet sha`rtnamasın biykar qılıw ta`rtibi ha`m onı ra`smiylestiriw qag`ıydaları O`zbekstan Respublikası Miynet kodeksinde belgilep qoyılg`an bolıp, og`an a`mel qılıw jumıs beriwshinin` tiykarg`ı minnetlerinen sanaladı. Miynet sha`rtnamasın biykar qılıw jumısqa qabıl qılıw huqıqına iye

bolg`an shaxslar ta`repinen a`melge asırıladı ha`m buyrıq penen ra`smiylestiriledi. Aqırg`ı jumıs kuni miynet sha`rtnaması biykar qılıng`an kun dep esaplanadı.

Miynet sha`rtnaması xızmetkerdin` usınısı menen onın` keselligi, mayıplıg`ı, jasqa baylanıslı pensiyag`a shıg`ıw, joqarı yaki orta arnawlı oqıw ornı yamasa aspiranturag`a qabıl qılınıwı ha`m nızam hujjetlerine ko`re belgili jen`illikler beriletug`ın basqa jag`daylar sebepli biykar qılıng`anda, miynet sha`rtnamasın biykar qılıw haqqındag`ı buyrıqta usı sebepler ko`rsetiledi.

Miynet sha`rtnaması biykar qılıng`an to`mendegi jag`daylarda jumıstan bosatıw napaqası to`lenedi:

- jumıs beriwshinin` usınısı menen miynet sha`rtnaması biykar qılıng`anda,

- ta`repler ıqtıyarına baylanıslı bolmag`an, usı kodekstin` 106-stat`yası 1 ha`m 2-ba`ntlerinde na`zerde tutılg`an halatlarg`a baylanıslı.

Jumıstan bosatıw napaqasının` mug`darı ortasha aylıq is haqıdan kem bolıwı mumkin emes.

Miynet sha`rtnaması jumıs beriwshinin` usınısı menen biykar qılıng`anda xızmetkerge tiyisli is haqı, onın` mug`darı haqqında daw bolmasa:

1) miynet sha`rtnaması biykar qılıng`an kunge shekem islep atırg`an xızmetkerge -miynet sha`rtnaması biykar qılıng`an kuni,

2) miynet sha`rtnaması biykar qılıng`an kuni islemey atırg`an xızmetkerge - ol esap-kitap qılıwdı talap etken kuni to`leniwi kerek.

Miynet sha`rtnaması xızmetkerdin` usınısı menen biykar qılıng`anda og`an tiyisli is haqı, onın` mug`darı haqqında daw bolmasa:

1) nızam boyınsha yaki sha`rtnamag`a muwapıq miynet sha`rtnamasın biykar qılıw haqqında jumıs beriwshini xabar-landırıwı sha`rt bolg`an xızmetkerge - jumıstan ketken kunnin` erten`inen keshiktirmesten to`leniwi lazım,

2) miynet sha`rtnamasın biykar qılıw haqqında jumıs beriwshini xabarlandırıw sha`rt bolmag`an xızmetkerge - jumıstan ketken kunnin` ertesinen keshiktirilmesten to`leniwi lazım.

Miynet nızamshılıg`ı miynet sha`rtnamasın jumıs beriwshi ta`repinen o`zbasımshalıq penen biykar qılınıwı yaki o`zgertiliwi hallarınan xızmetker huqıqların qorg`awdın`, olardın` buzılg`an materiallıq ha`m ruwhıy ma`plerin tiklewdin` xalıq aralıq da`sturlerine mas keliwshi na`tiyjeli quralların na`zerde tutadı.

O`zbekstan Respublikası Miynet kodeksinin` 111-stat`ya-sında aytılg`anınday:

Miynet sha`rtnaması nızamsız ra`wishte biykar qılıng`an yaki nızamsız ra`wishte xızmetker basqa jumısqa o`tkizilgen hallarda, ol jumıs beriwshinin` o`zi, sud yaki basqa wa`killikli organ ta`repinen burıng`ı jumısına tikleniwi lazım.

Miynet sha`rtnamasın nızamsız ra`wishte biykar qılıw yaki o`zgertiw degende eki halat: a) nızamdı ashıq-aydın buzg`an halda biykar qılıw, b) jumıstan bosatıw juzesinen belgilengen ta`ptip qopal buzılg`an halda mine usınday ha`reketke jumıs beriwshi ta`repinen jol qoyılıwı tusiniledi.

O`zbekstan Respublikası Oliy sudi plenumının` 1998-jıl 17-aprel`degi 12-sanlı qararının` 51-ba`ntine ko`re nızamdı ashıq-aydın buzg`an halda miynet sha`rtnamasın biykar qılıw degende to`mendegi halatlar na`zerde tutıladı:

- nızamda ko`rsetilmegen tiykarlar boyınsha,

- jumıs beriwshi usınısına ko`re ka`siplik awqam komiteti yaki xızmetkerlerdi basqa wa`killikli organ razılı-g`ısız, egerde bunday razılıq alıw lazımlıg`ı ja`ma`a`t kelisimi yaki ja`ma`a`t sha`rtnamasında ko`zde tutılg`an bolsa,

- jumıs beriwshi usınısına ko`re on segizge tolmag`an shaxslar menen, islep shıg`arıwdan ajıralmay bilim alıp atırg`an shaxslar menen, xızmetkerlerdin` wa`killik organına saylang`anlar ha`mde saylanıw muddeti tamam bolg`annan son` eki jıl dawamında jergilikli miynet organı aldınnan razılı-g`ın almag`an halda jumıstan bosatılg`anlarında,

- Miynet kodeksinin` 237-stat`yası 1-bo`liminde ko`rsetilgen, yag`nıy jumıs beriwshige hayallar menen miynet sha`rtnamasın biykar qılıwg`a jol qoymaytug`ın halatlar belgili bolg`anda jumıstan bosatıw,

- jumıs beriwshinin` usınısı boyınsha, ka`rxananın` tolıq toqtatılıwı hallarınan tısqarı, xızmetkerdin` waqtınsha miynetke qa`biletsizlik da`wiri yaki onın` dem alısta bolg`an waqtı dawamında jumıstan bosatıw,

- Miynet kodeksinin` 84-stat`yası 3-bo`liminde ko`rsetilgen xızmetkerlerdi jumısqa qabıl qılıwda da`slepki sınaq muddeti belgilenbese de, xızmetkerlerdin` qanaatlan-dırarsız sınaw na`tiyjesine ko`re,

- Miynet kodeksinin` 100-stat`yası 2-bo`limi 4-ba`nti boyınsha, ka`rxanada ishki miynet qag`ıydaları tastıyıqlanbag`an bolg`anda, sonday-aq, xızmetker qag`ıydalarda belgilenbegen miynet minnetlerin bir ma`rte qopal buzg`anlıg`ı ushın,

- xızmetkerdin` usınısı boyınsha onı miynet sha`rtnama-sın biykar qılıw haqqında jazg`an arzası bolmag`anda usı tiykar menen jumıstan bosatıw,
- belgisiz muddetke jumısqa qabıl qılıng`an xızmetker menen miynet sha`rtnamasının` muddeti o`tkenligi qatnası menen sha`rtnamanın` biykar qılınıwı,
- jumıs beriwshi ta`repinen nızamshılıq sha`rtleri yaki miynet sha`rtnamasın biykar qılıw boyınsha belgilengen ta`rtipti qopal ra`wishte buzılg`an basqa hallarda sıyaqlılar.

Jumısqa tiklengende jumıs beriwshi juwapkerligine xızmetkerge jetkizilgen zıyandı qaplaw ma`jburiyatı jukletiledi.

Zıyandı qaplaw:

- ma`jburiy progul waqtı ushın haqı to`lew sha`rtliginen (275-stat`ya),
- miynet sha`rtnaması biykar qılıng`anlıg`ı yaki xızmetker basqa jumısqa o`tkizilgenligi ustinen shag`ım qılıw menen baylanıslı qosımsha qa`rejetlerdio` ornın qaplawdan,
- ruwhıy zıyan ushın kompensatsiya to`lewden ibarat.

Xızmetkerdio` o`tinishine ko`re sud jumısqa tiklew ornına onın` paydasına ush aylıq is haqıdan kem bolmag`an mug`darda qosımsha ta`rizde haqı to`lew ma`jburiyatın juklewi mumkin. Miynet sha`rtnamasın nızamsız ra`wishte biykar qılıwda yaki xızmetkerdi nızamsız ra`wishte basqa jumıs o`tkiziwde ayıpdar bolg`an lawazımlı shaxslar xızmetkerge is haqı to`leniwi qatnası menen jumıs beriwshige jetkizilgen zıyan ushın Miynet kodeksinin` 274-stat`yasında na`zerde tutılg`an ta`rtipte materiallıq juwapker boladı.

O`zbekstan Respublikası Joqarg`ı  sudi plenumının` 2000-jıl 28-aprel`degi 7-sanlı «Ruwhıy zıyandı qaplaw haqqındag`ı nızamlardı qollawdın` ayırım ma`seleleri haqqında»g`ı qararının` 13-ba`ntinde ko`rsetilgeninshe:

Ruwhıy zıyannın` mug`darın belgilewde sudlar ja`birleniwshinin` og`an jetkizilgen ruwhıy zıyannın` awırlıg`ına bergen sub`ektiv bahası, sonday-aq dawagerge jetkizilgen ruwhıy ha`m fizikalıq azaplardın` da`rejesin ko`rsetiwshi ob`ektiv mag`lıwmatlardı, qarsılıq qılıng`an ob`ekttin` o`mir ushın a`hmiyetligi, paydası, huqıqbuzarlıqtın` awırlıg`ı ha`m aqıbeti, uyaltıratug`ın tuwrı emes mag`lıwmatlardın` xarakteri ha`m olardın` qanshalıq da`rejede tarqatılg`anlıg`ı, ja`birleniw-shinin` jasaw sharayatları, jeke qa`siyetleri, zıyan jetkiziwshinin` ha`m ja`birleniwshinin` ayıbı da`rejeleri, zıyan jetkiziwshi shaxstın` materiallıq ahwalı ha`m basqa itibarg`a alatug`ın halatlardı esapqa alıwları lazım.

Bunnan kelip shıg`ıp, ruwhıy zıyandı qaplaw mug`darın jetkizilgen mulkiy ha`m basqa materiallıq zıyandı o`ndiriw dawa talabının` qaplanıw ko`lemine qarap belgilew mumkin emes. Zıyandı qaplaw mug`darın belgilewde a`daladlılıq ha`m aqıllılıq talapları inabatqa alınıwı lazım.

Xızmetker menen miynet sha`rtnaması nızamg`a qarsı tiykarlarda biykar qılıng`an yaki bul juzesinen ornatılg`an ta`rtip buzılıwg`a jol qoyılg`an bolıp, lekin ka`rxana toqtat-ılıwı aqıbetinde xızmetkerdi jumısqa tiklew imkaniyatı bolmag`an halatda, sud miynet sha`rtnamasın biykar qılınıwın tuwrı emes dep tawıp, toqtatıw komissiyası yaki ka`rxananı toqtatıw haqqında qarar qılg`an organg`a, za`rur hallarda bolsa huqıqtı qabıl qılıwshıg`a ma`jburiy bos jurgen waqıt ushın og`an bir jıldan ko`p bolmag`an mudletke is haqı to`lew ma`jburiyatın jukleydi. Usı menen birge sud xızmetker menen miynet sha`rtnamasın Miynet kodeksinin` 100-stat`yası, 2-bo`limi 1-ba`nti boyınsha ka`rxananın` toqtatılıwı sebepli biykar qılıng`an dep tabıladı. Bunday xızmetker miynet qatnası menen beriletug`ın qosımsha materiallıq ja`rdem beriw kepilliginen paydalanadı.

Xızmetkerdi jumıstan shetletiw, yag`nıy nızamda na`zerde tutılg`an tiykarlar juz bergende xızmetkerdi miynet wazıypa-ların orınlawdan shetletip qoyıw jumıs beriwshi ta`repinen yaki wa`killikli ma`mleket organları qararları tiykarında a`melge asırılıwı mumkin.

Sonın` ishinde, Miynet kodeksinin` 113-stat`yasında ko`rsetilgeninshe:

Xızmetkerdi jumıstan shetlestiriwge, nızamda na`zerde tutılg`an jag`daylardan tısqarı jol qoyılmaydı.

Alkogollı ishimlikten, narkotik yaki taksik zat ta`sirinen ma`slik halatında jumısqa kelgen xızmetker usı kuni (smenada) jumısqa qoyılmaydı.

Xızmetker ma`jburiy meditsinalıq ko`rikten o`tiwden bas tawlag`an yaki o`tkizilgen tekseriwler na`tiyjesi boyınsha meditsinalıq komissiya usınısların orınlamag`an jag`dayda, jumıs beriwshi onı jumısqa qoymaslıqqa haqılı.

O`zbekstan Respublikası Jınayat protsessual kodeksinin` 255-stat`yasına ko`re: «Bunda ayıplanıwshı, sudlanıwshı o`z jumıs ornında qalsa, ol jınayat isi boyınsha haqıyqattı anıqlawg`a, jınayat aqıbetinde jetkizilgen zıyandı qaplawg`a tosqınlıq qıladı yaki jınayıy iskerligin dawam ettiredi dep esaplawg`a jeterli tiykarlar bolsa, sorastırıw, tergewshi, prokuror, sud onı lawazımınan shetlestiriw haqqında qarar yaki ajrim shıg`arıwg`a haqılı».

O`zbekstan Respublikası 1992-jıl 3-iyuldegi «Ma`mleket sanitariya qadag`alawı haqqında»g`ı Nızamı 27-stat`yası 3-ba`ntinde aytılg`anınsha, sanitariya qadag`alawın a`melge asırıwshı lawazımlı shaxs:

- qaysı basqarmag`a qaraslı bolıwınan ha`m mulkshilik formalarına qaramastan ka`rxanalar, mekemeler, sho`lkemler, birlespelerdin` baslıqlarınan ha`m bo`lek shaxslardan,

- sanitariya normaların, qag`ıydaların, epidemiyag`a qarsı ta`rtipti tolıq ra`wishte orınlamay atırg`an ha`m islep shıg`arıwdın` ha`mde orınlanıp atırg`an jumıslardın` qa`siyet-lerin esapqa alıp, juqpalı, parazitler keselliklerin tarqatıw qa`wpin tuwdıratug`ın shaxslardı jumıstan shetles-tiriwdi talap qılıwg`a haqılı .

Xızmetkerlerdi jumıstan shetletiwdin` basqa tiykarları da nızam hujjetlerinde na`zerde tutılg`an bolıwı mumkin. Xızmetkerdi jumıstan shetletiwine tiykar bolg`an halat sheshiliwi menen ol o`z wazıypasın orınlawg`a kirisedi ha`m og`an is haqı to`lew dawam etetdi.

Xızmetker jumıs beriwshinin` ayıbı menen nızamsız ra`wishte jumıstan shetlestirilgen hallarda xızmetkerge jumıs beriwshi ta`repinen jetkizilgen barlıq materiallıq ha`m ruwhıy zıyan miynet nızamshılıg`ında belgilengen ta`rtip ha`m de mug`darlarda qaplap beriledi.

Xızmetker sorastırıw, tergew, prokuratura yamasa sud organı ta`repinen, sanitariya qadag`alawı yaki basqa ma`mleket organı ta`repinen nızamsız ta`rizde jumıstan shetlestiriliwi sebepli og`an jetkizilgen materiallıq ha`m ruwhıy zıyan a`meldegi nızam hujjetlerine muwapıq tiyisli organ esabınan tolıq ko`lemde qaplap beriledi.

## Tema. Jumıs waqıtın huqıqıy ta`rtipke salıw.

**1. Jumıs waqıtı tusinigi ha`m a`hmiyeti.**
**2. Jumıs waqıtın normalastırıw.**
**3. Jumıs waqıtı turleri.**
**4. Jumıs waqıtı rejimi.**
**5. Jumıs waqıtın esapqa alıw.**
**6. Jumıs waqıtınan artıqsha islew ta`rtipleri.**

### 1. Jumıs waqıtı tusinigi ha`m a`hmiyeti.

Jumıs waqıtı miynet sha`rtnamasının` a`hmiyetli sha`rtlerinen biri. Jumıs waqıtın huqıqıy ta`repten ta`rtipke salıwdan go`zlegen tiykarg`ı maqset fiziologik normalardan artıqsha waqıt dawamında islew sebepli den sawlıg`ına zıyan jetiwine jol qoymaslıq, xızmetkerlerge dem alıwları, ruwxıy kamal tabıwları, balalar ta`rbiyası menen, sem`yalıq shınıg`ıwları menen shug`ıllanıwı ushın real imkaniyattı kepillestiriwden ibarat.

Jumıs waqıtı degende, kalendar` waqıttın` nızam menen belgilengen belgili bo`limi tusiniledi. Jumıs waqıtı nızam menen yaki onın` tiykarında belgilengen waqıt bolıp, bul waqıt dawamında xızmetker jumıs ta`rtibi yaki grafigine yamasa miynet ta`rtibi tiykarında belgilengen qag`ıydalarg`a muwapıq o`z miynet wazıypalarına mas ra`wishte xızmet minnetin orınlawı lazım.

«Jumıstın` dawam etiw muddetin ha`ptesine 40 saatg`a shekem qısqartıw haqqında»g`ı 1935-jılda qabıl etilgen 47 konventsiya ha`m «Haqı to`lenetug`ın jıllıq dem alıslar haqqında»g`ı 1936-jılda qabıl etilgen 52 konventsiya xalıq aralıq miynet sho`lkeminin` jumıs waqıtı ha`m de dem alıs waqıtı tarawındag`ı tiykarg`ı konventsiyaları bolıp, O`zbekstan Respublikası bul konventsiyalarg`a 1995-jılı qosılg`an.

Xızmetker jumıs ta`rtibi yaki grafigine yamasa miynet sha`rtnaması sha`rtlerine muwapıq o`z miynet wazıypaların orınlawı lazım bolg`an waqıt da jumıs waqıtı esaplanadı. Xızmetkerler jumıs waqıtı dawamında o`z miynet wazıypaların ka`rxananın` ishki miynet ta`rtibine a`mel qılg`an halda orınlawları lazım.

O`zbekstan Respublikası miynet kodeksinin` 116-stat`yasına ko`re:

- 18 jasqa tolmag`an shaxslar;
- I ha`m II topar mayıpları;
- qolaysız miynet sharayatlarındag`ı jumıslarda ba`nt bolg`an xızmetkerler;
- ayırım tuske iye bolg`an jumıslardag`ı xızmetkerler ha`m basqalar ushın bolsa miynetke to`lenetug`ın haqın kemeyttirmesten jumıs waqıtının` qısqartılg`an muddeti belgilenedi.

### 2. Jumıs waqıtı muddetin normalaw.

Jumıs waqıtı muddetin normalaw barlıq xızmetkerlerdin` jumıs waqıtı muddetin normalaw ma`mlekettin` tiyisli wa`killikli organları menen ka`siplik awqamları qatnasında a`melge asırıladı.

Jumıs waqıtının` uzınlıg`ı miynettin` en` a`hmiyetli sha`rtlerinen biri esaplanadı. Usıg`an ko`re jumıs waqıtının` en` ko`p mug`darı xızmetker menen jumıs beriwshi ma`plerin esapqa alg`an halda ma`mleket ta`repinen belgilep qoyıladı.

Joqarıda ko`rsetip o`tkenimizdey, nızam hujjetleri ha`ptenin` jumıs waqıtı norması muddetinin` shegarasın, ayırım jag`daylarda bolsa (jumıs waqıtının` normal muddeti ja`riya etilgen 5 kunlik yaki kunlik jumıs ha`ptesine, jumıs waqıtı ja`mlep esapqa alıng`anında) jumıs kunindegi jumıs waqıtı muddetinin` anıq normaları ja`riya etiledi.

Esapqa alınatug`ın belgili da`wirdegi jumıs waqıtı muddeti normasın esaplaw waqtında O`zbekstan Respublikası miynet ha`m xalıqtı sotsiallıq qorg`aw ministrligi menen O`zbekstan ka`siplik awqamları federatsiyası ken`esinin` 40 saatlıq jumıs wa`ptesin ja`riya etiw ha`m de jumıs waqıtı balansın esaplaw ta`rtibi haqqındag`ı 1993-jıl 13-dekabr`de qabıl etilgen 12-12 (12-05) 652-sanlı tusindiriwdin` miynet kodeksine qarsı bolmag`an bo`liminen paydalanıw kerek. Bul tusindiriw sog`an tiykarlanadı, jumıs waqıtı muddetinin` normasın ol yaki bul topardag`ı xızmetkerler ushın belgilengen saat esabındag`ı jumıs kuni muddetin 5 kunlik yaki 6 kunlik jumıs ha`ptesinin` esapqa alınatug`ın da`wirge tuwrı keletug`ın tiyisli jumıs kunleri sanına ko`beyttiriwi jolı menen anıqlanadı.

Miynet haqqındag`ı nızam hujjetleri jumıs waqıtının` kunlik, ha`ptelik ha`m jıllıq normaların belgileydi.

Ja`ma`a`t mulkine tiykarlang`an ka`rxanada isleytug`ın xızmetkerlerdin` jumıs waqıtı mulkdar ta`repinen belgilenedi. Isbilermenlikke tiykarlang`an ka`rxanalarda jallanıp isleytug`ın xızmetkerlerdin` jumıs waqıtı ta`replerdin` kelisimi menen belgilenedi.

Jumıs waqıtı muddetinin` normaları, jumıs beriwshi menen ka`siplik awqamı komiteti yaki xızmetkerler ortasında duzilgen pitimge ko`re o`zgertiliwi mumkin emes. Xızmetkerler ushın jumıs waqıtının` muddeti nızam menen belgilenedi.

Miynet kodeksi 115-stat`yasına muwapıq jumıs waqıtının` normal muddeti 40 saattan aspawı kerek. Bul norma, XMTnın` ha`m 47-sanlı konventsiyalarına tuwrı keledi. 40 saatlın` jumıs wa`ptesine 116-sanlı usınısnamada qaratılg`an.

Altı kunlik jumıs ha`ptesine nızam menen jumıs kuni ha`m jumıs ha`ptesinin` muddeti belgilep qoyılg`an. Bes kunlik jumıs ha`ptesinde jumıs kuninin` muddeti ka`rxana yaki mekeme a`melde bolg`an ishki miynet ta`rtibi qag`ıydaları menen belgilenedi. Bular jumıs waqıtının` rejimin sho`lkemlestiredi.

### 3. Jumıs waqıtının` turleri.

Bes kunlik ha`m altı kunlik jumıs ha`ptesi bar. Bes kunlik jumıs ha`ptesinde jumıs kuninin` uzınlıg`ı segiz saattan, altı kunlik jumıs ha`ptesinde bolsa jeti saattan, altınshı kun bolsa bes saattan artıq bolıwı mumkin emes.

A`meldegi miynet kodeksinde jumıs waqıtının` to`mendegi turleri na`zerde tutılg`an:

- Normal jumıs kuni;
- Qısqartılg`an jumıs kuni;
- Tolıq bolmag`an jumıs kuni;
- Bo`limlerge bo`lingen jumıs kuni.

Jumıs waqıtının` normal muddeti eki turge yag`nıy jumıs ha`ptesi ha`m normal jumıs kunine ajratılg`an.

1. Normal jumıs kuninin` xarakterli belgisi sonda, bunda jumıs waqıtı norması awır fizikalıq kush talap qılatug`ın isler ushın emes, ba`lki normal jumıs sharayatlar ushın ornatıladı. Kalendar` ha`pte ushın belgilengen jumıs waqıtı muddeti normal jumıs ha`ptesi deyiledi.

Normal jumıs kuni normal miynet sharayatında islewshi islep shıg`arıw xarakterine ko`re jumıs waqtı tarawında jen`illiklerden paydalanıw huqıqına iye bolmag`an xızmetker-lerge belgilenedi. Onın` ha`ptelik jumıs saatı 40 saattan ko`p bolıwı mumkin emes.

Jumıs smenası degende jumıs beriwshi ta`repinen xızmetkerler wa`killik organı menen kelisilgen halda ishki miynet ta`rtibi qag`ıydaları yaki smenalar almasıwı grafiginde belgilep qoyılatug`ın sutka dawamındag`ı jumıs waqtına aytıladı.

Ayırım topardag`ı xızmetkerler ushın qolay miynet sharayatın jaratıw usı menen bir qatarda islep shıg`arıwdın` zıyanlı ta`sirin kemeytiw maqsetinde qısqartılg`an jumıs waqtı norması belgilenedi (mısalı, zıyanlı miynet sharayatında islewshi shaxslar, aqıllı miynettin` ayırım turleri menen ba`nt bolg`an yaki islep shıg`arıwdan ajralmag`an halda bilim alıwshı shaxslar h.t.b.). Qısqartılg`an jumıs kuni degende, arnawlı normativ aktler tiykarında a`dettegiden bir qansha qısqaraq belgilengen jumıs kuni uzınlıg`ına aytıladı.

Qısqartılg`an jumıs kuni ha`m jumıs ha`ptesi miynet sharayatına yaki jumıstın` xarakterine, sonday-aq xızmetkerler kategoriyasına ko`re belgilenedi.

Miynettin` arnawlı xarakteri ha`m jumıs sharayatlarına ko`re:

a) zıyanlı miynet sharayatında islewshi xızmetkerler ushın (arnawlı dizim tiykarında) jumıs ha`pte norması 36 saat.

b) aqıllı miynet belgili turleri menen shug`ıllanıwshılar I-II topar mayıpları ha`m basqa ayırım shaxslar ushın da qısqartılg`an jumıs saat norması belgilep qoyılg`an.

Qısqartılg`an jumıs kuni ha`m jumıs ha`ptesi miynet sharayatına yaki jumıstın` xarakterine, sonday-aq xızmetkerler kategoriyasına qarap belgilenedi.

Miynettin` arnawlı xarakteri ha`m jumıs sharayatlarına ko`re:

1.

a) zıyanlı miynet sharayatında islewshi xızmetkerler ushın,

b) miynet sharayatın basqasha ta`rizde awır bolg`an xızmetkerlerge,

v) tungi smenalarda islewshi xızmetkerler ushın.

2.

a) 18 jasqa tolmag`an xızmetkerler,

b) aqıllı miynettin` ayırım turleri menen baylanıslı bolg`an xızmetkerler (oqıtıwshılar, vrachlar h.t.b.),

v) islep shıg`arıwdan ajıralmag`an halda bilim alıp atırg`an xızmetkerler ushın,

g) ma`mleket ka`rxanaları ha`m respublika ko`zi a`zziler ja`miyetinin` oqıw islep-shıg`arıw kombinatlarında islewshi I ha`m II gruppa invalidleri ushın,

d) jumıs kuni dawamında jumıs waqtı esapqa kiritiletug`ın qosımsha ta`nepisler beriletug`ın xızmetkerler ushın (juk artıw, tusiriw islerinde, suwıq ıqlım sharayatında islewshi xızmetkerler h.t.b.).

O`zbekstan Respublikası miynet kodeksinin` 217-stat`yasına ko`re miynet sharayatı zıyanlı bolg`an orınlarda islep turg`an xızmetkerler ushın ha`ptesine en` ko`bi menen 36 saatlıq jumıs kuni ornatılg`an.

Byudjetten ta`miynat alıwshı mekeme ha`m sho`lkemlerde islewshi xızmetkerler ha`m 3 jasqa tolmag`an perzentleri bolg`an hayallarg`a ha`ptesine 35 saattan artıq bolmag`an jumıs waqıtı belgilengen. Bul 1999-jıl 1-iyun`da kushke kirgen.

Miynet kodeksinin` 242-stat`yasına muwapıq 16 jastan 18 jasqa shekem bolg`an xızmetkerlerge ha`ptesine 36 saattan, 15 jastan 16 jasqa shekem bolg`an shaxslar (dem alıs da`wirinde islep atırg`an 14 jastan 16 jasqa shekem bolg`an oqıwshılar)g`a 24 saattan aspaytug`ın qılıp belgilengen.

Oqıw jılı dawamında oqıwdan bos waqıtlarda islep atırg`an oqıwshı jaslar ushın 18 saatlıq jumıs waqıtı norması belgilenedi.

Miynet sharayatları juda` awır bolg`an ka`sipler, tsexlar, lawazımlar ha`m ka`rxanalarda islewshi xızmetkerler ushın jumıs kuni 4-5 saatqa qısqartıladı.

O`zbekstan miynet kodeksinin` 228, 245-stat`yalarında tungi jumıslarg`a ayırım shaxyalardı tartıwdı sheklewge baylanıslı bolg`an ayırım qag`ıydalar bayan etilgen. Usı stat`yag`a muwapıq to`mendegi xızmetkerler tungi jumıslarg`a tartılmaydı:

a) ha`miledar hayallar, bala emiziwshi analar, 3 jasqa tolmag`an balası bolg`an hayallar,

b) tuberkulez keselliginin` aktiv forması menen awırg`an shaxslar,

v) 18 jasqa tolmag`an xızmetkerler tungi jumıslarg`a tartılıwları mumkin emes.

Mayıplar bolsa tungi jumıslarg`a tek o`zlerinin` razılıqları menen ha`m eger bunday jumıs olarg`a meditsinalıq usınısları menen qadag`an etilmegen bolsa g`ana, tartılıwı mumkin. I ha`m II topar mayıplarına miynetke haqı to`lew kemeyttirilmegen halda jumıs waqıtının` ha`ptesine 36 saattan aspaytug`ın qısqartılg`an muddeti belgilenedi. I ha`m II topar mayıplarına 30 kalendar` kunnen kem bolmag`an muddet penen jıllıq uzayttırılg`an tiykarg`ı dem alıs beriledi. Mayıplardı tungi waqıttag`ı jumıslarda, sonday-aq jumıs waqıtınan tısqarı jumıslarg`a ha`m dem alıs kunlerindegi jumıslarg`a tartıwg`a olardın` razılıg`ı menen g`ana, bunda olar ushın bunday jumıslar meditsinalıq usınıslarda qadag`an etilmegen bolsa, jol qoyıladı.

O`zbekstan Respublikası miynet kodeksinin` 122-stat`yasına ko`re tungi smenada islew deb keshqurın saat 22:00 den ertelep 6:00 ge shekem bolg`an waqıt dawamında islegen da`wir tusiniledi ha`m de jumıs waqıtı dawamında jumıs kuni uzınlıg`ı bir saatqa qısqartıladı.

O`zbekstan Respublikası miynet kodeksinin` 220-stat`yasına ko`re jumıs beriwshi belgilengen minimal jumıs orınları esabınan, jumıs orınlarına jumısqa jaylatsrıw ta`rtibinde jergilikli miynet organı ta`repinen jollang`an mayıplardı jumsqa qabıl qılıw sha`rt.

O`zbekstan Respublikası miynet kodeksinin` 119-stat`yasına ko`re tolıqsız jumıs waqıtı xızmetkerler menen jumıs beriwshi ortasında o`z-ara kelisimge ko`re xızmetkerdi jumısqa qabıl qılıw waqtında yaki keyinshelik tolıqsız jumıs waqıtı yaki tolıqsız jumıs ha`ptesi belgilenewi mumkin. Tolıqsız jumıs waqıtı tiykarınan to`mendegilerge belgileniwi mumkin:

- Pensionerlerge,
- Miynet qa`bileti pa`seygen shaxslarg`a,
- Jas balalı hayallarg`a,
- Qaramag`ında ta`rbiyalawg`a muta`j bolg`an kesel sem`ya ag`zaları bolg`an xızmetkerlerge.

Tolıqsız jumıs waqıtı qısqartılg`an jumıs waqıtınan sonın` menen parıq qıladı, tolıqsız jumıs waqıtı ushın is haqı a`melde orınlang`an jumısqa qarap to`lenedi. Xızmetkerdi tolıqsız jumıs waqtında islep atırg`anlıg`ı ka`rxana buyrıg`ı menen ra`smyilestiriledi. Tolıqsız jumıs waqtında islewshi xızmetkerler tolıq jumıs waqıtı dawamında islewshi xızmetkerler menen ten`dey huqıq ha`m den`illiklerden paydalanadı. Bunda, tolıqsız jumıs waqıtı belgilengenligi xızmetkerdin` jıllıq dem alısı mug`darına jumıs stajın esaplap shıg`ıw ha`m basqa huqıqlarg`a hesh qanday ta`sir qılmaydı. Tolıqsız jumıs waqıtında islegenlik haqqında xızmetkerdin` miynet da`ptershesinde ko`rsetilmeydi. Bul bolsa pensiya tayınlaw, napaqa belgilew, jumıs stajın esaplaw, is haqı stavkasın belgilew payıtında tolıqsız jumıs waqıtında islewshi xızmetkerler huqıqların shekleniwine jol qoymaslıg`ına sebep boladı.

**4. Jumıs waqıtı rejimi.**

Jumıs waqıtı rejimi jumıs waqıtı menen dem alıw waqıtın sutka yaki belgili kalendar` da`wir dawamında bo`listiriw ta`rtibi. Bul rejim jumıstın` baslanıw ha`m tamam bolıw waqıtın, ta`nepisler, smenalar waqıtı ha`m muddetin, smenalardın` almasıwı ta`rtibi ha`m basqalardı o`z ishine aladı.

Belgili mekemedegi jumıs waqıtının` konkret rejimi jumıs beriwshi ta`repinen ka`siplik awqamı menen kelisilgen halda yag`nıy lokal huqıqıy aktlerde ishki ta`rtibi qag`ıydalarına ha`m smenalar almasıwı grafiklerinde belgilep barıladı. Belgilengen jumıs waqıtı rejimine qatan` a`mel qılıw xızmetkerlerdin` tiykarg`ı minneti. Xızmetkerler o`z waqıtında jumıs keliw ha`m ketiw waqıtın esapqa alıwları, smena almasıwı grafiklerine a`mel qılıwları ha`m jumıs waqıtınan tek o`z miynet minnetlerin orınlaw ushın paydalanıwları lazım.

Ka`rxana, mekeme, sho`lkemlerde normal islew ushın jumıs waqıtı rejimin tuwrı sho`lkemlestiriw ha`m de nızamlarda ko`rsetilgen jumıs waqıtı rejimine qatan` a`mel qılıw menen shegaralanıp qalmastan, ba`lki en` jaqsı jumıs waqıtı rejimin tan`law kerek boladı. A`meldegi miynet nızamlarında jumıs ha`ptesi rejiminin` eki turi bar bolır, yag`nıy eki kun dem alınatug`ın bes kunlik jumıs ha`ptesi ha`m bir kunlik dem alatug`ın altı kunlik jumıs ha`ptesi belgilengen. O`zbekstan Respublikası miynet kodeksinin` 115-stat`yasına ko`re bes kunlik jumıs ha`ptesinde ha`r kungi jumıstın` muddeti 8 saattan, altı kunlik jumıs ha`ptesinde bolsa jumıstın` muddeti 7 saattan artıp ketpesligi lazım. Ka`rxanada jumıs waqıtın ja`mlep esapqa alıw ja`riya etilgen jag`dayda usı kodekstin` 123-stat`yasında na`zerde tutılg`an qag`ıydalar qollanıladı.

Mekemede belgilengen jumıs waqıtı rejimine a`mel qılınıwı ha`m onnan paydalanıwdı tekseriw jumıs beriwshi juwapkerligine juklengen, den sawlıqtı saqlaw mekemeleri xızmetkerlerinin` en` ratsional jumıs waqıtı rejimin tan`law bul mekemelerdin` o`z jumıs rejimi menen, sonday-aq, olar jumıs ko`rip atırg`an rayonda jaylasqan basqa ka`rxanalar, mekemeler ha`m sho`lkemlerdin` jumıs rejimi menen uzliksiz baylanısqan halda jumıs alıp barıw kerek.

O`zbekstan Respublikasında nızam menen belgilengen jumıs kuni muddeti ha`m ha`ptelik jumıs waqıtının` muddeti anıq ko`rsetip o`tilgen.

**5. Jumıs waqıtın esapqa alıw.**

Miynet haqqındag`ı nızam hujjetlerinde «jumıs waqıtın esapqa alıw» ataması eki turli ma`niste isletiledi.

Basqa ma`niste bul atama jumıs waqıtınan paydalanıw, yag`nıy jumıs waqıtının` ha`r qanday rejiminde xızmetkerlerdin` haqıyqattanda islegen saatların (kunlerin) esapqa alıw boyınsha tiyisli hujjetlerdin` arnawlı wa`killikli shaxslar ta`repinen juritiliwin na`zerde tutıwshı ilajdı sa`wlelendiriw maqsetinde isetiledi.

Jumıs waqıtın esapqa alıwdı to`mendegi turlerine ajıratıw a`det bolıp qalg`an:

- jumıs waqıtının` kunlik esabına tiykarlang`an turleri.

Jumıs waqıtı kunlik esapqa alınatug`ın jumıs rejimi onı qanday bo`listiriliwin na`zerde tutadı, bunda ha`r bir jumıs kuni ha`m ha`r bir jumıs ha`ptesi muddetli tiyisli topardag`ı xızmetkerler ushın nızam hujjetlerinde belgilep qoyılg`an jumıs muddeti norması shegarasınan artıp ketpesligi na`zerde tutılg`an.

- jumıs waqıtı ja`mlep esabı alınatug`ın turler bar.

Jumıs waqıtın ja`mlep, esapqa alıwdın` ma`nisi sonda, jumıs waqıtının` nızam hujjetlerinde na`zerde tutılg`an normasına kunbe-kun emes, ba`lki bir qansha uzag`ıraq waqıtta esapqa alınatug`ın da`wirde (ay, jıl sheregi, ma`wsim, jıl h.t.b.) a`mel etiliwi kerek.

Jumıs waqıtın esapqa alıwdı sho`lkemlestiriw tabelshiler ta`repinen belgilengen ta`rtipte alıp barıladı. Esap to`mendegi ta`rtipte alıp barıladı:

a) xızmetkerler jumısqa o`z waqıtında keliwleri, jumısqa kelmegenligi ha`m kesh kelgenligi,

b) xızmetkerler jumıs waqıtında o`z orınlarında bolıwı, sonday-aq, tuski awqatlanıwg`a o`z waqıtında barıp waqıtında keliwleri,

v) smena tamam bolg`annan keyin jumıstan o`z waqıtında ketiwleri - haqıyqıy islegen waqıtı.

Jumıs baslanıwdan burın ha`r bir xızmetker usı ka`rxanada ornatılg`an ta`rtipte jumısqa kelgenligi haqqında ha`m jumıs waqıtı tamam bolg`annan keyin ketkenligi haqqında belgi qoyıwı kerek, esapqa alıw ornında saat bolıwı kerek.

Ta`jiriybe ko`z-qarasınan alıp qaralg`anda jumıs waqıtın` eki turi bar:

1. Kunler boyınsha. 2. Aylar boyınsha esapqa alıwda xızmetker ta`repinen islegen jumıs kuni norması ko`zde tutıladı. Jumıs waqıtın esapqa alıw ta`rtibi sho`lkemlerdegi ishki miynet ta`rtibi qag`ıydalarına tiykar miynet ha`m xalıqtı sotsiallıq qorg`aw ministrligi, O`zbekstan Respublikası finans ministrligi ta`repinen «Islep shıg`arıw ha`m qurılıslarda miynet ha`m is haqını esapqa alıw haqqında»g`ı qararlar tiykarında alıp barıladı.

Eger ka`rxana altı kunlik jumıs ha`ptesinde de, bes kunlik jumıs ha`ptesinde de islemesten ol jerde jumıs ush smenada sho`lkemlestirilse yaki uzliksiz islep shıg`arıw protsessi dawam etse, bunday jag`dayda jumıs waqıtı rejiminin` ayırım turi jumıs waqıtın ja`mlegen halda esapqa alıw ta`rtibi ja`riya etiledi. Bunday jumıs rejimi menen isleytug`ın ka`rxanalarda jumıs kuni yaki jumıs ha`ptesi uzınlıg`ı nızam menen belgilengen jumıs waqıtı uzınlıg`ınan parıq qılıwı mumkin. Jumıs waqıtı ja`mlengen halda esapqa alınatug`ın ka`rxanalarda xızmetkerlerdin` bir jumıs kuni yaki ha`ptesinde artıqsha islegen waqıtı keyingi kuni yaki ha`ptede kem isleniw menen, kem islegen waqıtın bolsa keyinshelik artıqsha islegeni menen qaplanıp ketedi.

Jumıs waqıtın esapqa alıw degende, xızmetkerdi miynet minnetlemesin orınlaw ushın ka`rxanada bolg`an waqıtın nızamda na`zerde tutılg`an hujjetlerde sa`wlelendiriwi na`zerde tutıladı. Ha`r bir xızmetkerdin` islemegen ha`m islegen waqıtın anıq esapqa alıw ha`m jumıs waqıtı rejimine xızmetkerler ta`repinen a`mel qılınıwın qadag`alawg`a, olardı tiykarsız jumıs waqıtınan artıqsha islewlerinin` aldın alıwg`a ja`rdem beredi. Jumıs waqıtının` anıq esapqa alıw ma`selesi ha`kimshilik tapsırmasına muwapıq masterler, tabelshiler ha`m basqa shaxslar ta`repinen belgilengen ta`rtipte alıp barıladı.

Ka`rxana haqqındag`ı nızamqa tiykar ha`kimshilik ka`siplik awqamı komiteti razılıg`ı menen jumıs kuninin` normal muddetin belgilew mumkin bolmag`an ayırım islep shıg`arıw tsexları, uchastka ha`m bo`lim xızmetkerleri ushın jumıs waqıtın ulıwma esapqa alıw huqıqı berilgen.

**6. Jumıs waqıtınan artıqsha islew ta`rtipleri.**

Belgili, nızamda belgilengen normal muddetten, jumıs waqıtınan artıq orınlanatug`ın jumıslar na`zerde tutıladı. Belgilengen jumıs waqıtı degende ha`m nızam menen, ha`m nızamlarg`a muwapıq qılıp ka`rxana, mekemelerdin` ishki miynet ta`rtibi qag`ıydaları yaki smenalar grafikleri menen belgilengen jumıs waqıtı muddeti tusiniledi. Sonın` ushın nızamlarda basqa jag`daylar ko`rsetilgen bolsa, tek g`ana jumıs kuni yaki jumıs ha`ptesi muddetinen artıqsha islew ba`lki jumıs smenasınan artıqsha islew de jumıs waqıtınan artıq orınlanatug`ın jumıslar dep esaplanadı.

Jumıs waqıtınan artıqsha islew dep nızam menen belgilengen jumıs waqıtınan artıqsha islewge aytıladı. Ha`rekettegi miynet nızamlarına muwapıq jumıs waqıtınan artıq islewge a`dette jol qoyılmaydı.

O`zbekstan Respublikası miynet kodeksinin` 124-stat`yasına muwapıq ha`kimshilik kg`siplik awqam komitetinin` ruqsatın alıp tek to`mendegi ayırım jag`daylarda g`ana jumıs waqıtınan artıqsha islete alıwı mumkin:

1. Ma`mleket qorg`awı ushın za`rur islerdi orınlaw, ta`biyiy apat ha`m islep shıg`arıw avariyasının` aldın alıw yaki toqtatıw yamasa olardın` aqıbetlerin da`rhal sheshiw ushın;

2. Suw ta`miynatı, gaz ta`miynatı, ısıtıw, jaqtılıq, kanalizatsiya, transport, pochta, telegraf ha`m telefon baylanısları boyınsha ja`miyet ushın za`rur islerdi orınlaw, olardın` tuwrı islep turıwın buzatug`ın tosattan yaki kutilmegen jag`daylardın` aldın alıw;

3. Baslang`an jumıstı aqırına jetkiziw za`rurligi tuwılg`anda, bunda bul islep shıg`arıwdın` texnikalıq sharayatlarına ko`re tosattan yaki kutilmegen halda toqtatıp qalg`anlıg`ı na`tiyjesinde normal jumıs saatları dawamında ma`mleket yaki ja`ma`a`t mulki nabıt bolsa yaki buzılsa;

4. Mexanizm ha`m qurılmalardı remont qılıw yaki tiklew ushın jumıslar qılıng`anda, bunda mexanizm ha`m qurılmalardın` buzılıwı bir qansha xızmetkerlerdin` toqtap qalıwına sebep bolsa;

5. Jumıstı toqtatıp bolmaytug`ın ka`rxanalarda, jumısqa kelmegen smenashının` ornında islew ushın. Bunday jag`daylarda ha`kimshilik da`rhal smenashını basqa xızmetker menen almastırıw sharaların ko`redi.

O`zbekstan Respublikası miynet kodeksinin` 125-stat`yasına muwapıq xızmetkerler qatarına eki kun dawamında jumıs waqıtınan artıqsha jumıslarg`a tartılsa, olardın` ulıwma muddeti 4 saattan asıp ketpewi kerek, bir jıl dawamında bolsa ha`r bir xızmetker jumıs waqıtınan artıqsha jumıslarg`a 120 saattan aspag`an muddetke tartılıwı mumkin.

O`zbekstan Respublikası miynet kodeksinin` 228-stat`yasına muwapıq to`mendegiler jumıs waqıtınan artıqsha jumıslarg`a tartılıwı mumkin emes:

- Ha`miledar hayallar, bala emiziwshi analar, sonday-aq bir jasqa tolmag`an balası bar hayallar, bir jastan segiz jasqa shekem balası bar hayallar ha`m mayıplar o`z razılıqları menen g`ana jumıs waqıtınan tısqarı orınlanatug`ın jumıslarg`a tartılıwları mumkin, lekin mayıplarg`a bunday jumıs meditsina usınısları menen qadag`an etilmegen bolıwı kerek;
- 18 jasqa tolmag`an xızmetkerler;
- Aktiv fopmadag`ı tuberkulez keselligi menen awırg`an xızmetkerler;
- A`meldegi nızamlarg`a muwapıq basqa topardag`ı xızmetkerler.

Tiykarg`ı jumıs waqıtınan artıqsha isleniwi na`wbetshilikten parıq qılıwı kerek. Na`wbetshilikke tartılg`an xızmetker o`z miynet minnetlerin emes, ba`lki ha`kimshiliktin` jazba ra`wishte bergen pa`rmanı menen onın` juwapkerligine juklengen ayırım minnetlerin orınlaydı. Na`wbetshilik xızmetker jumıs waqıtı tamam bolg`annan keyin, ha`m de dem alıs ha`m bayram kunlerinde tartılıwı mumkin. Na`wbetshilikke tartılıwına tek g`ana ayırım jag`daylarda g`ana ka`siplik awqamı komitetinin` razılıg`ı bolg`an jag`dayda g`ana jol qoyılıwı mumkin.

Eger xızmetker dem alıs yaki bayram kunleri na`wbetshilikke tartılg`an bolsa, og`an jaqın 10 kun ishinde na`wbetshilikke ten` bolg`an basqa dem alıs kuni beriledi. Ayırım kategoriyadag`ı xızmetkerlerdin` na`wbetshilikke tartılıwın qadag`an etiwshi arnawlı nızam joq. Lekin praktikag`a ko`re tiykarg`ı jumıs waqıtınan artıqsha islewge tartılmaytug`ın xızmetkerler na`wbetshilikke tartılmaydı.

O`zbekstan Respublikası miynet kodeksinin` 228-stat`yasına ko`re 14 jasqa shekem balası bolg`an hayallardın` na`wbetshilikke tartılıwı maqsetke muwapıq emes dep tabıldı. Na`wbetshilikke tartılg`an xızmetkerden ha`kimshilik tek o`z pa`rmayıshında ko`rsetilgen belgili jumıslardı orınlawdı g`ana talap qılıwg`a haqılı.

Jumıs waqıtı haqqındag`ı nızamlardı buzg`anlıg`ı ushın juwapkershilik bolsa jumıs waqıtı haqqındag`ı nızamlarg`a qarsı ra`wishte is tutıw miynet intizamın buzıwdın` bir turi esaplanadı. Sonın` ushın miynet o`nimdarlıg`ının` o`siwine qarsılıq beriwshi jumıs rejimin buzıwshı shaxslar miynet intizamın buzg`anlıq ushın juwapkershilikke tartıladı. Nızamshılıqta bunday xızmetkerlerge baylanıslı qollanılatug`ın shara-ilajlar ko`rsetip o`tilgen, yag`nıy intizamıy, materiallıq, ha`kimshilik juwapkershilik belgilengen. Bunnan tısqarı ja`ma`a`t ta`siri sharaları ha`m basqa sharalardı qollaw da ko`zde tutılg`an. Konkret ta`sir sharaları O`zbekstan Respublikası miynet kodeksinin` 181, 182, 183 ha`m 184-stat`yalarında intizamıy juwapkershilik belgilengen (181-stat`ya intizamıy jazalar, 182-intizamı jazalardı qollanıw ta`rtibi, 183-intizamıy jazanın` a`mel qılıw muddeti, 184-intizamıy jaza ustinen shag`ım etiw). Ka`rxanalarda miynet intizamı tuwrıdan tuwrı ka`rxana miynet ja`ma`a`ti ta`repinen tastıyıqlanatug`ın ishki miynet ta`rtip qag`ıydalarına tiykar ta`rtipke salınadı.

O`zbekstan Respublikası miynet kodeksinin` 180-stat`yasının` 4-ba`ntine ko`re intizamıy jaza a`mel qılıp turg`an muddet dawamında (183-stat`ya) xızmetkerge baylanıslı xoshametlew sharaları qollanılmaydı. Intizamıy qosımsha jaza sıpatında xoshametti 50 protsentke kemeyttiriw ko`zde tutılıwı mumkin. Intizamıy juwapkerlik sharaları sebepsiz jumıs ornında jumıs kuni dawamında bolmag`an xızmetkerlerge baylanıslı da qollanıladı.

Joqarıda aytılg`an sharalardan tısqarı ja`ne intizamıy esaplang`an qosımsha sharalar qollanılıwı mumkin. Bular: jıllıq dem alısının` muddetin ko`shiriw, sanatoriya, dem alıw uylerine beriletug`ın jen`illikli putevkalardan ayırıw sıyaqlılardı o`z ishine aladı.

## Tema. Dem alıs waqtı.

**1. O`zbekstan Respublikasında jumısshılardın` dem alıw huqıqları tusinigi ha`m a`hmiyeti.**
**2. O`zbekstan Respublikasında jumısshılardın` dem alıw waqtı turleri ha`m olardı huqıqıy ta`rtipke salıw.**
**4. Jıllıq miynet dem alısları tusinigi ha`m beriliw ta`rtibi.**
**5. Jumısshılarg`a beriletug`ın sotsiallıq dem alısları tusinigi ha`m onın` beriliw ta`rtibi.**

### 1. O`zbekstan Respublikasında jumısshılardın` dem alıw huqıqları tusinigi ha`m a`hmiyeti.

Xalıq aralıq huqıqıy hujjetlerde ha`m O`zbekstan Respublikasının` nızam hujjetlerinde dem alıw huqıqına, onı a`melge asırıwg`a qaratılg`an kepilliklerdi bekkemlewde itibar berilgen.

Insan huqıqları Ulıwma Dun`ya juzilik Dekleratsiyasının` 24-stat`yasında ko`rsetilgenindey, ha`r bir insan dem alıw ha`m bos waqıt huqıqına, sonın` ishinde, is waqtın aqılg`a ug`ras qısqarttırıw ha`m de haqı to`lenetug`ın da`wirlik otpuska alıw huqıqına iye. Ulıwma dun`ya juzilik Dekleratsiyasının` mine usı qag`ıydası ekonomikalıq-sotsiallıq ha`m ma`deniy huqıqlar haqqındag`ı xalıq aralıq faktte, xalıq aralıq miynet sho`lkeminin` bir qansha konventsiyalarında ha`m de basqa bir qansha a`hmiyetli xalıq aralıq hujjetlerde ja`ne de rawajlandırıladı.

Dem alıw huqıqı O`zbekstan Respublikası Konstitutsiyasının` 38-stat`yasında, miynet kodeksinde ha`m basqa bir qansha nızam hujjetlerimizde bekkemlenip berilgen.

Dem alıw huqıqı puqaralardın` en` a`hmiyetli konstitutsiyalıq huqıqlarınan bolıp, bul huqıqtı a`melde ta`miynleniwi ayırım shaxs, shan`araq ha`m ja`miyet rawajı ushın juda` ulken a`hmiyetke iye - usı sebepli miynet haqqındag`ı hujjetler xızmetkerlerdin` dem alıw huqıqlarının` a`melge asırılıwına ulken a`hmiyet beredi, jumıs beriwshi juwapkerligine dem alıw huqıqınan a`melde tolıq paydalanıw ushın za`rur sharayatlar jaratıw ma`jburiyatın jukleydi.

Dem alıw waqtı dep - jumısshı miynet wazıypaların orınlawdan bos bolg`an ha`m bunnan ol o`z ıqtıyarına ko`re paydalanıwı mumkin bolg`an waqıt tusiniledi.

Barlıq jumısshılarg`a dem alıw kunleri (ha`r ha`ptelik uzliksiz dem alıw) beriledi. Bes kunlik is ha`ptesinde jumısshılarg`a ha`ptesine eki dem alıw kuni, altı kunlik is ha`ptesine bolsa bir dem alıw kuni beriledi. Ulıwma dem alıw kuni qala kun bolıp tabıladı.

Xalıq aralıq huqıqta ha`zirgi kunde eki konventsiya a`melde bolıp, yag`nıy dem alıw waqtın ta`rtipke salıwshı 52 ha`m 132 konventsiyası bar .

A`meliyatı ta`repinen na`zerimizde, en` salmaqlı bolg`an to`mendegi tiykarg`ı jan`alıqlarg`a toqtalıp o`temiz.

1. En` birinshi, ulıwma turge iye bolg`an, yag`nıy dem alıw haqtın huqıqıy ta`repten ta`rtipke salıwdın` barlıq ma`selelerine tiyisli o`zgerislerdi aytıp o`tiw lazım.

2. Miynet kodeksi burıng`ı a`melde bolg`an miynet nızamlarınan parıqlı ra`wishte jumıs baslag`anınan keyin qanshay waqıt dem alıw ha`m awqatlanıw ushın ta`nepis beriw kerekligin belgilep bermeydi. Ha`m de ta`nepistin` en` uzaq muddetin sheklep qoymag`an.

3. Belgili, burın ka`rxana xızmetkerlerine jumıs kuni dawamında na`zerde tutılg`an ta`nepislerdin` o`zin g`ana ja`riya etiw mumkin edi. Jan`a miynet kodeksin 127-stat`yası 4-bo`limine muwapıq jumıs payıtında nızam hujjetlerinde na`zerde tutılmag`an basqa ta`nepisler beriw sha`rti, ka`rxananın` lokal normativ hujjetlerinde belgilep qoyıw mumkin.

Sonday-aq O`zbekstan Respublikası jan`a 1995-jıl 21-dekabr`degi qabıl etilgen Miynet kodeksinde joqarıdag`ını tastıyıqlap to`mendegilerdi ko`rsetiw mumkin. Yag`nıy 127-stat`yasında ta`riyplengeninshe. Bul stat`ya Jumıs kuni dawamındag`ı ta`nepisler dep ataladı.

Bunda, «Xızmetkerge jumıs kuni (smena) dawamında dem alıw ha`m awqatlanıw ushın ta`nepis beriliwi kerek, bul ta`nepis jumıs waqtına kiritilmeydi.

Ta`nepis beriw waqtı ha`m onın` anıq muddeti ishki miynet ta`rtibi qag`ıydalarına, smena grafiklerinde yaki xızmetker menen jumıs beriwshi ortasındag`ı kelisimge muwapıq belgilep qoyıladı.

Islep shıg`arıw sharayatına ko`re dem alıw ha`m awqatlanıw ushın ta`nepis beriw mumkin bolmag`an jumıslarda jumıs beriwshi xızmetkerge jumıs waqtında awqatlanıp alıw imkaniyatın ta`miynlewi sha`rt. Bunday jumıslardın` dizimi, awqatlanıw ta`rtibi ha`m ornı ishki miynet ta`rtibi qag`ıydalarında belgilep qoyıladı.

Miynet haqqındag`ı nızamlar ha`m basqa normativ hujjetler menen jumıs kuni (smena) dawamında basqa ta`nepisler de belgilep qoyılıwı mumkin» dep ko`rsetilgen.

4. Miynet kodeksi kundelik dem alıw waqtının` a`dettegiden basqasha yag`nıy en` kem muddetin (keminde 12 saat) belgilep beredi. Bul O`zbekstan Respublikası Miynet kodeksinin` 128-stat`yasında, «Jumıstın` tamam bolıwı menen keyingi kuni (smenada) jumıs baslanıwı ortasındag`ı kundelik dem alıw waqtının` muddeti on eki saattan kem bolıwı mumkin emes» dep atap ko`rsetilgen.

Sonı aytıp o`tiw orınlı, ha`zir a`mel qılıp turg`an Miynet kodeksi kundelik dem alıwdın` bul muddeti ha`r bir xızmetkerge jumıs kuni dawamında dem alıw ha`m awqatlanıw ushın paydalang`an ta`nepis waqtın inabatqa almag`an halda beriliwin talap qıladı.

Sonday-aq bunı tastıyıqlaw retinde, jumısshılardın` dem alıs huqıqların qorg`aw retinde, jumısshılarg`a jaqsı jumıs sharayatın jaratıp beriw maqsetinde Konstitutsiyamızdın` 38-stat`yasında «Jallanıp islep atırg`an barlıq puqaralar dem alıw huqıqına iye» dep ha`m ko`rsetip o`tilgen.

5. Burın a`melde bolg`an miynet nızamları kodeksi ha`ptelik dem alıstın` minimal muddetin saat esabında belgilep qoyg`an edi. (Yag`nıy bul 42 saat).

6. Miynet kodeksi xızmetkerlerdin` kundelik ha`m ha`ptelik dem alıwdın` paydalanıwdag`ı kepilliklerin bir qansha asırdı. Ha`zigi waqıtta xızmetker o`zine belgilep berilgen is kuni muddeti tamam bolg`anınan keyin o`zi razı bolmasa, onı ha`r qanday halatta da jumısqa tartıw mumkin emes. Bunnan tısqarı xızmetkerlerdi dem alıw ha`m bayram kunlerindegi jumıslarg`a tartıwdın` jan`a ta`rtibi bekkemlenip berildi, sonday-aq jumıslardı orınlawda qosımsha sheklewler na`zerde tutıldı.

7. Miynet kodeksi xızmetkerge is haqını saqlag`an halda jumıstan azat etip qoyılatug`ın kunler beriwi sha`rt bolg`an halatlar dizimin bir qansha ken`eyttirdi.

8. Belgili, burın orındaslıq tiykarında islewshilerdin` birazı haqı to`lenetug`ın miynet dem alısı huqıqınan payda-lanbaytug`ın edi. Ma`wsimlik jumıslarda ba`nt bolg`an ha`m eki ayg`a shekem bolg`an muddetge miynet sha`rtnamasın duzgen shaxslar bunday huqıqtan tısqarı edi. Miynet kodeksi

bunday sheklewlerdi biykar etti. Jumıs beriwshi menen miynet sha`rtnaması duzgen ha`r bir xızmetker sha`rtnamanın` a`mel qılıw muddetine qaramastan, endi jıllıq haqı to`lenetug`ın miynet dem alısı huqıqına iye.

9. Uzayttırılg`an dem alıs alıw huqıqınan paydalanıwshı shaxslar shegarası ken`eydi. Bunda, endi uzayttırılg`an dem alıs (30 kalendar` kun) ha`r jılı mayıplar miynetinen paydalanıwg`a arnawlı bag`darlang`an ka`rxanalarda (bo`limlerde) g`ana emes, ba`lki ulıwma islep atırg`an I ha`m II topar mayıplarına beriletug`ın boladı.

10. Miynet kodeksi birinshi bar qarjıları bolg`an ka`rxanalarg`a nızam hujjetlerinde na`zerde tutılg`an uzayttırıl-g`an ha`m qosımsha dem alıslar muddetin sha`rtnamalıq hujjetler menen ko`beyttiriwge bunday dem alıslardı ka`rxananın` basqa xızmetkerleri ushın da belgilengen, sonday-aq, xızmetkerlerge qosımsha dem alıslardın` basqa ta`rlerin beriw haqqında nızamlar islep shıg`ıwg`a imkaniyat beredi.

11. Kodekste birinshi ma`rte awır ha`m qolaysız ta`biiy-ıqlım sha`rtlerindegi jumıs ushın xızmetkerlerge qosımsha dem alıs beriw na`zerde tutılg`an.

12. Qolaysız miynet sha`rtlerindegi jumıs ushın jıllıq dem alıslar muddetin belgilewdin` miynet sha`rtleri boyınsha jumıs orınların attestatsiyalaw na`tiyjelerine tiykarlang`an jan`a ta`rtibi belgilendi.

13. Miynet kodeksi jıllıq tiykarg`ı ha`m qosımsha dem alıslardı ja`mlew ta`rtibin bir qansha o`zgertti. Endi barlıq qosımsha dem alıslar tiykarg`ı minimal dem alıs penen (15 jumıs kuni) yaki tiykarg`ı uzayttırılg`an dem alıs penen ja`mleniwi lazım.

14. Ha`zirgi waqıtta miynet dem alısların ja`mlewde tek bir sheklew na`zerde tutılg`an, yag`nıy bunday dem alıslardın` ulıwma muddeti 48 jumıs kuninen asıp ketiwi mumkin emes.

15. Miynet dem alısların beriw ha`m bul dem alıslardan paydalanıw ta`rtibine bir qansha o`zgerisler kiritildi. Jumısqa kirgen xızmetker jumıstın` birinshi jılı ushın dem alıstan paydalanıw huqıqı burın a`mel qılg`an nızam hujjetlerinde na`zerde tutılg`anınday on bir ay emes, endi altı ay o`tkennen keyin juzege keledi.

16. Ilimiy tiykarg`ı dem alıs huqıqın beriwshi jumıs stajın esaplap shıg`ıw ta`rtibi o`zgerdi. Endi bul stajg`a nızam hujjetleri menen belgilep qoyılg`an da`wirden tısqarı taraw kelisimleri, ja`ma`a`t sha`rtnaması ka`rxananın` basqa lokal normativ hujjetlerinde, sonday-aq, miynet sha`rtnaması sha`rtlerinde na`zerde tutılıwı mumkin bolg`an basqa da`wirlerde kiritiliwi mumkin.

17. Miynet dem alısın kelesi jumıs jılına ko`shiriw ta`rtibide bir qansha o`zgerdi: bunın` ushın burın bolg`anınday ka`siplik awqamları komitetinin` razılıg`ı talap etilmeydi: xızmetkerdin` razılıg`ı menen dem alıstın` on eki jumıs kuninen artıq bolg`an bo`legi (burınları dem alıstın` ha`mmesi) keyingi jumıs jıllıg`ına ko`shiriliwi: xızmetkerdin` razılıg`ı bolg`an jag`dayda da a`meldegi ta`rtipke ko`re endi er jetpegenler ushın belgilengen uzayttırılg`an dem alıslardı, sonday-aq, miynet sharayatı qolaysız ha`m o`zine ta`n bolg`an jumıslar ushın beriletug`ın jıllıq qosımsha dem alıslardı ko`shiriwge jol qoyılmaydı.

18. Miynet kodeksi dem alıs jazg`ı yaki olar ushın qolay bolg`an basqa waqıtta beriliwi lazım bolg`an xızmetkerler shegarasın bir qansha ken`eyttirdi. Bunda islep atırg`an er adamlarg`a jıllıq miynet dem alısların birinshi ma`rte olardın` qa`lewlerine muwapıq hayallarının` ha`miledarlıq ha`m tuwıw dem alısı da`wirinde beriw ko`zde tutıldı. Bunnan tısqarı ha`zirgi waqıtta nızam hujjetlerinde na`zerde tutılg`an miynet dem alısınan o`zleri ushın qolay waqıtta faydalanıw huqıqına iye bolg`an xızmetkerler shegarası sha`rtnamalıq hujjetler menen toltırılıwı da mumkin.

19. Kodeks, eger xızmetker dem alısının` baslanıw waqıtı haqqında o`z waqtında xabardar qılmag`an yaki og`an dem alıs baslang`ang`a shekem dem alıs da`wiri ushın haqı to`lenbegen bolsa dem alıstı basqa waqıtqa ko`shiriw talap qılıw huqıqın xızmetker ushın bekkemlep beriw ta`rizindegi kepillikti birinshi ma`rte belgilep qoydı.

20. Burın miynet nızamları kodeksinen parıqlı ra`wishte miynet kodeksinde dem alıstı bo`limlerge bo`liw ta`rtibi qag`ıydası ta`rtipke salındı, ha`m de xızmetkerlerge dem alıstı bo`limlerge bo`liwde beriletug`ın kepilliklerdi (dem alıstı xızmetkerdin` qa`lewine ko`re onın` jazba arzası tiykarında bo`limlerge bo`liwge jol qoyılıwı mumkinligi, dem alıstın` bil bo`limi 12 jumıs kuninen kem bolmaslıg`ı ha`m usı sıyaqlılar) bekkemlep berdi.

21. Kodekste xızmetkerdi dem alıstan shaqırıp alıw ta`rtibi de birinshi ta`rtipke salındı.

22. Dem alıstın` belgili bo`legin (15 jumıs kuninen artıq bo`legin) pullı kompensatsiya bo`lew menen almastırıw imkaniyatı bekkemlenip berildi. Bunday kompensatsiya burın miynet nızamları kodeksinde na`zerde tutılg`an xızmetker menen duzilgen miynet sha`rtnaması biykar etilgeninde g`ana emes, ba`lki xızmetkerdin` qa`lewine ko`re, eger ta`repler tiyisli kelisimge erisken bolsa, jumıs da`wirinde de to`leniwi mumkin.

23. Xızmetker menen duzilgen miynet sha`rtnaması biykar etilgen jag`dayda onın` miynet dem alısınan tiykarg`ı halında paydalanıwı mumkinligi birinshi ret na`zerde tutılg`an bolıp, onnan paydalanıw ta`rtibin de birinshi ret ta`rtipke salındı.

24. Is haqı saqlanbag`an halda ha`m de beriletug`ın dem alıs muddetin anıqlawdın` jan`a ta`rtibi belgilenedi. Miynet kodeksi 150-stat`yasının` birinshi bo`limine muwapıq ha`zirgi waqıtta muddeti burın bolg`anınday nızam hujjetleri menen belgilep qoyılmaydı, ba`lki xızmetker menen jumıs beriwshi ortasındag`ı kelisimge muwapıq belgilenedi.

O`zbekstan Respublikası Miynet kodeksinin` 150-stat`yası «Is haqı saqlanbag`an halda beriletug`ın dem alıslar» dep atalıp, bunda,

«Xızmetkerdin` arzasına muwapıq og`an is haqı saqlanbag`an halda dem alıs beriliwi mumkin, onın` muddeti xızmetker menen jumıs beriwshi ortasındag`ı kelisimge muwapıq belgilenedi.

To`mendegi xızmetkerlerge olardın` qa`lewine ko`re, is haqı saqlanbag`an halda anıq ta`rtipte dem alıs beriledi:

1941-1945-jıllardag`ı urıs qatnasıwshılarına ha`m jen`illikleri ta`repinen olarg`a ten`lestirilgen shaxslarg`a - ha`r jılı on to`rt kalendar` kunge shekem;

islep atırg`an I ha`m II topar mayıplarına - ha`r jılı on to`rt kalendar` kunge shekem;

eki jastan ush jasqa shekem bolg`an balasın ta`rbiyalap atırg`an hayallarg`a;

on eki jasqa tolmag`an eki ha`m onnan artıq balanı ta`rbiyalap atırg`an hayallarg`a - ha`r jılı on to`rt kalendar` kunge shekem;

miynet haqqındag`ı nızamlar ha`m basqa normativ hujjet-lerde, sonday-aq miynet sha`rtnaması sha`rtlerinde na`zerde tutılg`an basqa jag`daylar» dep ko`rsetilgen.

Is haqı saqlanbag`an halda eki jastan ush jasqa shekem balanı ta`rbiyalap atırg`an hayallarg`a dem alıs beriw ta`rtibi Miynet kodeksinin` 234-stat`yasında ko`rsetilgen bolıp, bunda «Ha`miledarlıq ha`m tuwıw dem alısı tamam bolg`annan keyin hayaldın` qa`lewine ko`re, og`an balası eki jasqa tolg`ang`a shekem balanı ta`rbiyalaw ushın dem alıs berilip, bul da`wirde nızam hujjetlerinde belgilengen ta`rtipte napaqa to`lenedi.

Hayalg`a, onın` qa`lewine ko`re, ush jasqa tolg`ang`a shekem balanı ta`rbiyalaw ushın is haqı saqlanbaytug`ın qosımsha dem alısta beriledi.

Balanı ta`rbiyalaw ushın beriletug`ın dem alıslardan balanın` atası, kempir apası, atası yaki balanı a`melde ta`rbiyalap atırg`an basqa qarındasları da tolıq yaki onı bo`limlerge bo`lip paydalanıwları mumkin.

Hayal yaki usı stat`yanın` ushinshi bo`liminde ko`rsetilgen shaxslar o`z qa`lewlerine ko`re, balanı ta`rbiyalaw dem alısı da`wirinde tolıq bolmag`an is waqtı rejiminde yaki jumıs beriwshi menen kelisip, uyde islewleri mumkin. Bunda olardın` napaqa alıw huqıqları saqlanıp qaladı.

Balanı ta`rbiyalaw dem alısları da`wirinde hayaldın` is jayı (lawazımı) saqlanadı. Bul dem alıslar miynet stajına, sonın` ishinde qa`niygeligi boyınsha is stajına da qosıladı.

Balanı ta`rbiyalaw dem alıslarının` waqtı, bunda ja`ma`a`t sha`rtnamasında, ka`rxananın` basqa lokal hujjetinde yamasa miynet sha`rtnamasında o`zgeshe jag`day na`zerde tutılmag`an bolsa, keyingi haqı to`lenetug`ın jıllıq dem alıw huqıqın beretug`ın is stajına qosılmaydı» dep aytılg`an.

Bul pitkeriw jumısımızda joqarıda, on eki jasqa tolmag`an eki ha`m onnan artıq balanı ta`rbiyalap atırg`an hayallarg`a - ha`r jılı on to`rt kalendar` kunge shekem is haqı saqlanbag`an halda dem alıs beriledi dep ko`rsettik. Bul O`zbekstan Respublikası Miynet kodeksinin` 232-stat`yasında o`z bekkemleniwin tapqan. Bul stat`yada, «On eki jasqa tolmag`an eki ha`m onnan artıq balası yaki on altı jasqa tolmag`an mayıp balası bar hayallarg`a ha`r jılı ush kunnen kem bolmag`an muddet menen haqı to`lenetug`ın qosımsha dem alıs beriledi.

On eki jasqa tolmag`an eki ha`m onnan artıq balası yaki on altı jasqa tolmag`an mayıp balası bar hayallarg`a olardın` qa`lewine ko`re, ha`r jılı on to`rt kalendar` kunnen kem bolmag`an muddet penen is haqı saqlanbag`an halda dem alıs beriledi. Bunday dem alıs jıllıq dem alısqa qosıp beriliwi yaki jumıs beriwshi menen kelisip belgilenetug`ın da`wirde onnan bo`lek (tolıq yaki bo`limlerge bo`lip) paydalanıwı mumkin» dep ko`rsetilgen.

25. Miynet kodeksi xızmetkerge onın` qa`lewine ko`re is haqı saqlanbag`an halda tolıq ta`rtipte dem alıs beriliwi kerek bolg`an jag`daylardı na`zerde tutıwdan tısqarı ka`rxanalarg`a bunday halatlardı sha`rtnamalıq hujjetlerde sha`rt qılıp qoyıw imkaniyatın da beredi.

26. Kodekste sotsiallıq dem alıslarg`a bo`lek orın berilgen bolıp, arnawlı stat`ya usı ma`selege bag`ıshlang`an.

Bunday dem alıslardan belgilengen maqsette paydalanıw za`rur ekenliginen kelip shıg`ıp olardı pullı kompensatsiya menen almastırıwg`a jol qoyılmaslıg`ı belgilep berildi.

Dem alıwdın` tiykarg`ı maqseti xızmetkerlerdin` miynet islew protsessinde sarıplang`an fizikalıq ha`m aqlıy quwatların qaytadan tiklep alıw imkaniyatın beredi ha`m aqlıy ha`m ruwhıy ta`repten kamal tabıwlarına ko`meklesedi.

Bazar ekonomikası sharayatında xızmetkerlerge dem alıw ushın barlıq sharayatlardı jaratıp beriw ma`selesi ma`mleket aldındag`ı tiykarg`ı ma`sele bolıp esaplanadı. O`zbekstan Respublikasında dem alıw mumkin bolg`an zonalardı jan`alaw ha`m olar sanın ko`beyttiriw, olardın` jasaw orınların

rekonstruktsiyalaw, qayta qurıw isleri g`a`rezsizligimizdin` da`slepki kunlerinen-aq itibarg`a alıng`an. O`zbekstan Respublikasında 100 den artıq dem alıw zonaları bolıp, olarda millionlap puqaralar o`z dem alısların shıg`armaqta ha`m den sawlıqların bekkemlemekte. Bunday ma`mleket ta`repinen islenip atırg`an g`amxorlıq, insan ushın qanshalıq mehribanlıq ko`rsetilip atırg`anlıg`ınan da`lalat beredi. O`zbekstan Respublikası miynet nızamshılıg`ında dem alıw huqıqı bo`lek orın tutadı. Sebebi xızmetker o`z miynetinen son` normal dem alıwı xızmetkerge kush g`ayrat bag`ıshlaydı. Usı ko`z-qarastan ha`r bir O`zbekstan Respublikası puqarası joqarıda ko`rsetip o`tilgen dem alıwdın` ha`r qanday turinen paydalanıwı huqıqına iye. Bunday kepillik O`zbekstan Respublikası Konstitutsiyasının` 38-stat`yasında o`z sa`wleleniwin tapqan. Yag`nıy, «jallanıp islep atırg`an barlıq puqaralar dem alıw huqıqına iye. Is waqtı ha`m haqı tn`lenetug`ın miynet dem alısının` muddeti nızam menen belgilenedi» dep ko`rsetilgen.

Miynet kodeksinin` 126-stat`yasında ko`rsetilgeninshe dem alıw waqtı dep xızmetker miynet wazıypaların orınlawdan bos bolg`an ha`m bunnan ol o`z ıqtıyarına paydalanıwı ha`m miynet minnetlemeleri menen baylanıslı bolmag`an bos waqıt na`zerde tutıladı. Bunday waqıttan xızmetker qanday jumıslardı a`melge asırılıwı o`z ıqtıyarına ko`re paydalanadı. Insan turmısı ha`m sikerligi normal ketiwi ushın jumıs waqtı menen dem alıs waqtı almasılıp turıwı lazım. Dem alıw waqtında xızmetker basqa huqıqlardı a`melge asırıwdan azat etilmeydi. Sonın` ishinde, ma`mleket wazıypaların orınlawdan, sudta ma`sla`ha`tshi bolıp qatnasıwdan, oqıw protsessin o`tkiziwden, a`skeriy xızmet boyınsha berilgen tapsırmanı orınlawdan, guwalıq beriwden, meditsina ko`riginen o`tkiziwden ha`m uy-ruzger jumısların orınlawdan azat etilmeydi.

Ha`zirgi kunde xızmetkerlerge o`nimli miynetten son` ma`deniy dem alıs shıg`arıwg`a ha`m dem alıwg`a ken` imkaniyatlar jaratıp berilgen. Dem alıw huqıqı puqaralardın` konstitutsiya-lıq huqıqları arasında o`zinin` a`hmiyeti menen g`ana emes, ba`lki xarakteri menen de bo`lek orındı iyeleydi.

### 2. O`zbekstan Respublikasında jumısshılardın` dem alıw waqtı turleri ha`m olardı huqıqıy ta`rtipke salıw.

Dem alıw  waqtın huqıqıy ta`repten ta`rtipke salıw barısındag`ı o`zgerislerdin` birazı miynetke baylanıslı qatnasıqlardı huqıqıy ta`repten ta`rtipke salıwdı miynet kodeksindegi jan`a modeli tiykarı bolıp jumısshı menen jumıs beriwshige ko`p g`ana ma`selelerdi, sonın` ishinde burın oraylastırılg`an ta`rtipte salıp kelingen ma`selelerdi o`z-ara ma`plerin inabatqa alg`an halda g`a`rezsiz sheshiw imkaniyatı berildi.

Miynet nızamshılıg`ında dem alıw waqtına bolg`an huqıq bekkemleniwi menen bir waqıtta onın` real ra`wishte a`melge asırıw sharaları ko`riledi, dem alıw waqtınan maqsetke muwapıq ha`m de tuwrı paydalanıw ha`m ha`r bir O`zbekstan  puqarasının` erki bolıp tabıladı.

Xalıq baxıtı jolında ha`m de jumısshılardın` normal dem alıwı ushın g`arxorlıq qılıwda O`zbekstan Respublikası Prezidenti I.A.Karimovtın` siyasatı ha`m putin a`meliy iskerligi joqarı maqseti bolıp keldi, ha`zir de usınday ha`m keleside de usınday bolıp qaladı.

Dem alıw huqıqı O`zbekstan Respublikasının` Konstitutsiyasında, miynet haqqındag`ı nızamshılıqta, O`zbekstan Respublikası miynet kodeksinde ha`m basqa normativ hujjetlerinde ko`zde tutılg`an.

Mısalı, O`zbekstan Respublikasının` konstitutsiyasında jumısshılardın` dem alıw huqıqların huqıqıy qorg`aw boyınsha 38-stat`yada bekkemlenip o`tilgen.

O`zbekstan Respublikası Miynet kodeksinde bolsa jumısshılardın` dem alıs huqıqlarına arnawlı bap ajıratılg`an. Bul Miynet kodeksinin` VIII babı bolıp 126-stat`yadan baslanıp 152-stat`yag`a shekem dawam etedi.

Tiykarınan O`zbekstan Respublikasında miynet tuwralı nızam hujjetlerinin` wazıypaları jumısshılar, jumıs beriwshiler, ma`mleket ma`plerin itibarg`a alg`an halda, miynet bazarının` na`tiyjeli a`mel qılınıwı, haq niyetli ha`m qa`wipsiz miynet sha`rt-sharayatları, jumısshılardın` miynet huqıqları ha`m den sawlıg`ın qorg`awdı ta`miynlew, miyne o`nimdarlıg`ının` o`siwi, jumıs sıpatı jaqsılanıwına, sonın` tiykarında barlıq xalıqtın` materiallıq ha`m ma`deniy turmıs da`rejesi ko`terili-wine ko`meklesiwden ibarat.

Mısalı, O`zbekstan Respublikası Konstitutsiyasının` 38-stat`yasında ko`rsetilgeninshe dem alıw huqıqı jumısshılardın` sub`ektiv huqıqları qatarına kiritilgen. Bul insan huqıqlarının` jekke huqıqları, sonın` ishinde ekonomikalıq ha`m sotsiallıq huqıqları qatarına kiredi.

Dem alıw waqtına iye bolıw menen birge onnan aqılg`a ug`ras paydalanıw da a`hmiyetli bolıp tabıladı. Bizin` respublikamızdın` adamlarının` dem alıwg`a ha`m ha`r ta`repleme kamal tabıwı ushın barlıq sharayatlardı ha`m jen`illiklerdi jaratpaqta.

Xızmetkerler turmısı parawanlıg`ın asırıw, miynet sharayatların ha`r ta`repleme jaqsılaw ha`m jen`illestiriw, dem alıwdı tuwrı jolg`a qoyıw, dem alıw waqıtların ja`ne de ken`eyt-tirip barıw,

miynetkeshlerdin` normal dem alıwı ushın ha`r bir ka`rxana, mekeme, sho`lkemlerde qolay sharayatlar jaratıp beriw ma`selesine ulken itibar berilmeyte. Miynet islew ha`m dem alıw bir putin na`rse dep qaraw kerek, ulıwma ta`rtipte islegen jumısshı jaqsı dem alıw imkaniyatına iye bolsa usı menen bir qatarda dem alıw rejimi tuwrı bolsa, miynet islewin tolıq-tırmaydı.

Jaqsı dem alıw ushın sistemalı, izbe-iz ha`m aktiv halda dem alıwdı ratsional ta`rizde sho`lkemlestirmegi lazım. Dem alıw waqıtların ja`ne de ken`eyttirip barıw miynetkeshlerdin` normal dem alıwları ushın jumıs beriwshilerge qolay sharayatlar jaratıp beriw ma`selesine bo`lek itibar qaratılmag`ı lazım. Bunın` ushın barlıq imkaniyatlar iske salınbaqta.

Dem alıs waqtı teması ushın birinshi na`wbette dem alıwdın` turlerine bo`lek itibar qaratıw talap qılınadı, bul bolsa miynet nızamshılıg`ında dem alıwdın` qanday turleri bar ekenligin bizge ja`ne bir bar esletip o`tedi. Bular o`zinin` dawamlılıg`ı ha`m da`wirliligi menen bir-birinen ajralıp turadı. Biz bilemiz dem alıs waqıtları tek xızmetkerdin` ka`rxana, mekeme, sho`lkemlerde jumıs baslag`annan keyin g`ana to`mendegi dem alıw waqıtlarınan paydalanıw imkaniyatına iye boladı.

Jumısshılardın` dem alıwına baylanıslı sub`ektiv huqıqı jumıs beriwshinin` nızamda belgilengen waqıtta jumısshını jumıstan azat etiw ma`jburiyatına tuwrı keledi. Dem alıwdın` to`mendegi turleri bar:

- Awqatlanıw ha` dem alıw ushın jumıs kuni (jumıs smenası) dawaında beriletug`ın ta`nepis,
- Jumıs kunleri (smena) dawamındag`ı ta`nepisler,
- Ha`ptelik dem alıs,
- Bayram kunlerindegi dem alıs,
- Jıllıq miynet dem alısları,
- Ha`r jılg`ı qosımsha dem alıslar.

Ka`rxana xızmetkerleri to`mendegi sotsiallıq dem alıslardı alıw huqıqınan paydalanadı:

- Ha`miledarlıq ha`m tuwıw dem alısları,
- Balalardı ta`rbiyalaw dem alısları,
- Oqıw menen baylanıslı dem alıslar,
- Do`retiwshilik dem alıslar.

Xızmetkerdin` iltimasına ko`re og`an is haqı saqlanbag`an halda beriliwi mumkin, onın` muddeti xızmetker menen jumıs beriwshi ortasındag`ı kelisimge muwapıq belgilenedi.

Xızmetkerlerge dem alıs ha`m awqatlanıw ushın ko`bi menen eki saat ta`nepis beriledi. Bul ta`nepis is waqtına kirmeydi. Ta`nepis jumıs baslang`anınan son` uzag`ı menen to`rt saattan keyin beriledi. Ha`r bir ka`rxana awqatlanıw ushın beriletug`ın ta`nepisti o`z ishki miynet qag`ıydaları tiykarında belgileydi.

Ta`nepis waqtında xızmetkerler waqıtların jumıs orınlarında yaki basqa orınlarda o`tkiziwleri mumkin. Tek ta`nepis tamam bolıwı menen o`z wazıypaların orınlaw ushın jumıs jaylarında bolıwları sha`rt.

Jumıstın` qa`siyetine ko`re ta`nepis beriw mumkin bolmag`an orınlarda xızmetkerlerge jumıs waqtı dawamında awqatlanıp alıw ushın imkaniyat beriliwi lazım.

Xızmetkerlerge ha`r kungi dem alıs jumıs kuni dawamında, sonday-aq, jumıstan keyingi waqıtta da beriledi. Dem alıs ha`m awqatlanıw ushın beriletug`ın ta`nepistin` muddetin ha`r bir ka`rxana ishki miynet ta`rtibi qag`ıydalarında, miynet grafik-lerinde yaki xızmetker menen jumıs beriwshi ortasındag`ı kelisimge muwapıq belgilep qoyıladı. Bul ta`nepis jumıs waqtına kirmeydi.

Miynet nızamlarında ulıwma dem alıw kuni qılıp qala kuni belgilengen. Bes kunlik is ha`ptesi sharayatında eki dem alıw kuni beriledi. Bul eger nızamlarda ja`riya etilmegen bolsa, smenalar grafigi menen belgilenedi. Dem alıs kunlerinde islew. sonday-aq dem alıs kunin basqa waqıtqa ko`shiriw nızam menen qadag`an etiledi. Ayırım jag`daylarda nızamlarda belgilengen sheklewler esapqa alıng`an halda da dem alıs kunleri jumısqa tartıwg`a jol qoyılıwı mumkin. Xızmetkerdin` dem alıw kuninde jumısqa tartıw ka`rxana, mekeme, sho`lkemnin` jazba bwyrıg`ı tiykarında a`melge asırıladı.

Negizinen «dem alıs kunlerinde isletiw qadag`an etiledi. Jumıs beriwshinin` bwyrıg`ı boyınsha ayırım xızmetkerlerdi dem alıs kunleri jumısqa tartıwg`a ayırım jag`daylarda g`ana, - jumıs beriwshi ta`repinen ka`siplik awqamı komiteti yaki xızmetkerlerdin` basqa wa`killik organı menen kelisip belgilengen tiykarlar boyınsha ha`m ta`rtipte jol qoyıladı».

«Is waqtınan tısqarı jumıslar, dem alıs kunleri ha`m bayram kunlerindegi jumıslar ushın keminde eki ese mug`darda haqı to`lenedi. To`lenetug`ın haqının` anıq mug`darı ja`ma`a`t sha`rtnamasında, eger ol duzilmegen bolsa, - jumıs beriwshi ta`repinen ka`siplik awqamı komiteti yaki xızmetkerlerdin` basqa wa`killik organı menen kelisip belgilenedi.

Bayram yaki dem alıs kunindegi jumıs xızmetkerdin` qa`lewine qarap basqa dem alıs kuni (otgul) beriw menen qaplanıwı mumkin. Xızmetkerdin` iltimasına muwapıq jumıs waqtınan tısqarı is ushın belgilengen is waqtınan tısqarı orınlang`an jumıs saatlarına ten` keletug`ın mug`darda otgul beriliwi de mumkin. Bayram yaki dem alıs kunindegi is yamasa is waqtınan tısqarı orınlang`an is

ushın basqa dem alıs kuni berilgen jag`dayda, bunday jumıslar ushın keminde bir ese mug`darda miynet haqı to`lenedi».

Almasıp (smenalı) isleytug`ın jumısshılarg`a grafik tiykarında dem alıs kunleri ajıratıladı. Ulıwma barlıq xızmetkerler ushın ha`ptelik dem alıs waqtı 42 saattan kem bolmaslıg`ı lazım.

Dem alıs kunleri iske tartıw qadag`an etiledi. Tek ayırım jag`daylarda, isti toqtatıp bolmaytug`ın sharayatlarda dem alıs kuni da ma`jburiy isletiledi. Bunday turlerdegi isler qatarına to`mendegiler kiredi:

1. sotsiallıq yaki ta`biyiy apattın`, islep shıg`arıw avariyasının` aldın alıw yaki toqtatıw yamasa olardın` aqıbetlerin da`rhal sheshiw ushın qılınatug`ın isler;

2. baxıtsız ha`diyselerdin`, ma`mleket yaki ja`ma`a`t mulki nabıt bolıwı yaki buzılıwının` aldın alıw ushın qılına-tug`ın isler;

3. ulıwma ka`rxana, mekeme, sho`lkemnin` yaki olardın` ayırım bo`limlerinin` bunnan keyin normal islewi maqsetinde za`rur bolg`an ha`m toqtatılmag`an isler.

Dem alıs kunleri ha`miledar hayallardı, sonday-aq, ush jasqa tolmag`an balası bar hayallardı, 18 jasqa tolmag`anlardı islewge qoyıw qadag`an etiledi.

Dem alıs kunlerinde islegen xızmetkerge basqa dem alıs kuni beriw sha`rt yaki onın` miynet barabar mug`darda pul to`lew jolı menen qaplanıwı mumkin. Basqa dem alıw imkanı bolmasa, dem alıs kuninde islegen xızmetkerge eki barabar mug`darda haqı to`lenedi.

Dem alıs kunlerinen tısqarı bayram kunleri de jumıs kuni esaplanbaydı.

Bayram kunleri ulıwma dem alıs kunleri esaplang`anlıg`ı sebepli bul kunlerde ayırım jag`daylardan tısqarı jumısqa tartıw mumkin emes.

To`mendegiler bayram kunleri esaplanadı:

1. 1-yanvar` - Jan`a jıl;
2. 8-mart - hayal qızlar kuni;
3. 21-mart - nawrız bayramı;
4. 9-may - eslew ha`m qa`dirlew kuni;
5. 1-sentyabr` - g`a`rezsizlik kuni;
6. 1-oktyabr` - oqıtıwshı ha`m ta`rbiyashılar kuni;
7. 8-dekabr` - Konstitutsiya kuni;
8. Oraza hayit diniy bayramının` birinshi kuni;
9. Qurban hayitının` birinshi kuni.

Bul joqarıdag`ı bayram kunleri O`zbekstan Respublikası Miynet kodeksi menen bekkemlenip berilgen. Yag`nıy kodekstin` 131-stat`yasında bul bayram kunleri o`z ko`rinisin tapqan.

Ayırım jag`daylarda islep shıg`arıw texnika sharayatına ko`re isti toqtatıp turıw mumkin bolmaytug`ın ka`rxanalarda, xalıqqa xızmet ko`rsetiw lazım bolg`an islerde, keshiktirip bolmaytug`ın remont juk artıw, juk tusiriw islerinde bayram kunlerinde islewge jol qoyıladı. Xızmetkerdin` qa`lewine ko`re bayram kunlerinde islegenlik ushın og`an basqa dem alıs kuni beriliwi mumkin. Ayırım ka`rxanalarda dem alıs ha`m bayram kunlerinde sonday-aq jumıs tamam bolg`annan keyin na`wbetshilik sho`lkemlestiriw mumkin, bunda a`lbette ka`siplik awqam komitetinin` razılıg`ı bolıwı kerek. Bunday na`wbetshilik jaqın on kun ishinde na`wbetshilik qılg`anı ushın dem alıs kuni beriw menen kompensatsiya qılınadı. Eger xızmetker jumıs kuni yaki jumıs smenası tamam bolg`annan son` na`wbetshilik qılg`an bolsa, onıq ertesi kuni jumısqa shıg`ıw waqtı bir qansha arqag`a suriledi.

## 3. Jıllıq miynet dem alısları tusinigi ha`m beriliw ta`rtibi.

Miynet dem alısları haqqında O`zbekstan Respublikası Konstitutsiyasının` 38-stat`yasında, O`zbekstan Respublikası Miynet kodeksinin` 8-bap, 133-152-stat`yalarında ko`rsetip o`tilgen.

Barlıq xızmetkerlerge, sonın` ishinde orındaslıq tiykarında islep atırg`an xızmetkerlerge, dem alıw ha`m jumıs qa`biletin tiklew ushın jumıs ornı (lawazımı) ha`m ortasha is haqı saqlang`an halda jıllıq miynet dem alısları beriledi.

Xızmetkerlerge on bes jumıs kuninen kem bolmag`an muddet penen jıllıq tiykarg`ı dem alıs beriledi.

Miynet dem alısı waqtının` usınday belgili bir da`wirin sho`lkemlestirip onın` muddeti nızam hujjetlerinde belgilep qoyılg`anınan kem bolmaydı ha`m ha`r bir xızmetkerge ha`r jılı uzliksiz dem alıs ha`m de miynet qa`biletin tiklew ushın jumıs ornı (lawazımı) ha`m ortasha is haqı saqlang`an halda ha`r jılı beriledi.

O`zbekstan Respublikasında ekonomikalıq reformalardı teren`lestiriwdi a`melge asırıw menen birge a`meldegi tiykarg`ı nızamımız bolatug`ın Konstitutsiyada belgilep qoyılg`an kepilliklerden biri dem alıw huqıqı bolıp tabıladı. Bul jerde xızmetkerlerge is haqı tolıq halda to`leniwi menen dem alıs beriledi.

Dem alıw huqıqı puqaralardın` en` a`hmiyetli konstitutsiya-lıq huqıqlarının` biri bolıp esaplanadı.

Dem alıs beriw waqtı ha`m na`wbeti dem alıslar rejesi menen belgilenedi. Ol jumıs beriwshi menen ka`siplik awqamı komiteti kelisken halda sol jıldın` 1-yanvarınan keshiktirmey duziledi. Jumıstın` birinshi jılında dem alıs uzliksiz altı ay islegennen keyin beriledi. Xızmetkerlerdin` belgili topar-larındag`ıg`a g`ana dem alıs altı ay o`tpesten beriliwi mumkin.

Miynet dem alısın sotsiallıq dem alıslar ha`mde is haqı saqlanbag`an ahlda beriletug`ın dem alıslardan ajıratıp biliw kerek.

Barlıq miynet dem alısların belgilengen ta`rtipke qarap to`mendegi toparlarg`a ajıratıw mumkin:

- nızam hujjetlerinde na`zerte tutılg`an dem alıslar,

- ja`ma`a`t kelisimlerinde, sonday-aq ja`ma`a`t sha`rtnamalar-ında na`zerde tutılg`an dem alıslar,

- miynet sha`rtnamasında na`zerde tutılg`an dem alıslar.

Dem alıstın` belgilew ta`rtibinin` anıq tayın etiliwi onın` muddetin tuwrı esaplaw, dem alıs ushın haqı qaysı qarjılardan to`leniwin anıqlaw, dem alıs beriwge sarıplanatug`ın pul qarjılarınan salıq alıw ma`selelerine anıqlıq kiritiw. Bir qansha basqa ma`selelerdi tuwrı sheshiw imkaniyatın beredi.

Miynet sha`rtnaması tiykarında islep atırg`anlardın` ha`mmesi muddeti 15 jumıs kuninen kem bolmag`an tiykarg`ı miynet dem alısın ha`r jılı alıw huqıqına iye.

Xızmetkerler normal dem alıwı ushın dem alıs zonaların ken`eyttiriw olardın` sharayatın jag`sılaw talap qılınadı. Jıllıq miynet dem alısı xızmetkerlerge ha`r jılı beriliwi na`zerde tutılıp, olar usı waqıtlarda o`zinin` kundelik miynet ma`jburiyatların orınlawdan azat etilgen da`wir na`zerde tutıladı. Xızmetkerlerge nızam boyınsha dem alıstan o`zlerinin` qa`lewlerinshe paydalanıwları mumkin. Bul waqıtta xızmetker basqa huqıqların a`melge asırıwdan azat etilmeydi. Sonın` ishinde, ma`mleket wazıypaların orınlawdan, sudta ma`sla`ha`tshi bolıp qatnasıwdan, oqıw protsessin o`tkiziwden, a`skeriy xızmet minnetin orınlawdan, uy-ruzg`ar jumısların orınlawdan.

Jıllıq miynet dem alısları barlıq jumısshılarg`a, sonın` ishinde orındaslıq tiykarında islep atırg`an jumısshılarg`a, da beriledi - jumısshılarg`a jumıs qa`biletin qayta tiklew ushın jumıs ornı (lawazımı) ha`m ortasha is haqı saqlang`an halda jıllıq miynet dem alısları beriledi. Jıllıq tiykarg`ı dem alıs xızmetkerdin` tiykarg`ı jumıs ornınan beriledi.

Jıllıq miynet dem alısları miynet nızamları, ka`rxana, mekeme, sho`lkemlerdin` ishki miynet ta`rtibi qag`ıydaları boyınsha jumısshılarg`a to`mendegishe ta`rtipte beriledi:

- «Sudlar haqqında»g`ı O`zbekstan Respublikası Nızamının` 75-stat`yasına muwapıq a`meldegi sud dizimine tiyisli sud`yalarg`a muddeti 36 jumıs kuninen,

- «O`zbekstan Respublikasının` konstitutsiyalıq sudı haqqında»g`ı O`zbekstan Respublikası nızamının` 31-stat`yasına ko`re Konstitutsiyalıq sudtın` sud`yalarına da 36 jumıs kuninen, - «Prokuratura haqqında»g`ı O`zbekstan Respublikası nızamının` 52-stat`yasının` ushinshi bo`limine muwapıq prokuratura tergew xızmetkerlerinin` uzayttırılg`an tiykarg`ı dem alısı muddeti 30 kundi sho`lkemlestiredi. Bul xızmetkerler is stajı ushın qosımsha dem alıs alıw huqıqına iye.

- ma`mleketlik organlardın` xızmetshisine 24 jumıs kuninen,

- joqarı oqıw orınları, qa`niygeligin asırıw institutlarının` oqıtıwshılarına muddeti 48 jumıs kuninen, bunday bilim ha`kimshilik ha`m oqıw ilimiy bo`limleri xızmetkerlerine (rektorlar, direktorlar, ulardın` ilmiy ha`m oqıw isleri boyınsha orınbasarları, ilimiy-izertlew bo`limleri baslıqları, aspirantura, studentlerdin` islep shıg`arıw praktikası basshıları, qa`niygeler, ulken ilimiy xızmetkerler, laborantlarg`a) muddeti 24 jumıs kuninen,

- oqıw orınlarının` rektorları (direktorları), olardın` oqıw ha`m ilimiy isler boyınsha orınbasarları, fakul`tettin` dekanları, bo`limler baslıqları, ilimiy bo`limler baslıqları, aspirantura ha`m studentlerdin` islep shıg`arıw praktikası basshıları, sonday-aq ilimiy sekretarlar o`zlerinin` tiykarg`ı jumısları menen bir qatarda usı oqıw ornında jıllıq normanın` keminde 3-ten bir mug`darında sabaq berip atırg`an bolsa, olardın` jıllıq dem alısı muddeti 48 jumıs kuninen uzayttırıladı,

- mektep, pedagogika bilim orınlarının` direktorları (baslıqları) ilimiy bilim baslıqları, oqıtıwshılar, mug`allimler, a`skeriy basshılar ha`m mektep inspektorları, kuni uzayttırılg`an mektepler, mektep-internat ta`rbiyashılarına muddeti 48 jumıs kuninen ibarat dem alıslar beriledi.

Ayırım rejimdegi mekteplerdin` ta`rbiyashılarına muddeti 48 jumıs kuninen,

- balalar baqshalarının` baslıqları, ta`rbiyashılarına, do`gerek basshılarına, muzıka xızmetkerlerine muddeti 36 jumıs kuninen ibarat dem alıs beriledi.

- balalar uyleri ha`m de ayırım rejimdegi balalar baqshası xızmetkerlerine, direktorları (baslıqları) olardın` oqıw-ta`rbiya isleri boyınsha orınbasarları, oqıtıwshıları, ta`rbiyashıları, do`gerek basshıları, muzıka xızmetkerleri, miynet, bilim ko`rsetpelerin esitiw kabinetinin` isshilerine 48 jumıs

kuninen; bo`limler, ustaxanalar baslıqları, fel`dsherler, meditsina xızmetkerleri, evakuatorlar (ta`rbiyashı ha`m de kiyim-kenshek, jataq quralların beriwshi xızmetker-lerge) 24 jumıs kuninen,

- pedagogika ha`m mektepke shekemgi ta`rbiya-praktika kabinetlerinin` baslıqları metodistleri ha`m basqa xızmetker-lerine 36 jumıs kuninen ibarat dem alıs beriledi.

Mektepten tısqarı balalar mekemelerindegi direktorlarg`a 24 jumıs kuninen, usı mekemelerdegi do`gerek baslıqlarına bolsa 36 jumıs kuninen,

- massalıq ma`deniy-ruwhıy mekemlerinin` ayırım xızmetkerlerine (direktorlar, baslıqlar, ekskursiya jetekshi-leri, ma`sla`ha`tshiler, ko`rkem ha`weskerler basshıları, massalıq ilajlar sho`lkemlestiriwshilerine) 24 jumıs kuninen,

- mektepke shekemgi ta`rbiya balalar mekemeleri ha`m balalar uylerinde 3 jasqa tolmag`an balalar ta`rbiyası menen shug`ıl-lanıwshı meditsina xızmetkerleri ha`m de yasli toparları ta`rbiya-shılarına 26 jumıs kuninen ibarat dem alıs beriledi,

- oqıtıwshılar qa`niygeligin asırıw institutlarının` direktorları, olardın` oqıw isleri boyınsha orınbasarları (ilimiy basshılar), kabient baslıqları ha`m metodistlerge 36 jumıs kuninen ibarat dem alıs beriledi,

- dawalaw profilaktika mekemelerinin` pedagog xızmetker-leri, ta`rbiyashı metodistlerge, miynet inspektorlarına, ruwhıy kesellikler, ruwhıy-nevralogik kesellikler, tuberkulez kesel-likleri, tuberkulezge qarsı gures, juqpalı kesellikler mekeme-lerindegi, esitiw ha`m so`ylewde nuqsanı bolg`an balalar oraylıq nerv dizimi, jaraqatlang`an ha`m aqılı kemis balalar mekeme-lerindegi muzıka basshılarına 48 jumıs kuninen ibarat, basqa mekemeler yaki olardın` bo`limlerindegi usınday qa`niygelerge 36 jumıs kuninen,

- miynet boyınsha xızmetkerlerge 24 jumıs kuninen ibarat dem alıs, usınday pedagogika mekemelerinin` oqıw isleri baslıqları, sonday-aq, mektepke shekemgi jastag`ı balalar dawalaw-profilaktika mekemelerindegi pedagogika (oqıw isleri) baslıqlarına 48 jumıs kuninen,

- mektepke shekemgi jastag`ı balalar dawalaw-profilaktika mekemelerinde bolsa 36 jumıs kuninen, logopedlar, surdo-pedagoglar, oqıtıwshılarg`a 48 jumıs kuninen, oblast`, ulke ha`m respublika emlewxanalarının` sho`lkemlesken-metodik bo`lim-lerindegi metodistlerge 36 jumıs kuninen.

moto arba aydawdı uyretiwshi xızmetkerlerge 24 jumıs kuninen ibarat dem alıs beriledi.

- balalar-jas o`spirimler, sport mekteplerinin` shtatlı trener-oqıtıwshılarına 36 jumıs kuninen ibarat dem alıs beriledi,

- O`zbekstan Respublikası Ilimler Akademiyasının` ilimiy-izertlew, ilimiy muzey, ilimiy-ma`deniy ha`m ilimiy kitapxanashılıq dizimi O`zbekstan Respublikası Ministrler Kabineti ta`repinen belgilep qoyılatug`ın basqa ilimiy mekemelerdin` ayırım xızmetkerlerine, bas ha`m ulken kitapxanashılarg`a, bas ha`m ulken bibliograflarg`a, ulken redaktorlarg`a, bunda olarda ilim doktorı ilimiy da`rejesi bolsa, muddeti 48 jumıs kuninen; ha`m de ilim kandidatı ilimiy da`rejesi bolsa 36 jumıs kuninen; eger bul shaxslarda ilimiy da`rejesi bolmasa, olardın` miynet dem alısı muddeti 24 jumıs kuninen ibarat boladı,

- kitapxanashılar (respublika, oblast` kitapxanaları, ilimiy-izertlew, ilimiy muzey ha`m ilimiy ko`rkem mekemeler qasındag`ı barlıq turdegi oqıw orınlarındag`ı kitapxanalar, ilimiy, ilimiy-texnikalıq, tarmaq, massalıq kitapxanalar) direktorları, olardın` ilimiy isler boyınsha orınbasarları, filiallar, bo`limler, bo`linbeler, kabinetler ha`m oqıw zalları baslıqları ha`m basqalarg`a muddeti 24 jumıs kuninen ibarat jıllıq miynet dem alısı beriledi. Basqa massalıq kitapxanalarda jekke qala, rayon kitapxanaları ha`m basqalarda ha`m de olardın` bo`limlerinde tek baslıqları ha`m kitapxanashılar g`ana muddeti 24 jumıs kuninen ibarat uzayttırılg`an tiykarg`ı dem alıs alıw huqıqına iye boladı.

«Dem alıslardın` muddeti altı kunlik is ha`ptesi juzesinen kalendar` boyınsha jumıs kunleri menen esaplap shıg`arıladı.

Dem alıs da`wirine tuwrı kelip qalg`an ha`m Miynet kodeksinin` 131-stat`yasına muwapıq islenbeytug`ın kunler dep esaplanatug`ın bayram kunleri dem alıs muddetin belgilewde esapqa alınbaydı».

O`zbekstan Respublikası miynet kodeksi 140-stat`yasına ko`re jıllıq dem alıstın` ulıwma muddetin esaplap shıg`arıwda qosımsha dem alıslar jıllıq tiykarg`ı dem alısqa (sonın` ishinde uzayttırılg`an dem alısqa da) qosım ja`mlenedi. Barlıq jag`daylarda nızam hujjetleri menen belgilengen dem alıslardı ja`mlewde olardın` ulıwma muddeti 48 jumıs kuninen asıp ketiwi mumkin emes.

O`zbekstan Respublikası miynet kodeksi 141-stat`yasına muwapıq dem alıslar muddetin islengen waqıtqa muna`sip ra`wishte esaplap shıg`arıwda olardın` muddeti ha`r bir tolıq, dem alıs mug`darın on ekige bo`lip, son` tolıq islegen aylar sanına ko`beyttiriw jolı menen anıqlanadı. Bunda on bes kalendar` kunige ten` ha`m onnan ko`p bolg`an kunler bir ay dep ko`rsetiledi, on bes kalendar` kunnen kemi bolsa shıg`arıp taslanadı.

Jıllıq tiykarg`ı dem alıstı alıw huqıqın beriwshi is stajına to`mendegiler kiredi:

- jumıs jılı dawamında haqıyqattanda islengen waqıt,

- xızmetker haqıyqattan islemegen bolsa da, lekin onın` is ornı (lawazımı saqlang`an da`wir balanı eki jasqa tolg`ang`a shekem ta`rbiyalaw ushın bo`lek haqı to`lenetug`ın dem alıs ha`m is haqı saqlanbag`an halda beriletug`ın eki ha`pteden ko`p bolg`an dem alıslar bunnan tısqarı),

Miynet sha`rtnaması nızamsız ra`wishte biykar etilgen yaki xızmetker nızamsız ra`wishte basqa jumısqa o`tkizilgenligi na`tiyjesinde qılıng`an haqı to`lenetug`ın ma`jburiy progul waqtı bunda xızmetker keyinshelik burıng`ı jumısına tiklengen bolsa.

Ko`p g`ana ka`rxanalarda bul dizimge qosımsha ra`wishte basqa da`wirlerde qosıladı. Mısalı:

- basqa ka`rxanada islengen da`wir, eger onın` ushın jumıs beriwshinin` usınısına ko`re jumısqa kirgen xızmetkerge miynet dem alısı berilmegen bolsa,

- bala eki yaki ush jasqa tolg`ang`a shekem onı ta`rbiyalaw ushın beriletug`ın dem alıs da`wiri,

- is haqı saqlanbag`an halda eki ha`pteden artıq beriletug`ın dem alıs da`wiri, eger bunday dem alıs xızmetkerge waqtınsha is ko`lemleri joqlıg`ı sebepli berilgen bolsa,

- xızmetker ka`rxananın` jollanbası menen oqıwg`a kirgen, islep shıg`arıwdan ajıralg`an haldag`ı belgili oqıw da`wiri,

- miynet kodeksi 100-stat`yası ekinshi bo`liminin` birinshi ba`ntinde na`zerde tutılg`an tiykarlar boyınsha miynt sha`rtnama-sı biykar etilgen xızmetkerlerge jan`a ka`sipler (qa`niygelik-ler) oqıtılatug`ın belgili da`wir ha`m basqa da`wirler.

Miynet kodeksinin` 143-144-stat`yalarında dem alıslardı beriw ta`rtibi, waqtı ha`m na`wbeti ko`rsetilgen.

Jıllıq tiykarg`ı dem alıs birinshi jumıs jılı ushın altı ay islengennen keyin beriledi.

Jumıs jılı miynet sha`rtnamasına muwapıq jumıs baslan-g`annan kunnen baslap esaplanadı.

Dem alıs to`mendegi xızmetkerlerge olardın` qa`lewi boyınsha altı ay o`tpesten aldın beriledi:

- I ha`m II topar mayıplarına,

- on segiz jasqa tolmag`an shaxslarg`a,

- muddetli a`skeriy xızmetten zapasqa bosatılg`an ha`m jumısqa jaylasqan a`skeriy xızmetshilerge,

- orındaslıq tiykarında islep atırg`anlarg`a - tiykarg`ı jumıs ornındag`ı dem alıs penen bir waqıtta, orındaslıq tiykarında islegen waqtına muna`sip ra`wishte haqı to`legen halda

- islep shıg`arıwdan ajralmag`an halda ulıwma bilim makteplerinde, ka`sip-o`ner bilim orınlarında, joqarı ha`m orta arnawlı oqıw orınlarında, kadrlardın` qa`niygeligin asırıw, olardı tayarlaw ha`m qayta tayarlaw institutları ha`m kurslarında oqıp atırg`anlarg`a, eger olar o`zlerinin` jıllıq dem alısların imtixanlar, sınawlar tapsırıw, diplom, kurs, laboratoriya ha`m basqa oqıw jumısların orınlaw waqtına tuwrılap alıwdı qa`lese,

- texnologiyadag`ı, islep shıg`arıw ha`m miynetti sho`lkemles-tiriwdegi o`zgerisler, xızmetkerler sanı yaki jumıslar qa`siyeti o`zgerisine alıp kelgen jumıslar ko`leminin` qısqarg`anlıg`ı yamasa ka`rxananın` toqtatılıwı qatnasıg`ı menen jumıstan azat etilgen xızmetkerlerge.

Mektepler, ka`sip-o`ner bilim orınları, joqarı ha`m orta arnawlı oqıw orınları, kadrlardın` qa`niygeligin asırıw, olardı tayarlaw ha`m qayta tayarlaw institutları ha`m kurslarının` mug`allimleri quramına birinshi jumıs jılında jıllıq dem alıs olardın` bul oqıw ornına jumısqa kirgen waqtına qaramas-tan haqıyqıy islegen waqtına muna`sip ra`wishte haqı to`legen halda jazg`ı dem alıs da`wirinde tolıq beriledi.

Dem alıs ha`r jılı, usı dem alıs berilip atırg`an jumıs jılı tamam bolg`ang`a shekem beriliwi lazım.

Islep shıg`arıw tusindegi sebeplerge ko`re bul jılda dem alıstı tolıq beriw imkanı bolmag`an ayırım jag`daylarda, xızmetkerdin` razılıg`ı menen dem alıstın` on eki is kuninen artıq bolg`an bo`legi keyingi jumıs jılına ko`shiriliwi mumkin, usı jılı onnan a`lbette paydalanıwı lazım.

Jıllıq dem alıslardı beriw na`wbeti kalendar` jıl baslang`ang`a shekem jumıs beriwshi ta`repinen ka`siplik awqamı komiteti yaki xızmetkerlerdin` basqa wa`killik organı menen kelisip tastıyıqlang`an da`sturge muwapıq belgilenedi.

Dem alıs beriw waqtı haqqında xızmetker dem alıs baslang`anınan keminde on bes kun aldın xabardar etiliwi kerek.

To`mendegi xızmetkerlerge dem alıs olardın` qa`lewine ko`re jazg`ı yaki olar ushın qolay bolg`an basqa waqıtta beriliwi kerek:

- on to`rt jasqa tolmag`an bir yaki onnan artıq balanı (on altı jasqa tolmag`an mayıp balanı) ta`rbiyalap atırg`an jalg`ız ata, jalg`ız anag`a (hayalsız erkekler, erkeksiz hayallar, nekeden ajısarqanlar, jalg`ız analarg`a) ha`m muddetli a`skeriy xızmetti o`tep atırg`an xızmetshilerdin` hayallarına,

- I ha`m II topar mayıplarına,

- 1941-1945-jıllardag`ı urıs qatnasıwshılarına ha`m jen`illikleri boyınsha olarg`a ten`lestirilgen shaxslarg`a,

- on segiz jasqa tolmag`an shaxslarg`a,

- bilim beriw mekemelerinde islep shıg`arıwdan ajıral-mag`an halda oqıp atırg`anlarg`a,

ja`ma`a`t sha`rtnaması, kelisiminde na`zerde tutılg`an basqa jag`daylarda.

Islep atırg`an erkeklerge jıllıq dem alıs olardın` qa`lewlerine muwapıq hayallarının` ha`miledarlıq ha`m tuwıw dem alısı da`wirinde beriledi.

Dem alıstan paydalanıwdın` da`sturinde belgilengen waqtı jumısshı menen jumıs beriwshinin` kelisimine muwapıq o`zgertiliwi mumkin.

Miynet kodeksinin` 136-stat`yasına muwapıq nızam hujjet-lerinde tuwrıdan-tuwrı miynet kodeksinde bekkemlenip qoyılatug`ın tısqarı qosımsha dem alıslar da na`zerde tutılıwı mumkin. Ha`zirde xızmetkerlerdin` ayırım toparlarına bunday dem alıslar beriliwin na`zerde tutıwshı bir qatar nızam hujjetleri a`mel qılmaqta.

«Prokuratura haqqında»g`ı O`zbekstan Respublikası nızamının` 52-stat`yasına muwapıq, prokuror tergewshi xızmet-kerlerine tiykarg`ı dem alıs (30 sutka)tan tısqarı is stajı ushın:

- 10 kalendar jıldan keyin 5 sutka,

- 20 kalendar` jıldan keyin 10 sutka,

- 25 kalendar` jıldan keyin 15 sutka muddet penen haqı to`lenetug`ın qosımsha dem alıs beriledi.

Miynet sharayatı zıyanlı islep shıg`arıwshılar dizimine kiritilgen jumıslarda ba`nt bolg`an xızmetkerlerge beriletug`ın qosımsha dem alıslar dem alıs muddeti islep shıg`arıwdın` zıyanlılıq da`rejesine qarap belgilenedi ha`m 12 jumıs kuninen 36 jumıs kunine shekem bolıwı mumkin.

Ha`zirgi payıtta miynet kodeksi miynet sharayatı qolaysız ha`m o`zine ta`n bolg`an jumıslar ushın beriletug`ın qosımsha dem alıslardın` birinshi turlerin na`zerde tutadı.

Jumıs orınların attestatsiyalaw na`tiyjelerine bayla-nıslı mag`lıwmatlar aralıq miynet sharayatı qolaysız jumıslar ushın qosımsha dem alıslardın` muddetin belgilewge juda` zıyanlı ha`m juda` awır miynet sharayatında islewshi xızmetkerler dizimi O`zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin` 1997-jıl 11-marttag`ı 133-sanlı qararı menen tastıyıqlang`an.

Usı qararg`a ko`re, juda` zıyanlı ha`m de awır miynet sharayatında islegenlik ushın qosımsha dem alıs usılına muwapıq 33 jumıs kunine shekem belgileniwi lazım.

Mine usı xızmetkerler ushın qosımsha dem alıstın` muddeti 12 jumıs kuninen kem bolıwı mumkin emes.

Miynet kodeksinin` 232-stat`yasına tiykar 12 jasqa tolmag`an mayıp balası bar xızmetkerler ha`r jılı ush jumıs kuninen kem bolmag`an muddet haqı to`lenetug`ın qosımsha dem alıs beriledi. Ha`r bir mekeme sha`rtnamasında ush kunnen artıq qılıp da belgileniwi mumkin.

Sanaat ha`m awıl xojalıg`ı, qurılıs, transport ha`m xalıq xojalıg`ının` basqa tarmaqlarında ba`nt bolg`an, bir ka`rxanada uzaq muddetli is stajına iye bolg`an xızmetkerlerge beriletug`ın qosımsha dem alıslar na`zerde tutılg`an.

On eki jasqa tolmag`an eki yaki onnan ko`p balası bar islewshi hayallarg`a qosımsha ush kunlik dem alıs beriledi.

Miynet kodeksinin` 150-stat`yasında xızmetkerdin` arzasına muwapıq og`an is haqı saqlanbag`an halda dem alıs beriliwi mumkinligi ko`zde tutılg`an. Dem alıstın` muddeti xızmetker ha`m jumıs beriwshi kelisimine muwapıq belgilenedi. Nızam hujjetlerinde arnawlı ko`rsetilgen jag`daylarda (mısalı, urıs qatnasıwshıları, birinshi ha`m ekinshi topar mayıplarına, jas balaı hayallar ha`m basqalarg`a) jumıs beriwshi ha`r jılı 14 kalendar` kuninen ibarat is haqı saqlanbaytug`ın dem alıs beriwi sha`rt dep belgilengen.

A`meldegi nızamshılıqqa muwapıq jıllıq miynet dem alısın ha`kimshilik ta`repinen kelesi jılg`a ko`shiriw a`dette nızamda qadag`an etilgen. Biraz jag`daylarda islep shıg`arıw za`rurligi sebeplerine ko`re xızmetkerlerge dem alıs beriw mumkin bolmay qalg`an jag`daylarda g`ana ka`siplik awqamı komiteti menen ha`kimshilik kelisip dem alıstı kelesi jılg`a ko`shiriwge jol qoyıladı.

Ko`shirilgen dem alıs kelesi jılg`ı miynet dem alısına qosıp beriliwi mumkin. Eki jıllıqtan ko`p miynet dem alısın qosıp birgelikte beriwge jol qoyılmaydı.

O`zbekstan Respublikası miynet kodeksinin` 145-stat`yasına ko`re xızmetkerler to`mendegi jag`daylarda dem alıslardı uzayttırıw yaki onı basqa muddetke ko`shiriw huqıqına iye:

1. Waqtınshalıq miynetke qa`biletsizlik da`wiri,

2. Xızmetker grafik boyınsha belgilengen miynet dem alısına shıg`ıw waqtında kesel bolıp qalsa miynet dem alısı basqa waqıtqa ko`shiriliwge nızam menen jol qoyadı,

3. Ma`mleket ha`m ja`ma`a`t wazıypaların orınlap atırg`anda, bunda nızamlar ha`m basqa normativ hujjetlerde bunday wazıypalardı orınlaw ushın xızmetkerdi jumıstan azat etiw na`zerde tutılg`an bolsa,

4. Tuwıw dem alısı waqtı miynet dem alısına tuwrı kelip qalg`an jag`dayda miynet dem alısı basqa waqıtqa ko`shiriledi,

5. Ha`miledarlıq ha`m tuwıw dem alısı muddeti baslang`anda,

6. A`skeriy jıyıng`a waqtınsha 2,4,6 aylıq muddet penen shaqırılg`anda miynet dem alısı basqa payıtqa ko`shiriledi,

7. Eger dem alıstan paydalanıwg`a tosqınlıq qılıwshı sebepler dem alıs baslang`an shekem kelip shıqqan bolsa, xızmetker menen jumıs beriwshi ortasındag`ı kelisimge muwapıq dem alıstan paydalanıwdın` jan`a muddeti belgilenedi. Bunday sebepler dem alıs da`wirinde kelip shıqqan jag`daylarda dem alıs tiyisli kunler sanına uzayttırıladı. Yaki xızmetker menen jumıs beriwshinin` kelisimine muwapıq dem alıstın` paydalanbay qalg`an bo`legi basqa muddetke ko`shiriledi.

8. Xızmetkerlerdin` miynet dem alısı oqıw dem alısına tuwrı kelip qalsa, bunday jag`daylarda ha`kimshilik penen xızmetker kelisip miynet dem alısın basqa waqıtqa ko`shiredi.

**4. Jumısshılarg`a beriletug`ın sotsiallıq dem alısları tusinigi ha`m onın` beriliw ta`rtibi.**

O`zbekstan Respublikası Miynet kodeksinin` 149-stat`yasında sotsiallıq dem alıslar tusinigi ha`m onın` kimlerge beriliw kerekligi ko`rsetip o`tilgen.

Bunda, «Xızmetkerler to`mendegi sotsiallıq dem alıslar alıw huqıqınan paydalanadı:

ha`miledarlıq ha`m tuwıw dem alısları,

balalardı ta`rbiyalaw dem alısları,

oqıw menen baylanıslı dem alıslar,

do`retiwshilik dem alıslar».

Hayallarg`a tuwg`ang`a shekem jetpis qalendar kuni ha`m tuwg`anınan son` eliw altı kalendar` kuni muddeti menen ha`miledarlıq ha`m tuwıw dem alısları berilip, ma`mleket sotsiallıq qamsızlandırıwı boyınsha napaqa to`lenedi.

Ha`miledarlıq ha`m tuwıw dem alısı ja`mlengen halda esaplap shıg`arılıp, tuwıwg`a shekem a`melde bunday dem alıstın` neshe kunnen paydalang`anlıg`ına qaramastan hayalg`a tolıq beriledi.

On eki jasqa tolmag`an eki ha`m onnan artıq balası yaki on altı jasqa tolmag`an mayıp balası bar hayallarg`a ha`r jılı ush jumıs kuninen kem bolmag`an muddet penen haqı to`lenetug`ın qosımsha dem alıs beriledi.

On eki jasqa tolmag`an eki ha`m onnan artıq balası yaki on altı jasqa tolmag`an mayıp balası bar hayallarg`a olardın` qa`lewine ko`re, ha`r jılı on to`rt kalendar` kunnen kem bolmag`an muddeti penen is haqı saqlanbag`an halda dem alıs beriledi. Bunday dem alıs jıllıq dem alısqa qosıp beriliwi yaki jumıs beriwshi menen kelisip belgilenetug`ın da`wirde onnan bo`lek (tolıq yaki bo`limlerge bo`lip) paydalanıwı mumkin.

Ha`miledarlıq ha`m tuwıw dem alısı tamam bolg`annan keyin hayaldın` qa`lewine ko`re, og`an balası eki jasqa tolg`ang`a shekem balanı ta`rbiyalaw ushın dem alıs berilip, bul da`wirde nızam hujjetlerinde belgilengen ta`rtipte napaqa to`lenedi.

Hayalg`a, onın` qa`lewine ko`re, balası ush jasqa tolg`ang`a shekem balanı ta`rbiyalaw ushın is haqı saqlanbaytug`ın qosımsha dem alısta beriledi.

Balanı ta`rbiyalaw dem alıslar da`wirinde hayaldıq jumıs ornı (lawazımı) saqlanadı. Bul dem alıslar miynet stajına, sonın` ishinde qa`niygeligi boyınsha is stajına da qosıladı.

Jan`a tuwılg`an balalardı tuwrıdan-tuwrı tuwıw ornınan perzentlikke alg`an yaki balalarg`a qayırqom qılıp belgilengen shaxslarg`a bala perzentlikke alıng`an kunnen baslap, bala tuwılg`an kunnen biaslap eliw altı kalendar` kuni (eki yaki onnan artıq bala asırap alg`an jag`dayda bolsa jetpis kalendar` kun) o`tkenge shekem bolg`an da`wirde ma`mleket sotsiallıq qamsızlandırıwı boyınsha napaqa to`legen halda dem alıs beriledi ha`m olardın` qa`lewine ko`re, bala ush jasqa tolg`ang`a shekem balanı ta`rbiyalaw ushın qosımsha dem alıslar beriledi.

Ulıwma bilim mekteplerinde islep shıg`arıwdan ajıral-mag`an halda oqıp atırg`an jumısshılarg`a jumıs ornındag`ı ortasha is haqı saqlang`an halda XI (XII) klassta pitiriw imtixanları tapsırıw da`wirinde jigirma jumıs kuninen kem bolmag`an, IX klassta bolsa segiz jumıs kuninen kem bolmag`an dem alıs beriledi.

Ka`sip-o`ner bilim orınlarında bilim alıwdın` keshki formasında islep shıg`arıwdan ajıralmag`an halda bilim alıp atırg`an xızmetkerler imtixanlarg`a tayarlanıw ha`m olardı tapsırıw ushın tiykarg`ı jumıs ornındag`ı ortasha is haqı saqlang`an halda jıl dawamında keminde otız jumıs kunine jumıstan azat etiledi.

Kiriw imtixanların tapsırıwg`a ruqsat etilgen xızmetker-lerge joqarı oqıw orınlarına kiriw ushın keminde on bes kalendar` kun, orta arnawlı oqıw orınlarına kiriw ushın bolsa, keminde on kalendar` kun muddet penen is haqı saqlanbag`an halda dem alıs beriledi, oqıw orınları jaylasqan jerge barıw ha`m qaytıp keliw waqtı bul esapqa kirmeydi.

Joqarı ha`m orta arnawlı oqıw orınlarında bilim alıp atırg`an xızmetkerlerge laboratoriya-imtixan sessiyasında qatnasıw da`wirinde to`mendegi ta`rtipte: birinshi ha`m ekinshi kursta bilimnin` keshki formasında joqarı oqıw orınlarında bilim alıp atırg`anlarg`a ha`r jılı keminde jigirma kalendar` kun, orta arnawlı oqıw orınlarında bilim alıp atırg`anlarg`a ha`r jılı keminde on kalendar` kuni, joqarı ha`m orta arnawlı oqıw orınlarında sırttan bilim alıp atırg`anlarg`a bolsa, ha`r jılı keminde otız kalendar` kuni; ushinshi ha`m onnan keyingi kursta bilimnin` keshki formasında joqarı oqıw orınlarında bilim alıp atırg`anlarg`a ha`r jılı keminde otız kalendar` kuni, orta arnawlı oqıw orınlarında bilim alıp atırg`anlarg`a ha`r jılı keminde jigirma kalendar` kun, joqarı ha`m orta arnawlı oqıw orınlarında sırttan bilim alıp atırg`anlarg`a bolsa, ha`r jılı keminde qırıq kalendar` kun; joqarı ha`m orta arnawlı oqıw orınlarında pitkeriw imtixanların tapsırıw da`wirinde keminde otız kalendar` kuni; diplom joybarın (jumısın) tayarlaw ha`m jaqlaw da`wirinde joqarı oqıw ornı talabalarına to`rt ay, orta arnawlı oqıw ornı talabalarına bolsa eki ay muddet penen ortasha aylıq is haqı saqlang`an halda qosımsha dem alıslar beriledi.

Joqarı ha`m orta arnawlı oqıw orınlarının` aqırg`ı kurslarında oqıp atırg`an xızmetkerlerge diplom joybarına materiallar toplaw ushın otız kalendar` kun muddet penen is haqı saqlanbag`an halda dem alıs beriledi. Bul dem alıs da`wirinde tabalalar ha`m oqıwshılarg`a ulıwma tiykarlarda stipendiya tayınlanadı.

O`zbekstan Respublikasının` Miynet kodeksinin` 258-stat`yasında sotsiallıq dem alıslar qatarına kiriwshi do`retiwshilik dem alısları haqqında aytıp o`tilgen.

Bunda, «Islep shıg`arıw yaki pedagogikalıq iskerlikti ilmiy jumıs penen birge qosıp alıp barıp atırg`an shaxslarg`a kandidatlıq yaki doktorlıq dissertatsiyaların tamamlaw, sonday-aq oqıwlıqlar ha`m oqıw-metodikalıq qollanbalar jazıw ushın tiykarg`ı jumıs ornında ortasha aylıq is haqı ha`m lawazımı saqlang`an halda do`retiwshilik dem alıslar beriledi.

Do`retiwshilik dem alıslardı beriw ta`rtibi ha`m olardın` muddetleri nızam hujjetleri menen begilep qoyıladı».

## Tema: Is haqını huqıqıy ta`rtipke salıw.

**1. Is haqı tusinigi ha`m a`hmiyeti.**
**2. Is haqını huqıqıy ta`rtipke salıw.**
**3. Is haqı sisteması.**

### 1. Is haqı tusinigi ha`m a`hmiyeti.

Is haqı xızmetkerler miyneti ushın olardı xoshametlew formalarınan bolıp, ja`miyette sotsiallıq a`dilliktin` qarar tabıwına xızmet qıladı.

Is haqı huqıqıy kategoriya sıpatında miynet qatnası qatnasıwshılarının` is haqı juzesinen huqıqları ha`m minnetlemeleri shegarasın belgileydi.

Is haqı o`z quramlıq duzilisine ko`re eki bo`limnen: ta`rif razryadları, lawazım aylıqlarınan ibarat boladı.

Is haqı quramı tiykarg`ı ha`m qosımsha bo`limlerden sho`lkemlesedi. Ta`rif razryadı yaki lawazım aylıg`ı is haqının` tiykarg`ı bo`limin, jumıstıq na`tiyjeleri boyınsha xoshametlewler ha`m basqa ustemeler to`lemler bolsa qosımsha bo`limin sho`lkemlestiredi. Is haqının` minimal mug`darın belgilew ta`rtibi ma`mleketler ushın BMShnın` 131-sanlı konventsiyasında belgilengen.

Miynet haqqındag`ı nızam hujjetlerinde belgilengen en` kem shegarasınan kem bolmag`an halda is haqı mug`darın belgilewdi xızmetker ha`m jumıs beriwshinin` tuwrıdan-tuwrı o`zlerine tyiisli etip qoyg`an bolıp, is haqı to`lew sha`rtlerin belgilew, usılların anıqlaw, jumıs pay yak waqıt pay is haqı to`lew formaların tan`law xızmetkerler wa`killik organları menen jumıs beriwshinin` o`z-ara kelisimine ko`re, ja`ma`a`t sha`rtnamaları, ja`ma`a`t kelisimlerinde belgilep qoyıw jolı menen anıqlanadı.

Miynet haqı forması ha`m dizimleri, sıylıqlar, qosımsha to`lemler, ustemeler, xoshametlewler ta`rizindegi to`lemler ja`ma`a`t sha`rtnamalarında, sonday-aq jumıs beriwshi ta`repinen ka`siplik awqamı komiteti yaki xızmetkerlerdin` basqa wa`killik organı menen kelisip, qabıl etiletug`ın basqa lokal hujjetlerinde belgilengen.

Miynet huqıqına tiykar, is haqı degende xızmetkerdin` jumsag`an janlı miynetinin` sıpatına ha`m mug`darına qarap to`lenetug`ın aylıqqa aytıladı.

O`zbekstan Respublikasında is haqı xızmetkerdin` qa`niygeligi qay da`rejede bolıwına, jumıstın` xarakterine ha`m quramalıg`ına qarap belgilenedi. Xızmetker ta`repinen orınlang`an jumıstın` sıpatı ha`m mug`darı xızmetkerdin` qa`niygeligi, jumıstag`ı ilgerilewshiligi ha`r ta`repleme itibarg`a alıng`an halda belgilenedi. Ko`p g`ana firmalarda xızmetkerlerdin` is haqısı ush bo`limnen ibarat degen pikir bildiriledi, yag`nıy:

1. Lawazım minnetlemesin orınlag`anlıq ushın,

2. Islegen jılları ha`m de jasaw bahasın esapqa alıw,

3. O`tken muddet dawamında jumısta erisken na`tiyjeleri ushın to`lemler.

Miynet kodeksinin` 153-stat`yasında aytılg`anınsha: «miynet haqının` mug`darı jumıs beriwshi ha`m xızmetker ortasındag`ı kelisimge muwapıq belgilenedi. Miynet haqı nızam hujjetleri menen belgilengen en` kem is haqı mug`darınan az bolıwı mumkin emes ha`m onın` en` ko`p mug`darı qandayda bir ta`rizde sheklenbeydi».

Rayon koeffitsientleri ha`m ustemeler ja`riya etiletug`ın orınlardın` dizimi, sonday-aq olardıq qollanıw ta`rtibi ha`m mug`darı O`zbekstan Respublikası hukimeti ta`repinen belgilenedi.

O`zbekstan Respublikası Prezidentinin` 1998-jıl 9-iyun`dag`ı is haqı, pensiyalar ha`m stipendiyalar mug`darın asırıw haqqındag`ı Pa`rmanında ha`m stipendiyalardın` mug`darın asırıw haqqındag`ı ha`m de usı Pa`rman tiykarında O`zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin` 1998-jıl 12-iyun`dag`ı miynetke haqı to`lew boyınsha birden-bir ta`rif setkasın ja`nede turaqlastırıw haqqındag`ı 242-sanlı qararı menen xalıq xojalıg`ının` barlıq tarmaqlarında «0» den «22» ge shekem jumıs razryadları (23) ja`riya etken bolıp, barlıq ka`sipler, jumıslar, lawazımlar usı razryadlar shkalasına muwapıq tarifikatsiya etiledi. Bunda hesh qanday qa`niygelik talap qılmaytug`ın en` a`piwayı jumıs «0» razryad penen tarifikatsiya etilgen bolıp, bunda is haqı en` kem aylıq is haqıg`a ten` boladı. Bunday artıp barıw «0» razryadqa baylanıslı artıp barıp a`melge asadı.

Texnologiyada, islep shıg`arıw ha`m miynetti sho`lkemlestiriwde o`zgerisler juz beriwi sebepli miynetke haqı to`lewdin` burıng`ı sha`rtlerin saqlap qalıw mumkin bolmag`anda ha`m de nızamda ko`zde tutılg`an basqa jag`daylarda xızmetkerdin` razılıg`ısız da miynetke haqı to`lew sha`rtleri jumıs beriwshi ta`repinen o`zgertiliwi mumkin.

Is haqı to`lew dizimleri degende miynet norması menen miynet haqı mug`darın belgilew usılına aytıladı. Is haqı to`lew dizimi o`z ishine jumıs pay ha`m waqıt pay formaların aladı. Jumıs pay haqı tuwrı jumıs paylıq tuwrıdan-tuwrı is haqı; waqıt pay is haqı bolsa a`piwayı waqıt pay ha`m sıylıqlı waqıt pay is haqıdan ibarat.

Is haqının` waqıt pay yaki jumıs pay dizimleri miynetti sho`lkemlestiriw usılı, islep shıg`arıw da`rejesi ha`m basqa ilajlarg`a baylanıslı is haqı dizimlerin tan`law xızmetkerler wa`killik organı ha`m jumıs beriwshi ta`repinen o`z-ara kelisilgen halda ja`ma`a`t sha`rtnamalarında belgilep qoyıladı. Sonday-aq jumıs pay ha`m waqıt pay xızmetkerlerdi sıylıqlaw sha`rtleri ha`m ta`rtiplerin na`zerde tutıwshı nızam ha`m qag`ıydalar da xızmetkerler wa`killik organı ha`m de jumıs beriwshi ta`repinen birgelikte islep shıg`ıladı.

**Miynetti normalaw sarıplang`an miynetti o`lshew ha`m og`an jarasa haqı to`lew imkanın beredi. Miynettin` to`mendegi normaları ko`zde tutılıwı mumkin.**

a) waqıt norması,

b) islep shıg`arıw norması,

v) xızmet ko`rsetiw norması,

g) xızmetkerler sanı norması,

d) normativ tapsırmalar.

Jumıs waqtınan tısqarı waqıttag`ı jumıslar, dem alıs kunleri ha`m bayram kunindegi isler ushın keminde eki barabar haqı to`lewi, bunda mine usı waqıtlarda islegeni ushın xızmetkerge basqa dem alıs waqtı berilgen bolsa, ol jag`dayda bir barabar haqı to`leniwi na`zerde tutılg`an. Tungi waqıtlar (saat 22:00 den 6:00 ge shekem bolg`an waqıt) islengen ha`r bir saat ushın bir yarım barabardan kem bolmag`an mug`darda haqı to`lew belgilenedi.

Ja`ma`a`t sha`rtnamaları tungi waqıtlarda islegenlik ushın basqa jen`illikler beriliwi keshki smenada islewshiler miynetine de asırılg`an ta`rizde is haqı to`leniw na`zerde tutılg`an.

Bir neshe ka`sipte (lawazımda) ha`m orındaslıq tiykarında islewshi xızmetkerlerge o`z-ara kelisim sha`rtlerine ko`re is haqı to`lenedi. Miynetke is haqı to`lew muddetleri yag`nıy bir ayda bir ma`rte ja`ma`a`t sha`rtnaması yaki lokal normativ hujjette belgilenedi, ha`r bir yarım ayda bir ma`rteden kem bolıwı mumkin emes. Xızmetkerdin` ayırım toparları ushın bo`lek jag`daylarda O`zbekstan Respublikası hukimeti ta`repinen is haqı to`lewdin` basqa muddetleri belgilep qoyılıwı mumkin.

Haqı to`lenetug`ın kun dem alıs kuni yaki bayram kunine tuwrı kelip qalsa, basqa jumıs kunine ko`shiriledi. Miynet sha`rtnaması biykar qılıng`anda xızmetkerge barlıq summaların to`lewi miynet kodeksinin` 110-stat`yasına muwapıq ra`wishte a`melge asırıladı. Ja`ma`a`t sha`rtnamasında jumıs beriwshinin` ayıbı menen xızmetkerge haqı to`lew belgilengen muddetlerge baylanıslı keshikenligi ushın juwapkershilik na`zerde tutılg`an. Xızmetker qaytıs bolg`an jag`dayda, ol qaytıs bolg`ang`a shekem alınbay qalg`an is haqı onın` sem`ya ag`zalarına sonday-aq, qaytıs bolg`an shaxstın` miynetke qa`biletsiz qaramag`ındag`ılarg`a beriledi.

**Is haqı xızmetkerlerge a`dette olar islep atırg`an jaylarda to`lenedi. O`zbekstan Respublikası miynet kodeksinin` 164-stat`yasına muwapıq to`mendegi jag`daylarda xızmetkerdin` razılıg`ına qaramastan, miynet haqıdan uslap qalınadı.**

1. O`zbekstan Respublikasında belgilengen salıqlar ha`m basqa ma`jburiy to`lemlerdi o`ndiriw ushın,

2. Sud qararları ha`m basqa orınlaw hujjetlerin orınlaw ushın,

3. Is haqı esabına berilgen avanstı uslap qalıw ushın, xojalıq ıqtıyajlarına, xızmet saparlarına yaki basqa jaydag`ı jumısqa o`tkenligi qatnası menen berilgen bolıp, sarıp qılmay qalg`an ha`m o`z waqtında qaytarılmag`an avanstı uslap qalıw ushın ha`m de esap-kitaptag`ı qa`teler na`tiyjesinde artıqsha to`lengen summanı qaytarıp alıw ushın. Bunday jag`daylarda jumıs beriwshi avnastı qaytarıw yaki qarızdı to`lew ushın belgilengen muddet tamam bolg`an kunnen yamasa haqı to`lew tuwrı emes esaplap shıg`arılg`an kunnen baslap bir aydan keshiktirmey avans yaki qarızdı uslap qalıw haqqında pa`rmayısh beriwge haqılı. Eger bul muddet o`tip ketken bolsa yaki xızmetker xojalıq ıqtıyajlarına, xızmet saparlarına yamasa basqa jaydag`ı jumısqa o`tkenligi qatnası menen tuwrı emes dep esaplasa, ol jag`dayda qarız sud ta`rtibnnde o`ndiriledi.

4. Esaptan xızmetker otpuska alıp bolg`an jumıs jılı tamam bolmastan turıp miynet sha`rtnaması biykar qılıng`anda, otpuska islenbegen da`wirge tiyisli kunler ushın.

5. Xızmetker ta`repinen jumıs beriwshige jetkizilgen zıyandı qaplaw ushın, eger jetkizilgen zıyannın` mug`darı xızmetkerdin` ortasha aylıq is haqıdan artıq bolmasa.

6. Miynet kodeksinin` 181-stat`ya (intizamıy jazalar) 1-bo`limi 2-ba`ntinde na`zerde tutılg`an ja`riymanı o`ndiriw ushın. Is haqını ha`r waqıt to`lew waqtında uslap qalınatug`ın haqının` mug`darı xızmetkerge tiyisli bolg`an miynet haqının` 50 protsentinen artıp ketpesligi lazım.

## 2. Is haqını huqıqıy ta`rtipke salıw.

O`zbekstan Respublikasında is haqını ta`rtipke salıw, tapsırılg`an jumıstı orınlag`anlıg`ı ushın turli mug`dardag`ı, turli kategoriyadag`ı xızmetkerlerge to`lenetug`ın miynet haqının` tuwrı mug`darın belgilew tarawındag`ı iskerligi formalarınan biri is haqını ma`mleket ta`repinen normalaw miynetinin` barlıq turlerine haqı to`lewde birlik bolıwına, ten`lestiriwdin` sheshiliwine ha`m o`z a`hmiyeti, muddeti, intensivligi, xarakteri ha`m sıpatı ta`repinen bir qıylı yaki uqsas bolg`an jumıstı orınlag`anlıq ushın sıylıq mug`darın belgilewde tiykarg`ı parıqlandırıwlardın` toqtatılıwına ja`rdem beredi. Is haqını ma`mleket ta`repinen normalawda O`zbekstan hukimeti yaki wa`killik bergen ma`mleket organları ta`repinen ta`riflerdi ha`m lawazım aylıg`ın tastıyıqlaydı, turli is haqı sistemasın, sonday-aq jan`a islep shıg`arıw normasın islep shıg`ıw ha`m barların qaytadan ko`rip shıg`ıw ta`rtibin belgileydi. Xızmetkerlerge tastıyıqlang`an stavkalarda aylıqlar a`melde bolg`an minimumnan kem bolmag`an mug`darda is haqı to`lewdi kepillestiredi.

Islep shıg`arıw tarmaqlarındag`ı xızmetkerler miynetine is haqının` mug`darında beriletug`ın haqı aylıq is haqının` usı mug`darınan pa`seyip ketiwi onın` ayıbı menen emes, jaramsız o`nim islep shıg`arılg`anlıg`ı, yaki jumısta biykar turıp qalıw sebepleri juz bergen jag`dayda da is haqı to`lenedi. Bul kepillik tek g`ana xızmetker nızamda belgilengen is waqıtı dawamında jumıs bolg`an jag`dayda g`ana a`mel qıladı. Eger xızmetker bir ayda tolıq islemegen bolsa, bul jag`dayda og`an to`lenetug`ın is haqı mug`darı usı ayda islengen waqıtqa proportsional ta`rizde belgilenedi.

**Is haqını ma`mleket ta`repinen ta`rtipke salıw shegarasına to`mendegiler kiredi:**

a) miynetke haqı to`lew ha`m materiallıq xoshametlew ushın ajıratılg`an pul qarjıları,

b) islewshilerdin` miynetine to`lenetug`ın haqının` konkret mug`darların belgilewde ja`rdem beriwshi is haqı ta`riflerin, sistemaların ha`m islep shıg`arıw normaların islep shıg`arıw ha`m ja`riya etiw,

v) miynetine haqı to`lew sha`rtlerin belgilew ha`m qollawda turli organlardın` huqıq ha`m minnetlerin belgilep beriw,

g) is haqını esaplaw, xızmetkerdin` orınlaytug`ın isi ushın og`an tiyisli haqını to`lew muddetlerin, is haqını nızamsız ta`rizde uslap qalıwlardan qorg`aw, miynet huqıqıy qatnasıqlarında ta`replerdin` huqıq ha`m ma`plerin qorg`awdı kepillestiriwshi ulıwma yuridikalıq normalardı islep shıg`ıw, sonday-aq ha`r turli qosımsha kepillikli to`lemlerdi nızam qag`ıydasına salıw.

Ha`zirgi bazar ekonomikası sharayatında jumıs beriwshi ha`m ka`siplik awqamı komiteti yaki xızmetkerlerdin` basqa wa`killik organı basqa lokal hujjetlerde kelisip qabıl etiletug`ın O`zbekstan Respublikasında is haqı to`lewdin` eki sha`rti bar bolıp, olar ma`mleket ta`repinen oraylastırılg`an ta`rtipte is haqını normalaw ha`m lokallıq ta`rtipte, bul bolsa ha`r bir ka`rxana bo`lek sho`lkemlesiwge, spetsifikatsiyasına, qa`siyetlerine qarap belgilenedi.

Is haqını ma`mleket jolı menen oraylastırılg`an ta`rtipte basqarıw degende is haqını rejeli tiykarda a`melge asırıw na`zerde tutıladı.

1. Xızmetkerlerdin` miynetine oraylastırılg`an ta`rtipte tastıyıqlang`an ta`rif stavkaları tiykarında haqı to`lew. Orınlang`an jumıslardın` qaysı ta`rif razryadqa tuwrı keliwin anıqlawg`a ha`m xızmetkerlerge qa`niyge razryadların beriwdi ka`rxana, mekeme, sho`lkem ha`kimshiligi ka`siplik awqamları komiteti menen kelisip ta`rif qa`niyge spravochnigine muwapıq razryadlardı belgileydi.

2. Xızmetshiler miynetine oraylastırılg`an ta`rtipte tastıyıqlang`an lawazım okladları sxemalar tiykarında haqı to`lenedi. Xızmetshilerdin` lawazım okladların ka`rxana, mekeme, sho`lkem ha`kimshiligi xızmetkerdin` lawazımı ha`m qa`niygeligine muwapıq ra`wishte belgileydi.

Awır jumıslarda, miynet sharayatları zıyanlı bolg`an jumıslarda ha`m ıqlım sharayatı awır bolg`an orınlardag`ı jumıslarda islewshilerge miynetine asırılg`an mug`darda haqı to`lenedi.

Miynetti lokal normalar quralında huqıqıy ta`rtipke salıw ka`rxana, islep shıg`arıw birlespesi ha`m basqa sho`lkemler ha`kimshiliginin` norma jaratıw iskerligi bolıp, ol usı sho`lkemlerde miynet sharayatların belgilew ushın tiyisli ka`siplik awqamı komiteti menen birgelikte a`melge asıradı.

Miynetti lokal normalar ko`leminde ta`rtipke salıw protsessinde usı ka`rxana, sho`lkemdegi xızmetkerlerdi de tuwrıdan-tuwrı miynet protsessi tarawındag`ı (miynet ha`m dem alıw rejimin, ishki miynet ta`rtibin, miynetti qorg`aw qag`ıydaların belgilew ha`m is haqını anıqlaw, miynetti normalaw ha`m basqa tarawındag`ı) huqıqıy ahwalın konkretlestiriw menen baylanıslı bolg`an ma`selelerdi sheshedi.

## 3. Is haqı sisteması.

Is haqı sisteması degende, miynet o`lshemi menen, miynet ushın haqı to`lew ortasındag`ı qatnasıqların ornatıwg`a aytıladı. Miynet sarıpları o`nimin islep shıg`arıwg`a ketken is haqıtı menen yaki islep shıg`arılg`an o`nimlerdin` sanına, metrine, tonnasına qarap belgilenedi. Ta`rif stavkası-razryadqa qarap miynetke to`lenetug`ın haqının` imkaniyatına iye boladı. **Is haqının` eki turi bar bolıp:**

1. Nominal is haqı bul ta`rif stavkasında belgilengen is haqı. Mısalı, oqıtıwshılardın` aylıq stavkası nominal is haqı boladı.

2. Real is haqı barlıq sarıp qa`rejetlerdi to`lep bolg`an keyin qalg`an pul. Mısalı, telefon pulı, janılg`ı pulı ushın to`lengen haqıdan qalg`an pul real is haqı boladı. Bunı o`z ıqtıyajları ushın azıq-awqat, kiyim-kenshek ushın sarıp qılınadı.

**Is haqı eki bo`limge bo`linedi: olar tiykarg`ı ha`m qosımsha is haqılar.**

1. Tiykarg`ı is haqı ta`rif sistemalarında bekkemlengen ha`m xızmetkerlerge to`lenetug`ın is haqının` tiykarın sho`lkemlestiredi.

2. Qosımsha is haqı bolsa ka`rxananın` xojalıq iskerligi na`tiyjelerine, da`ramadlarına baylanıslı bolıp, xızmetkerlerge turli ustemeler, sıylıqlar, qosımsha haqılar ta`rizde to`lenedi.

Differentsial ta`rtibinde is haqı to`lew en` za`rur printsip esaplanıp, bunday haqı to`lew tek sanına qarap emes, ba`lki jumıstın` awırlıg`ına da baylanıslıg`ı ko`rsetip o`tilgen.

Sonın` ushın ulıwma islep shıg`arıw ka`rxanalarında jumıslarg`a joqarıraq mug`darda haqı to`lenedi.

**Is haqının` huqıqıy belgileri:**

1. Is haqı haqıyqattanda a`melge asırılg`an jumıs ushın to`lenedi.

2. Is haqı aldınnan ornatılg`an norma boyınsha jumıstın` sıpatı ha`m mug`darına qarap to`lenedi.

3. Is haqının` tiykarg`ı bo`limi is haqı fondınan to`lenedi ha`m bul tiyisli ka`rxana (mekemenin`, sho`lkemnin`) da`ramadına baylanıslı bolmaydı.

4. Is haqının` qosımsha bo`limi materiallıq xoshametlew fondınan to`lenedi ha`m bul tuwrıdan tuwrı tiyisli ka`rxana (mekeme)nin` da`ramadına baylanıslı boladı.

5. Is haqı tek pul formasında to`lenedi.

Ja`ma`a`t xojalıqlarının` ag`zaları miynet ushın ha`r ayda to`lep turılatug`ın kepillestirilgen haqı normasın xojalıqtın` o`zin-o`zi ekonomikalıq ahwalın esapqa alıp belgileydi.

O`zbekstan Respublikasında ta`rif sisteması o`z ishine bir neshe elementlerdi, yag`nıy:

1. Ta`rif qa`niyge spravochnigi,
2. Ta`rif setkası,
3. Ta`rif stavkası,
4. Rayon koeffitsientleri.

1. Qa`niyge yaki razryadtın` asıwı ta`rtibi ta`rim qa`niyge spravochnigi tiykarında xızmetkerge razryad beriledi. Aldın`g`ı orınlang`an jumıslar ushın jan`a ta`rifler razryadları olardı ja`riya etiwde keminde bir ay burın jumısshılarg`a ma`lim etiledi.

2. Jumısshılar tarifikatsiyası olarda bar bolg`an qa`niygege muwapıq keletug`ın belgili ta`rif razryadın beriw, xızmetkerlerdin` arzası ha`m master smena baslıg`ının` usınısı tiykarında beriledi. Xızmetkerge razryad beriw yaki razryadtı asırıw ushın onın` teoriyalıq bilimi de tekserilip, jumıs ulgisi

ko`rsetilgennen keyin ka`rxana yaki tsextın` baslıg`ının` ko`rsetpesi boyınsha komissiya ko`rip shıg`adı. Razryad qa`niyge komissiyasının` juwmag`ına tiykar ka`siplik awqamı komiteti menen kelisken halda ka`rxana baslıg`ı ta`repinen beriledi. Jumısshıg`a razryad beriliwi jumıs beriwshinin` buyrıg`ı menen ra`smiylestiriledi. Onın` miynet da`ptershesine tiyisli belgi qoyıladı.

Tg`rif setkası turli gruppadag`ı xızmetkerler olardın` qa`niygeligine qarap, miynetine haqı to`lenedi ha`m onın` jag`dayın belgilewshi shkala.

Ta`rif setkasın tuwrı belgilew ha`m qollanıw xızmetkerler miynetine onın` quramalıq da`rejesine muwapıq tuwrı haqı to`lewge ja`rdem beredi.

Ta`rif setkasın tuwrı belgilew ha`m qollaw keleside xızmetkerlerdin` qa`niygeligin asırıwda ha`m ja`nede quramalı jumıslardı orınlawda ma`pdar qıladı. Ta`rif setkası xalıq xojalıg`ının` tarawları boyınsha belgilenedi ha`m turli mug`darlardag`ı razryadlardı o`z ishine aladı. Ha`zir O`zbekstan Respublikasında 22 razryad ta`rif setkası qollanıladı, ta`rif setkası ko`zde tutılg`an razryadlar ja`rdeminde emes, ba`lki xızmetkerlerge belgili klass yaki kategoriya beriw 1,2,3,6-kategoriya beriw jolı menen belgilenedi yaki shoferlarg`a 1,2,3-klass beriledi.

3. Ta`rif stavkası: waqıt birligi (bir saat, kun, ay) ushın xızmetkerdin` is haqı mug`darın belgileytug`ın norma. Barlıq razryadtag`ı jumısshılardın` ta`rif stavkası oraylastırılg`an ta`rtipte belgilenedi. Biraw waqıtlarda islep shıg`arıwdın` belgili tarawında en` a`piwayı qa`niygesiz miynetke haqı to`lewdi ko`zde tutıwshı 1 razryadtın` saatlıq (kunlik) ta`rif stavkası belgilenedi. Orınlanatug`ın jumıs quramalasıp barg`an sayın razryad asıp baradı ha`m ta`rif stavkası da asıp baradı. Bul jag`dayda basqa razryadtag`ı xızmetkerlerdin` ta`rif stavkası 1-razryad stavkasın ha`r bir razryad ushın ta`rif setkasında ko`zde tutılg`an tiyisli ta`rif koeffitsientine ko`beyttiriw jolı menen anıqlanadı.

Biraz rayonlarda mısalı: tawlı, suwsız sho`l zonalarında rayon koeffitsientleri de belgilenedi. Rayon koeffitsientleri ha`mme waqıt birden joqarı boladı. Mısalı: belgili bir territoriyada rayon koeffitsienti 1,3 qılıp belgilengen. Xızmetshiler miynetine lawazım aylıqları sxema - tiykarında haqı qılıp to`lenedi. Bul sxema tiykarınan ministrlik basqarması ta`repinen oraylastırılg`an ta`rtipte ornatıladı. Aylıqlar sxemasında ha`r bir lawazım ushın anıq aylıq belgilengen boladı.

## Tema: Kepillikli to`lemler ha`m kompensatsiya.

**1. Kepillikli to`lemler tusinigi.**
**2. Kompensatsiya to`lemleri.**

### 1. Kepillikli to`lemler tusinigi.

Kepillikli to`lemler degende xızmetker o`zine baylanıslı bolmag`an sebepler sebepli miynet minnetlemelerin orınlay almag`an waqıt ushın a`melge asırılatug`ın to`lemler na`zerde tutıladı. Kepillikli to`lemler xızmetkerdin` materiallıq ma`pin qorg`aw, haqılarının` kemeyip ketiwine jol qoymaslıq maqsetinde belgilenedi.

Kepillikli to`lemler is haqıdan parıq qılıp, orınlang`an jumıstıq mug`darı ha`m sıpatına ko`re emes, ba`lki nızamda ko`zde tutılg`an sebeplerge ko`re to`lenedi. Kepillikli to`lemlerdin` sotsiallıq wazıypası xızmetker o`zinin` huqıqların a`melge asırıwı, minnetleme-lerin orınlawı sebepli islemegen waqıtlarda olar turmıs da`rejesinin` pa`seyip ketiwine jol qoymaslıqtan ibarat.

O`zbekstan Respublikası miynet kodeksinin` 10-babında jeterlishe tusinik berilgen. Bunda, 165-stat`yasında ko`rsetilgenindey, xızmetker ma`mleket yaki ja`ma`a`t wazıypaların orınlap atırg`an waqıtta yag`nıy (qa`niygelik asırıw, ratsionalizatorlıq, usınıslardı ja`riya etiw isinde qatnasıw, xızmet saparında bolıw, meditsinalıq ko`rikten o`tiw ha`m basqalar) jumıs beriwshi xızmetkerge jumıs ornın (lawazımın) saqlag`an halda ortasha is haqı to`lewi lazım boladı.

O`zbekstan Respublikasının` miynet kodeksinin` 167-stat`yasında ko`rsetilgeninshe, xızmetker ja`ma`a`t ma`plerine baylanıslı ha`reketler islegende (avariyalar, ta`biyiy apatlardın` aqıbetlerin toqtatıw, insan o`mirin saqlap qalıw ha`m basqa jag`daylarda) mine usı da`wirde onın` jumıs ornı (lawazımı) ha`m ortasha is haqısı saqlanadı.

Ma`jburiy meditsinalıq ko`rikten o`tiwi sha`rt bolg`an xızmetkerlerge olardın` jumısqa jaramlılıg`ın anıqlaw maqsetinde statsionar meditsinalıq mekemelerde tekseriwden o`tetug`ın da`wiri ushın, usı stat`ya boyınsha kepillikler beriledi.

Donorlıq qılıwshı xızmetkerlerge ha`r sapar quyıw ushın qan tapsırg`an kunnin` ertesine de dem alıw ushın bir kuni beriliwi sha`rt. Xızmetkerlerdin` qa`lewine ko`re, bir kun qosıssha beriledi. Bul jag`dayda ortasha is haqı saqlanadı.

O`zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin` 1997-jıl 11-martındag`ı 133-sanlı qararının` 5-qosımshasında «xızmetkerler ma`mleket yaki ja`ma`a`t wazıypaların orınlawları, sonday-aq, olardıq ja`miyet ma`plerine baylanıslı ha`reketlerin a`melge asırıwları menen baylanıslı kepillikli to`lemlerdi beriw ta`rtibi» tastıyıqlang`an bolıp, onda xızmetkerler ta`repinen ma`mleket wazıypaların, ja`miyet ma`plerine tiyisli jumıslardı orınlaw tusinikleri ha`m mine usınday jumıs turleri belgilep qoyılg`anyu

Ma`mleket ha`m ja`miyet ma`plerine baylanıslı jumıslardı orınlag`an payıtlarda beriletug`ın kepillikler, sonın` ishinde, jumıs ornı (lawazımı) ha`m is haqı saqlanıwı menen baylanıslı ra`wishte beriletug`ın kepillikler ayırım nızamlarda da na`zerde tutılg`an. Mısalı, saylaw huqıqların a`melge asırıw menen baylanıslı kepillikler «puqaralardıq saylaw huqıqları kepillikleri haqqında»g`ı nızamda, deputatlıq wa`killiklerin a`melge asırıw menen baylanıslı kepillikler «O`zbekstan Respublikasında deputatlar statusı haqqında»g`ı, a`skeriy minnetlemelerdi orınlaw menen baylanıslı kepillikler «ulıwma a`skeriy minnetleme ha`m a`skeriy xızmet haqqında»g`ı, O`zbekstan Respublikası nızamlarında a`dil sudlawdı a`melge asırıwg`a ko`meklesiw menen baylanıslı kepillikler jınayat protsessual ha`m puqaralıq protsessual nızam hujjetleri normalarında na`zerde tutılg`an.

Xızmetkerlerge olardan tısqarı 13 jasqa tolmag`an balaların ta`rbiyalaw waqtına, jumısqa jaylasıw dawamında ha`m basqa payıtlarda kepillikli to`lemler to`leniwi mumkinligi nızamlarda na`zerde tutılg`an.

Hayallar ha`m miynet qa`bileti pa`seygen shaxslar tiyisli tiykarlarg`a ko`re basqa kem haqı to`lenetug`ın jumısqa o`tkizilgenlerinde olarg`a burıng`ı is haqıları menen keyingi is haqıları ortasındag`ı parıq to`leniwi kepillestiriledi.

Xızmetkerler kepillikli to`lemler to`lew payıtında ortasha is haqını esaplap shıg`ıw ta`rtibi barlıq jag`daylarda O`zbekstan Respublikası hukimeti ta`repinen belgilenedi. Sonın` ishinde, O`zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin` 1997-jıl 11-martındag`ı 133-sanlı qararının` 6-qosımshasında mine usınday jag`daylarda «ortasha aylıq is haqın esaplap shıg`arıw ta`rtibi» na`zerde tutılg`an.

## 2. Kompensatsiya to`lemleri.

Kompensatsiya to`lemleri degende, xızmetkerdin` o`z miynet wazıypaların orınlaw menen baylanıslı qosımsha qa`rejetlerdi nızam hujjetleri miynet kodeksinin` 171, 172, 173-stat`yaları, ja`ma`a`t sha`rtnamaları, ja`ma`a`t kelisimleri, sonday-aq miynet sha`rtnamalarında belgilengen sha`rtler ha`m ta`rtiplerde jumıs beriwshi ta`repinen qaplanıwı tusiniledi. (171-stat`ya, xızmet saparı da`wirinde ha`m ko`ship juriw menen baylanıslı islerde qa`rejetlerdi to`lew, 172-stat`ya, basqa jaydag`ı jumısqa ko`ship barg`anda qa`rejetlerdi to`lew, 173-stat`ya, xızmetkerge tiyisli mal-mulkten paydalang`anlıq ushın qa`rejetlerdi to`lew).

Xızmetkerlerge xızmet saparı, barlıq orındag`ı jumısqa ko`shirip barıw menen baylanıslı, xızmetkerge tiyisli mal-mulkten paydalang`anlıq ushın qa`rejetler ta`replerdin` o`z-ara kelisimlerine ko`re basqa qa`rejetler qaplap beriliwi lazım.

Xızmet saparı payıtında jol kirey qa`rejetleri, turar jay menen baylanıslı qa`rejetler ha`m sutkalı pul to`leniwi na`zerde tutılg`an. Usı qa`rejet normaları O`zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin` 1993-jıl 19-aprel`degi 28-sanlı «G'a`rezsiz ma`mleket doslıq awqamı shegarasında xızmet saparı haqqındag`ı ko`rsetpe»de na`zerde tutılg`an.

Xızmet saparı degende xızmetker ta`repinen o`z xızmet minnetlerine kiriwshi wazıypalarına jumıs beriwshinin` tapsırması menen ka`rxana jaylasqan aymaqtan basqa orında orınlawı tusiniledi. Xızmet saparına jiberiw nızam hujjetlerinde belgilengen sheklewler na`zerde tutılg`an halda jumıs beriwshinin` buyrıg`ı menen a`melge asırıladı. Xızmet saparına barıw haqqındag`ı jumıs beriwshi buyrıg`ı xızmetker ushın ma`jburiy esaplanadı.

Ko`rsetpege ko`re xızmet saparının` muddeti qag`ıyda boyınsha 40 kalendar` kunnen, jumısqa tusiriw-sazlaw jumısların orınlaw menen baylanıslı bolg`anda bolsa bir jıldan artıp ketpesligi lazım.

Xızmetkerdin` xızmet saparına jo`nep ketiwi, bag`darlang`an orıng`a jetip barg`anlıg`ı, jumıstı orınlap qaytıp kelgenligi belgilengen nusqadag`ı xızmet saparı guwahnamasına jazıladı. Xızmet saparına jiberilgen xızmetker usı jerdegi ka`rxana ishki miynet ta`rtibi qag`ıydalarına ha`m kun ta`rtibine a`mel etiwi lazım. Xızmetker miynet saparı da`wirinde kesel bolıp qalsa, belgilengen tapsırmalardı orınlawg`a ulgermese, bul jag`dayda bul haqqında xızmet saparına jiberilgen ka`rxananı xabardar qılıwı lazım.

Jumıstıq qa`siyetine ko`re saparda orınlanıwı lazım bolg`an, ko`ship juriwi menen baylanıslı ha`m bul haqqında miynet sha`rtnaması duziw payıtında kelisip alıng`an jumıslar xızmet saparına sanalmaydı. Bunday islerde jumıs penen baylanıslı qa`rejetler ayırım ta`rtipte, a`dette asırılg`an is haqı to`lew arqalı qaplanadı.

Xızmet saparına jiberilgen xızmetkerdin` jumıs ornı (lawazımı) ha`m de ortasha is haqısı saqlanıp qaladı. Xızmet saparı payıtında xızmetkerge jol qa`rejetleri (usınılg`an transport biletleri ha`m basqa to`lew hujjetleri tiykarında), turar jay qa`rejetleri (usınılg`an to`lew hujjetlerinde ko`rsetilgen mug`darda, lekin lyuks xana ushın to`lengen summanın` 70 protsentinen artıq bolmag`an mug`darda), sutkalıq pul to`lenedi.

Turar jay qa`rejetleri xızmetker xızmet saparına jiberilgen orında turar jay menen ta`miynlenbese g`ana to`lenedi. Turar jayınan paydalang`anlıg`ı haqqındag`ı hujjet usınılmag`an

jag`dayda xızmetkerge turar jay qa`rejetleri "MDA ma`mleketleri paytaxtlarında ha`r bir kun ushın en` kem aylıq is haqının` 0,03 barabar mug`darında, basqa qalalarda bolsa 0,02 barabar mug`darında qaplanadı.

Sutkalı pul bolsa "MDA paytaxtlarında en` kem aylıq is haqının` 0,12 ese, basqa qalalarda 0,1 ese, Tashkent qalasına xızmet saparına jiberilgeninde en` kem aylıq is haqının` 0,1 esesi, O`zbekstannın` basqa qalalarında bolsa 0,08 ese mug`darında to`lenedi.

Qurılıs, montaj, sazlaw islerine xızmet saparı eki ayg`a shekem dawam etkeninde joqarıdag`ı normalarda qa`rejetler qaplanadı, eki aydan ko`birek dawam etkende bolsa qa`rejetlerdi to`lew ornına aylıg`ına 50 protsent mug`darda qosıp beriledi.

Xızmet saparınan qatqan xızmetker jumıs beriwshige jazba esabat tapsırıwı lazım. Xızmetker tiyisli hujjetler qsıng`an jag`dayda xızmet saparı da`wirindegi basqa qosımsha qa`rejetler (aldınnan jol biletine buyırtpa beriw, jolda ko`rpe-to`sekten paydalanıw, telefon, telegraf, faks, baylanıs qa`rejetleri ha`m basqalar) da qaplanadı. Basqa orındag`ı jumısqa jiberilip atırg`an ha`m sem`yası menen ko`ship ketip atırg`an xızmetkerlerge (sonın` ishinde basqa orındag`ı jumısqa jollanba menen jiberilip atırg`an jas qa`niygelerge) nızam hujjetlerinde belgilengen normalarg`a muwapıq sem`ya ag`zaları ha`m xızmetkerdin` o`zine jol qa`rejetleri, uy-ruzg`ar buyımların (bagaj) tasıw qa`rejetleri, sutkalıq pul ha`m basqa qa`rejetler beriledi.

Miynet kodeksinin` 183-stat`yasına ko`re jumıs beriwshinin` razılıg`ına ko`re ha`m onın` ma`pleri jolında xızmetker o`zine tiyisli mal-muluten paydalang`anda (arnawlı a`sbaplar, arnawlı kiyimler, transport quralları, imaratlar h.t.b.) jumıs beriwshi og`an amortizatsiya qa`rejetlerin, olardan paydalanıw ushın islengen qa`rejetlerdi beriwi lazım boladı. Usı qa`rejetlerdi to`lewdin` mug`darı ha`m ta`rtibi ja`ma`a`t sha`rtnamasında, eger ol duzilmegen bolsa, xızmetker menen jumıs beriwshi ortasındag`ı kelisimde belgilep qoyıladı.

Ka`rxanalarda duziletug`ın ja`ma`a`t sha`rtnamasında, jumıs beriwshi menen xızmetkerdin` o`z-ara kelisiminde joqarıda ko`rsetip o`tilgenlerden basqa qa`rejetler de qaplanıwı na`zerde tutılıwı mumkin.

## Tema. Miynet intizamı.

**1. Miynet intizamı tusinigi.**
**2. Jumıs beriwshi ha`m xızmetkerdin` minnetleri.**
**3. Miynet ushın xoshametlew.**

### 1. Miynet intizamı tusinigi.

Ha`r bir mekemede intizam bolıwı sha`rt. Intizam joq eken, demek jumıstın` nimi de bolmaydı, xızmetkerler ortasında ha`r qıylı dawlar kelip shıg`adı. Usı sebepli O`zbekstan Respublikası miynet kodeksinin` 174-stat`yasına tiykar mekemede «ishki miynet ta`rtibi qag`ıydası» islep shıg`ılıwı ha`m ka`siplik awqamı komiteti menen kelisilgen halda jumıs beriwshi ta`repinen tastıyıqlanıwı ha`m de ol xızmetkerlerdin` tanısıp shıg`ıwları ushın qolay bolg`an orıng`a ildirip qoyılıwı kerek.

**Miynet intizamı qag`ıydaları ha`m mazmunı eki qa`siyetti o`zinde sa`wlelendiredi. Bular:**

- Ob`ektiv ta`repten, miynet nızamları, intizam ustavları, ishki miynet ta`rtip qag`ıydalarında bekkemlengen islep shıg`arıwdın` za`ruriy sha`rti sanalıwshı ta`rtip-qag`ıydaları,
- Sub`ektiv ta`repten bolsa xızmetker ha`m jumıs beriwshi ta`repinen miynet intizamına baylanıslı o`z minnetlemelerin orınlaw huqıqlarınan paydalanıw. Miynet intizamına ja`miyet a`dep-ikramlılıq normalarına tiykarlanıwshı ha`m huqıq normaları menen sanktsiyalang`an miynet qatnası qatnasıwshıları a`mel qılıwları lazım bolg`an ishki miynet ta`rtibi qag`ıydaları esaplanadı.

Miynet protsessi qatnasıwshısı esaplanıwshı xızmetkerge ta`sir etiw ko`z-qarasınan miynet intizamın bekkemlew usılları eki turge, yag`nıy: xızmetkerlerdi isendiriw ha`m ma`jburlew turine bo`linedi. Miynet intizamına insendiriw usılı arqalı bekkemlew olarg`a ruwxıylıq, a`dep-ikramlılıq, ruwxıy ta`sir o`tkiziw, adamlar arasında ta`rbiyalıq isler alıp barıw, miynetke o`rnek ko`rsetkenlerdi xoshametlew sıyaqlı islerdi a`melge asıradı.

Ma`jbur etiw usılı bolsa miynet intizamına boysınbaytug`ın, onı ba`rhulla qopal ra`wishte buzatug`ın xızmetkerlerge qarata olardın` erkine qarsı ta`sir sharaların ko`riw, miynet haqqındag`ı nızam hujjetleri ıqtıyarında bar bolg`an kush ha`m quralların iske salıwdı ko`rsetedi. Xızmetkerge intizamıy jaza qollanıwdı ma`jbur etiw usılının` a`melge asırılıwı na`zerde tutıladı.

Ka`rxanalarda miynet intizamına baylanıslı barlıq tiykarg`ı talaplar ishki miynet ta`rtibi qag`ıydaları ko`zde tutıladı. Ha`zirgi payıtta mulkshilik formasına qaramastan barlıq ka`rxana, mekeme, sho`lkemler ushın ulgili ishki miynet ta`rtip qag`ıydaları isep shıg`ılg`an bolıp, ha`r bir is juritiwshi ka`rxana onın` tiykarında o`z ishki miynet ta`rtibi qag`ıydaların islep shıg`ıw ha`m usı tiykarda is juritiw mumkin.

Ka`rxana ishki miynet ta`rtip-qag`ıydalarına muwapıq ka`rxana ishki miynet ta`rtibi haqqındag`ı qag`ıydalar ishlep shıg`ıladı ha`m onda jumıstıq baslanıwı, ta`nepisler, jumıstın` tamam bolıwı, dem alıs kunleri belgilenedi.

Xalıq xojalıg`ının` barlıq tarmaqlarında xızmetkerlerdin` ayrımı toparları ushın intizam haqqındag`ı ustav ha`m nızamlar a`mel qıladı.

## 2. Jumıs beriwshi ha`m xızmetkerdin` minnetleri.

Miynet intizamının` sub`ektiv ta`repi tiykarınan xızmetkerlerdin`, jumıs beriwshinin` minnetlerinen sho`lkemlesedi.

**O`zbekstan Respublikası miynet kodeksinin` 176-stat`yasında ko`rsetilgeninshe, xızmetkerdin` to`mendegi minnetleri belgilep qoyılg`an:**

- Xızmetker o`z miynet wazıypaların hadal, hujdannan orınlawı, miynet intizamına qatan` a`mel qılıwı, jumıs beriwshinin` nızamlı pa`rmayıshların o`z waqtında ha`m anıq orınlawı, texnologiya intizamına, miynetti qorg`aw, texnika qa`wipsizligi ha`m islep shıg`arıw sanitariyası talaplarına a`mel qılıwı, jumıs beriwshinin` mal-mulkin abaylap asırawı kerekligi ko`rsetip o`tilgen.
- Xızmetkerdin` miynet wazıypaları islep shıg`ılg`an bolıp, ka`siplik awqamı komiteti menen kelisken halda jumıs beriwshi ta`repinen tastıyıqlang`an ha`m xızmetkerlerge qol qoydırıp, ol tanıstırılg`an bolıwı kerek. Bolmasa daw kelip shıqqanda jumıs beriwshi xızmetkerdin` o`z miynet wazıypaların orınlamag`anlıg`ın da`lillep beriwge ha`m og`an intizamıy jaza sharaları qollaw bir qansha qıyın keshedi.

Mekemede, joqarıda ko`rsetip o`tilgenindey, ishki miynet ta`rtibi qag`ıydası qabıl etilgen, xızmetkerdin` miynet wazıypaları tastıyıqlang`an bolsa, bul hujjetler menen xızmetker tanısqan bolıwına qaramastan, ol miynet intizamın buzsa, jumıs beriwshi ta`repinen xızmetkerlerge to`mendegi intizamıy jaza sharaları qollanıwı mumkin. Bunday jag`day O`zbekstan Respublikası miynet kodeksinin` 181-stat`yasında o`z sa`wleleniwin tapqan.

Xızmetker miynet wazıypaları ishki ta`rtip qag`ıydalarında, intizam haqqındag`ı ustav ha`m nızamlarda, ka`rxanada qabıl etiletug`ın lokal hujjetler (ja`ma`a`t sha`rtnamalarında, ko`rsetpeler ha`m basqalar), miynet sha`rtnamasında anıq belgilep qoyıladı. Intizamlıq qarsı ha`reket dep xızmetker ta`repinen ayıplı ha`m huqıqqa qarsı ta`rizde miynet minnetlemelerin orınlamaslıg`ı tusiniledi. Intizamıy qarsı ha`reket ob`ektiv ha`m sub`ektiv belgilerden ibarat qarsı ha`reket quramın sho`lkemlestiredi. Ha`r qanday xızmetker yaki arnawlı wa`killikke iye bolg`an xızmetker miynet huqıqında intizamdı qarsı ha`reket ha`m juwapkerlik sub`ektivleri bolıwı mumkin. Ka`rxanada a`mel qılıwshı ishki-ta`rtip qag`ıydaları, xızmetkerdin` minnetleri, xızmet wazıypaları shegarasına qarsı ra`wishte islengen ha`reketler intizamıy qarsı ha`reket ob`ekti bolıp esaplanadı.

**O`zbekstan Respublikası miynet kodeksinin` 181-stat`yasında intizamıy qarsı ha`reket islegen xızmetkerge qarata to`mendegi jaza sharaları qollanılıwı mumkinligi na`zerde tutıladı:**

1. So`gis,
2. Ortasha aylıq is haqının` 30 protsentinen artıq bolmag`an mug`darda ja`riyma, ishki miynet ta`rtibi qag`ıydalarında 50 protsentten artıq bolmag`an mug`darda ja`riyma salıw na`zerde tutılıwı mumkin,
3. Xızmetkerge beriletug`ın aqırg`ı intizamıy jaza sharası - bul miynet kodeksinin` 100-stat`yasının` (100-stat`ya, miynet sha`rtnamasın jumıs beriwshinin` usınısı menen biykar etiw) 2-bo`limi, 3-4-ba`ntleri, bular xızmetkerdin` o`z miynet wazıypaların tolıq ra`wishte buzg`anlıg`ı, xızmetkerdin` o`z miynet wazıypaların bir ma`rte qopal ra`wishte buzg`anlıg`ı. Nızamda ko`rsetilmegen intizamıy jaza sharalarının` qollanılıwı qadag`an etiledi. Intizamıy jaza sharaların qollawdın` o`z ta`rtip ha`m qag`ıydaları bar, bul ta`rtip ha`m qag`ıydalarg`a a`mel qılınbasa, xızmetkerge qollanılg`an intizamıy jaza sharası haqıyqıy emes dep esaplanadı.

Joqarıda sanap o`tilgenlerinen basqa intizamıy jaza sharaların qollaw qadag`an etiledi. Intizamıy jazanı qollaw O`zbekstan Respublikası miynet kodeksinin` 182-stat`yasında ko`rsetilgen bolıp, og`an ko`re: «Intizamıy jazalar jumısqa qabıl etiw huqıqı berilgen shaxslar (organlar) ta`repinen a`melge asırıladı». Bo`lim baslıqları ha`m basqa shaxslarg`a bunday huqıq berilmegen. Intizamıy jaza qollanıwdan aldın onnan ne sebepli miynet intizamın buzg`anlıg`ı haqqında jazba ra`wishte tusindiriw xatı talıp etiliwi lazım. Xızmetker tusindiriw xatı beriwden bas tartsa, ushten kem bolmag`an shaxslar qatnasında bul haqqında akt duziledi ha`m onın` islegen qarsı is-ha`reketi ushın joqarıda ko`rsetip o`tilgen intizamıy jazalardan biri qollanıladı ha`m bul haqqında buyrıq shıg`arıladı. Buyrıq xızmetkerge qol qoydırılıp tanıstırıladı.

Intizamıy jaza qollang`anda islengen qarsı is-ha`rekettin` qay da`rejede awır ekenligi usı is-ha`reket islengen jag`day, xızmetkerdin` aldın`g`ı jumısı ha`m minez-qulqı esapqa alıng`an halda is juritedi. Ha`r bir qarsı is-ha`reket ushın tek bir intizamıy jaza qollanılıwı mumkinligi ko`rsetip o`tilgen. Intizamıy jaza tuwrıdan-tuwrı qarsı is-ha`reket anıqlang`annan keyin, lekin bul is-ha`reket

anıqlang`annan baslap, xızmetkerdin` kesel yaki dem alısta bolg`an waqtın esapqa almastan, uzag`ı menen bir ay ishinde qollanıladı.

Xızmetkerge qollanılg`an intizamıy jaza 1 jıl dawamında a`melde boladı ha`m usı muddet dawamında xızmetker basqa intizamıy qarsı ha`reket islemese, ol intizamıy jaza almag`an dep esaplanadı.

Intizamıy jaza jumıs beriwshi usınısına ko`re, jazag`a tartılg`an xızmetker iltimasına ko`re, miynet ja`ma`a`ti menen tuwrıdan-tuwrı baslıg`ının` iltimasına ko`re 1 jıl o`tpesten aldında intizamıy jaza alıp taslanıwı mumkin. Bul haqqında jumıs beriwshinin` buyrıg`ı shıg`arılıwı lazım. Intizamıy jaza qollanılg`annan narazı bolg`an xızmetker 3 ay ishinde miynet dawları komissiyasına yaki rayon (qala) sudına shag`ım qılıwg`a haqılı. O`z na`wbetinde jumıs beriwshi ka`rxanada miynet intizamın ta`miynlew, miynetti na`tiyjeli sho`lkemlestiriw ushın belgili minnetlemelerdi orınlawı mumkin. Ka`rxanada miynet intizamın ta`miynlew jumıs beriwshinin`, yag`nıy ka`rxana baslıqlarının` minneti esaplanadı. Ol miynet sha`rtnamasına, lawazım ko`rsetpesine, ja`ma`a`t sha`rtnamasına, ishki miynet ta`rtibi qag`ıydalarına, xoshametlew haqqındag`ı nızamg`a, basqa hujjetlerge tiykarlanıp is ko`redi. Miynet kodeksnnin` 177-stat`yasında jumıs beriwshinin` minnetlemeleri ko`rsetilgen:

- «Jumıs beriwshi xızmetkerler miynetin sho`lkemlestiriwi, nızam ha`m basqa normativ hujjetlerde, miynet sha`rtnamasında na`zerde tutılg`an miynet sharayatların jaratıp beriwi, miynet ha`m islep shıg`arıw intizamın ta`miynlewi, miynetti qorg`aw qag`ıydalarına a`mel etiwi, xızmetkerdin` ıqtıyaj ha`m talaplarına itibar menen qarawı, olardın` miynet ha`m turmıs sharayatların jaqsılap barıwı, usı kodekske muwapıq ja`ma`a`t sha`rtnamaların duziwi sha`rt.
- Jumıs beriwshi xızmetkerden onın` miynet wazıypaları shegarasına kirmeytug`ın jumıslardı orınlawdı, nızamqa qarsı yaki xızmetker ha`m basqa shaxslardın` turmısı ha`m den sawlıg`ı ushın qa`wip tuwdırıwshı, olardın` namısı ha`m qa`dir-qımbatın kemsitiwshi ha`reketler qılıwdı talap etiwge haqılı emes».

Bulardan tısqarı jumıs beriwshi xızmetkerdi og`an juklenip atırg`an miynet wazıypaları shegarası menen jumıs baslawdan aldın tanıstırılıwı sha`rt.

## 3. Miynet ushın xoshametlew.

Miynet intizamın bekkemlew, hadal miynet ushın xızmetkerlerdi materiallıq ha`m ruwxıy xoshametlew arqalı da a`melge asırıladı. Ka`xanalarda xızmetkerlerge qollanılatug`ın xoshametlew turleri, olardı qollaw tiykarları, sha`rtleri, ta`rtipleri, jen`illik ha`m abzallıqlar beriw ka`rxana sha`rtnamalarında, ishki miynet qag`ıydalarında, basqa lokal hujjetlerinde, intizam haqqındag`ı ustav ha`m nızamlarda, xızmetker menen jumıs beriwshi ortasındag`ı duzilgen miynet sha`rtnamasında belgilenedi. Xızmetkerler miynet tarawında ma`mleket ha`m ja`miyet aldındag`ı ayırım xızmetleri ushın ma`mleket sıylıqları (orden ha`m medallar, hurmetli ataqlar ha`m basqalar)na usınıwları mumkin. Is haqı, qosımsha to`lemler ustema haqı dizimi na`zerde tutılg`an basqa hujjetler xoshametlew sanalmaydı.

Intizamıy jaza a`mel qılıp turg`an muddet dawamında xızmetkerge baylanıslı xoshametlew sharaları qollanılıwı mumkin emesligi belgilengen. Intizamıy qarsı ha`reket ha`m intizamıy juwapkerlik miynet kodeksinde, basqa nızam hujjetlerinde belgilengen bolıp, miynet intizamın buzıwshı xızmetkerge baylanıslı sharasın na`zerde tutadı. Qollanılg`an intizamıy jaza ustinde jazag`a tartılıw yaki miynet dawların ko`rip sheliwi ushın belgilengen ta`rtipte ha`m muddetlerde shag`ım beriwi, prokuror ta`repinen bolsa protest keltiriliwi mumkin.

Jaza tuwrı emes qollanılg`an bolsa, usı ma`sele juzesinen miynet dawın ko`rgen organ (miynet dawları komissiyası, sud, boysınıw ta`rtibinde joqarı turatug`ın organ) oın biykar qıladı, tuwrı qollanılg`anın anıqlag`an jag`dayda bolsa shag`ım (protest)dı aqıbetsiz qaldıradı.

Ayırım topardag`ı xızmetkerlerdi (mısalı, xalıq deputatları, xızmetkerler wa`killik organlarında islep atırg`an shaxslar ha`m basqalardı) intizamıy juwapkerlikke tartılıwında turlishe kepillikler belgilengen bolıp, olarg`a jaza arnawlı qag`ıydalarg`a a`mel qılıng`an halda qollanılıwı mumkin.

## Tema. Miynet sha`rtnaması ta`replerinin` materiallıq juwapkerligi.

**1. Materiallıq juwapkerlik tusinigi ha`m tiykarları.**
**2. Xızmetkerlerdin` jumıs beriwshige jetkizilgen zıyanı ushın juwapkerlikleri.**
**3. Xızmetkerge jetkizilgen zıyan ushın jumıs beriwshinin` materiallıq juwapkerligi.**

## 1. Materiallıq juwapkerlik tusinigi ha`m tiykarları.

Materiallıq juwapkerlik teması miynet nızamshılıg`ında g`a`rezsiz institut esaplanıp, onda xızmetkerler miynet islew protsessinde ka`rxana, mekeme, sho`lkemlerge jetkizilgen mulkiy zıyanlardı o`ndirip alıw haqqındag`ı tusinik berilgen, onda ko`rsetilgeninshe miynet nızamına qarsı

ra`wishte o`z ayıbı menen ka`rxanag`a jetkizilgen zıyandı to`lewdin` ha`mme halatların, tiykarların belgilep beredi.

Xızmetkerler miynet intizamın, ha`kimshilik qarsı ha`reket qılıw yaki jınayat islew sebepli ka`rxana mulkine zıyan jetkizgenlerinde xızmetkerdin` ha`reketin qa`wiplilik da`rejesine qarap materiallıq, intizamıy, ha`kimshilik yaki jınayıy juwapkerlik sharaları qollanıladı. Barlıq turdegi mulklerdi qorg`aw xızmetkerler huqıqları ha`m nızamlı ma`plerin qorıqlaw menen qosıp alıp barıladı.

**Usı menen birge to`mendegi wazıypalardı da a`melge asırıw ko`zde tutıladı:**

- Mulkti qorg`aw, og`an jetkizilgen zıyandı o`z waqtında tolıq qaplaw,
- Xızmetkerler is haqıların saqlaw juzesinen belgilengen kepilliklerdi ta`miynlew,
- Zıyan jetkiziwshi xızmetkerde ha`m basqa xızmetkerlerde ka`rxana mulkine tejemlilik penen qatnasta bolıw sezimin turlendiriwe qaratılg`an ta`rbiyalıq jumıslardı alıp barıw.

**Xızmetkerler materiallıq juwapkerlik juklew belgili sha`rtler jıyındısın o`z ishine alıwshı yuridikalıq quram bar bolıwdı talap qıladı, bug`an to`mendegiler kiredi:**

- Haqıyqıy zıyan jetkizgenligi,
- Zıyandı jetkiziwshi xızmetkerdin` ayıbı barlıg`ı,
- Zıyan jetkizgen xızmetkerdin` ayıplı ha`reketi huqıq normalarına qarsı bolıwı,
- Zıyan jetkiziliwine alıp kelgen ayıplı ha`reket penen juz bergen zıyanlı aqıbet ortasında passiv baylanıs barlıg`ı.

**Ka`rxana, mekeme, sho`lkemge jetizilgen zıyandı eki turge bo`liw mumkin:**

1. Haqıyqıy zıyan,
2. Alınbay qalg`an zıyan.

Sonı aytıw orınlı, materiallıq juwapkerlik tek haqıyqıy zıyan bar bolsa g`ana kelip shıg`adı. Mısalı, xızmetker o`zi islep turg`an quraldı qastan buzg`anlıg`ı ushın ka`rxanag`a zıyan keltiredi. Bunda joqarıda aytılg`an zıyannın` eki turi bar.

Birinshiden, quraldı duzetiw ushın jetkizilgen zıyan, ekinshiden, usı quraldın` bos turıwı na`tiyjesinde keltirilgen zıyan. Bunday jag`daylarda xızmetkerden quraldı duzetiw ushın ketken haqıyqıy zıyan o`ndiriledi. Kerisinshe, qural boy turg`anlıg`ı ushın alınbay qalg`an paydadan kelip shıqqan zıyandı o`ndirip alıw mumkin emes, sebebi, bul alınbay qalg`an da`ramad.

Xızmetkerdin` ayıbı degende, onın` zıyan jetkiziw payıtındag`ı o`z is-ha`reketinin` ruwxıy qatnası na`zerde tutıladı. Ayıp qastan yaki ıqtıyatsızlıq na`tiyjesinde islengen bolıwı mumkin.

Huqıqqa qarsı is-ha`reket degende zıyan juz beriwine sebep bolg`an miynet intizamının` buzılıwında, basqa nızamlarg`a a`mel qılmag`anlıg`ında sa`wlelenetug`ın ha`reket yaki ha`reketsizlik na`zerde tutıladı. Ka`rxana, mekeme, sho`lkemge nızamg`a muwapıq is-ha`reket sebepli jetkizilgen zıyan xızmetkerlerden o`ndirip alınbaydı.

Xızmetker ayıbı menen juz bergen zıyan ortasında sebepli baylanıs bolıwı, yag`nıy zıyanlı aqıbet xızmetker ayıplı is-ha`reketinin` tuwrıdan-tuwrı na`tiyjesi bolıwı sha`rt. Sebepli baylanıs joqlıg`ı xızmetkerdin` materiallıq juwapkerligin keltirip shıg`armaydı. Demek, xızmetkerlerdin` materiallıq juwapkerligi degende, xızmetkerdin` o`z miynet minnetlerin orınlamaslıg`ı yaki jaqsı orınlamaslıg`ı aqıbetinde ka`rxana mulkine jetkizilgen tuwrı ha`m haqıyqıy zıyandı nızamda ko`zde tutılg`an ko`lemde qaplaw juzesinen minnetlemesi na`zerde tutıladı.

Ka`rxana, mekeme, sho`lkemlerdin` xızmetkerlerin nızamsız ra`wishte basqa iske ko`shiriw yaki jumıstan bosatıwda ayıpker bolg`an lawazımlı shaxalarg`a nızamsız basqa jumısqa ko`shirilgen yaki jumıstan bosatılg`an xızmetkerlerge ma`jburiy progul ushın ka`rxana ta`repinen to`lengen is haqını ka`rxanag`a qaytarıwları kerek. Biraq bunda nızamsız basqa jumısqa ko`shiriw yaki jumıstan bosatıwda ayıpker bolg`an lawazımlı shaxstan o`ndiriletug`ın summa onın` 3 aylıq lawazım aylıg`ınan asıp ketpesligi kerek.

Xızmetkerler ta`repinen ka`rxana, mekeme, sho`lkemge jetkizilgen materiallıq zıyandı o`ndirip alıwdan burın, ha`kimshilik zıyannın` kelip shıg`ıw aqıbetlerin, sebeplerin, keltirilgen haqıyqıy zıyannın` mug`darın, basqa usı sıyaqlı jag`daylardı teren` uyrenip shıg`ıw sha`rt, tek sonnan keyin g`ana zıyandı o`ndirip alıw haqqında buyrıq beriliwi yaki tiyisli hujjetlerdi ka`rxanag`a zıyandı o`ndirip beriw ushın sudqa beriliwi mumkin.

O`zbekstan Respublikası miynet kodeksinin` 206, 207-stat`yalarında ka`rxana, mekeme, sho`lkemlerge xızmetkerler ta`repinen materiallıq zıyan jetkizilgende zıyandı ıqtıyarıy qaplawg`a qaratılg`an sharalar belgilengen. Bunnan tısqarı, xızmetkerlerdin` ka`rxana, mekeme, sho`lkemge jetkizgen zıyandı o`ndiriw menen baylanıslı ma`seleler bir qatar arnawlı normativ aktlerge muwapıq sheshiledi.

Xızmetkerlerdin` materiallıq juwapkerligi olardın` nızamg`a qarsı ha`reketi yaki ha`reketsizligi na`tiyjesinde o`zi islep turg`an ka`rxana, mekeme, sho`lkemge jetkizgen zıyanın miynet nızamlarında belgilengen mug`darda to`lewi na`zerde tutıladı.

Miynet kodeksinin` 186-stat`yasına ko`re: «miynet sha`rtnamasının` bir ta`repi o`zinin` nızamsız ayıplı minez-qulqı(ha`reket yaki ha`reketsizligi) na`tiyjesinde basqa ta`repke jetkizilgen zıyan ushın, bunda miynet kodeksinde basqasha jag`day na`zerde tutılmag`an bolsa, materiallıq juwapker boladı». **Usı qag`ıydag`a ko`re, miynet haqqındag`ı nızam hujjetlerine ko`re materiallıq juwapkerlik beriwi ushın to`mendegi sha`rtler bar bolıwı talap etiledi:**

- Ayıplı minez-qulıq,
- Nızamsız ha`reket yaki ha`reketsizlik,
- A`meldegi real zıyan (haqıyqıy tuwrı zıyan) jetkizilgen bolıwı,
- Ayıplı minez-qulıq penen zıyanlı aqıbet ortasında sebepli baylanıs bolıwlıg`ı lazım.

Normasında islengen islep shıg`arıw xojalıq ta`wekelshiligi na`tiyjesinde kelip shıqqan zıyan ushın xızmetker materiallıq juwapkerlikke tartılıwı mumkin emes.

Normasında islengen islep shıg`arıw xojalıq ta`wekelshiligi qatarına to`mendegiler kiredi:

1. Islep shıg`arıwda jan`a qurılma ha`m qurallardın` ornatılıwı, jan`a texnologiya protsessinde miynettin` jan`a usılları jra`iya etiliwi,

2. Ka`rxana iskerliginin` tamam bolıwı yaki islep shıg`arıwdın` toqtap qalıwına jol qoymaslıq maqsetinde bir turdegi materiallar ornına basqasınan paydalanıw,

3. Sha`rtnamada ko`zde tutılg`anınan abzalıraq o`nimler islep shıg`arıwdı jolg`a qoyıw,

4. Bir ka`rxana aldındag`ı minnetlemelerin orınlaw maqsetinde ha`m ka`rxana ma`plerin go`zlep o`nim jetkizip beriw, jumıslardı orınlaw juzesinen sha`rtnamalar duziw,

5. A`hmiyetli xalıq xojalıg`ı a`hmiyetine iye ob`ektti ko`rip pitkiziw maqsetinde ekinshi bar ob`ekttegi qurılıs islerin waqtınsha toqtatıp turıw,

6. Awıl xojalıg`ı islep shıg`arıwın sho`lkemlestiriwdin` jan`a formaların o`zlestiriw, jan`a agrotexnika usılların ta`jiriybe sıpatında ja`riya etiw, jan`a turdegi tuxımdı qollaw sıyaqlılar.

Aqırg`ı za`rurlik, za`ruriy qorg`anıw jag`daylarında, sonday-aq jumıs beriwshinin` buyrıg`ın orınlaw aqıbetinde jetkizilgen zıyan ushın da materiallıq juwapkerlikke tartılıwına jol qoyılmaydı.

### 2. Xızmetkerlerdin` jumıs beriwshige jetkizilgen zıyanı ushın juwapkerlikleri.

Xızmetker ta`repinen jumıs beriwshige jetkizilgen materiallıq zıyanı degende o`z miynet minnetlemelerin orınlawı qatnası menen yaki basqasha sharyatlarda ayıplı, nızamsız minez-qulqı menen jumıs beriwshi mulki yaki mulkiy ma`plerine real ra`wishte zıyan jetkiziliwi tusiniledi.

Miynet kodeksinin` 198-stat`yasında aytılg`anınsha: «xızmetker jumıs beriwshige jetkizilgen tuwrıdan-tuwrı haqıyqıy zıyandı to`lewi sha`rt. Tuwrıdan-tuwrı jetkizilgen zıyan degende jumıs beriwshinin` bar mal-mulki (sonın` ishinde jumıs beriwshi ushinshi shaxslardan ijarag`a alg`an mal-mulki) a`melde kemeygenligi yaki jaman halatqa kelgenligi, sonday-aq jumıs beriwshinin` artıqsha to`lewler kiritiw tusiniledi

Xızmetker jumıs beriwshige tuwrıdan-tuwrı jetkizilgen haqıyqıy zıyan ushın da, jumıs beriwshi basqa shaxslarg`a jetkizilgen zıyandı to`lewi na`tiyjesinde kelip shıqqan zıyan ushın da materiallıq juwapker boladı».

Xızmetkerlerdin` ayıbı menen jumıs beriwshi ushinshi shaxslarg`a to`legen ekonomikalıq sanktsiya sıpatındag`ı ja`riyma, neustoyka, penya summaların, ka`rxanag`a baylanıslı wa`killikli ma`mleket organları ta`repinen qollanılg`an ekonomikalıq jaza sharası ja`riyma summaların da nızamda belgilengen shegarada to`lep beriwi lazım.

Eger xızmetker ta`repinen jumıs beriwshige zıyan, onı sheshiw mumkin bolmag`an kushler (ta`biyiy apatlar, islep shıg`arıw apatshılıqları, ushinshi shaxslardın` nızamsız ha`reketleri h.t.b.) normal xojalıq ta`wekelshiligi aqıbetinde, aqırg`ı za`rurlik yaki za`ruriy qorg`anıw na`tiyjesinde kelip shıqqan bolsa, xızmetkerdin` materiallıq juwapkerligi alıp taslanadı.

## Miynetti huqıqıy qorg`aw.

**1. Miynetti huqıqıy qorg`aw tu`sinigi.**
**2. Miynetti huqıqıy qorg`aw haqqında islenip atırg`an is ilajlar.**
**3. Hayal-qızlar miynetin huqıqıy qorg`aw.**
**4. Jaslar miynetin huqıqıy qorg`aw ta`rtibi.**
**5. Miynetti qorg`aw haqqındag`ı nızamlar.**

### 1. Miynetti huqıqıy qorg`aw tu`sinigi.

Miynetti huqıqıy qorg`aw tu`sinigi. O`zbekstan Respublikasının` Konstitutsiyasının` 37-stat`yasında ko`rsetiliwinshe jumısshılar ushın qolaylı miynet sharayatların jaratıp beriw kepillengen bolıp, bul huqıqların a`melge asırıwda miynetti qorg`aw haqqındag`ı nızam ha`m sol tiykarında qabıl qılıng`an basqa normativ aktlarg`a awmaq (qaldırmay) a`mel qılıw ha`r birimizden talap etiledi.

Miynetti qorg`aw tiyisli nızam ha`m basqa normativ aktler tiykarında a`mel qılıwshı insannın` miynet qılıw prozasında qa`wipsizligi, den-sawlıg`ı ha`m is qa`bileti saqlawın ta`miynlewge qaratılg`an sotsial ekonomikalıq sho`lkemlik, texnikalıq, sanitariyalıq-gigena ha`m emlew profilaktika ilajları ha`m de qurallardı tiykarında is alıp barıladı. Yuridik a`debiyatlarda miynetti qorg`aw tu`sinigi ma`nisi ha`m mazmunına ayrıqsha itibar berilgen. Miynetti qorg`aw nızamlarda ha`m de yuridik a`debiyatlarda ko`binese «Texnika qa`wipsizligin ha`m islep shıg`arıw sanitariyası» ataması qollanıladı yaki bo`lek-bo`lek ajıratılg`an halda u`yreniledi.

Miynet huqıqında qorg`aw ataması ken` ha`m tar ma`nilerde isletiledi. Ken` ma`niste bul atama miyetti qollawg`a ta`n barlıq ma`seleler toplanıp o`z ishine alatug`ın ha`m miynet huqıqının` tu`rli bo`limleri (miynet sha`rtnaması, is ha`m dem alıw waqtı ha`m basqalar) ne tiyisli huqıq normaları jıyındısı tu`siniledi. Bularg`a iske qabıl qılıwdan tiykarsız bas tartıwdı qadag`alawshı, isshilerdi jumıstan bosatıw ha`m basqa iske o`tkiziwdi sheklewshi is waqtı shegaraların belgilewshi ha`m de basqa ko`plep qolaylı miynet sharayatları jaratılıwına qaratılg`an bag`darlar kiredi. Tar ma`niste miynetti qorg`aw ataması isshiler ushın qa`wipsiz ha`m sag`lam miynet sharayatların jaratıw islep shıg`arıw uchastkalarında texnikalıq, sanitariya-gigena sharayatların ta`miynlew maqsetinde belgilengen standartlar ha`m normativlerdin` islep shıg`ıw ha`m olarg`a a`mel qılıwın ta`miynlewi ta`n ekonomikalıq, huqıqıy, sho`lkemli is ilajlarınan ibarat boladı. Miynetti qorg`aw texnika qa`wipsizligi ha`m islep shıg`arıw sanitariyasın da o`z ishine aladı. Texnika qa`wipsizligi degende islep shıg`arıwdın` zıyanlı faktorları ta`sirin sheshiwge qaratılg`an sho`lkemli is ilajlar ha`m texnikalıq qurallar dizimi na`zerde tutıladı.

Islep shıg`arıw sanitariyası degende islep shıg`arıwdın` zıyanlı ta`sirinin` aldın-alıw yaki olardı keltiriwge qaratılg`an is ilajlar ha`m texnikalıq qurallar dizimi tu`siniledi. Miynetti qorg`awg`a ta`n nızamlar mu`lkshilik formasınan qatıy na`zer barlıq ka`rxana ha`m sho`lkemlerde kooperativlikler, diyxan-fermer xojalıqlarında jallanıp islep atırg`an yaki ag`za bolg`an halda miynet qılıp atırg`an barlıq puxaralarg`a, islep shıg`arıw a`meliyatı da`wirinde ha`m ka`rxanalarg`a jalı etilgen oqıwshılar ha`m talabalarg`a, ka`rxanalardag`ı islerge jalp etilgen basqa puxaralar miynetin qorg`awg`a salıstırg`anda usınıladı. O`zbekstan Respublikasının` 1993-jılı 6-mayda qabıl etilgen miynetti qorg`awı haqqındag`ı nızamnın` 4-stat`yasında miynetti qorg`aw tarawındag`ı o`zbekstan Respublikası ma`mleket siyasatı tiykarları bayan etilgen bolıp, ka`rxananın` islep shıg`arıw na`tiyjelerine salıstırg`anda isshinin` turmısı ha`m den-sawlıg`ı u`stinligi bul siyasattın` bas qag`ıydalarınan birin quraydı.

Miynetti qorg`awdı huqıqıy deregi O`zbekstan Respublikası Konstitutsiyası, O`zbekstan Respublikası miynetti qorg`aw haqqındag`ı nızamı O`zbekstan Respublikası miynet kodeksinin` miynetti muqafaza qilish babı (211-223 stat`yaları) ha`m basqa qag`ıydalar O`zbekstan hu`kimetinin` miynetti qorg`awg`a tiyisli qararları, wa`zirlikler ha`m mekemelerdin` islep shıg`arıwda texnika qa`wipsizlik sanitariya ha`m de gigena, profilaktikag`a ta`n ko`rsetpeler, standartlar, texnikalıq sha`rtler, ma`ha`lliy ma`mleket ha`kimiyatı organlarının` qararları, ka`rxana ha`m sho`lkemlerdin` tuwrı o`zinde islep shıg`arılg`an is beriwshiler ha`m de isshiler wa`killik organları menen o`z-ara kelisip tastıyıqlang`an miynetti qorg`awg`a ta`n normativ aktler esaplanadı. O`zbekstannın` ma`mleketler ara eki ta`repleme ha`m ko`p ta`repleme wa`delesiwleri, O`zbekstan qatnasqan eki ta`n alg`an halqara sha`rtnamalar ha`m miynetti qorg`awg`a ta`n nızamnın` za`ru`r dereklerinen esaplanadı. Miynet krdeksinin` 211-stat`yasına qaray, miynetti qorg`aw miynet qatnasıqlarının` za`ru`r quram elementi esaplanıp, onnan is beriwshi ushın da za`ru`r huqıqlar ha`m ministrlikler ju`zege keledi.

Miynet kodeksinin` 212-stat`yasında miynetti qorg`aw barısında isshilerdin` minnetleri ko`rsetilgen bolıp, onda isshi miynetti qorg`aw normalarına, qag`ıyda ha`m ko`rsetpelerge sonday-aq adminstratsiyanın` isti qa`wipsiz alıp barıw haqqındag`ı pa`rmanlar shıg`arıw, alıng`an shaxsıy qurallardan paydalanıw, insanlar turmısı ha`m den-sawlıg`ına tuwrı qa`wip salatug`ın ha`r qanday halat haqqında sonday-aq is protsessinde yaki ol menen baylanıslı halda sadr bolg`an ha`r qanday baxıtsız ha`diyse haqqında o`zinin` tuwrı baslıg`ın (brigadiri, ustası, uchastka baslıg`ı h.t.b.) da`rhal xabardar qılıwı sha`rt. Miynetti qorg`awg`a ta`n talaplarına qatan` a`mel qılıwshının` minneti bolıp, og`an boysınbaw intizamlı juwapkershilikke jaza qollanıwına sebep boladı. Miynetti qorg`awg`a rioya etiliwi tekserip barıw ha`m sha`rt-sharayatlar menen ta`miynlew is beriwshinin` minnetleri qatarına kiredi. Ka`rxanalarda miynetti qorg`awg`a ta`n islerdi ra`smiylestiriw ha`m a`melge asırıw, bul tarawdı is ta`repinen basqarıw ka`rxanalarının` konsalıq g`a`rezsizlikleri menen wyg`ın halda alıp barılıwına tiykarlanadı.

Miynetti qorg`aw rejeleri belgili tarmaq, aymaqta sadallandırıw, miynet sharayatların quramalastırıwdın` ulıwma rejeleri quramlıq bo`limi esaplanadı. Miynetti qorg`aw isleri ka`rxana planlasıwı, qurılıs ha`m paydalanıwg`a tapsırıwınan baslap islep shıg`arıw protsessi dawamında ha`m u`zliksiz a`melge asırıladı. Miynetti qorg`aw barısınan standartlardı anyaıqlaw nızam hu`jjetleri menen belgilenedi.

Miynetti qorg`aw haqqındag`ı nızam 9-stat`yasında ka`rxanalar ha`m ob`ektlerdi planlastırıw, qurıw ha`m isletiwge, islep shıg`arıw quralların tayarlaw ha`m bezewde miynetti qorg`aw talaplarına roya etiwin ta`miynlew is ilajları belgilep qoyılg`an bolıp, og`an qaray miynetti qorg`aw ilajlarına juwap bermeytug`ın ka`rxana ha`m ob`ektlerdin` iske tu`siriliwi qadag`anlang`anlıg`ı ko`rsetilgen. Sag`lam ha`m qa`wipsiz miynet sharayatın ta`miynlewge qaratılg`an profilaktik ilajlar qatarına joqarıdag`ılardan tısqarı, ka`rxanalarda texnika qa`wipsizligin ta`miynlew xızmeti bolıwı lazımlıg`ı haqqındag`ı (miynetti qorg`aw haqqındag`ı nızamnın` 14-stat`yasında) miynetti qorg`awg`a ta`n ko`rsetpe ha`m basqa normativ aktlerdin` islep shıg`ılıwı, isshilerdin` jeke qorg`anıw qurallar menen ta`miynleniwleri ha`m bul qurallardan paydalanıw isshi ushın ma`jbu`riy ekenligin zıyanlı islep shıg`arıw sharayatlarında shug`ıllang`an isshilerdin` kesellikke shalınıwlarının` aldın-alıw maqsetinde belgilengen shegaralarg`a muwapıq profilaktik azıq-awqat o`nimleri, mo`r, suw, su`t ha`m su`t o`nimleri menen ta`miynleniwleri, ayrım taypag`a tiyisli yaki zıyanlı miynet sharayatlarında shug`ıllang`an isshilerdi iske qabıl qılıw paytında ha`m de is dawamında waqtı-waqtı menen meditsina ko`riginen o`tkerilip turıw lazımlıg`ı, sawlıg`ı jag`dayına qaray isshilerdi jen`illirek iske o`tkerip turılıwı kibi is ilajlarda kiredi.

Miynetti qorg`aw maqsetleri ushın ma`mleket qarjıları ajıratıladı ha`m de olardan tolıq ha`m maqsetke muwapıq paydalanıwı ma`mleket ha`m de ja`miyet jolı menen qadag`alanadı. Ka`rxana ta`repinen miynetti qorg`aw ushın ajıratılg`an qarjılardan tolıq yaki maqsetke muwapıq paydalanbaw ma`mleket ha`m finans intizamın qopal ra`wishte buzıw dep bahalanadı. Ka`rxanalarda isshiler is beriwshiler esabınan baxıtsız ha`diyseler ha`m ka`sip keselliklerine shalınıwdan saqlanıw ushın ma`jbu`riy qamsızlandırılıp qoyıladı. Ka`rxana isshileri den-sawlıg`ına zıyan jetkiziwi olardın` o`limi ju`z beriwi menen baylanıslı baxıtsız ha`diyseler ju`z bergende bul ha`diyseler is beriwshi ta`repinen belgilengen ta`rtipte ha`m mu`ddetlerde tekseriliwi, bul haqqında du`zilgen akt ja`birlengen isshige, qaytıs bolg`an shaxstın` qaramag`ında bolg`an sem`ya ag`zalarına beriliwi lazım. Ka`rxana is beriwshisi ju`z bergen baxıtsız ha`diyselerdi anıq ha`m o`z waqtında esapqa alıp barıwg`a ma`jbu`r. Miynetti qorg`aw haqqındag`ı nızamlardı buzg`anı ushın tiyisli huqıqıy juwapkershilikler ju`z beredi. Miynetti qorg`aw sharayatında to`mendegi ma`selelerdi inabatqa alıwı talap etiledi.

1. adminstratsiya menen ka`siplik awqam miynetti qorg`awg`a tiyisli bolg`an huqıqıy normalardı ko`rip shıg`ıw ha`m qollaw.

2. texnika qa`wipsizligi ha`m islep shıg`ıw sanitariya qag`ıydalarına roya qılıwın ta`miynlew

3. ka`sip keselligine yaki islep shıg`arıwına jaraqatlanıwdın` aldın alıwg`a qaratılg`an ilajlardı ko`riw.

4. miynet qa`bileti kemeygen shaxslardın` miynetti qorg`awg`a qaratılg`an is ilajlardı ko`riw.

5. miynetti qorg`awdı qadag`alaw ta`rtibin belgilewshi normalardı qollaw.

6. miynetti qorg`aw qag`ıydaların buzg`anlıg`ı ushın juwapkershilikti belgilewshi normalardı o`z ishine aladı.

O`zbekistan respublikası miynet kodeksining 211-moddasida ko`rsetiliwshi miynetti qorg`awdan tiykarg`ı maqset barlıq kg`rxanalardı mekeme hg`mde sho`lkemlerdi sag`lam ham qg`wipsiz sharayatlar jaratıp beriw isshilerdi is jag`daylarında sag`lam ham qg`wipsiz miynet penen tg`mienlew tiykarınan kg`rxana mg`sele sho`lkem admintratsiyası wazıypasına ju`lengen. Miynet sharayatların jaqsılaw, qa`ipsiz is protsessin sho`lkemlestiriw, isshilerdi sanitariya xızmet xanalar, is kiyimler h.t.b. qorg`aw quralları menen ta`miynlew islep shıg`arıwdag`ı baxıtsız ha`diyseler ha`m ka`sip kesellikleriniń aldın alıw ma`selelri tiykarınan ka`rxananın` ja`ma`a`t shartnamasında o`z ko`rinisin tapqan. Qa`wipsiz miynet sharayatın jaratıp beriw ka`rxana, mekeme ha`m sho`lkemlerdegi ka`siplik awqam komitetlerinin` qatnasında a`melge asırıladı. Miynetti qorg`aw

a) miynet qa`wipsizligin ha`m sanitariya jınayattı rawajlandırıwı

b) hayallar ha`m er jetpegenlerdi miynetlerin qorg`aw

s) miynetti qorg`aw nızamların buzg`an ma`nsaptar shaxslardn` juwapkershiligi haqqındag`ı qag`ıydaların o`z ishine aladı. O`zbekstan Respublikasının` 1993-jıl 6-mayda «Mexnatni muxofoza qilish tug`risidagi» nızam qabıl etildi. Bunnan tısqarı normativ aktlerde qabıllandı. Bul hu`jjetler ha`r bir puxaranın` miynet qılıwın, dem-alıw huqıqın ha`r ta`repleme qorg`aydı. Joqarıdag`ı nızamg`a qaray islep shıg`arıw ka`rxanalarda awır ha`m den-sawlıqqa zın keltiretug`ın islerdi hayallar menen 18 jasqa tolmag`an isshiler miynetinen paydalanıw qadag`anın ko`rsetilgen. O`zbekstan Respublikasında isshiler ushın miynet sharayatların ha`r ta`repleme jen`illestiriw ha`m sawallandırıw ushın za`ru`r imkaniyatlardı tolıq paydalanıwdan ma`plengen. miynet sharayatların jaqsılawg`a qaratılg`an barlıq shaxslar sotsial islep shıg`arıwdı ken`eyttiriw ha`m miynet o`nimdarlıg`ın asırıwg`a ja`rdem beredi. Miynet sharayatları sawallandırıw baxıtsız ha`diyselerge ha`m ka`sip keselliklerine alıp keletug`ın barlıq sebeplerdi sheshiw ha`zirgi ku`nde en` tiykarg`ı wazıypası esaplanadı. O`zbekstan respublikasında isshilerdin` turmısı ha`m den-sawlıg`ı barısında barqulla ha`m isshil ta`rizdegi u`lken isler alıp barmaqta. O`zbekstan respublikasının` aqırg`ı jıllarında xalqımızdın` turmıs da`rejesin

jaqsılaw ushın birinshi gezekte is jayların normal sharayat jaratıp beriw shaxstı ha`r ta`repleme kamal taptırıw, miynet o`nimdarlıg`ın bekkemlew sonın` menen bir qatarda isshiler dem alıwın jaqsılaw ushın qolaylı sharayatlardı jaratıp beriwge tiyisli ilajlardın` ken` sistemasın a`melge asırıwın belgiledi.

Miynetti qorg`aw haqqında islenip atırg`an is ilajlar. Miynetti qorg`aw haqqında islenip atırg`an is ilajlar ma`mleket a`trepinen oraylastırılg`an ta`rtipte a`melge asırıladı. Ha`r qashan miynetti qorg`awdı durıs sho`lkemlestiriwdi oylaw isin ku`sheyttiriw ka`rxana, mekeme, sho`lkem adminstratsiyası menen ka`siplik awqam komitetinin` ku`ndelik isi. Sonın` ushın da miynetti qorg`awdı retlestiriw islep shıg`arıw, sol reje tiykarında is  sharayatın jaqsılaw islerin ko`zlep is tutadı. O`zbekstan respublikasının`  Konstitutsiyasının` 40-stat`yasında ha`r bir insan ta`jriybeli meditsina xızmetinen paydalanıw huqıqına iyeligi aytılg`an. Bul huqıq ma`mleket den-sawlıqtı saqlaw mekemeleri ta`repinen mut ta`jriybeli meditsina ja`rdemi beriliwi menen puxaralardı emlew ha`m den sawlıqların bekkemlew ushın xızmet qılatug`ın mekemelerdi ko`beyttiriw menen qa`wipsizlik texnikasının` ha`m islep shıg`arıw sanitariyasının` rawajlandırılıwı ha`m teren`lestiriliwi islenip, ken` profilaktika ilajların o`tkiziw menen jas a`wladtın` den-sawlıg`ı haqqında ayrıqsha g`amxorlıq qılıwsol qatarda  oqıtıwg`a ha`m miynet ta`rbiyasına tiyisli bolmag`an balalar miynetin qadag`alaw menen keselliktin` aldın-alıw ha`m kemeyttiriwge puxaralardın` uzaq jıl aktiv jumıs keshiriwlerin ta`miynlewge qaratılg`an ilimiy ta`jriybelerin ken` ha`wij aldırıw ta`miynlenedi.

Miynetkeshler den-sawlıg`ın saqlaw ka`sip kesellikl erinin` aldın-alıw ha`m islep shıg`arıwda bolatug`ın jaraqatlardı tamanlaw haqqında barlıq imkaniyatlardan paydalanbaqta. O`zbekstan Respublikasında barlıq ka`rxanalarda qa`wipsizlik texnikasının`  en` zamanago`y quralların engiziwi ha`m bul ka`rxanalarda ka`sip kesellikleri ha`m islep shıg`arıwda bolatug`ın jaraqatlardı joq etiwshi sharayatlar jaratılıwı haqqında barha g`amxorlıq qılıp kelmekte. Sol maqsetlerge O`zbekstan ma`mleketi  ha`r jılı ju`da` ko`p qarjılar ajıratıp atır. Awır islerde ha`m de miynet sharayatı zıyanlı yaki qa`wipli bolg`an islerde sonday-aq transport ha`reketi menen baylanıslı bolg`an islerde isshiler waqtı-waqtı menen ma`jbu`riy tu`rde meditsinalıq ko`riklerden o`tkeriledi. O`zbekstan Respublikasının` miynet kodeksinin` 214-stat`yasında qaray azıq-awqat sanaatı, ulıwma awqatlanıw ha`m sawda ka`rxanalarının` vodoprovod qurılısları, emlew profilaktikası ha`m balalar mekemelerinin`, sonday-aq bazı bir ka`rxanalar, mekemeler, sho`lkemlerdin` isshileri xalıqtın` den-sawlıg`ın saqlaw maqsetinde iske kiriw waqtında ha`m onnan keyin waqtı-waqtı menen ma`jbu`riy tu`rde meditsinalıq ko`rikten o`tkeriledi.

Den-sawlıg`ı jaman bolg`anlıg`ı sebepli isshilerdi kem haqı to`lenetug`ın jen`islik iske o`tkizilgende isshilerdin` da`slepki is haqı eki hapte dawamında saqlanıp qalınadı. Tuberkulez (sil) kesselligi ka`sipligi iste mayıp bolg`an den-sawlıg`ına basqasha zıyan jetkeni menen kemirek haqı to`lenetug`ın basqa iske waqıtsha o`tkerilgen isshiler da`slepki is haqını saqlap qalıwda belgili jen`illiklerden paydalanıladı. Islep shıg`arıw sanitariyası boyınsha ilajlarg`a miynet sharayatının` zıyanlı ta`replerin sheshiwdi kemeyttiriw, stanok ha`m agregatorlar a`tirapına tosıqlar qoyıw. Sanitariya ha`m qag`ıydalarına roya qılınıwın qadag`alap turıw islerdi kirgiziw mu`mkin. miynetti qorg`aw boyınsha normalar ko`p hallarda nızamlarda yaki hu`kimet aktlerinde belgili da`rejede kollektiv sha`rtnamalarında bekkemlenedi.

O`zbekstan Respublikası miynet kodeksinin` tiyisli stat`yasına tiykarlanıp  shıg`arıw imaratları inshoatlar mashina u`skeneleri texnologiya protsessleri sag`lam ha`m qa`wipsiz miynet sharayatların ta`miynlew talaplarına juwap beretug`ın bolıwı lazım. Bul talaplar territoriyalardan islep shıg`ıw sharayatlarınan ratsional paydalanıwdı mashina u`skenelerin durıs isletiw ha`m texnologiya protsesslerin durıs sho`lkemlestriwdi islewshilerdi miyneti zıyanlı sharayatı ta`sirin saqlawı islep shıg`arıw imaratları ha`m is jaylarının` sanitariya gigena normaların ha`m qag`ıydalarına muwapıq halda tutılıwın sanitariya xızmet imaratlar bolıwın ko`rsetedi. Sag`lam ha`m qa`wipsiz miynet sharayatın ta`miynlep beriw ka`rxana, mekeme, mal kem adminstrtsiyası uazıypası ju`klenedi. Sag`lam ha`m qa`wipsiz miynet sharayatı ta`miynlenbegen jag`dayda bir ka`rxana, tsex, uchaska, islep shıg`arıwdı paydalanıwı ushın qabıl qılınıwı ha`m iske tu`siriliwi mu`mkin emes. Adminstrtsiya hawanın` shan`lanıwı ha`m go`zleniwin ha`m miynettegi basqa zıyanlı sharayatlardın` bolıwın kemeyttiriw ha`m joq etiw maqsetinde islep shıg`arıw protsesslerin mexanizatsiyalasıwı ha`m avtomatlastırıw za`ru`r. Jan`a mashinalar mexanizmler ha`m basqa tu`rli islep shıg`arıw u`skeneleri miynetti qorg`aw talaplarına tolıq juwap bermese olardı isletiw qadag`alanadı. Ayrıqsha qag`ıydalarg`a qarap hayallar ha`m jaslar miynetin qorg`aw O`zbekstan Respublikası Konstitutsiyasının` 46-stat`yasında hayal-qızlar ha`m erkekler ten` huqıqqa iye dep jazılg`an. Bul konstitutsiyag`a mas tu`rde ma`mleketimizde hayallar barlıq hayallarda olar ushın barlıq imkaniyatlar jaratıp berilgen. Olardan ilim alıw, ma`mleket ha`m ja`miyet siyasiy iskerliginde qatnasıw. O`zleri tan`lag`an tarawda miynet etiw, ten` miynet ushın erkekler menen ten`dey is haqı alıw ha`m ten` sotsial ta`miynlew huqıqına haqı to`lenetug`ın dem alısqa shıg`ıw, pensiya ta`limymatı, miynet qılıw imkaniyatı ha`m qa`biletine jog`altqanda materiallıq ta`miynat alıw huqıqına iye. Sem`ya ha`m turmıs iskerliginde qatnasıwlarında

ha`r qanday ko`rinistegi kemsitiw, tuwrı yaki bilmesten huqıqların sheklep qoyıw ulıwma nızamnan tısqarı dep dag`azalang`an bolıp, a`ne sonday namaqul iske qol urg`an ha`r qanday shaxs nızam aldında juwap beriwi belgilep qoyılg`an.

Hayallar ta`biyattan zayıp ha`m qorg`awg`a mu`ta`j ekenligi olar wazıypasına ta`biyat ha`m de ja`miyet ta`repinen ju`klengen goya sharafli ha`m juwapkerlikli wazıypa bala tuwıw ha`m onı ta`rbiyalaw minnetin orınlanıwları lazımlıg`ı esapqa alıng`an halda O`zbekstan Respublikasının` huqıq dizimine kiriwshi barlıq huqıq tarmaqlarında olardı qorg`awdın` arnawlı ilajları na`zerde tutılg`an. O`zbekstan Respublikası jınayat nızamında da puxaralıq ha`m sem`ya nızamında da basqa huqıq tarawlarında da na`zerde tutılg`an. O`zbekstan Respublikası miynet nızamı ha`m puxaralardın` en` kerekli sotsial ekonomikalıq huqıqların bekkemlewshi ha`m bul huqıqlardan paydalanıw mexanizmlerin belgilewshi huqıq tarawı huqıq sıpatında halıqtın` sotsial jaqtan qorg`awg`a mu`ta`j sharayatında qorg`awg`a tiyisli qosımsha ilajlardı na`zerde tutadı. Ma`mleketimizde miynetti qorg`aw, isshiler ushın sag`lam ha`m qa`wipsiz miynet sharayatları jaratılıwı islerine ayrıqsha itibar berilgen. Sebebi, ha`r qanday ma`mlekettin` en` u`lken baylıg`ı olardın` den-sawlıg`ı ma`mleketimiz ta`repinen keleshegimiz tayanıshı bolg`an jas a`wladı, olar ta`rbiyası menen shug`ıllang`an analar ha`m barlıq hayal-qızlardı islep shıg`arıw protsessinde qorg`awg`a qaratılg`an u`lken sotsial da`stu`rler ha`m ilajlar a`melge asırılmaqta. Olardan «Aellarni sotsial mayıplardı miynetke qaytarıw ma`mleket da`stu`rinin` ju`zege himoyalash». Nogironlarni mexnatga qaytarish davlat dasturining ruebga baslanıwı menen bir neshe mın`lap is jolları sauallan chiqarila boshlanishi bilan bir necha minglab ish joylari sog`diriliwina qolaylı ha`m qa`wipsiz miynet somlashuviga, qulay va xavzsiz mexnat sharayatları jaratılıwına erisildi. Lekin, xalıq xojalıg`ının` ayrım tarmaqlarında, ijara, fermer ha`m ja`ma`a`t xojalıqlarında miynetti qorg`aw talapların pisent qılmaslıq, hayallarg`a berilgen kepilliklerden paydalanıwına tosqınlıq qılıw olar miynetinen qolaysız ha`m qa`wipli islerde paydalanıw halatları ushırasıpturıptı, bul bolsa hayallar den-sawlıg`ına, balalar ta`rbiyasına unamsız ta`sir qılmaqta. Hayal-qızlar miynetin qorg`awg`a ta`n qosımsha talaplar miynet kodesi ha`m basqa nızam hu`jjetlerinde belgilep qoyılg`an. Olardan, O`zbekstan Respublikası miynet kodeksinin` 225-stat`yasında aytılıwınsha, miynet sharayatları qolaysız isinde sonday-aq jer astı islerinde hayallar miynetin qollanıw tastıyıqlanadı, jer astındag`ı bazı isler fizikalıq bolmag`an isler bulardan tısqarı. O`zbekstan Respublikası ma`mleket sanitariya bas shıpakeri ta`repinen 1996-jıl 19-martta tastıyıqlang`an ju`klerdi qolda ko`teriw tasıwda hayallar ushın jol qoyılıwı mu`mkin bolg`an awırlıqtın` sanitariya mug`darlarında bul sanitariya mug`darları ha`m qag`ıydaları mu`lkshiliktin` barlıq formasındag`ı ka`rxana, sho`lkem ha`m birlespeler ushın ma`jbu`riy orınlanıwı jazılg`an bul sanitariya mug`darlarının` belgilewinen go`zlengen tiykarg`ı maqset hayallar ushın en` maqul miynet sharayatların jaratıw, reproduktiv funktsiya qılmaydı, ba`lki ayıpker shaxs ha`reketine salıstırg`anda jınayıy is qozg`atıw g`am jetkizilgen zıyan ushın tolıq materiallıq juwapkershilik ju`klew, zıyannın` tolıq o`ndiriliwi ushın tiykar boladı.

O`zbekstan ma`mleketi ha`m hu`kimeti ayrıqsha itibarg`a ha`m qorg`awg`a mu`ta`j bolg`an halıq tabaqası hayal-qızlar den-sawlıg`ı haqqında, olarg`a qolaylı ha`m de qa`wipsiz miynet sharayatları jaratılıwı haqqında g`amxorlıq qılar eken, en` da`slep ma`mleketimizdin` biyik keleshegin ta`miynlewshi jas a`wlad den-sawlıg`ın na`zerde tutadı, hayaldı asırap abaylawdan ibarat ekenligin jaqsı tu`sinedi. O`spirimlerdi iske qabıl qılıwdın` ko`p g`ana qa`siyetleri olar miynetin qorg`aw haqqında ma`mlekettin` ayrıqsha g`amxorlıg`ı menen baylanıslı. Jaslar miynetin qorg`aw arnawlı qag`ıydaları tek olardın` miynet sharayatların qa`wipsiz bolıwın saqlap qalmastan, ba`lki olardı uzaq waqıt sag`lam, barkamal o`siwinde oylag`an halda is tutadı. O`zbekstan Respublikası «Mexnatni muhofaza qilish tug`risida» gi nızamnın` 1-stat`yasına qaray. O`zbekstan Respublikası puxaraları, shet el puxaraları ha`m puxaralıg`ı bolmag`an shaxslar miynetin qorg`aw ko`zde tutılg`an. Bazar ekonomikası sharayatında miynetkeshler den-sawlıg`ı ha`m turmısın qorg`aw, olarg`a qa`wipsiz ha`m sag`lam miynet sharayatın jaratıp beriw, islep shıg`arıwda baxıtsız ha`diyseler ha`m de ka`sip keselliklerinin` aldın alıw tiykarınan o`nimli sharalar ko`riw suveren O`zbekstan Respublikası ma`mleket siyasatının` tiykarg`ı bag`darlarınan birdir. Miynetti qorg`aw tarawında arnawlı nızamdı islep shıg`arg`anlıg`ı ha`m qabıl qılg`anlıg`ı O`zbekstanda bul ma`selege u`lken itibar berilip atırg`anlıg`ın miynetti qorg`aw tarawında ma`mleket siyasatının` huqıqıy tiykarları jaratılg`anlıg`ın an`latadı.

Miynetti qorg`aw-bul normativ aktler, sotsial-ekonomikalıq sho`lkemli ha`m ma`mleket profilaktika is ilajları ha`m de insannın` miynet protsessindegi qa`wipsizligi, den-sawlıg`ı ha`m is qa`bileti saqlanıwın ta`miynlewshi qurallar dizimi. Miynet nızamları ha`m de miynetti qorg`aw haqqındag`ı arnawlı nızam jaslar den-sawlıg`ın saqlaw, olardın` normal o`sip rawajlanıwın ta`miynlewge qaratılg`an qorg`aw ilajların ko`zde tutadı. Ka`rxana adminstrtsiyası isshilerge oqıp u`yreniwleri ushın sharayatlar, jen`illikler jaratıp beredi. O`zbekstan Respublikasında er jetpegenler den-sawlıg`ın qorg`awg`a olardı fizikalıq ha`m asliy jaqtan salamat o`siwdi ta`miynlewge ayrıqsha

a`hmiyet beredi. O`spirimlerdi iske qabıllawda, olardın` salamatlıg`ın qorg`aw barısında nızam hu`jjetlerinde na`zerde tutılg`an basqa kepilliklerdi de esapqa alg`an halda bular awır ju`k ko`teriwi ha`m tasıwg`a jol qoyılıwı mu`mkin bolg`an normaların oraylastırılg`an ta`rtipte belgilew, er jetpegenlerdi ku`ndizgi is waqtınan tısqarı islerde dem alıs ku`nlerdegi islerge ha`m basqa sog`an usas islerge jalb etiw mu`mkin emesligi ko`rsetip o`tilgen. Jas a`wladtı sotsial ha`m ruwxıy jaqtan asırap-abaylaw, olar salamatlıg`ın qorg`aw, qa`wipsiz ha`m qolaylı miynet sharayatların jaratıw joqarıdag`ı u`lken wazıypalardı orınlawdın` jetekshi faktorlarınan. O`zbekstan Respublikasının` miynet haqqındag`ı nızamları miynet etiw huqıqlarının` a`melge asırılıwı, qısqartılg`an jumıs waqtı, uzaytırılg`an dem alıs waqtı, jaslarg`a oqıp u`yreniwleri ushın qosımsha imkaniyatlar jaratıw, olar miynetin qorg`awdın` arnawlı qag`ıydalarg`a ta`n ayrıqsha kepilliklerin na`zerde tutar eken, en` da`slep ha`r ta`repleme salamat o`sihlerin go`zleydi. 18 jasqa tolmag`an shaxslardı jumısqa qabıl qılg`an waqtında O`zbekstan Respublikası miynet ua`zirliginin` 1996-j 2-aprel`degi qararı (1996-j 28-iyun`da O`zbekstan Respublikası Adillik minstrligi ta`repinen 248-ta`rtip nomeri menen ma`mleket diziminen o`tkizilgen) sonday shaxslar miynetin qollaw qadag`alang`an miynet sharayatı qolaysız bolg`an isler jizimi tastıyıqlang`anlıg`ı ha`m onda ko`rsetilgen wazıypalardı orınlawg`a 18 jasqa tolmag`an shaxslardı qabıl qılıw qadag`alang`anlıg`ın yadta tutıw kerek.

18 jasqa tolmag`an shaxslardı iske tu`siriwden aldın is biliwshi olarg`a miynet sha`rtleri, qa`wipsizlik sharaları ha`m qag`ıydalarınan jol-jorıqlar beriwi olardı qadag`alawsız qaldırmaslıg`ın esten shıg`armaw kerek. Miynet iskerligi dawamında 18 jasqa tolmag`an shaxslardı olardın` razılıg`ı bolg`an jag`dayda da awır ha`m zıyanlı islerge olardın` ta`rbiyasına unamsız ta`sir qılatug`ın wazıypalardı orınlawg`a o`tkiziwi mu`mkin emes. O`zbekstan Respublikasının` miynet kodeksinin` 247-stat`yasına muwapıq ata-analar, qa`wenderler sonday-aq miynetti qorg`aw u`stinen qadag`alawshı organlar ha`m de er jetpegenler isi menen shug`ıllanıwshı komissiyalar eger 18 jasqa tolmag`an shaxslar orınlap atırg`an isti dawam ettiriw olardın` salamatlıg`ına zıyan qılıtug`ın yaki olarg`a basqasha na`zerde zıyan jetkizetug`ın bolsa bunday shaxslar menen miynet shartnamasın biykarlawdı talap etiwge haqlı, bunday talaptı orınlaw is beriwshi ushın ma`jbu`riy bolıp, bunda 18 jasqa tolmag`an isti dawam dawam ettiriw tilegi itibarg`a alınbaydı.

18 jasqa tolmag`an shaxslar sotsial qorg`awg`a mu`ta`j ha`m miynet bazarında ten` ba`sekelese almaytug`ın xalıqtın` qatlamları sıpatında ma`mleket ta`repinen a`melge asırıwg`a ko`meklesiwshi is ilajlar nızamda na`zerde tutılg`an. En` da`slep oqıw jurtların tamanlag`an 18 jasqa tolmag`an puxaralar ushın is jaylarının` aldınnan ba`nt qılıp qoyılıwı ha`m de mu`lkshilik normalarınan qatiy na`zer barlıq ka`rxana ha`m sho`lkemlerde a`ne sol bos jaylarg`a 18 jasqa tolmag`an jaslardı iske qabıl qılıwları sha`rt ekenligi bul shaxslar ushın qosımsha bos is orınları organlar ta`repinen ta`sir sharaları ko`riliwi aytıp o`tiliwi lazım. Bunnan tısqarı a`meldegi nızam hu`jjetlerine qaray 18 jasqa tolmag`an shaxslardın` materiallıq juwapkershilik penen baylanıslı bolg`an ruwxıy, ta`rbiyalıq ko`rinislerinin` qa`liplesiwine unamsız ta`sir o`tkeriwi mu`mkin bolg`an islerge qabıl qılınıwlarının` qatan` sheklengenligi, olardı belgilengen is jaylarına iske qabıl qılıw waqtınsha da`slepki sınaw sha`rtisiz iske qabıl qılıw lazımlıg`ı itibarda tutılmag`ı lazım. Hayallar ha`m jaslar miynetin qorg`awg`a ayrıqsha itibar beriledi. Jaslar organizmnin` fizikalıq ha`m fiziologik qa`siyetlerin esapqa alıp, miynet nızamları olar ushın jen`illestirilgen miynet sharayatları jaratılıwın ko`zde tutadı ha`m olar miynetin ku`sheyttirilgen halda qorg`awdı ta`miynleydi. Ulıwma nızamshılıg`ımızdı hayal-qızlar ha`m jaslarg`a salıstırg`anda qatar huqıq, erkinlik ha`m jen`illikler belgilengenligi, olar a`melde o`z ko`rinisin tawıp atırg`anlıg`ı inkar etip bolmas raellıq. Yag`nıy hayallar ja`miyettin` tayanıshı ha`m olarg`a hu`rmet, g`amxorlıq penen qorg`aw ja`miyettin` bu`gingi ha`m keleshegi rawajı ushın girewi.

### 2. Miynetti qorg`awdı qadag`alaw ta`rtibi.

O`zbekstan Respublikasında isshilerdin` miynetin qorg`aw ma`mleketorganları ta`repinen a`melge asırıladı. O`zbekstan respublikası miynet kodeksinin` 223-stat`yasında ko`rsetiliwinshe miynetti qorg`aw qag`ıydalarg`a boysınıwı u`stinen qadag`alaw ornatıladı. Arnawlı ua`kil qılıng`an ma`mleket organları ta`repinen ha`m o`z iskerliginde ka`rxanalar, mekemeler, sho`lkemler adminstratsiyası ha`m olardın` joqarg`ı organlarına tobe bolmag`an inspektsiyalar ta`repinen.

Ka`siplik awqamları, ma`mleketlik miynet huqıq inspektsiyası haqqındag`ı 1993-j 29-iyul` N378nomerli nızamına tiykarlanıp a`melge asırıladı ha`m O`zbekstan Respublikası miynet ua`zirligi ma`mleketlik miynet texnika inspektsiyası haqqındag`ı 1995-jıl 18-fevral` 214 nomerli nızamı tiykarında qadag`alanadı. O`zbekstan Respublikası miynet nızamlarında ko`zde tutılg`an ta`rtibin qadag`alap baradı. Ua`zirlikler ha`m mekemeler, ka`rxana, sho`lkemlerde miynet nızamına qanday boysınıwların birinshi gezekte o`zleri qadag`alaydı. Barlıq ka`rxana, mekeme, sho`lkemlerde miynet nızamın anıq orınlawları u`stinen qadag`alawlar alıp barıw O`zbekstan respublikası bas prokurorı wazıypasına ju`kletilgen. Ka`rxana adminstratsiyası ta`repinen miynet nızamına, sonday-aq miynetin qorg`aw boyınsha norma, qag`ıyda ha`m instruktsiyalarg`a boysınıwın joqarı mekeme orınları, arnawlı

ma`mleket inspektsiyaları ha`m basqalar qadag`alaydı. O`zbekstan respublikasında miynet haqqındag`ı nızamlardın` qa`wipsizlik texnika ka`sip ha`m islep shıg`arıw sanitariya qag`ıydalarına ha`m normalarının` orınlanıwı, islep shıg`arıwdag`ı baxıtsız ha`diyselerdin` aldın alıw ha`m kepilligin keltiriw is ilajların a`melge asırıwı u`stinen ja`miyetshilik tiykarında qadag`alaydı. Ka`siplik awqamları qasında miynetti qorg`aw boyınsha komissiya sho`lkemlestirilip, onda ka`siplik awqamları ag`zalarıda qatnasadı. Komissiya miynet nızamına qa`wipsizlik texnikasına ha`m islep shıg`arıw sanitariyasına ta`n qag`ıyda ha`m de normalarg`a boysınıwların tekseredi, miynetti qorg`awg`a bag`ıshlang`an ko`rik ha`m konkruslar tayarlaw ha`m de olardı o`tkeriwde qatnasadı. Bul komissiya isshilerine instruktsiya beriw ha`m qa`wipsiz islew usılların u`yreniw sıpatın asırıw a`sbaplardın` durıslıg`ın, miynetti qorg`aw barısınan a`melge asırıw lazım bolg`an is ilajlarg`a ajıratılg`an qarsılardın` durıs sarplanıwın ha`m baxıtsız ha`diyselerdi durıs esapqa alınıwın qadag`alaydı. Miynetti qorg`aw boyınsha ja`ma`a`t xojalıqtın` ha`r qaysı bo`liminde juwapker adam qoyıladı. Ol miynet nızamına boysınıwın stanoklar, a`sbap-u`skeneler, qorg`awshı qurılmalar, adminstratsiya menen birgelikte miynetti qorg`aw boyınsha kemshiliklerdi sheshiw ilajların ko`riwge, o`tiw jayları ha`m is orınlarında ta`rtipke boysınıwı u`stinen qadag`alap turıwg`a ma`jbu`r.

Miynetti qorg`awg`a ta`n nızamlar ha`m basqa normativlik aktlerge ha`mme jaylarda boysınıwı u`stinen ma`mleket qadag`alawı ornatıw ushın arnawlı vakolat berilgen. Bunı O`zbekstan Respublikası miynet ha`m xalıqtı sotsial qorg`aw ua`zirligi qasındag`ı miynetti qorg`aw basqarması a`melge asıradı. Jaylarda bul basqarmanın` to`mengi dizimi miynet ha`m xalıqtı sotsial qorg`aw basqarmalarının` ma`mleketlik jumıs sharayatları ekspertizası ha`m miynet texnika inspektsiyası bo`limleri iskerlik ko`rsetpekte. Tashkent qalası miynet ha`m xalıqtı sotsial qorg`aw basqarması qasında 13 ma`mleketlik miynet texnika inspektorı miynet etedi. Olar qala territoriyasındag`ı rayonlarg`a biriktirilgen, tiykarınan paytaxtımız territoriyasında jaylasqan ka`rxana ha`m sho`lkemlerde O`zbekstan respublikası miynet kodeksi, «Mexnat mukofaza qilish tug`risidagi» nızam ha`m basqa normativ aktler talaplardın` so`zsiz orınlanıwı u`stinen qadag`alap baradı. Miynetti qorg`aw barısınan anıqlang`an kemshilikler boyınsha mu`ddetli jazba ko`rsetpeler berilip juwapker shaxslarg`a salıstırg`anda nızam tiykarında ha`kimshilik sharalar ko`riledi.

**3. Miynet nızamına qaray hayal-qızlar huqıqı kepillewdin` ulıwma tu`sinigi.**

A`lemnin` joqarı a`jayıpatlarının` biri hayallar. Anada kishipeyillik, mexribanlıq, sadıqlıq ja`mlengen. Hayalg`a ta`zim bermek, hu`met ha`m izzetin ornına qoyıw ha`m a`dil ruwxıy ja`miyettin` u`stin printsiplerinen biri. Ja`miyet ulıwma ma`deniyatının` bir qırı da hayallarg`a bolg`an hu`rmette sa`wleleniwin tabadı. Xalqımız a`zelden analarg`a, hayal-qızlarg`a hu`rmet bildirip kelgen. Huqıqıy ma`mleket ha`m puxaralıq ja`miyet qurıw jolına kirgen bu`gingi O`zbekstanda tek hayal-qızlarg`a emes ba`lki olardın` ja`miyet sotsial siyasiy turmısında ornın asırıw, lawazımın ta`miynlewge de kirisiledi.

O`zbekstan Respublikası ma`mleket g`a`rezsizligi jılları dawamında insan huqıqın, solardan hayal huqıq ha`m nızamlı ma`plerin xalıqara ko`rsetilgen sistemalar aynalasında ta`miynlew barısında belgili ilajla a`melge asırılmaqta. O`zbekstan Respublikasının` 46-stat`yasında hayal-qızlar ha`m erkekler ten` huqıqlıg`ın ta`miynlew menen bir qatarda olarg`a bilim alıwg`a, ka`sip-o`ner tan`lawg`a, miynet etiw ha`m is haqı alıw, sotsial-siyasiy ha`m ma`deniy turmısta erkekler menen ten` imkaniyatlar beriledi. Miynette analarg`a sharayatlar jaratılıwı, analıq ha`m balalıqtın` huqıqıy qorg`anıwı, solardan, ha`mledarlıq ushın haqı to`lenetug`ın dem alıs ha`m basqa jen`illikler beriliwi, jas balalı analardın` jumıs waqtın a`ste-aqırın qısqartıp barılıwı kibilerdi belgileydi. O`zbekstan Respublikasında hayal-qızlar turmısı ha`m miynet sharayatın jaqsılaw, sotsial ekonomikalıq turmısta aktiv qatnasıwların ta`miynlew, hayal den-sawlıg`ı, huqıqı, ma`p ha`m erkinliklerin qorg`aw u`stin bag`darg`a aylandı. Sonı aytıw kerek hayallar halıqara xamjamiyat dıqqat orayında.

BMSh bas assambleyası ta`repinen tastıyıqlang`an 1967-jıl 7-noyabr`de «Aellarni kamsitishni tugatish tug`risidagi» deklaratsiya 1979-jıl 18-dekabr`de «Aellarin kamsitishning barcha shakllariga barham berish tug`risidagi» konventsiya qabıl qılındı. Bul hu`jjetler xalıqara huqıqtın` deregi sıpatında barlıq ma`mleketler milliy nızamshılıg`ı ushın mug`dar boldı. Olarda hayal-qızlardın` ma`mleket rawajlanıwı, siyasiy, ekonomikalıq ha`m shaxsıy huqıq ha`m de erkinliklerde paydalanıwda erkekler menen ten`ligin ta`miynlew, bul tuwralı real ju`zege keltiriw mexanizmlerin ju`zege keltiriw, ma`plerin kemsitiliw ha`m huqıqları shekleniwge jol qoymaw talabı alg`a su`rilgen. Bizge belgili O`zbekstan 1995-jıl 6-maydan «Onalikni muxofaza etish tug`risidagi» konventsiyag`a 1997-jıl 30-avgusttan «Aellarga nisbatan kamsitishning barcha shakllariga barqam berish tug`risidagi» konventsiyag`a qosıldı. Jurtbasımızda hayal-qızlar turmısı ha`m miynet sharayatın jaqsılaw, sotsial-ekonomikalıq jumısta aktiv qatnasıwların ta`miynlew hayal den-sawlıg`ı, huqıqı, ma`p ha`m erkinliklerin qorg`aw u`stin bag`darg`a aylandı.

Deklaratsiyanın` 10-stat`yasında aytılg`anday hayallar sotsial-ekonomikalıq iskerligi tarawında erkekler menen ten` huqıqlarg`a iye bolıwları ushın barlıq ilajlar ko`riliwi talap etiledi. Solardan.

1. Puxaralıq jag`dayına yaki basqa belgilerine qaray ka`siplik tayarlıqtan o`tiw islew, ka`sip ha`m shug`ıllanıw tu`rin erkin tan`law, o`z ka`sibin ha`m qa`niygeligi boyınsha ta`jriybe asırıw huqıqlarına.

2. Ten` miynet etiw ushın erkekler isin birdey is haqı alıw ha`m ten` sotsial ta`miynleniw huqıqına.

3. Haqı islenetug`ın dem alısqa shıg`ıw, pensiya ta`miynatı, miynet etiw imkaniyatı ha`m qa`biletin jog`altqanda materiallıq ta`miynat alıw huqıqına.

4. shan`araq ushın erkekler menen ten` huqıqlarda napaqa alıw huqıqına iye bolıwları za`ru`r.

**Jumısqa jaylastırıw ha`m miynet huqıqların a`melge asırıwda hayal-qızlarg`a beriletug`ın qosımsha kepillikler.**

O`zbekstan Respublikası Konstitutsiyasının` 37-stat`yasında Har bir shaxs miynet etiw erkin ka`sip tan`law, a`dil miynet sharayatında islew ha`m nızamda ko`rsetilgen ta`rtipte jumıssızlıqtan qorg`anıw huqıqına iye dep dag`azalang`an. Bul konstitutsiyalıq qag`ıydalarg`a muwapıq ha`r bir puxara tuwrı is beriwshilerge xabarlasıw jolı menen yaki ma`mleket isine jaylastırıw organları arqalı biypul paydalang`an halda jumısqa jaylasıw organları arqalı biypul paydalang`an halda jumısqa jaylasıw huqıqına iye. A`meldegi miynet nızam hu`jjetleri puxaraları tiykarsız tu`rde jumısqa qabıl qılıwdı inkar etiwge jol qoymaydı. O`zbekstan Respublikası Kodeksinin` 58-stat`yasında miynet etiw huqıqının` a`melge asırıw kepillikleri belgilep qoyılg`an. Sonday-aq halıqtın` jumısqa jaylasıwına ko`meklesiw. o`zbekstan Respublikası miynet ha`m halıqtı sotsial qorg`aw ua`zirligi diziminin` tiyisli organları ta`repinen a`melge asırıwı ko`zde tutılg`an. O`zbekstan Respublikası miynet kodeksinin` 78-stat`yasına muwapıq ha`mledar hayallardı ha`m u`sh jasqa tolmag`an balası bar hayallardı, olardın` ha`mledarlıg`ın yaki jas balası barlıg`ın sebep qılıp jumısqa qabıl qılmaw, iske qabıl qılıwdı g`ayrınızamlıq inkar etiw dep bahalanadı. Ish beriwshi jumısqa qabıllawdı inkar etken jag`dayda isshinin` talabı menen u`sh ku`n ishinde iske qabıl qılıwın inkar etiw tiykarların ko`rsetip jazba juwap beriwge ma`jbu`r. Bul jazba juwap tiykarında, puxara bul ma`sele boyınsha sudqa murajaat etiwge haqılı. Sudta is ko`riw dawamında is beriwshi hayal ha`mledarlı yaki u`sh jasqa tolmag`an balası barlıg`ı ushın jumısqa qabıllawdan bas tartqanlıg`ı ma`lim bolsa, jumısqa qabıllawdı g`ayriqonuniy tu`rde inkar etiwde ayıpker bolg`an lawazımlı shaxs jınayıy juwapkershilikke tartılıwına sebep bolıwı mu`mkin. (JK 148-stat`yasının` 2-bo`limi) Jumısqa jaylastırıw tarawında ma`mleket kepilliklerinin` tiykarg`ı tu`rkimi miynet bazarında ba`sekelese almaytug`ın, qorg`awg`a murajaat bolg`an shabaqalardı solardan jas balalardı ta`rbiyalap atırg`an hayallardı jumısqa jaylastırıw ma`selelerine qaratılg`an.

Solardan, O`zbekstan Respublikası vazirler Mahkamasining 1992-jıl 13-maydag`ı 235-qararı menen tastıyıqlang`an. «Sotsial qorg`awg`a mu`ta`j bolg`an ha`m jumısqa jaylasıwda ayrıqsha qıyınshılıqlarg`a dus keletug`ın shaxslardı jumısqa qabıl qılıwdı quwatlaw ta`rtibi haqqındag`ı nızam» da aytılg`anday jalg`ız ha`mde 14 jasqa shekem bolg`an balaları ha`m mayıp balaları bolg`an, ko`p balalı ata-analardı jumısqa jaylastırıwdı kepillew maqsetinde dizimdegi islewshiler sanı 100 kisiden artıq bolg`an barlıq tu`rdegi ka`rxana ha`m sho`lkemlerde olar ushın jumıs jayları quwatlaydı belgilengen. Bul is jaylarında islew ushın miynet organları jollaması menen jiberilgen hayal-qızlar is beriwshiler ta`repinen jumısqa qabıllanıwı sha`rt.

O`zbekstan Respublikası miynet kodeksinin` 77-stat`yasında ko`rsetiliwinshe, jumısqa qabıllawg`a 16 jastan jol qoyıladı, ata-anasınan birinin` yaki olar ornın basıwshı shaxstın` jazba tu`rdegi razılıg`ı menen bolsa, 15 jasqa tolg`an shaxslar jumısqa qabıllanıwı mu`mkin. Jaslardı miynetke tayarlaw maqsetinde ulıwmabilim mektepleri, ka`sip-o`ner bilim jurtları, orta arnawlı jurtlarının` oqıwshıları 14 jasqa tolg`anlarınan keyin yaki onın` ornın basıwshı shaxstın` razılıg`ı menen oqıwdan bos waqtında islew ushın jumısqa qollanıwı mu`mkin. Lekin, 18 jasqa tolmag`an shaxslar miynetinen paydalanıw qadag`an etilgen islerge o`spirimler qabıllanıwı mu`mkin emes. Joqarıdag`ı bul qag`ıydalar er jetpegen qızlarg`a da tiyisli.

Miynet haqqındag`ı nızam hu`jjetleri ha`m jas balalı hayallardı jumısqa jaylastırıw huqıqların qosımsha kepillew maqsetinde O`zbekstan Respublikası miynet kodeksinin` 84-stat`yasında ha`mledar hayallar da`slepki sınaw mu`ddeti qollanılmag`an halda, yag`nıy hesh bir sınaw yaki basqa qanday da bir sha`rtlerisiz jumısqa qabıllanıwıları sha`rtligi haqqındag`ı qag`ıyda na`zerde tutıladı. Hayallar menen miynet qatnasıg`ı dawam etip atırg`an da`wirde basqa iske ko`shiriw ulıwma tiykarlarda a`melge asırıladı. Sonın` menen, birge O`zbekstan Respublikası miynet kodeksinin` 226-227-stat`yalarına muwapıq, meditsinalıq juwmaqqa muwapıq, ha`mledar hayallardın` islep shıg`arıw normaları xızmet ko`rsetiw normaları kemeyttiriliwi yaki olar da`slepki islerdegi ortasha aylıq is haqı saqlang`an halda jen`ilirek yaki qolaylı islep shıg`arıw faktorları ta`sirinen jıraq bolg`an iske o`tkeriliwi lazım.

Ha`mledar hayalg`a basqa jen`ilirek is beriw ma`selesi sheshilgeninshe ol a`ne sol sebeplerge qaray iske shıqpag`an barlıq is ku`nleri ushın ortasha aylıq is haqı saqlang`an halda isten azat qılınadı. Sonday-aq eki jasqa tolmag`an balası bar hayallar da`slepki isin orınlaw imkaniyatına iye bolmag`an jag`dayda balası eki jasqa tolg`ansha da`slepki isindegi ortasha aylıq is haqı saqlang`an jag`dayda basqa jen`illirek iske o`tkeriliwi lazım.O`zbekstan Respublikası miynet kodeksinin` 237-stat`yasına muwapıq ha`mledar hayallar ha`m u`sh jasqa tolmag`an balası bar hayallar menen du`zilgen miynet sha`rtnamasın is beriwshinin` tashabbusi menen biykar qılıwg`a jol qoyılmaydı. Ka`rxananın` pu`tkilley tamanlanıw halları bunnan tısqarı bunday hallarda miynet sha`rtnaması olardı iske jaylastırıw sha`rti menen biykar qılınadı. Bul hallardı iske jaylastırıwdı tamanlap atırg`an ka`rxananın` huqıqıy miyrasxorları bolmag`an jag`dayda bolsa, olarg`a maqul keletug`ın is tabıwda ha`m iske jaylastırıw da`wirinde nızam hu`jjetlerinde belgilengen tiyisli sotsial to`lewler menen ja`rdem ko`rsetiwge ma`jbu`r.

Mu`ddeti tawsılg`anlıg`ı sebepli miynet sha`rtnaması biykarlang`an hallarda da is beriwshi bul stat`yanın` birinshi bo`liminde ko`rsetilgen hayallardı iske jaylastırıw sha`rt. Iske jaylastırıw da`wirinde bul hayallardın` is haqı saqlanıp qaladı, biraq bul mu`ddet miynet sha`rtnaması tawsılg`an ku`nnen baslap u`sh aydan aspawı kerek. Joqarıdag`ı qag`ıydalarg`a qaray ha`mledar hayallar ha`m u`sh jasqa tolmag`an balası bar hayallar ka`rxanada isshiler sanı qısqarıwı, is jayları qısqarıwı sebepli isten bosatılıwı mu`mkin emes. Sonday-aq bul taypag`a tiyisli hayallar gezektegi yaki tısqarı attestatsiyadan o`tkiziliwler, attestatsiya juwmag`ına qaray iyelep turg`an wazıypalarına ılayıq emes bolıp qalg`anları sebepli is buzıwshı tashabbusi menen isten bosatıwı mu`mkin emes.

Ha`mledar hayallar ha`m u`sh jasqa tolmag`an balası bar hayallar, den-sawlıg`ı halatına qaray orınlap atırg`an islerine ılayıq emes bolıp qalg`anları sebepli de is beriwshi tashabbusi menen isten bosatıwları mu`mkin emes. A`ne sonday jag`day ju`z bergen hallarda is beriwshi bul taypag`a tiyisli hayallardı basqa iske ko`shiriwleri sha`rt. Miynet sha`rtnamasın du`ziw, onı o`zgertiw ha`m biykarlaw barısınan hayal-qızlarg`a berilgen kepillikler onın` miynet huqıqların qorg`awdın` en` o`nimli huqıqıy quralları sanaladı. Is beriwshi ta`repinen jumısqa qabıllaw g`ayrıqonuniy inkar etiliwi basqa iske ko`shiriliwi yaki g`ayrıqonuwniy ra`smiylestirilip bosatıwı miynet da`ptershesi o`z waqtında ra`smiylestirilip beriliwi, o`z waqtında esap-kitap qılınbawı aqıbetinde hayal-qızlarg`a jetkizilgen materiallıq zıyan ıxtiyarıy ta`rzde yaki sud jolı menen qaplap beriliwi nızamda na`zerde tutılg`an. Bunday hallarda isshige jetkizilgen zıyan mug`darı iske qabıl qılıwdan tiykarsız bas tartıw, miynet da`ptershesin ha`m tiyisli is haqıların o`z waqtında bermegenligi aqıbetinde jetkizilgen zıyan mug`darı isshi bul nızamsız is ha`reketler bolıwı na`tiyjesinde jog`altqan ortasha is haqıdan kem bolmag`an mug`darda qaplanıwı lazım.

Jumısqa qabıllawdı g`ayrıqonuniy rad etiw, g`ayrıqonuniy isten bosatıw aqıbetinde hayal-qızlar ruhxıy zıyan jetkizilgen jag`dayda (abroyı, qa`dir-qımbatı buzılıwı aqıbetinde) bunday zıyanda is beriwshi ta`repinen ıxtiyariy ta`rzde yaki sud jolı menen qaplanadı. Lekin, ruhxıy zıyan ornın qaplaw maqsetinde is beriwshiden o`ndirilgen summa onın` bir aylıq is haqıdan kem bolıwı mu`mkin emes.

**Is waqtı ha`m dem alıw waqtı ha`m de balalı hayallarg`a beriletug`ın qosımsha kepillikler.**

Er jetpegen balaları bar hayallardın` sotsial paydalı miynetke qatnasıwshılarınan da bala ta`rbiyası menen shug`ıllanıwshılarda ma`mleket ha`m ja`miyet tuwrıdan-tuwrı ma`pli. Ekonomikamızdın` sotsial tarmaqlarımızdın` rawaisın hayallar qatnasıwısız ko`z aldımızg`a keltiriw mu`mkin emes. Sebebi, ha`zirgi ku`nde xalıq xojalıg`ında ba`nt bolg`anlardın` salmaqlı bo`limin hayallar quraydı. Solardan den-sawlıqtı saqlaw, maorif ha`m basqa tarawlarda bolsa ko`pshilik islewshiler hayallar. Ha`zirgi payıtta hayallar sem`yalıq turmısta, balalardı tuwıw ha`m ta`rbiyalawda, olardı erten`gi ku`nimizdin` mu`na`sip kisileri qılıp, fizikalıq ha`m ruhxıy barkamal insanlar sıpatında ta`rbiyalawda da en` tiykarg`ı shaxs. Sol sebepli hayallarg`a qolaylı sem`yalıq sharayatlarda jaratılıwı, u`y-ruzg`or ha`m bala ta`rbiyası menen shug`ıllanıwı ushın imkan beriwshi jen`illikler beriliwinen barlıq, solardan ma`mlekette, ja`miyette, sem`yada tuwrıdan-tuwrı manfaatdor ekenligi gu`mansız. A`ne sol maqsette O`zbekstan Respublikasının` miynet haqqındag`ı nızam hu`jjetlerinde hayallar ushın qolaylı bolg`an is waqtın belgilew, qosımsha dem alıw waqıtların ajıratıw, olardın` sem`yada, o`z perzetleri menen ko`birek birge bolıwları ushın imkaniyat jaratıwg`a qaratılg`an is ilajların na`zerde tutadı. O`zbekstan Respublikası 14-aprel` 1999-jılında «Hayal-qızlarg`a qosımsha jen`illikler» beriw haqqındag`ı nızam qabıllandı, onda bala ta`rbiyası ushın jaratıw ha`m de hayallardın` miynetten manfaatdorligin asırıw maqsetinde u`sh jasqa shekemgi balaları bar, byudjet mekeme ha`m sho`lkemler de islep atırg`an hayallarg`a is haqını kemeyttirmesten, ha`ptelik is waqtı 35 saattan aspaytug`ın belgilendi, 20 jıllıq is sapası bolg`an jag`dayda 54 jastan pensiyag`a shıg`ıwı huqıqın beredi.

En` da`slep 18 jasqa tolmag`an qızlar ushın qısqartılg`an jumıs waqtı norması belgilengenligi aytıp o`tilgeni lazım. Solardan O`zbekstan Respublikası miynet kodeksinin` 242-stat`yasına qaray 16jastan 18 jasqa shekemgi bolg`an isshilerdin` is waqtı ha`ptesine 36 saattan, 15 jastan 16 jasqa

shekem bolg`an isshiler is waqtı bolsa ha`ptesine 24 saattan ko`p bolıwı mu`mkin emes. Oqıwdan bos waqıtlarında islep atırg`an oqıwshılardın` oqıw jılı dawamındag`ı waqtı 16-18-jasqa shekem bolg`an oqıwshılar ushın ha`ptesine 18 saatdan 14 jastan 16 jasqa shekem bolg`an oqıwshılar ushın bolsa ha`ptesine 12 saattan aspawı kerek. O`zbekstan Respublikasının` miynet kodeksi 243-stat`yasında aytılıwınsha 18 jasqa tolmag`an isshilerdin` ku`ndelik is waqtı qısqartırılg`an hallarda miynetine haqı ku`ndelik is waqtı tolıq bolg`an shag`ında tiyisli tamanlap isshilerge beriletug`ın mug`darlarda to`menledi. Yag`nıy is waqtının` qısqartırılg`anlıg`ı is haqının` qısqartılıwına sebep bolmaydı. Bul qag`ıyda bos waqıtlarda islep atırg`an oqıwshılarg`a usınılmaydı ha`m olar a`meldegi islegen waqıtlarına yaki islep shıg`ılg`an o`nimleri mug`darı ha`m sıpatına mos tu`rde is haqı alınadı. O`zbekstan Respublikasının` miynet kodeksinin` 116-stat`yasına qaray bir ha`m ekinshi gruppa bolg`an isshiler 18 jasqa tolmag`an isshiler hayal-qızlar ushın ha`ptesine 36 saattan ko`p bolmaytug`ın ha`ptelik is waqtı belgilenedi. Hayallar miynetinen paydalanıw mu`mkin bolmag`an qolaysız miynet sharayatlarında islep atırg`an isshiler ushın nızamlarda belgilep qoyılg`an qısqartılg`an jumıs waqtı norması ko`zde tutılg`an. O`zbekstan Respublikası Ua`zirler kenesinin` 1997-jıl 11-mattag`ı qararı menen og`an zıyanlı ha`m onı qolaysız isler dizimi tastıyıqlang`an bolıp, bul dizimde na`zerde tutılg`an ha`m hayallar miynet qılıwı mu`mkin bolg`an ka`sipler ha`m islerde ba`nt bolg`an hayallar ushın 4 saatdan bazı hayallarda 5 saatdan aspaytug`ın is ku`ni norması belgilenedi. O`zbekstan Respublikası miynet kodeksinin` 118-stat`yasına muwapıq joqarı da`rejedegi albıraw, aqlıy zorıg`ıw, nerv keselligi menen baylanıslı, yag`nıy ayrıqsha tu`ske iye bolg`an islerdegi ayrım taypadag`ı isshiler ushın (meditsina isshileri, pedagoglar h.t.b.) is waqtının` mu`ddeti ha`ptesine 36 saattan aspaytug`ın etip belgilenedi. O`zbekstan Respublikası Wa`zirler ken`esinin` 1997-jıl 11-marttag`ı qararı menen ayrıqsha tu`ske iye bolg`an islerdegi qısqartırılg`an is ku`ni belgilenetug`ın xızmetkerler dizimi ha`m olar ushın ha`ptelik yaki jıllıq is waqtının` en` ko`p norması tastıyıqlap qoyılg`an.

O`zbekstan Respublikası miynet kodeksinin` 121-stat`yasında bayram 9islemeytug`ın) ku`nleri waqtında ku`ndelik is mu`ddeti barlıq xızmetkerler ushın keminde bir saatqa qısqartılıwı go`zlengen. Sonday-aq o`zbekstan Respublikasının` miynet kodeksinin` 122-stat`yasında tu`ngi waqıt (saat 22.00 den 6.00 shekem) islep atırg`an xızmetkerler ushın is waqtı bir saatqa qısqartıladı. O`zbekstan Respublikası miynet kodeksinin` 228-stat`yasına qaray ha`mledar hayallardı 14 jasqa tolmag`an balası (16 jasqa shekemgi mayıp balası) bar hayallardı olardı razılıg`ısız tu`ngi islerge, is waqtınan tısqarı islerge, dem alıw ku`nlerindegi islerge jalp etiwge, xızmet saparına jiberiwge jol qoyılmaydı. Sonın` menen birge ha`mledar hayallardı tu`rgi islerge jalb qılıwg`a bunday is ana ha`m balanın` sawlıg`ı ushın qa`wip tuwdırmaslıg`ın tastıyıqlawshı meditsinalıq jumsaq bolg`an jag`dayda g`ana jol qoyıladı. O`zbekstan Respublikasının` miynet kodeksinin` 229-stat`yasına muwapıq tiykarlanıp, mu`lkshilik xojalıq ju`rgiziwformasınan qatıy na`zer barlıq ka`rxana ha`m sho`lkemlerdin` is beriwshileri ha`mledar hayaldın` 14 jasqa tolmag`an balası (16 jasqa tolmag`an mayıp balası) bar hayaldı iltimasına qaray tiyisli meditsina juwmaqlarına muwapıq olarg`a tolıq emes is ku`ni yaki tolıq emes is ha`ptesi belgilewi ma`jbu`r. A`ne sonday tolıq emes is waqtı jas balalardı a`melde ta`rbiyalap atırg`an qa`wenderler, perzentlikke alıwshılar, bala ta`rbiyası menen ba`nt bolg`an basqa shaxslarg`a da belgileniwi sha`rt.

O`zbekstan Respublikası miynet kodeksinin` jan`a 228-stat`ya menen tolıqtırılıwı mu`na`sibeti menen u`sh jasqa tolmag`an balaları bar, byudjet esabınan finanslıq jaqtan ta`miynlenetug`ın mekeme ha`m sho`lkemlerde islep atırg`an hayallar ha`m is waqtının` ha`ptesine 35 saattan aspaytug`ın qısqartılg`an mu`ddeti belgilenedi.O`zbekstan Respublikasının` miynet kodeksinin` 236-stat`yasına qaray eki jasqa tolmag`an balası bar hayallarg`a, dem alıw ha`m awqatlanıw ushın beriletug`ın ta`nepisten tısqarı balanı awqatlandırıw ushın qosımsha ta`nepisler de beriledi. Bul ta`nepisler ha`r u`sh saatta bir ma`rte ha`r biri otız minuttan kem bolmag`an mu`ddet penen beriledi. Eki jasqa tolmag`an eki ha`m onnan artıq balası bolg`an jag`dayda ta`nepistin` mu`ddeti keminde bir saat qılıp belgilenedi.

Balanı awqatlandırıw ushın beriletug`ın ta`nepisler is waqtına kirgiziledi ha`m ortasha is haqı esabı boyınsha haqı to`lenedi. Jas balası bar hayaldın` tilegine qaray bunday ta`nepisler dem alıw ha`m awqatlanıw ushın beriletug`ın ta`nepislerge qosıp beriliwi, is ku`ninin` basında yaki aqırında beriliwi ha`m is ku`ninin` sog`an mu`na`sip ta`rizde qısqartılıwı mu`mkin. Balanı awqatlandırıw ushın beriletug`ın ta`nepislerdin` anıq mu`ddeti ha`m beriliw ta`rtibi ja`ma`a`t sha`rtnamasında, eger ol jazılmag`an bolsa, is beriwshi ha`m ka`siplik awqam komiteti yaki xızmetkerdin` basqa wa`killik organları menen kelisip belgilenedi. O`zbekstan Respublikasının` miynet kodeksinin` 230-stat`yasına muwapıq mayıp balanı ta`rbiyalap atırg`an ata-ananın` birine (wa`kiline, qa`wenderine0 bala 16 jasqa tolg`ansha ma`mleket sotsial qamsızlandırıw qarjıları esabınan bir ku`nlik is haqı mug`darında haqı to`legen jag`dayda ayına qosımsha bir dem alıw ku`ni berilgen. Jas balalı hayallarg`a miynet dem alısına shıg`ıw tarawında qatar qosımsha jen`illikler bolıp, onın` tiykarg`ı maqseti jas balaları menen birge dem alıwları ushın qolaylı sharayat jaratıwdan ibarat. O`zbekstan Respublikası miynet

kodeksinin` 231-stat`yasına qaray ha`mledar hayallarg`a ha`m bala tuwıw hayallarg`a jıllıq dem alıslar olardın` tilegine qaray, tiyisli ha`mledarlıq ha`m tuwıw dem alısınan aldın yaki onnan keyin balanı ta`rbiyalaw dem alısınan keyin beriledi. 14 jasqa tolmag`an bir ha`m onan artıq balanı (16 jasqa tolmag`an mayıp balanı) ta`rbiyalap atırg`an jalg`ız ata yaki ana jesir erkek yaki jesir hayal, nekeden ajrasqan jalg`ız analar ha`m mu`ddetli a`skeriw xızmetkerlerdin` hayallarına jıllıq dem alıslar olardın` qa`lewine qaray jaz waqtında yaki olar ushın qolayla bolg`an basqa waqta beriledi. Hayallarg`a qolaylılıq tuwdırıw maqsetinde O`zbekstan Respublikasınıo` miynet kodeksinin` 144-stat`yasında qaray islep atırg`an erkekler jıllıq miynet dem alısı olardın` qa`lewine qaray hayallardın` ha`mledarlıq ha`m tuwıw dem alısı da`wirinen beriliwi mu`mkinshiligin na`zerde tutılg`an.

Miynet kodeksinin` 232- stat`yasına qaray 12 jasqa tolmag`an yaki ha`m onnan artıq balası yaki 16 jasqa tolmag`an mayıp balası bar hayallarg`a ha`r jılı u`sh is ku`ninen kem bolmag`an mu`ddet penen haqı to`lenetug`ın qosımsha dem alıs beriledi. 12 jasqa tolmag`an eki yaki onnan artıq balası bar yaki 16 jasqa tolmag`an mayıp balası bar hayallarg`a olardın` qa`lewine qaray, ha`r jılı 14 kalendar` ku`nde kem bolmag`an mu`ddet penen is haqı saqlanbag`an halda dem alıs beriledi. Bunday dem alıs hayaldın` qa`lewine qaray jıllıq miynet dem alısına qosıp yaki bo`lek beriliwi mu`mkin. Analıq minnetin orınlawshı shaxslarg`a sotsial, maqsetli dem alıslar beriledi. Bunday dem alıslardın` tiykarg`ılarınan biri xalıq qatnasıq tilinde dekret otpuskaları dep atalıwshı ha`mledarlıq ha`m tuwıw dem alısı. O`zbekstan Respublikasının` miynet kodeksinin` 223-stat`yasına qaray Hayallarg`a tuwg`ansha jetpis kalendar` ku`n ha`m tuwg`annan son` 56 kalendar` ku`n (tuwıw qıyın bolsa yaki eki ha`m onnan artıq bala tuwılg`an hayallarda jetpis kalendar` ku`n) mu`ddeti menen ha`mledarlıq ha`m tuwıw dem alısları berilip, ma`mleketlik sotsial qamsızlandırıw boyınsha napaqa to`lenedi. Ha`mledarlıq ha`m tuwıw dem alısı ja`mlengen halda esaplap shıg`ılıp, tuwıwg`a shekem a`melde bunday dem alıstın` neshe ku`nnen paydalang`annan qatıy na`zer hayalg`a tolıq beriledi. Ha`mledarlıq ha`m tuwıw dem alısın esaplaw ha`m beriliw ta`rtipleri bunda ortasha is haqı saqlanıwı ma`seleleri 1994-jıl 10-fevral`dag`ı 148/03-sanlı Ma`mleketlik sotsial qamsızlandırıw boyınsha napaqalardı tayarlaw ha`m to`lew ta`rtibi haqqında nızam bekitildi. Bul hu`jjetlerde aytılıwınsha belgilengen ta`rtipte berilgen kesellik qag`azı ha`mledarlıq ha`m tuwıw boyınsha dem alıs ha`m de napaqa beriw ushın tiykar boladı. Kesellik qag`azı jog`alıp qalg`anda onın` dublikatı dem alıs ushın tiykar boladı. Hayal bala tu`sirgeninde tuwılg`an son` qaytıs bolg`anda dem alıs beriw ha`m napaqa to`lew ta`rtipleri arnawlı hu`jjetleri menen ta`rtipke salınadı. Ha`mledarlıq ha`m tuwıw dem alısı da`wiri ushın ortasha is haqının` 100 protsent mug`darında napaqa to`lenedi. Yuridik shaxs sho`lkemlestirilmey isbilermenlik penen shug`ıllanıp atırg`an hayallar da belgilengen ta`rtipte tiyisli pensiya fondında dizimnen o`tkenleri tiyisli qamsızlandırıw bag`darların turaqlı to`lep turg`anları jag`dayında ha`mledarlıq ha`m tuwıw dem alıslarına shıg`ıwları. Olarg`a da belgilengen ha`mledarlıq ha`m tuwıw menen baylanıslı napaqalar to`leniwi mu`mkin. Bala tuwıw dem alısı ha`m sonın` menen baylanıslı haldag`ı napaqa gezektegi durıs ta`rbiyalaw menen ba`nt bolg`an basqa shaxslar (perzetlikke alıwshılar, qa`wenderlik h.t.b.) g`a da beriliwi mu`mkin. O`zbekstan Respublikasının` miynet kodeksinde 234-stat`yasına muwapıq Ha`mledarlıq ha`m tuwıw dem alısı tuwg`annan keyin hayaldın` qa`lewine qaray og`an balası eki jasqa tolg`ansha balanı ta`rbiyalaw ushın dem alıs berilip, bul da`wirde nızam hu`jjetlerinde belgilengen ta`rtipte napaqa to`lenedi. Hayalg`a onın` qa`lewinshe balası u`sh jasqa tolg`ansha balanı ku`tiwi ushın is haqı saqlanbaytug`ın qosımsha dem alısta beriledi. Bul dem alıslardan o`z-ara kelisiwge muwapıq balanın` atası, apası, ag`ası yaki balanı a`melde ta`rbiyalap atırg`an basqa qarındasları da tolıq yaki onı bo`leklerge bo`lip paydalanıwları mu`mkin.

Hayal balanı ta`rbiyalaw dem alısları da`wirinde o`z qa`lewinshe tolıqsız is waqtı rejiminde islewi mu`mkin. Bunday huqıq bala ta`rbiyası menen shug`ıllanıp atırg`an basqa shaxslarg`a da beriledi. Balanı ta`rbiyalaw da`wirinde hayaldın` is jayı (lawazımlı) saqlanadı. Bul da`wir miynet sıpatında onnan qa`niygeligi boyınsha is stajına qosıladı. Anasız balanı ta`rbiyalap atırg`an atalarg`a, sonday-aq er jetpegen balalardın` qa`wenderleri de hayallarg`a beriletug`ın barlıq kepillikler ha`m jen`illiklerden paydalanadı.

**Hayal-qızlar miynetin qorg`awdın` o`zine ta`n qa`niygeleri.**

Hayallardı huqıq ha`m nızamlı manfaatların tolıq qorg`aw maqsetinde. Konstitutsiyanın` hayal-qızlar awhalı ha`m sho`lkemlerin de ja`ma`a`t birlespeleri sıpatında xızmet ko`rsetedi. (Konstitutsiyanın` 56-stat`ya). Ma`mleketimizde miynetti qorg`aw, xızmetkerler ushın sag`lam ha`m qa`wipsiz miynet sharayatları jaratılıwı islerine ayrıqsha a`hmiyet beredi. Sebebi, ha`r qanday ma`mlekettin` en` u`lken baylıg`ı onın` halqı, adamları. Ka`rxana ha`m sho`lkemlerde miynetti qorg`awg`a ta`n tiykarg`ı talaplar ha`m de qag`ıydalar O`zbekstan Respublikası miynet kodeksinin` 113-bap, 211-223-stat`yalarında O`zbekstan Respublikası 1993-jıl 6-maydag`ı miynetti qorg`aw haqqındag`ı nızamda O`zbekstan Respublikası Vazirler ken`esinin` qararlarında tarmaq wa`zirlikler ha`m mekemeler islep shıg`arılıp tsatıyıqlanatug`ın miynetti qorg`awg`a ta`n standartlarda, ka`rxanalarda du`ziletug`ın ja`ma`a`t sha`rtnamaları, tarmaq, ja`ma`a`t kelisiwleri de na`zerde

tutılg`an. Hayal-qızlar miynetin qorg`awg`a ta`n qosımsha talaplar miynet kodeksi ha`m basqa nızam hu`jjetlerinde belgilenip qoyılg`an. Solardan, O`zbekstan Respublikasının` miynet kodeksi 225-stat`yasında aytılıwınsha miynet jaraqatları qolaysız islerde, sonday-aq jer astı islerinde hayallar miynetin qollanıw tastıyıqlanadı, jer astı bazı isler menen fizikalıq bolmag`an isler bunnan tısqarı. O`zbekstan Respublikası miynet Wa`zirligi qararı menen 1996-jıl 2-aprel`de tastıyıqlang`an Hayal-qızlar miynetin qollanıwı qadag`an etilgen miynet sharayatı qolaysız bolg`an isler dizimine muwapıq metallarg`a islew beriw, binokorlik, jıynaw (mantaj) ha`m du`zetiw, qurılıs isleri geologiya-razvedka, tipografiya-geodeza isleri, qudıqlardı qazıw isleri, neft` ha`m gaz qazıp shıg`arıw, qara metallurgiya. abraziv isleri, elektrotexnika islep shıg`arıw ha`m bul du`zimde tuwrı na`zerde tutılg`an basqa ayrım islerde miynetin paydalanıw qadag`alanadı.

O`zbekstan Respublikasının` Oliy Ma`jlisinin` miynet ha`m halıqtı sotsial qorg`aw komiteti ma`jlisinde aytılıwınsha ma`mleket ekonomikasının` ma`mleketlik emes aktlerinde kansalıq iskerligi ju`rgizilip atırg`an ko`plep ka`rxanalarda hayallar miynetin qorg`awg`a olar ushın onrmal ha`m qa`wipsiz miynet sharayatları jaratılıwına itibar berilmey atırg`anlıg`ı, nızamda na`zerde tutılg`an qosımsha kepillikler ta`miynlenbey atırg`anlıg`ı, ko`rsetiw ha`m de bunday awhalg`a taqat qılıp bolmaslıg`ın qattı aytıladı. O`zbekstan Respublikasının` miynet kodeksinin` 225 stat`yasının` 2 - bo`liminde aytılıwınsha hayallardın` olar ushın mu`mkin bolg`an normadan artıq ju`kti ko`teriwleri ha`m tasıwları ma`n etiledi. O`zbekstan Respublikasının` ma`mleketlik sanitariya bas vrachı ta`repinen 1996 jılı 19-martta tastıyıqlang`an ju`klerdi halda ko`teriw jasıwda hayallar ushın jol qoyılıwı mu`mkin bolg`an awırlıqtın` sanitariya mug`darlarında bul sanitariya mug`darları ha`m qag`ıydaları mu`lkshiliktin` barlıq formasındag`ı ka`rxana, sho`lkem ha`m birlespeler ushın ma`jbu`riy orınlanıwı sha`rtligi qayd etilgen. Bul sanitariya mug`darlarının` belgileniwinen go`zlengen tiykarg`ı maqset hayallar ushın en` maqul miynet sharayatların jaratıw. Repruduktiv funktsiya qılmaydı. Bg`lki ayırker shaxs ha`reketine salıstırg`anda jınayı is qozg`alıw ha`m jetkizilgen ziyan ushın tolıq materiallıq juwapkerlik ju`klew ziyanlıq tolıq o`ndiriliwi ushın tiykar boladı.

O`zbekistan mg`mleketi ha`m hu`kimeti ayrıqsha itibarg`a ha`m qorg`awg`a mu`tg`j bolg`an xalq tabaqası hayal-qızlar salamatlıg`ı huquqında olarg`a qolaylı hg`mde qa`wipsiz miynet sharayatları tartaılıwı haqqında g`amqorlıq qılar eken, is da`slep ma`mleketimizdin` bu`yik keleshegin ta`menlewshi jas awlad den sawlıg`ın na`zerde tutadı, hayalda asrap abaylawdın` ibarat ekenligin jaqsı tu`siniledi.

Jaslar miynetin huquqıy qorg`aw ta`rtibi.

O`zbekistan Respublikası Prezidenti I.A.Karimov o`z so`zinde jurtımızdı jaslar ma`selesi ma`mleket siyasattın` orayında turg`anın ayrıqsha tap o`tti.

Jaslar ja`miyetimizdin` en` tiykarı ku`shli esaplang`anlıg`ı ha`mmemizge belgili. Jaslardın` ku`sh g`ayratı sebepli barlıq keleshekleritо`zim berilgen. Jaslar ma`selesi ha`zir ha`mmege tiyisli.

Jaslardı ma`mleket jılı menen iske jaylastırıw ushın ekonomika u`stemligi yag`nıy olardın` materiallıq za`ru`rligi talapların qanaatlandırıw ha`zirgi ku`nde en` tiykarg`ı ma`sele. Bul bolsa o`z-o`zinen sheklenbeydi. Bunın` ushın bolsa olardın` belsendiligine a`ste aqırın miynet is haqına mu`na`sip boladı. Bunın` ushın ha`zirgi ku`n sharayatı jaslardı belgili bir ka`sip iyelewge bag`darlawg`a qaratılg`an bolıp, bunın` ushın sabır taqat kerekligin ha`mde erten`gi parawanlıqtı oylag`an halda jaslar bu`gingi qıyınshılıqlardan qorıqpawı kerek.

Jaslarg`a ha`zirgi ku`n za`ru`rligin kelip shıqqan halda ka`sip o`ner u`yretiw ma`seleleirinde jiddiy o`zgerisler sezilip atırg`an joq. Sonday naqıl bar o`nerli kisi xor bolmas degenlerindey ha`zirgi bazar qatnasıqlarında rawajlandırıw basqıshında ha`r bir puxara qanday da bir ka`sipti puxta iyelewi bu`gingi ku`nnin` a`hmiyetli wazıypası. Bul haqqında 1-shaqırıq 8-sessiyasında I. A. Karimov jaslardı ka`sipke bag`darlawdın` anıq programmasın belgilep berdi, yag`nıy u`sh jıllıq kurslardı ashıw, qa`niygelik bag`darında oqıtıw, olarg`a ta`jriybeli joqarı mektep oqıtıwshıların jalp etiw haqqında o`z pikirlerin bayan etti ha`m bul islerdi a`melge asırıw ushın barlıq is ilajlar ko`rilmekte. Jas a`wladtı sotsial ha`m ruwxıy jaqtan asırap-abaylaw, olardın` salamatlıg`ın qorg`aw, qa`wipsiz ha`m qolaylı miynet sharayatların jaratıw joqarıdag`ı u`lken wazıypalardı orınlawdın` jetekshi faktorlarınan. O`zbekstan Respublikası miynet haqqındag`ı nızamları miynet teiw huqıqlarının` a`melge asırılıwı, qısqartılg`an is waqtı, uzaytırılg`an dem alıs waqtı, jaslarg`a oqıp u`yretiwleri ushın qosımsha imkaniyatlar jaratıw, olar miynetin qorg`awdın` arnawlı qag`ıydalarına mas arnawlı kepilliklerin na`zerde tutar eken en` da`slep ha`r ta`repleme sag`lam o`siriwi maqsetin go`zleydi.

O`zbekstan Respublikası ma`mleketinin` jaslarg`a ta`n siyasatının` ma`nisi. Olarg`a beriletug`ın ekonomikalıq, sotsial, siyasiy, ruwxıy-ag`artıwshılıq, huqıqıy tarawlardag`ı kepilliklerO`zbekstan Respublikasında jaslarg`a ta`n ma`mleket siyasatının` tiykarları haqqındag`ı nızamlarında na`zerge tutqan.

Bul nızamnın` birinshi stat`yasında aytılıwınsha Jaslarg`a ta`n siyasat O`zbekstan Respublikası ma`mleket iskerliginin` u`stin bag`darı bolıp, onın` maqseti jaslardın` sotsial qa`liplesiwi ha`m kamal

tabıwı, ja`miyet ma`pi jolında imkanı barınsha tolıq ju`zege shıg`ıwı ushın sotsial-ekonomikalıq, huqıqıy sho`lkemlesken jaqtan sha`rt-sharyat jaratıw ha`m de olardı kepillewden ibarat. 18 jasqa tolmag`an shaxslar sotsial qorg`awg`a mu`ta`j ha`m miynet bazarında ten` ba`sekelese almaytug`ın xalıq qatlamları sıpatında ma`mleket ta`repinen arnawlı qorg`alatug`ın ha`m de olardın` miynet etiw huqıqların a`melge asırıwg`a ko`meklesiwi qosımsha ilajlar nızamda na`zerde tutıladı. En` da`slep oqıw jurtların tamanlag`an 18 jasqa islengen puxaralar ushın, is jaylarının` aldınan ba`nt qılıp qoyılıwı ha`m de mu`lkshilik formalarınan qattiy na`zer barlıq ka`rxana, sho`lkemler a`ne sol is jaylarına 18 jasqa tolmag`an jaslardı iske qabıl qılıwları sha`rt ekenligi, bul shaxslar ushın qosımsha bos is orınları qurılmag`an ka`rxanalarda xalıq ba`ntligin menen shug`ıllanıwshı organlar ta`repinen ekonomikalıq ta`sir ilajları ko`riliwi aytıp o`tiliwi lazım. Bunnan tısqarı a`meldegi nızam hu`jjetlerine qaray 18 jasqa tolmag`an shaxslardın` materiallıq juwapkershilik penen baylanıslı bolg`an ruwxıy, ta`rbiyalıq ko`rinislerinin` qa`liplesiwi unamsız ta`sir o`tkiziwi mu`mkin bolg`an islerge qabıllanıwının` qatan` sheklengenligi, olardı belgilengen jaylarg`a iske qabıllawda sınaw sha`rtsiz qabıllawı lazımlıg`ı itibarda tutılmag`ı kerek. Aldın hesh jerde islemegen o`spirimlerdi iske qabıllaw eger 16 jasqa tolg`an bolsa, pasportların, a`skeriy xızmetke baylanıslıg`ı haqqındag`ı hu`jjetti (shaqırıw guwaxnaması) usıng`annan son`, meditsinalıq ko`rikten o`tkizilip, tapsırılıp atırg`an wazıypag`a jaramlı ekenin, anıqlag`annan son` jazba miynet sha`rtnaması du`ziw jolı menen ka`rxanadag`ı iske qabıllanadı. 16 jasqa shekem bolg`an shaxslar bolsa iske kiriw waqtında tuwılg`anlıg`ı guwahnaması jasap turg`an janınan mag`lıwmatnama usınıwları, bunnan tısqarı bul shaxslardın` ata-anası yaki olar onın basıwshı basqa shaxslar iske kiriwine qarsı emesligi haqqında jazba razılıq usınıwı lazım. Bul taypadag`ı xızmetkerler de da`slep meditsinalıq ko`rikten o`tkerilip, tapsırılıp atırg`an wazıypag`a jaramlı ekenin anıqlag`anda g`ana is beriwshi menen jaza miynet sha`rtnamasın du`ziw arqalı ha`m isberiwshinin` iske qabıllaw haqqındag`ı hu`jjetlerde da`slep meditsinalıq ta`rtipten o`tkerilip tarsırılıp atırg`an wazıypag`a jaramlı ekenin anıqlag`anda buyrıg`ın shıg`arıw jolı menen iske qabıllanadı. O`zbekstan Respublikasının` miynet kodeksinin` 47-sat`yasında 2-bo`limine muwapıq jaslardı miynetke tayarlaw maqsetinde ulıwma bilim mekteplerdi o`ner-texnika bilim jurtları ha`m orta arnawlı oqıw jurtlarının` oqıwshıların 14 jasqa jasawınan son` ata-anasınan barlıq yaki olar ornın basıwshı shaxstın` razılıg`ı menen balalarının` salamatlıg`ına ha`m sotsial tarawına zıyan jetkeretug`ın ha`m ta`lim alıw protsessin buzbaytug`ın jen`il islerdi oqıwdan bos waqıtlarda orınlaw ushın jumısqa qabıllawg`a jol qoyıldı. Bunday payıtta da oqıwshının` tuwılg`anlıg`ı haqqındag`ı guwalıg`ı jasap turg`an jerin mag`lıwmatlang`an ata yamasa ana olardın` erkin basıwshı shaxstın` jazba razılıg`ı talap etiledi ha`m onnan son` bunı bunday shaxs ko`rikten o`tkizilgennen son` jazba miynet sha`rtnaması du`zilip is beriwshini jumısqa qabıllaw haqqındag`ı buyrıg`ı shıg`arılıwı jog`ı menen jumısqa qabıllanadı. O`zbekstan Respublikasının` miyneti ha`m halıqtı sotsial qorg`aw wa`zirligi wazıypalardı ha`m den-sawlıqtı saqlaw wa`zirligi ta`repinen 2001-jıl 30-mayda tastıyıqlang`an 18 jasqa tolmag`an shaxslar miynetinen paydalanıw qadag`alang`an isler dizimi tastıyıqlang`anlıg`ı ha`m onda ko`rsetilgen wazıypalardı orınlawg`a tu`siriwden aldın is beriwshi olarg`a miynet sha`rtleri funktsiyalıq sharaları ha`m qag`ıydalarınan qol jazba beriwi olardı qadag`alawsız qaldırmawı lazım. Miynet iskerligi dawamında is beriwshi 18 jasqa tolmag`an xızmetkerlerdi olar razı bolg`an jag`dayda da awır ha`m zıyanlı islerge olardın` ta`rbiyasına ta`sir etetug`ın wazıypalardı orınlawg`a o`tkeriliwi mu`mkin emes. O`zbekstan Respublikasının` miynet kodeksinin` 147-stat`yasında muwapıq ata-analar sonday-aq miynetti qorg`aw u`stinen qadag`alawshı organlar ha`m de er jetpegenler isleri menen shug`ıllanıwshı komissiyalar eger 18 jasqa tolmag`an shaxslar orınlap atırg`an isti dawam ettiriw olardı salamatlıg`ına zıyan qılatug`ın yaki olarg`a basqasha ta`rizde zıyan jetkizetug`ın bolsa bunday shaxslar menen miynet sha`rtnamasın biykarlawg`a haqılı. Bunday talaptı orınlaw is beriwshi ushın ma`jbu`riy bolıp onda 18 jasqa tolmag`an xızmetkerdik qa`lewi itibarg`a alınbaydı. 18 jasqa tolmag`an shaxslar miynet sha`rtnaması miynet haqqındag`ı nızam hu`jjetlerinde na`zerde tutılg`an ulıwma ta`rtiplerde biykarlanıwı mu`mkin. Biraq, miynet sha`rtnamasının` is beriwshi tashabbusi menen biykarlanıwı payıtında o`spirimlerdi huqıqların tolıg`ıraq kepillew maqsetinde is beriwshi bul ma`seleni ka`rxana jaylasqan jerdegi jaylastırıw organları menen aldınnan kelisip alıwı belgilengen. Miynet haqqındag`ı nızam hu`jjetlerine 18 jasqa tolmag`an xızmetkerlerdin` is waqtı dem alıs waqtı is haqı to`lew ma`selelerde qosımsha kepillikler ha`m jen`illikler beriwi na`zerde tutadı. Sonın` miynet kodeksinin` 110-242-stat`yalarına qaray 16 - 18 jasqa shekem bolg`an xızmetker ushın 36 sattan artıq bolmag`an 15-16 jasqa shekem bolg`an shaxslar 26 saattan bolmag`an ha`ptelik is waqtı norması belgilengen. Oqıwdan bos waqıtlarda islewshi 16-18 jasqa shekemgi shaxslardın` ha`ptelik is waqtı 18 saattan 14-16 jasqa shekemgi bolg`an oqıwshılar bolsa 12 saattan son` bolıwı mu`mkin emes. 18 jasqa tolmag`an shaxslardın` ku`ndelik is waqtı qısqartılıp olarg`a tolıq is ku`ni dawamında islegen jeti saat dawamında xızmetkerleri beriletug`ın mug`darda tolıq is haqı to`lenedi. Oqıwdan bos waqıtlarda islep atırg`an oqıwshılarg`a bul qag`ıyda qollanılmaydı ha`m olar a`melde islegen waqıtlarına mu`na`sip is haqı aladı. Miynet kodeksinin` 245-stat`yasına qarap 18 jasqa tolmag`an xızmetkerler, tu`ngi islerge is

waqtınan tısqarı islerge dem alıs ha`m bayram ku`nindegi islerge jalp etiw qadag`alanadı. Miynet Kodeksinin` 244-stat`yasına muwapıq 18 jasqa tolmag`an xızmetkerlerge keminde 30 kalendar` ku`ninen ibarat miynet dem alısı beriledi ha`m de dem alıs jaz aylarında yaki olar qa`legen basqa payıtlarda beriledi. 18 jasqa tolmag`an basqa shaxslarg`a miynet etiw dem alısın bermew dem alıstı keyingi jılg`a ko`shiriw dem alıstan shaqırıp alıw qadag`an etiledi. Islep shıg`arıwdan ajıralg`an halda oqıw jurtlarında bilim alıp atırg`an sha`kirtlik jolı menen ka`sip u`yrenip atırg`an 18 jasqa tolmag`an shaxslarg`a nızamg`a muwapıq qosımsha kepillikler ha`m jen`illikler beriledi. 18 jasqa tolmag`an shaxslar organizmnin` o`sip kelip atırg`an ha`m ha`r tu`rli ta`sirlerge beriwshiligi itibarg`a alınıp olardın` miynetin qorg`awdın` arnawlı qag`ıydaları belgilengen.  Bunday taypadag`ı xızmetkerler miyneti qollanılıwı qadag`an etilgen ka`sipler ha`m dizimi tastıyıqlang`anlıg`ın joqarıda aytıp o`ttik. Bunnan tısqarı O`zbekstan Respublikası ma`mleketlik saniatariya bas vrachı ta`repinen ju`klewden ko`teriw ha`m tasıwda o`spirimler ushın jol qoyılmaytug`ın awırlıqtın` sanitariya mug`darları. 1996-jıl 19-martta tastıyıqlang`an bolıp og`an qaray 18 jasqa tolmag`an shaxslardı ayrıqsha ju`k ko`termewi yaki tasıwı qadag`an etiledi. O`zbekstan Respublikasında a`melge asırılıp atırg`an jaslarg`a ta`n siyasattın` bas talabı jaslar ushın sag`lam ha`m qa`wipsiz sharayatlar jaratıw olardın` barkamal insanlar bolıp jetiliwin ta`miynlewden ibarat. Xızmetker menen is beriwshi ortısındag`ı miynet sha`rtnamasın du`ziw sha`rtnama a`mel qılıw da`wirinde miynet qatnasıqları sheshimin tawıp atırg`anda bazı xızmetker ha`m is beriwshi ua`kili adminstratsiyası ortasındag`ı o`z-ara kelispewshilikler ju`z berip turadı. Bul kelispewshilikler ko`p hallarda xızmetkerdin` ka`rxana, adminstratsiyasınan narazılıg`ı onın` miynet huqıqları ha`m miynet iskerligi buzılg`an dep esaplaw aqıbetinde ju`zege keledi. Bunday hallarda a`dette xızmetker kelispewshilikti is beriwshi ua`kili adminstratsiya menen sa`wbetlesiwi kiriliwi arqalı hal etiwge umtıladı. Bunday usıl menen imkaniyatı qalmag`an hallarda miynet tarawındag`ı kelispewshilik arnawlı qurılg`an arnawlıvakalatqa iye bolg`an organlar ta`repinen nızam hu`jjetlerinde belgilengen ta`rtipte sheshiliwi lazım bolg`an miynetine aytıladı.

**Tema. Miynet dawları tusinigi.**

**1. Miynet dawları tusinigi ha`m miynet dawların ko`riwshi komissiyalar.**
**2. Miynet dawların rayon (qala) sudlarında ko`riw.**

## 1. Miynet dawları tusinigi ha`m miynet dawların ko`riwshi komissiyalar.

Miynet dawı-bul xızmetker ha`m is beriwshi (onın` wa`kili - ka`rxana adminstratsiyası) ortasında ju`z bergen miynet sharayatların belgilew, o`zgertiw, miynet nızamların qolllaw boyınsha o`z-ara kelispewshiliklerden ibarat. Miynet dawları ju`z beriw sha`rt-sharayatları ha`m sebepleri ha`r tu`rli. Miynet dawları ju`zege keliwine sebep bolıwshı sha`rt-sharayatları nızamlarına ha`r qanday halat ha`m ha`diyseler kiritiliwi mu`mkin. Bul waqıya ha`diyseler ju`z beriwi aqıbetinde xızmetker is beriwshi ortasında qol qoyıw qıyın bolg`an ma`seleler payda boladı. Miynet dawları ju`z beriw sebeplerinen bolıp belgili yuridik faktler  xızmet qıladı.  Bul faktler xızmetker yaki is beriwshi (onın` wa`kili, adminstratsiya) ta`repinen ju`z berilgen dep boljaw qılınıp atırg`an huqıqbuzarlıq is ha`reketi ta`rizinde ko`rinedi. Bunday sebepler ekonomikalıq, sotsial ha`m yuridik qa`siyetke iye bolıwı mu`mkin. Ekonomikalıq sebepler qatarına ka`rxanada ju`z bergen finanslıq qıyınshılıqlar sebepli is haqını kepillikke to`lewlerinen beriliwi, basqa materiallıq to`lewlerdi a`melge asırmaslıg`ı kibiler kiredi. Sotsial sebepler qatarına is haqı ha`m basqa to`lemler beriwde jen`illikler jaratılıwında jol qoyılg`an a`dalatsızlıqlar ten`sizlikler kirgiziliwi mu`mkin. Yuridik sebepler qatarına nızamlardan xabarsızlıq olardı natuwrı talqılawı, nızamdag`ı nuqsanlar kiritiliwi mu`mkin. Ka`rxana ha`m sho`lkemlerde miynet nizolarına sebep bolıwshı sha`rt-sharayatlardı o`z waqtında anıqlaw ha`m de sheshiwde xızmetkerler ortasında huqıqıy targ`ibat islerin jaqsı jolg`a qoyıw miynet o`nimdarlıg`ın asırıwdın`, xızmetkerler huqıqları ha`m ma`plerin qorg`awdın` za`ru`r qurallarınan bolıp esaplanadı. Miynet dawları sub`ekt sostavına qarap jeke miynet nızamlarına ha`m ja`ma`a`tke tiyisli miynet dawlarına bo`linedi. Jeke miynet dawları ayrım alıng`an bir xızmetker menen is beriwshi ortasında ju`z beredi. Ja`ma`a`tke tiyisli miynet dawları bolsa miynet ja`ma`a`ti menen is beriwshi ortasında, xızmetkerler wa`killik organları menen is beriwshiler awqamları, ma`mleket basqarıwı organları ortasında ju`z beredi. Miynet dawları o`z mazmunına qaray miynet sharayatların belgilew, o`zgertiw yaki biykarlawg`a qaratılg`an nizolardan ibarat bolıwı mu`mkin. Joqarıdag`ılardan tısqarı ulıwma ta`rizdegi (barlıq xızmetkerler menen ju`z beretug`ın) ha`m arnawlı (ayrım taypadag`ı ma`mleket xızmetkerleri, basqa ayrım xızmetkerler) miynet dawları o`z-ara parıqlanıwı lazım. Bazar qatnasıqlarına o`tiw sharayatında tu`rli mu`lkshilik formasındag`ı ka`rxana ha`m sho`lkemlerdi islep atırg`an xızmetker miynet huqıqların paydalı qorg`aw ayrım is beriwshiler ta`repinen jol qoyılıwı mu`mkin bolg`an o`z basımshalıqlar nızam buzarlıqlardı sheshiw sol qatarda bazı xızmetkerlerdin` o`z huqıqların buzıwlarına jol qoymaslıq miynet qatnasıqlarında nızam ha`m a`detlikti ta`miynlewdi

u`lken a`hmiyetke iye. Miynet haqqındag`ı nızam hu`jjetleri de xızmetker ha`m is beriwshi huqıqları ten` ekenligin ko`rsetedi. Olarg`a bir qıylı ekonomikalıq ha`m de huqıqıy sharayatlar jaratıp beredi. Sol arqalı olar ortasında ha`m de huqıqıy sharayat jaratıp beredi. Sol arqalı olar ortasında kelistirip, bolmaytug`ın ziddiyatlar ju`z beriwinin` aldın` aladı. Lekin, taraqn`iet dialektikası ha`m turmıs nızamlarına qaray xızmetker menen is beriwshi ortasında tu`rli qılapılıqlar ju`z beriliwi ushın ha`r dayım sebepler jeterli boladı. Miynet nızamının` wazıypalarınan biri usı qılıpalıqlar ju`z beriwi sha`rt-sharayatların sheshiw, ju`z bergende bolsa a`dalat ha`m nızam printsiplerine qatar a`mel qılg`an ha`lda sheshiwin ta`miynlewden ibarat.

Ka`rxanalarda xızmetker is beriwshi ortasında miynet dawı ju`z beriwine bir qatar ob`ektiv ha`m de sub`ektiv faktorlar sebep boladı. Ob`ektiv faktorlar qatarına huqıqıy sana ma`deniyattın` islerine emesligi, islep shıg`arıwdı sho`lkemlestiriwde jol qoyılg`an kemshilikler ortasında ziddiyatlar ju`zege keliwi ha`m basqalar kiredi. Ayrım xızmetker ha`m ayrım is beriwshilerdin` o`z huqıqların buzıwı, ka`rxana miynet ja`ma`a`tinde salamat emes ruhxıy psixologik ortalıg`ının` ju`zege keliwi kibi halatlar miynet nizoları ju`z beriwinin` sub`ektiv faktorları bolıwı mu`mkin. Miynet tarawında xızmetker ha`m is beriwshi ortasında jeke miynet qılapılıqları qag`ıydag`a qaray ha`r eki ta`reptin` tınısh miynet nizoları ju`zesinen dawa mu`ddetleri puxaralıq nızam hu`jjetlerinde belgili ulıwma qag`ıydalar tiykarında toqtatıp turılıwı yaki u`zilip qalıwı mu`mkin.

Nızamlarda ayrım tu`rdegi talaplarg`a salıstırg`anda dawa mu`ddetinin` usınılmaslıg`ı, yag`nıy xukık buzılıwı halatı qashan ju`z bergenliginen qaramastan huqıqlar beriliwi belgilengen. Solardan, O`zbekstan Respublikası puxaralıq kodeksinin` 163-stat`yasına muwapıq puxaralardın` turmısı yaki den-sawlıg`ına jetkerilgen zıyandı tolıw haqqındag`ı talaplarına dawa mu`ddeti engiziliwi belgilengen. Xızmetkerler miynet qatnasıqlarınan kelip shıg`atug`ın nızamlardı sheship beriwin sorap murajaat qılg`anlarında sudqa hu`jjetlerin to`lewden tikkeley azam qıladı. Miynet dawının` sudlawı ha`m tiyisligin sheshiw waqtında puxaralıq islerdin` sudqa tiyisligi haqqında ulıwma qag`ıydalar menen bir qatarda miynet haqqındag`ı nızam hu`jjetlerinde talapları da tolıq esapqa alınıwı lazım. Miynet dawların ko`riw komissiyası ka`rxanalarda iskerlik ju`rgiziwshi ha`m ol jerde ju`zege keletug`ın jeke miynet nizoların ko`rip sheshiwshi arnawlı organ bolıp onın` qa`liplesiwi ja`ma`a`t sha`rtnaması du`zilmegen bolsa is beriwshi menen xızmetkerler wa`killigi organın kemisiwinde belgilewi mu`mkin. Miynet dawları kommissiyası is beriwi ta`repinen ha`m xızmetkerler wa`killik organlarınan ten` sanlı wa`killer ajıratıw arqalı qa`liplesedi. Onın` anıq sostavı ag`zalar salıp vakalad mu`ddeti is beriwshi ha`m xızmetkerler wa`killik organının` o`z-ara qa`liplesiwine qaray sheshiledi. Ja`ma`a`t shartnamasında yaki basqa lokal hu`jjetlerinde bul haqqında belgilengen nızamda sudtın` yaki basqa arnawlı organnın` is ju`rgiziwine tiyisli belgilengen ha`r qanday jeke miynet dawları miynet dawları komisssiyası ta`repinen ko`riliwi ha`m sheshiliwi mu`mkin. Jeke miynet dawları komissiyası ta`repinen ko`riliwi ta`rtibi miynet kodeksinin` 264-stat`yasında belgilep berilgen. Og`an qaray miynet dawları komissiyası miynet dawın arza berilgen ku`nnen baslap u`sh ku`n mu`ddet ishinde sa`wbetlesiwleri o`z-ara kelisiwleri arqalı tiyisli jol menen sheshiliwi lazım. Biraq, bunday kelispewshilikler ge tiyisli jol menen sheshilmese ol halda miynet dawı nızamda belgilengen ta`rtipte arnawlı organlar ta`repinen ko`riliwi ha`m sheshiliwi lazım boladı. Jeke miynet dawları degende is beriwshi menen xızmetker ortasındag`ı miynet haqqındag`ı dawlar ha`m basqa da normativ aktları miynet sha`rtnamasında na`zerde tutılg`an miynet ta`rtiplerin qollaw barısınan kelip shıqqan kelispewshilikler du`ziledi. O`zbekstan Respublikası miynet kodeksinin` 260-stat`yasına qaray jeke miynet dawların jeke menshik miynet dawların ko`riw komissiyası ta`repinen rayon, qala sudları ta`repinen ko`riledi. Sonday-aq ayrım taypadag`ı ma`mleket hu`jjetlerinin` miynet dawlarına boysınıwı ta`rtibinde joqarı turıwshı organlar ta`rpienen ko`riliwi mu`mkin. Xızmetkerge jan`a miynet sharayatların belgilew yaki bar sharayatlardın` o`zgeriwge ta`n dawların is beriwshi organlar ta`repinen sheshiledi. (MK nın` 260-st.) Xızmetker miynet dawın sheshiw sorap miynet dawların ko`riw komissiyasına yaki tuwrı sudqa murajaat etiwge haqılı. Daw da`slepki ta`rizde komissiyalarda ko`rip shıg`ılmag`anlıg`ı sudta ko`riliwine tosqınlıq qılmaydı. Miynet Kodeksinin` 270-stat`yasına muwapıq miynet dawın sheshiwin sorap komissiyag`a yaki sudqa murajaat etiw barısınan dawa mu`ddetleri belgilengen. Iske tiklew dawları xızmetkerge ol menen miynet sha`rtnaması biykarlang`anlıg`ı haqqında buyrıqtın` nusqası berilgen ku`nnen baslap xızmetker ta`repinen is beriwshige jetkizilgen materiallıq zıyandı to`lew haqqındag`ı dawlar boyınsha zıyan jetkizilgenligi is beriwshige belgili bolg`an ku`nnen baslap bir ja`ne basqa miynet dawları boyınsha xızmetker huqıqın buzg`anlıg`ı bilgen yaki biliwi lazım bolg`an ku`nnen baslap u`sh ay usı dawa mu`ddetleri keshirimli sebeplerge qaray o`tkerilip jibergen jag`dayda bul mu`ddetler sud yaki miynet dawları komissiyası ta`repinen qayta tiklewi mu`mkin. miynet dawların ko`riw komissiyası belgilengen mu`ddette nizonı ko`rip shıg`ıw yamasa komissiya qararın ma`nsapdar xızmetker yaki is beriwshi narazı bolsa komissiya qararın nusqasın alg`an ku`nnen baslap on ku`n mu`ddet ishinde rayon, qala sudına shikayat beriwi mu`mkin. Bul on ku`nlik mu`ddet keshirimli sebeplerge qaray o`tkizip jiberilgende ol sud

ta`repinen qayta tikleniwi ha`m nızam ko`rip sheshiliwi mu`mkin. Miynet dawları sudta ko`riw xızmetkerdin` ka`siplik awqam yaki xızmetkerler basqa wa`killik organının` miynetti qorg`aw huqıqıy inspektorının` is beriwshinin` prokurordın` arzasına tiykarlanıp a`melge asırıladı. To`mendegi miynet dawları barısınan tuwrı sudqa murajaat etiw talap etiledi.

1. eger xızmetkerdin` is jayında miynet dawları komissiyası du`zilmegen bolsa

2.xızmetker iske tiplew miynet sha`rtnamasın biykarlaw waqtı ha`m tiykarları ta`repinen o`zgertiw haqqında ma`jbu`riy progul waqtı yaki kem haqı to`leytug`ın isti orınlag`an waqtı ushın haqı o`ndiriwdi talap etip otırg`an hallarda

3. Is beriwshi ta`repinen xızmetkerdin` sawlıg`ı, turmısına, mal-mu`lkine jetkerilgen zıyandı ( sol qatarda ruhxıy zıyan) is beriwshiden xızmetker paydasına o`ndirip beriw haqqındag`ı dawlar.

4. Xızmetkerdin` is beriwshige materiallıq zıyan jetkiziwinen kelip shıg`ıwshı dawlar.

5. Iske qabıllawdı inkar etiw aqıbetinde ju`zege keliwshi miynet dawları.

6. Daw is beriwshi ha`m ka`siplik awqam komiteti yaki xızmetkerlerdin` basqa wa`killik organı menen kelisip aldınan hal etip qoyılg`an ma`seleler barısınan kelip shıqqanda

7. Lawazımlı shaxslar ta`repinen is beriwshige jetkizilgen materiallıq zınların to`lew haqqındag`ı miynet dawları eger jetkizilgen zıyan xojalıq dawın ko`rip shıg`ıw waqtında anıqlang`an bolsa xojalıq sudı ta`repinen ko`rip sheshiledi.

Daw arza bergen xızmetkerdin` qatnasıwında ko`riledi. Xızmetkerdin` qatnasıwısız nizo ko`rip shıg`ıwg`a onın` jazba arzası bolg`an jag`dayda g`ana jol qoyıladı. Xızmetker keshirimsiz sebep penen komissiya ma`jlisi kelmese, bul arzanı ko`rip shıg`ıwdı ku`n ta`rtibinen alıp taslaw haqqında qarar qabıllawı mu`mkin. Bul bolsa xızmetkerdi ta`krar arza menen murajaat etiw huqıqınan mahrum qılmaydı. Xızmetker ka`siplik awqam komiteti yaki xızmetkerlerdin` basqa wa`killik organı miynet nizosın ko`rip shıg`ılıwında qatnasıw ushın advokat mira`tetiw huqıqına iye. Miynet dawları komissiyası ma`jlisi guwalarına shaqırtıw, qa`niygelerdi mirat etiw, is beriwshiden za`ru`r esap-kitaplar ha`m hu`jjetler usınıwın talap etiw huqıqına iye. Ma`jliste komissiyanın` is beriwshi ha`m ka`siplik awqam komiteti yaki xızmetkerler basqa wa`killik organı wa`killerinen ibarat mug`dardag`ı ag`zaları qatnasıwları kerek.

Miynet dawları komissiyasının` ha`r bir ma`jlisinde de baslıq wazıypasın is beriwshinin` ha`m ka`siplik awqam komitetinin` yaki xızmetkerler basqa wa`killik organının` wa`killeri gezekpe-gezek orınlaydı. Bunda bir ma`jlistin` o`zinde baslıq ha`m xatkerlik wazıypasın bir ta`rtiptin` ua`killeri orınlawı mu`mkin emes. Komissiyanın` ha`r bir ma`jlisinde ta`rtipler tamanınan keyingi ma`jlistin` baslıg`ı ha`m xatkeri tayarlanadı, olarg`a ma`jlisti tayarlaw ha`m shaqırıw wazıypası ju`klenedi. Miynet dawları komissiyasının` ma`jlisinde bayanlama ju`kletiledi. Miynet dawları komissiyasının` qararı is beriwshi ha`m ka`siplik awqam komiteti yamasa xızmetkerler basqa wa`killik organının` wa`killeri ortasındag`ı kelisiwge tiykarlanıp qabıllanadı. Komissiyanın` qararları da`lilleri menen da`lillengen ha`m de miynet haqqındag`ı nızam ha`m basqa normativ aktlerge miynet sha`rtnamasına tiykarlang`an bolıwı kerek. Komissiyanın` pul o`ndiriw talaplarına ta`n qararında xızmetkerlerge summa anıq ko`rsetiliwi lazım. Qarar ma`jlis baslıg`ı ha`m xatkeri ta`repinen jazalanadı. Ol ma`jbu`riy ku`shke iye bolıp qanday da bir ta`rizde tastıyıqlanbaydı. Komissiya qararının` nusqası qarar qabıllang`an ku`nnen baslap u`sh ku`n ishinde xızmetkerge is beriwshige ha`m ka`siplik awqam komitetinen yaki xızmetkerlerdin` basqa ua`killik organlarınan tapsırıladı.

## 4. Miynet dawların rayon (qala) sudlarında ko`riw.

Nızamsız tu`rde sudlang`anlıg`ı qatnası menen miynet sha`rtnaması biykarlang`an yaki nızamsız tu`rde jınayıy juwapkershilikke tartılıwı qatnası menen isten (lawazımınan) shetletilgen xızmetkerge da`slepki is beriliwi lazım bunın` imkaniyatı bolmag`anda bolsa (ka`rxana tamanlang`anlıg`ı, shtatlar qısqartılg`anlıg`ı) yaki iske (lawazımına) tiklew ushın qarsılıq qılıwshı nızamda na`zerde tutılg`an basqa tiykarlar bar bolg`an jag`dayda og`an da`slepki isine basqa is beriliwi kerek. miynet sha`rtnamasının` biykarlaw sebebinin` ta`riypi nadurıs yaki a`meldegi nızam hu`jjetlerinde muwapıq emes dep tabılg`an jag`dayda sud onı o`zgertiredi ha`m sheshiw qararında nızamnın` tiyisli stat`yası ko`rsetilgen halda miynet sha`rtnamasın biykarlaw sebebin a`meldegi nızam hu`jjetlerine muwapıqlap ko`rsetedi. Sud bir waqıtta nızam hu`jjetlerinde na`zerde tutılg`an kepillikler beriliwi haqqındag`ı ha`m xızmetker to`leniwi lazım bolg`an isten bosatıw napaqasının` mug`darı haqqındag`ı ma`seleni sheshedi. Xızmetkerdin` iltimasına qaray sud miynet sha`rtnamasın biykarlaw tiykarının` ta`repin onın` qa`lewine tiykarlanıp yaki ta`replerdin` kelisiwi boyınsha o`zgertilgenligi haqqındag`ı sheshiw qararın shıg`arıw menen shekleniwi mu`mkin. Miynet dawların ko`riwshi organnın` xızmetkerdi aldın`g`ı isne tiklew haqqındag`ı qararın is beriwshi orınlamag`anlıg`ı aqıbetinde kelip shıqqan ma`jbu`riy progul waqtı ushın haqı to`lew. Paydalanılmag`an dem alıs ushın xızmetkerge tiyisli bolg`an kompentatsiyanı tilew haqqındag`ı pul o`ndiriwi ta`n talaplardı tolıq qanaatlandıradı. Miynet sha`rtnamasın nızamsız tu`rde biykarlag`anı

ushın basqa iske nızamsız tu`rde o`tkerilgenligi aqıbetinde kelip shıqqan ma`jbu`riy progul waqtı ushın xızmetkerge haqı to`lew haqqındag`ı miynet dawların ko`rip shıg`ıw waqtında miynet dawların ko`riwshi organ ta`repinen pul o`ndiriwge tiyisli talapları bir jıldan artıq bolmag`an mu`ddet ushın qanaatlandırıladı. Xızmetkerdin` pul o`ndiriwge tiyisli basqa talapları u`sh jıldan artıq bolmag`an mu`ddet ishinde qanaatlandırıladı. Miynet dawları barıısınan miynet dawların ko`riw komissiyası sonday-aq sud qararı tiykarında xızmetkerge to`lengen pul summaları qarar biykarlang`an jag`dayda da qaytarıp alınıw (qaytarma orınlanıwı) mu`mkin emes. Xızmetker jalg`an mag`lıwmatlar usıng`an qa`lbeki hu`jjetler berilgenligi sebepli bunday nızamsız qarar qabıllang`an jag`dayda to`lengen pullar qaytarıp alınıwı mu`mkin. Is beriwshi ta`repinen ıxtiyariy tu`rde sol qatarda nızamlardı nadurıs qollaw na`tiyjesinde artıqsha to`lep jiberilgen pul summalarıda xızmetker jalg`an mag`lıwmatlar yaki qa`lbeki hu`jjetler usınıwı aqıbetinde ju`z bergen bolsa, xızmetkerden qaytarıp alınıwına jol qoyılmaydı. Xızmetkerdin` jalg`an mag`lıwmatı yaki qa`lbeki hu`jjetler bergen sud qararı yaki hu`kimi menen g`ana belgileniwi lazım. Ja`ma`a`t miynet dawları nızamlarda belgilengen ta`rtiplerde sheshiledi. Miynet dawların ko`rip sheshiw na`tiyjesinde dawdı ko`riwshi organ ta`repinen qollanılg`an qararlar orınlanıwın a`melge asırıw ta`rtibi miynet kodeksinde ha`m de puxaralıq protsessual kodeksinde belgilengen ulıwma qag`ıydag`a qaray ha`r qanday qararlar sıyaqlı miynet dawı barısınan qabıllang`an qarar ha`m qag`ıyda sıqlı shag`ım etiw ushın belgilengen ta`rtipte sheshilgennen son` nızamlı ku`shke kirgen son` orınlanıwı mu`mkin. Lekin miynet kodeksinin` 273-stat`yasında ayrım miynet dawları barısınan shıg`arılg`an hal etiw qararları da`rriw yag`nıy olardın` nızamlı ku`shke kiriwi ku`tip otırmastan orınlanıwı lazımlıg`ı belgilengen. Bul stat`yada aytılıwınsha xızmetker menen du`zilgen miynet sha`rtnaması nızamsız tu`rde biykarlang`an onı iske tiklew, sonday-aq miynet sha`rtnamasın biykarlaw tiykarları ta`repinen o`zgertiw haqqında sud shıg`arılg`an hal etiw qararı yaki nızamsız ta`rizde basqa iske o`tkizilgenligi xızmetkerli da`slepki isine tiklew haqqında miynet nızamların ko`riwshi organ shıg`arg`an qarar da`rhal orınlanıwı lazım. Is beriwshi ta`repinen bunday qarardın` orınlanıwı keshiktirilgen jag`dayda qarardı qabıllag`an miynet nizoların ko`riwshi organ orınlaw keshiktirilgen barlıq waqıt ushın xızmetkerge ortasha is haqı to`lew yaki is haqıdag`ı parqtı tolıq mug`darda to`lew haqqındag`ı tiyisli ayrım yaki qarar shıg`aradı. Eger nızamsız ta`rizde basqa iske o`tkerilgen xızmetker miynet nızamları komissiyası ta`repinen berilgen guwalıq tiykarında komissiya qararın ma`jbu`riy tu`rde orınlawdı sorap sudqa murajaat qılg`an bolsa, sud miynet nızamların komissiyası qararının` orınlanıwı keshiktirilgenligi sebepli ju`zege kelgen ma`jbu`riy progul waqtı ushın xızmetkerge is haqı to`lew haqqında ajıralıp shıg`ıladı. Miynet dawların ko`riwshi organnın` xızmetkerge u`sh aydan ko`p bolmag`an mu`ddet ushın is haqını to`lew haqqındag`ı qararı da da`rriw orınlanıwı lazım. Is beriwshi xızmetkerdin` pul o`ndiriwshi ta`n talapların hesh qanday mu`ddet penen sheklemey ha`mme waqıt ushın qanaatlandırıwg`a haqılı. Is haqını o`ndiriw haqqındag`ı daw kelip shıqqan jag`dayda miynet dawların ko`riwshi organ xızmetkerlerdin` miynet nızamları barısında puxaralıq isleri O`zbekstan Respublikasının` puxaralıq protsessual kodeksinde ba`sekelengen ulıwma ta`rtipler ha`m mu`ddetlerde ko`rip hal etiledi. Miynet sha`rtnaması nızamlı tiykarsız yaki belgilengen ta`rtip buzılg`an halda biykarlang`an yaki xızmetker nızamsız na`zerde basqa iske o`tkizilgen jag`dayda ol miynet kodeksinde ko`rip shıg`ıp atırg`an organ ta`repinen da`slepki miynet tikleniwi kerek. Miynet sha`rtnaması is beriwshinin` usınısı menen biykarlang`anlıg`ının` nızamlı yaki nızamlı emesligi haqqında ma`sele sheshilip atırg`anda sud xızmetker menen miynetke ta`n qatnasıqlar biykar qılıng`anlıg`ına baha berip o`tiledi.